



Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

(Matius 28:1-10)



QRIS BRI



QRIS BCA

MANGSA PASKAH 2026

Telp. 0274 514721 - email: sekretariatlppsinode@gmail.com; info@lpps.or.id

Rek. BRI Tiro No. 0029-01-000409-30-9, Giro BCA a.n. GKI SW Jateng QQ LPP Sinode No. 6975405200

Web: www.lpps.or.id

Mangsa Paskah 2026: “Wungunipun Sang Kristus
Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah
Ékologis”

Hak Cipta © 2025, LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Kawedalaken déning:

LPP SINODE GKJ & GKI SW JATENG

Komplek LPP, Jl. Samirono Baru No. 77, Samirono, Caturtunggal,
Kec. Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta 55281

Telp.: (0274) 514721; Hp/WA: 089652520386

E-mail: sekretariatlppsinode@gmail.com; info@lpps.or.id,

Website: lpps.or.id

Gantosipun wragat cap-capan (dèrèng kalebet wragat kanggé ngintun) Rp.....

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Atur Cecala

Puji sokur kawula onjukaken dhumateng Gusti Yésus Kristus, Sang Sesirahing Pasamuwan, awit saking Sih-kasetyan tuwin Panganthinipun ngantos bahan Mangsa Paskah 2026 menika saget kadhapuk. Pandhapuking buku menika kaangkah dados sumbering ilham tumrap pasamuwan ing salebetipun mahargya Lelampahanipun Sang Kristus wiwit ing Rebo Awu ngantos dumugi Minggu Paskah kaping gangsal 2026. Lumantar bahan menika, kaangkah umat saya mangertos adeg saha tanggeljawabipun minangka péranganing sariranipun Sang Kristus wonten ing jagat ingkang tansah éwah gingsir.

Wekdal samangké prakawis ékologi (prakawis kawruh bab sesambetan ingkang asipat imbal balik antawisipun manungsa, kéwan, wit-witan lsp. ingkang asipat gesang kaliyan alam sakiwa tengenipun) dados péranganing gesang kita. Geréja utawi pasamuwan minangka pérangan saking jagat ingkang katitahaken déning Gusti Allah kanthi prayogi linangkung, tinimbangan tumut tumindak mujudaken pamulihaning sagung dumadi. Atetales pamanggih ingkang makaten, ing Mangsa Paskah 2026 menika LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng ngusung téma (bakening panggalih) **“Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi – Paskah Ékologis”**. Swanten gumlegering alam ingkang mberot awit saking kawontenan ékologi ingkang mbebayani, nimbali pasamuwan supados tumut tumandang ing pamulihaning sagung dumadi. Geréja (pasamuwan) kedah tumut tumandang wonten ing kagiyatan ékologi kanthi kiyat. Mugi bakening panggalih “Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi” dados kumandhang ingkang ndamel kita tumut tumandang wonten ing pakaryaning wangunipun Sang Kristus.

Bahan menika saget kadhapuk awit saking kridhaning tim ingkang makarya saé sanget. Tim menika maringi pasumbang penggalihan, gambaraning pamanggih saha seratan ingkang

nengsemaken. Awit saking anggènipun tumut tumandang kasebat, kula ngaturaken panuwun dhumateng:

1. Pdt. Kristin Andini – Bidang PWG Bapelsin XXIX GKJ
2. Pdt. Sih Ell M. – Bidang PWG Bapelsin XXIX GKJ
3. Pdt. Kristian Dewantara – GKI Sarua Indah
4. Pdt. Obaja Nathanael – GKI Wonosobo
5. Pdt. Antonius Prasetyo Jati – GKJ Ngesrep
6. Pdt. Stefanus Iwan Listyantoro – GKJ Sabda Adi Semanu
7. Pdt. Adi Soselia Patriabara – GKI Kavling Polri
8. Pdt. Liana Dewi – GKI Arcamanik Bandung
9. Pdt. Linda Mismanto – GKI Manyar
10. Pdt. Widhewanni – GKJ Sukoharjo
11. Pdt. Stefanus Wawan Setiawan – GKJ Genuk
12. Pdt. Lusya Sefrisa S.Si. Teol CCM – GKJ Majenang
13. Pdt. Pramudya Hidayat – GKI Gading Serpong
14. Pdt. Nugraheni Siwi Rumanti – GKJ Ambarukmo
15. Theofani Yusliyanti – Pastoral RSBL
16. Pdt. Elisabet Simanjuntak S.Si.Teol – GKJ Gandaria
17. Pdt. Willy Darmawan
18. Pdt. Ayub Sektiyanto – GKI Kartasura
19. Dr. Andreas Kristianto, M.Fil. – STAK Marturia
20. Pdt. Riani J Suhardja – LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng
21. Pdt. Wisnu Sapto N – LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Atur panuwun ugi kacaosaken dhateng para juru pertal, inggih punika: Pdt. Em. Yusak Tri Darmanto (Fakultas Teologi UKDW), Pdt. Em. Lukas Eko Sukoco (GKJ Purworejo), Pdt. Retno Ratih Suryaning Handayani (GKJ Manahan), Pdt. Uri Christian Sakti Labeti (GKJ Danukusuman), Pdt. Indar Prasetyotomo (GKJ Wonosari Klaten), Pdt. Hery Windarto (GKJ Gantiwarno), Pdt. Agung Jatmika (GKJ Grobogan), Pdt. Wiwik Wulandari (GKJ Gumulan), Pdt. Yehuda F. Kristian Labeti (GKJ Sidareja), Pdt. Mardita G. Kusuma (GKJ Ngempon), Pdt. Immanuel Adi Seputra (Pengurus LPP Sinode/GKJ Sabda Winedhar), Pdt. Kristi (Pengurus LPP Sinode/GKJ Gondokusuman), Pdt. Em. Widdwissoeli M. Saleh (LPP Sinode), Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode).

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Sawetawis bab ingkang prelu kula aturaken lumantar cecala punika antawisipun:

1. Bahan-bahan ingkang kacawisaken déning tim panyerat prelu dipun olah malih supados laras kaliyan kawontenanipun pasamuwan ngriki. Bab punika nyrambahi anggènipun ngginakaken lilin ing wiwitaning ibadah, anggènipun ngetrepaken kidungan, anggènipun njumbuhaken kawontenaning liturgi. Ing ngriki lelabeledanipun pasamuwan ngriki (sapanggénan) wigatos sanget supados bahan dados gesang. Pakulinan-pakulinaning pasamuwan ngriki (sapanggénan) pikantuk papan supados dipun-mekaraken kanthi mbangun pangertosan ingkang jumbuh kaliyan geguletaning pasamuwan ing ngriki.
2. Pinanggih bahan-bahan ingkang céngkoking basa ngginakaken tetembungan ingkang kaginakaken wonten ing pawiyatan luhur (asipat akadhemis), amargi menika kula ngajeng-ajeng saben pasamuwan ngrembag bahan menika langkung rumiyin supados pikantuk pangertosan ingkang prayogi menggahing bahan menika.

Lumantar cecala punika, kula ngaturaken panuwun awit saking panyengkuyunging katresnan ingkang dipun paringaken dhateng LPP Sinode, dadosa awujud pandonga, daya, saha redana. Sadaya wujuding panyengkuyung punika maédahi sanget kanggé gesangipun bebadan punika. Dhumateng pasamuwan-pasamuwan ingkang sampun maringi pisungsung, ananging naminipun pasamuwan dèrèng kamot/kaserat ing buku punika, kula nyuwun keparengipun kanggé maringi mangertos dhateng kula.

Kula ugi ngrumaosi winates-winatesing kasagedan kula salebetipun ndhapuk bahan menika. Saget kelampahan taksih dipun-panggihaken *typo (salah ketik)* utawi kalepatan nyerat ayat saha kidungipun. Kanthi bingah kula nampi pamrayogi saking para kadang sadaya murih pandhapuking bahan ing wekdal ingkang badhé kelampahan dados langkung saé.

LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng – Mangsa Paskah 2026

Wilujeng nyawisaken paladosan ing Mangsa Paskah 2026. Mugi lumantar panggegilut Mangsa Paskah menika kita sadaya saya mituhu ndhèrèk Allah Rama, Putra, saha Roh Suci, Sang Allah Tritunggal ingkang nyipta, milujengaken, saha ngrimati saguning Titahipun.

LPP Sinode, Minggu Kapisan Desember 2025

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho

Pdt. Riani Josaphine Suhardja

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Isinipun Buku

Atur Cecala	i
Isinipun Buku	v

Bahan Khotbah

Khotbah Rebo Awu	1
Khotbah Minggu Pra-Paskah 1	9
Khotbah Minggu Pra-Paskah 2	15
Khotbah Minggu Pra-Paskah 3	23
Khotbah Minggu Pra-Paskah 4	27
Khotbah Minggu Pra-Paskah 5	33
Khotbah Minggu Pra-Paskah 6	39
Khotbah Kemis Pethak	45
Khotbah Jumuwah Adi	49
Khotbah Setu Sepen	53
Khotbah Minggu Paskah Énjang	57
Khotbah Minggu Paskah Sonten	61
Khotbah Minggu Paskah 2	69
Khotbah Minggu Paskah 3	77
Khotbah Minggu Paskah 4	83
Khotbah Minggu Paskah 5	87

Bahan Liturgi

Liturgi Rebo Awu	93
Liturgi Minggu Pra-Paskah 1	103
Liturgi Minggu Pra-Paskah 2	113
Liturgi Minggu Pra-Paskah 3	123
Liturgi Minggu Pra-Paskah 4	131
Liturgi Minggu Pra-Paskah 5	139
Liturgi Minggu Pra-Paskah 6	147
Liturgi Kemis Pethak	155
Liturgi Jumuwah Adi	165
Liturgi Setu Sepen	173
Liturgi Minggu Paskah Énjang	179
Liturgi Minggu Paskah Sonten	187



Liturgi Minggu Paskah 2.....	195
Liturgi Minggu Paskah 3.....	205
Liturgi Minggu Paskah 4.....	215
Liturgi Minggu Paskah 5.....	223

Bahan Paskah Adiyuswa

Bahan Paskah Adiyuswa	233
-----------------------------	-----

Bahan Panyuraos Kitab Suci Diwasa

Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra-Paskah 1.....	241
Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra-Paskah 2	247
Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra-Paskah 3	251
Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra-Paskah 4	257
Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra-Paskah 5	263
Bahan Panyuraos Kitab Suci Minggu Palem	267
Bahan Panyuraos Kitab Suci Paskah Sonten	271
Bahan Panyuraos Kitab Suci Paskah 2	277
Bahan Panyuraos Kitab Suci Paskah 3	283
Bahan Panyuraos Kitab Suci Paskah 4	287
Bahan Panyuraos Kitab Suci Paskah 5	293

Bahan Pakempalan Pandonga

Bahan Pakempalan Pandonga 1.....	299
Bahan Pakempalan Pandonga 2	305
Bahan Pakempalan Pandonga 3	313
Bahan Pakempalan Pandonga 4	319
Bahan Pakempalan Pandonga 5	325
Bahan Pakempalan Pandonga 6	331

Cathetaning Pisungsung

Lampiran Persembahan.....	337
---------------------------	-----

Mangsa Paskah 2026

“BAHAN KOTBAH”

Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan kawontenan saha kabetahaning geréja utawi pasamuwan ing ngriki.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

KOTBAH

Rebo Awu

Rebo, 18 Februari 2026

Waosan 1: Yoèl 2:1-2, 12-17
Tanggapan: Jabur Masmur 51:1-17
Waosan 2: 2 Korintus 5:20b—6:10
Injil: Matéus 6:1-6, 16-21

Pamratobat Ékologis



KOTBAH JANGKEP

Pamratobat Ékologis¹

Para sedhèrèk ingkang dipunkasihi Gusti,

Tembung *flexing* asring kapireng wonten ing sakiwa tengen kita. Ing jagading médhia², tembung kasebat nggadhahi makna kekareman pamèr punapa kémawon lumantar médhia. *Flexing* utawi mamèraken prakawis ingkang katindakaken déning satunggaling tiyang supados pikantuk pangalembana, kelampahan ing pundi-pundi panggénan. *Flexing* saget katindakaken kanggé punapa kémawon, kalebet ing babagan ingkang gegayutan kaliyan agami. Sacara psikologis (wewatekaning manungsa), tiyang-tiyang ingkang remen *flexing* sayektosipun sanès tiyang ingkang nggadhahi méntal (batos lan watak) kiyat. Gesangipun gampil mindher (rumaos asor) sami kaliyan nggadhahi méntal ringkih. Kanggé nutupi ringkihing méntalipun, topèng dipun-ginakaken minangka panutuping dhiri. Topèng-topèng punika warni-warni barang utawi salah-bawaning gesang ingkang saget dipun-pamèraken. Médhia

¹ ékologis: gegayutan kaliyan kawruh bab sesambetan ingkang asipat imbal balik antawisipun manungsa, kéwan, wit-witan lsp. ingkang asipat gesang kaliyan alam sakiwa tengenipun.

² médhia: pirantos kanggé sesambetan.



kaginakaken kanggé mitontonaken (mamèraken) topèngipun dhateng tiyang kathah.

Ing babagan agami, maringi sedhekah, siyam, saha ndedonga saget dipun-pamèraken kanthi ancas supados satunggaling tiyang punika dipun-sawang minangka tiyang ingkang mursid. Ing jamanipun Gusti Yésus, prakawis punika kaanggep limrah déning kathah kupenganing tiyang ingkang ngaken dhirinipun tiyang ngagami. Daya pangaribawanipun tindak-tanduk ingkang magepokan kaliyan agami dados papan pamèr kamursidan. Punapa saget kelampahan tiyang-tiyang ingkang *flexing* rumaos asor menggahing spiritualitasipun/karohanènipun? Saget kelampahan pancèn makaten. Buktinipun, tiyang-tiyang punika mbetahaken pangaken saking tiyang kathah.

Dhateng tiyang-tiyang ingkang mirengaken kotbahipun Gusti Yésus ing redi, Panjenenganipun nglantaraken piweling supados sadaya tumindak ingkang magepokan kaliyan agami ingkang katindakaken sampun ngantos kasawang tiyang. Makaten Sabdanipun Gusti:

1. Ing bab maringi sedhekah (dedana), Gusti Yésus mituturi: “Padha diéling, aja padha nglakoni kawajibaning agamamu ana ing sangareping wong, supaya katona ing wong iku, awit yèn mangkono, kowé ora bakal olèh peparing apa-apa saka Ramamu kang ana ing swarga.” (Matéus 6:1).
2. Ing bab ndedonga: “Déné manawa kowé padha ndedonga, aja kaya para wong lamis, amarga iku padha seneng ndedonga adeg-adegan ana ing papan-apan pangibadah lan ing pojok-pojoking lurung, pamurihé supaya katona ing wong. Satemené pituturKu marang kowé: Iku wus padha tanpa pituwasé.” (Matéus 6:5).
3. Ing bab pasa (siyam): “Anadéné manawa kowé padha pasa, ulatmu aja kokgawé aclum kaya para wong lamis, awit iku padha nyengungusaké ulaté, supaya wong-wong padha weruh yèn lagi pasa. Satemené pituturKu marang kowé: iku wus padha tanpa pituwasé.” (Matéus 6:16).

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Wonten ing tigang tumindak – dedana, ndedonga, siyam – ingkang magepokan kaliyan agami punika, Gusti Yésus ngawisi mitontonaken/mamèraken tigang tumindak wau dhateng tiyang kathah. Ing panyawangipun manungsa, saget kelampahan tumindak-tumindak kasebat – dedana, ndedonga, siyam – badhé pikantuk pangalembana. Ananging punapa tegesipun pangalembana saking manungsa menawi ing pamirsanipun Gusti Allah mboten wonten ginanipun.

Para sedhèrèk ingkang dipunkasihi Gusti,

Flexing ritual keagamaan – karem pamèr ingkang gegayutan kaliyan tata cara ing upacara agami – punika tanpa gina ing pamirsanipun Gusti Allah amargi ing ngriku kelampahan cak-cakaning *égosèntrisme réligius*. *Égosèntrisme³ réligius⁴* makaten sayektosipun munjeraken pratingkah ingkang gegayutan kaliyan tata cara ing upacara agami dhateng dhiri pribadi. Daya pangaribawanipun inggih punika rumaos dhirinipun ingkang saé piyambak, leres piyambak, suci piyambak. Sawetawis tiyang sanès ingkang mboten nglampahi pratingkah ingkang sami kaliyan piyambakipun badhé kaanggep minangka péhak ingkang klèntu, dosa, jember, saha pantes dipun-akimi manut pikajengipun pun “ingkang rumaos leres”. Saking ngriki punika *fundamentalisme keagamaan* - paham ingkang condhong ngrasuk saha nindakaken agami kanthi keras – gampang tuwuh kanthi subur.

Flexing ritual keagamaan – karem pamèr ingkang gegayutan kaliyan tata cara ing upacara agami – punika mbebayani amargi ngrisak gesang. Kajawi saget nuwuhaken *fundamentalisme keagamaan* – condhong ngrasuk saha nindakaken agami kathi keras – mujudaken tumindak boros utawi mboten irit. Ngamal kasaénan, siyam, donga-donga ingkang dipun-pamèraken ing ngajengipun tiyang kathah badhé ngginakaken warni-warni sarana ingkang ndamel tiyang

³ Égosèntrisme: sipat tuwin pratingkah ingkang ndadosaken dhiri pribadi minangka punjering sadaya prakawis.

⁴ Réligius: ingkang sesambetan kaliyan agami.

kesengsem mirsani tetinggal punika. Matéus 6:2 nyerat cak-cakanipun pamèr nindakaken sedhekah kanthi cara nggembarnggemboraken ngamal kasaénan ing griya-griya pamujan (papan-papan pangibadah). Supados tumindak ngamal ketingal, tiyang badhé balapan mitontonaken sinten ingkang saget maringi kathah piyambak. Ing ngriki tumindak boros gampang kelampahan amargi tiyang kepéngin pamèr. *Flèxing* utawi pamèr donga ing ngajengipun tiyang kathah ugi nggadahi kakiyatan dados tumindak boros amargi kanggé mamèraken donga, tiyang ngginakaken sarana tata cara ing upacara agami ingkang kedah dipun-tumbas kanthi regi ingkang awis. Makaten ugi menggahing *flexing* utawi pamèr siyam. Tumindak boros sanget-sanget saget kémawon kelampahan amargi nalika mitontonaken acluming ulatipun supados ketingal minangka tiyang ingkang saweg siyam, tiyang kasebat mboten saget nindakaken kakiyatan ingkang ngasilaken.

Sadaya tumindak boros ingkang katindakaken ndamel tiyang kécalan landheping pangraosipun gesang. Kénging punapa makaten? Pratingkah boros padatanipun katindakaken kanggé nggayuh kemaremaning dhiri. Punapa ingkang kelampahan ing laladan sakiwa tengen badhé dipun-lirwakaken amargi kaanggep mboten jumbuh kaliyan pepénginan. Daya pangaribawanipun tumindak boros ndamel tiyang dados *egosentris* (dhirinipun dados punjering tumindak). Tata cara ing upacara agami ingkang wusananipun *flèxing* (pamèr) saha boros mboten dipun kersakaken déning Gusti Yésus.

Piwulangipun Gusti Yésus ing Matéus 6:1-6, 16-21 perlu dipun gatosaken déning umatipun Gusti Allah ing wekdal samangké. Tata cara-tata cara ing gesangipun tiyang Kristen saget kelampahan sajinis kaliyan ingkang katindakaken déning tiyang-tiyang Yahudi. Warni-warnining tumindak boros saget kémawon kelampahan wonten ing cak-cakaning masamuwan saha gesang padintenan. Émanipun, tumindak boros kasebat mboten dipun-rumangsani. Tumindak boros ing ngriki temtu dipun-wawas saking kawontenan ingkang jembar, inggih punika gegayutan kaliyan gesang ing jagat punika, ingriki ateges tumindak boros ékologis. Ing ngandhap punika conto-conto

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

prasaja ingkang tanpa dipun-rumangsani mujudaken tumindak boros ékologis:

Wujuding Tumindak	Cak-cakan Padintenan ingkang Mboten Ékologis
<p style="text-align: center;"><u>Patrap Ngginakaken Styrofoam</u></p> <p>Styrofoam (jinising karèt utawi plastik ingkang empuk klapes-klapes, wernipun pethak, ingkang ènthèng nanging kiyat) mujudaken bahan ingkang mbebayani tumrap keséhatan saha dados larahan (uwuh) lestari amargi mboten saget dipun udhari.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Dhékorasi (rerenggan panggung) geréja. • Bungkus (buntel) dhedhaharan. • Kanggé njagi barang-barang èlèktronik supados mboten risak.
<p style="text-align: center;"><u>Patrap Ngginakaken Plastik ingkang Keladuk</u></p> <p>Plastik dados <i>émisi karbon</i> (ngasilaken gas ingkang dados upas), ngregeti bumi ingkang kathah piyambak dipun panggihaken.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Botol (gendul) toya unjukan kanggé sesegahan. • Plastik kanggé mbungkus (mbuntel). • Kanggé kaperluan padintenan.
<p style="text-align: center;"><u>Tumindak mBeborosi Listrik</u></p> <p>Ngginakaken listrik ingkang mboten wigati njalari listrik pating slebar muspra.</p>	<p>Mawarni-warni ngginakaken listrik ingkang mboten tanggeljawab.</p>
<p style="text-align: center;"><u>Patrap Negori Wit-witan</u></p> <p>Tumindak negori wit-witan njalari nemening risakipun ékologis.</p>	<p>Panggarapipun ngeruk/ ngrisak dhateng wana ingkang katindakaken déning péhak-péhak ingkang mboten utawi tanpa menggalihaken</p>

	gesangipun sagung dumadi ingkang badhé dhateng.
<u>Tumindak mbeborosi toya.</u>	Patrap ngginakaken toya ingkang mboten tanggungjawab manut wawasan ékologis.
Taksih kathah malih	

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Flexing (karem pamèr) saha tumindak boros kedah dipun-kèndeli. Mangsa Prapaskah dados sarana kanggé dandos-dandos sesarengan. Ing salebeting piwucal ingkang kaandharaken dhateng tiyang kathah, Gusti Yésus mulangaken cara gesang prasaja (*ugahari*). Tata cara ing upacara agami dados sarana ingkang dados pawitan kanggé miwiti gesang prasaja (*ugahari*). Kaprasajan punika katingal wonten ing piwulangipun Gusti:

1. Ing bab maringi sedhekah (dedana), pangandikanipun Gusti makaten: “3 Nanging manawa kowé dedana, tanganmu kiwa aja nganti sumurup apa kang ditindakaké tanganmu tengen. 4 Dadi anggonmu dedana iku aja nganti katon” (Matéus 6:3-4). Sedhekah utawi dedana mujudaken tumindak iman kanggé nélakaken kamirahaning manah. Kaprasajan ing salebetipun maringi sedhekah: mboten prelu dipun-pamèraken saha ikhlas.
2. Ing bab ndedonga, Matéus 6:6 nélakaken makaten: “6 Nanging manawa kowé ndedonga, lumebua ing kamarmu, lawangé inebna, banjur ndedongaa marang Ramamu kang ora katon.”. Pandonga punika sesambetan kaliyan Gusti Allah ingkang katindakaken ing salebeting pitepangan ingkang rumaket. Sesambetan ndadosaken umat mirengaken swanten saking Gusti Allah saha ngaturaken isining manah dhumateng Gusti Allah. Kaprasajaning pandonga ketingal saking tetembungan ingkang punapa wontenipun saha mboten ngginakaken tembung kathah-kathah.
3. Ing bab pasa (siyam), Gusti Yésus ngandika: “17 Nanging kowé manawa pasa, sirahmu lenganana lan raupa, 18 supaya anggonmu pasa aja katara wong, ngemungna kauningan ing Ramamu kang ana ing papan kang ora katon. Ing mengko

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Ramamu kang mirsa kang ora katon iku bakal paring piwales marang kowé.” (Matéus 6:17-18). Siyam mujudaken tumindak kanggé nyingkur saking sadaya pepéngining kadonyan. Siyam sanès namung nyandhet (ngampet) ngelak saha ngelih (luwé). Siyam katindakaken saking batos ingkang prasaja kadosdéne ngapunteni, nampèni sesami, menggalih ingkang saé. Siyam ugi mawujud ing tumindak nyandhet (ngampet) saking pepéngining tata lair.

Ugahari ateges kaprasajan utawi punapa wontenipun. *Spiritualitas ugahari* ateges satunggaling pengalamaning batos gesang cekap, mboten kelangkung-langkung, saha mboten kekirangan. Kita sinau saking Mahatma Gandhi ingkang ngandika: “Bumi ndarbèni daya kang ngasilaké ora kurang kanggo nyukupi kabutuhané manungsa kabèh, ananging ora kanggo nyukupi kasrakahan utawa pepénginan kang tanpa wates”. Grengsenging prasaja punika ngajak supados gesang mboten dipunlampahi ing salebeting kasrakahan. Gesang kedah dundum dhateng sesami. Pengalamaning batos punika ugi nggulawenthah saben tiyang supados mboten melang-melang saha kuwatos awit Gusti Allah ngrimati gesang. Minangka ingkang ngrimati gesang, Gusti Allah nimbali Umatipun tumut njagi sadaya ingkang prayogi, ingkang sampun katitahaken Panjenenganipun.

Tumrap tiyang Kristen, siyam (pasa/puwasa) dipun-kumandhangaken wiwit ibadah Rebo Awu. Siyam katindakaken ing mangsa Prapaskah. Ing satengahing kawontenan nyumelangi ingkang ruwed wekdal samangké, siyam ing mangsa Prapaskah prelu katindakaken kanthi ngèneti kawontenaning ékologis (sesambetan ingkang sipatipun imbal balik antawisipun manungsa, kéwan, wit-witan lsp. kaliyan alam sakiwa tengenipun) ingkang nyumelangi. Sadhèrèk-sadhèrèk kita saking Gréja Katolik sampun miwiti pandamel saé kanggé pamratobating ékologis. Wonten ing *Dokumen Laudato Si* kasebataken bilih bumi kita ngranuhi kelaran amargi samukawising karisakan ingkang dipun tandukaken dhateng bumi. Bumi kamomotan tuwin risak babar pisan, kalebet para

tiyang miskin ingkang kita lirwakaken saha rèmèhaken piyambak. Bumi “sesambat ngraosaken sakitipun tiyang ingkang badhé nglairaken jabang bayi” (Roma 8:22). Kita sampun nyupèkaken bilih kita piyambak asalipun saking lebuning bumi (Purwaning Dumadi 2:7); badan kita piyambak kasusun saking pérangan-pérangan alit ingkang sami kaliyan bumi, saha hawanipun maringi ambekan dhateng kita saha toyanipun nggesangaken tuwin nyegeraken kita. Punapa kita taksih badhé nyakiti bumi kalawan dosa-dosa kita?

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Lumantar Mangsa Prapaskah ingkang dipun-wiwiti kanthi Rebo Awu, umat dipun-timbali supados maringi sedhekah, ndedonga, siyam ingkang kaeneraken dhateng Gusti Allah. Saking *égosèntris* (ndadosaken badanipun piyambak minangka punjering samukawis) dados krenteg ingkang awatak ékologi (awatak mbangun sesambedan imbal balik antawisipun manungsa, kéwan, wit-witan lsp. ingkang asipat gesang kaliyan alam sakiwa tengenipun) punika pasambatipun Gusti Allah ingkang kedah dipun-langgati kanthi nyuwèk-nyuwèk manah. Amin.

(wsn-den)



Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN KOTBAH
Minggu Prapaskah 1
Minggu; 22 Februari 2026

Waosan 1: Purwaning Dumadi 2:15-17,
3:1-7

Tanggapan: Jabur Masmur 32

Waosan 2: Rum 5:12-19

Injil: Matéus 4:1-11

Punapa
Wontenipun
punika Sanès
Kasrakahan



KOTBAH JANGKEP

“Punapa Wontenipun punika Sanès Kasrakahan”

Ing satengahing ébahipun jagat ingkang sarwa kesesa punika, kita asring miring bilih kasiling gesang kelampahan nalikanipun kita saget ngoyak sarta ngregem sakathah-kathahipun. Badha, panguwaos, kalenggahan saha pangaribawa, kadadosaken rebatan saha kapamèraken minangka étalase utawi minangka papan kanggé mamèraken anggènipun kasil saha ingkang saget kagayuh. Kasrakahan tanpa wates dados pamèran utawi tetinggalan. Kemaruk kanthi ngeruki sadaya kanggé dhiri pribadi saya dipun-limrahaken. Jagat saya risak amargi mboten namung kaginakaken sacekapipun kanggé sadaya tiyang, ananging dipun-keruk sedayanipun namung kanggé dhirinipun. Kanyatan punika saèstu mrihatosaken. Punapa malih nalika kita ngèngeti punapa sajatosipun kawitaning ancasipun Adam saha Kawa katitahaken minangka manungsa wiwitan.

Gusti Allah mapanaken Adam saha Kawa ing patamanan Èden sanès minangka tiyang ingkang ndarbèni patamanan punika, ananging minangka tiyang ingkang ngrigenaken kanthi jejibahan ngreksa tuwin ngolah taman punika. Timbalan punika nggadahi wewatakan ékologis saha ala-beciking tumindak (*etis*), inggih punika gesang wonten ing kawontenan tumata saha sampun runtut kawontenanipun kaliyan sadaya titah. Ananging

awit saking gegebenganing manah rumaos cekap punika, manungsa mboten saget panggah ing salebeting pendadaran saha dhumawah ing dosa. Adam tuwin Kawa sungkan tumindak setya saha mituhu. Srakah nyetir manungsa minangka titah ingkang nggadhahi deranging manah duraka kanthi nganggep dhirinipun minangka Ingkang Nitahaken Jagat. Manungsa kepéngin ndarbèni samukawis sadaya namung kanggé dhirinipun piyambak. Nglangkungi watesing titah, saha kegodha madeg kados Gusti Allah.

Playing God utawi tumindak kadosdéné Gusti ugi naté nulari Sang Prabu Dawud. Namung Sang Prabu Dawud satunggal-satunggalipun ratu Israèl ingkang saget nunggilaken kalih welas taler Israèl ingkang sumebar dados satunggaling bangsa ingkang nyawiji. Ananging ing sawingkinging sadaya kamisuwaraning prèstasinipun, Sang Prabu Dawud naté dhawah ing salebeting dosa. Derenging kasrakahanipun dipun-umbar lumantar lampah bédhang peksan dhateng Bètsyéba ingkang kinanthénan tumindak mejahi Uria, sémahipun Bètsyéba. Prakawis punika dados kanisthan wonten ing pamirsanipun Gusti. Sampun samesthinipun Sang Prabu Dawud dipun-wirangaken ngantos dumugi séda. Ananging Gusti Allah punika dhemen maringi pangapunten saha kebak kamirahan. Amargi panyaruwénipun Gusti Allah, Sang Prabu Dawud keduwung saha nyuwun pangapunten. Jabur Masmur ingkang kita gegilut wekdal punika nggambaraken paseksinipun Sang Prabu Dawud menggahing kamirahanipun Gusti Allah. Pengalamanipun dhawah krungkep ing salebeting dosa kasrakahan maringi kainsapan énggal dhateng Sang Prabu Dawud, bilih namung Gusti Allah Ingkang Kagungan Panguwaos saha sumbering pitulungan.

Ngadhepi panggodha deranging kasrakahan, kita kaajak sinau saking tuladhanipun Gusti Yésus. Nengsemaken dipun gatosaken bilih wiwitaning pakaryanipun Gusti Yésus sasampunipun Pambaptisanipun saha Pangutusanipun inggih punika ngajengaken pitakénan tigang prakawis ingkang watakipun padintenan sanget, ingkang menawi dipun-rakup, ndadosaken prakawis ingkang asring sanget ndamel manungsa

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

dhumawah ing dosa, inggih punika kasrakahan. Wonten ing panggodha ingkang kaping sepisan, iblis nempuh kabetahanipun manungsa ingkang pokok piyambak, inggih punika raos ngelih menggahing tetedhan. Godha punika mboten namung prakawis padharan, ananging menggah sinten ingkang nguwaosi saha ngrimati gesang. Gusti Yésus mulangaken caranipun nglawan kasrakahan kanthi grengsening manah anggènipun gumantung namung dhateng Gusti Allah Sang Akarya Gesang. Pangandikanipun Gusti Yésus, “Uripé manungsa iku ora mung saka roti baé, nanging saka sakabèhing sabda kang miyos saka ing lésaning Allah” dados wangsulan ingkang medhot tumindak srakah, inggih punika saking sesambetan ingkang gumantung dhateng kacekapaning kabetahan pokok tiyang gesang, dhateng sesambetan ingkang gumantung sawetahipun dhumateng panguwaosipun Gusti Allah.

Sinten ingkang nginten bilih pakaryanipun Gusti Allah ngasihi, punika saget dados margi tumrapping dosa srakah mlebet tuwin nguwaosi. Prakawis punika ingkang kagambaraken wonten ing panggodha ingkang kaping kalih kagem Gusti Yésus. Kanthi nyuplik Jabur Masmur 91:11-12, iblis nggodha Gusti Yésus supados Panjenenganipun nyobi katresnanipun Gusti Allah menggahing Dhirinipun. Menawi saèstu Panjenenganipun dipun-tresnani Gusti Allah, mila punapa kémawon ingkang dipun lampahi Panjenenganipun, malah anjlog mangandhap saking payoning Padaleman Suci, temtu Gusti Allah badhé njagi Kawilujenganipun. Iblis nggodha Gusti Yésus supados mamèraken Panguwaosipun. Godha kanggé dados srakah saha ndarbèni samukawis sadaya dados pucaking panggodha ingkang dipun alami Gusti Yésus. “Punika sadaya badhé kula caosaken dhateng Panjenengan”. Godha ingkang kaping tiga punika kina sanget. Dados pribadi ingkang mengku panguwaos piyambak saha ingkang kagungan samukawis sadaya dipun tawèkaken dhumateng Gusti Yésus. Saratipun ugi mboten kathah, namung satunggal kémawon, “anggeripun Panjenengan sumungkem sujud dhateng kula”. Margi trabasan kanggé ndarbèni samukawis sadaya, tanpa salib dalah sangsara, dipun-tawisaken déning iblis. Gusti Yésus ngruntuhaken srakah

lumantar anggènipun rumaket namung dhumateng Gusti Allah. Gusti Yésus mulangaken, iman sejati lair saking anggènipun rumaket dhateng Sang Rama.

Sabdanipun Gusti dinten punika memulang saha ngajak kita kanggé maspaosaken cara gesang srakah saha ndhatengaken lampahing gesang punapa wontenipun, salimrahipun, prasaja. Wonten ing cak-cakan prasaja, mangsa Prapaskah saget kita isi kanthi nindakaken siyam utawi sesirik minangka pangudi kanggé nebihaken dhiri saking kasrakahan. Gesang punapa wontenipun ugi saget katindakaken kanthi ngirangi ngginakaken dhaharan lan unjukan ingkang asipat dadakan. mBoten tumbas barang namung amargi wonten dhiskon (potongan regi), mangka sejatosipun barang punika mboten dipun-betahaken. Ing satengahing gempuranipun budaya pamèr ingkang saya ngrebda ing médhia sosial (pirantos kanggé sesambetan ing pasrawungan) kita, sumangga kita sinau ndatengaken cara gesang punapa wontenipun kanthi mboten kegodha mamèraken kasaénan, ingkang sampun kagayuh, saha katresnan kita. Ngaturi pambiyantu tanpa kasebat asmanipun. Ngaruh-aruhi, nuwèni, mitulungi, tanpa ngajeng-ajeng pangakenipun tiyang.

Menawi wekdal samangké kita saweg dipun pitados Gusti kanggé mangarsani utawi kagungan wewenang tumrap satunggaling bab, sinaua nyagetaken gadhah daya, sanès ngakali. Kulinakna mirengaken pamrayoginipun tiyang sanès kanthi bingah, mboten nglawan panyaruwé saha nampik pitedah. Kadhatengna patraping mangarsani ingkang kagungan-émpati⁵, mboten kanthi ngajrih-ajrihi. Ing satengahipun gempuraning kasrakahan, kita tinimbangan kanggé wantun nyekapaken dhiri kanthi berkahipun Gusti. Ing satengahing jagat ingkang ribut pados pangaken, kita tinimbangan kanggé nresnani saha ngladosi tanpa mamèraken dhiri. Awit kita mangertos, sadaya ingkang saé kita pisingsungaken namung dhumateng Gusti. Ing satengahing

⁵ Émpati: kawontenan jiwaning tiyang ingkang njalari tiyang wau rumaos nggadhahi raos pangraos utawi panggalihan ingkang sami kaliyan pangraos saha panggalihanipun tiyang sanès.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

jagat ingkang dipun-jejeli déning kasombongan, dadosa pribadi
ingkang andhap asor saha dhemen kekancan.

Amin.

(asy-den)



Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN KHOTBAH
Minggu Prapaskah 2
Minggu; 1 Maret 2026

Waosan 1: Purwaning Dumadi
12:1-4a
Tanggapan: Jabur Masmur 121
Waosan 2: Rum 4:1-5; 13-17

Lumampah
sesarengan
Gusti kanthi
Pepesthèn
☪☪☪

KOTBAH JANGKEP

Lumampah sesarengan Gusti kanthi Pepesthèn

Wonten satunggaling wanita mudha ingkang gumléthak ing patileman, namung kémawon sanès patilemanipun piyambak. Piyambakipun gumléhtak wonten ing satunggaling kamar kanthi ukuran 2 X 4 mèter, lan winatesan déning témbok kinanthènan kori kalih. Saking sukunipun tumètès rah ingkang sawatawis kathah. Sukunipun nètèsaken rah ingkang mboten dipunmangertosi kathahipun. Satunggaling kendharaan rodha sekawan nabrak sepédha motor ingkang dipun titihi, lan wiwit kontal saking sepédha motor punika, piyambakipun mboten saged ngglawat malih. Dhokter ngandika bilih sukunipun ingkang sampun kajahit punika badhé pulih sawatawis dinten malih, lan awit saking punika piyambakipun dipunidini wangsul. Éwasamanten, wanita nèm-nèman kalawau adreng nyuwun rawat inep, awit piyambakipun mboten saged ngadeg malih. Sirahipun mumet yer-yeran karana vèrtigo ingkang dipun alami. Ing satunggaling dalu ingkang sepi, piyambakipun ndedonga dhumateng Gusti, “Gusti, wonten ing pundi Paduka? Manawi Paduka saèstu wonten, lan kagungan panguwasa, punapa kémawon ingkang Paduka karsakaken saking kawula, badhé kawula saosaken. Gesang kawula pancèn Sang Kristus, ananging kawula dèrèng sumadhiya pejah”. Makaten tembungipun ing salabeting manah.

Wanci énjang candhakistanipun, nalikanipun piyambakistanipun tangi sasampunipun ngraos sakit ingkang saèstu ngédab-édabi ing wanci dalu, karena anggènipun mboten ngombé obat pangiranging raos sakit, piyambakistanipun sumerep tiyang èstri ingkang mèsèm dhateng piyambakistanipun. “Ibu!” suwantenipun lirih kinanthènan tumètèsing eluh.

Para sadhèrèk, wanita nèm-nèman kalawau mboten pejah, piyambakistanipun taksih gesang lan sèhat. Pitulikur tahun sampun kelampahan lan samangké piyambakistanipun dados pendhita ingkang lelados kanthi kebak kabingahan. Wiwitanipun, piyambakistanipun mboten purun dados pendhita, nanging karena piyambakistanipun sampun prajanji badhé gesang sesarengan kaliyan Gusti, pramila sarana keséhatanipun punika piyambakistanipun misungsungaken gesangipun leladi kagem Gusti salaminipun gesang.

Saged ugi kathah prajanji ingkang sampun kita ucapaken wonten ngarsanipun Gusti manawi Panjenenganipun karsa maringaken punapa ingkang kita suwun. Gusti, kawula badhé ngaturaken sapérangan arta kawula, upaminipun. Manawi Paduka maringaken panyuwun kawula, kawula badhé ngaturaken sawetahing gesang kawula. Saged ugi manawi Gusti karsa nyarasaken sesakit kawula, kawula ugi badhé mitulungi sinten kémawon ingkang nembé sakit. Kita lajeng pitakèn: punapa janji-janji ingkang makaten kalawau saged dados pratandha anggèn kita sami kirang pitados, utawi malah dados wekdal ingkang lumantar lelampahan ingkang kados makaten punika, tiyang pitados sami sinau saged sangsaya pitados kanthi pepèsthèn ingkang dipunalami piyambak? Raos mboten wonten pepèsthèn, mboten namung dipun alami déning tiyang-tiyang ingkang sakit lan ngalami panandhang kémawon. Mboten wontenipun raos pepèsthèn saged ugi dipun alami déning tiyang ingkang swaunipun pitados lan gesang mursid. Ayub naté ngandika ing salebeting panandhangipun, ingkang saged kita racik ing tetembungan kita makaten: “Amung amarga kandhané wong, aku dadi tepung karo Allah, nanging saiki iki, aku ngalami

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

dhéwé anané Allah iku”. Kénging punapa ing salebeting gesang punika wonten kawontenan ingkang mboten mesthi, tebih saking pepesthèn, ingkang saget dipun alami ugi déning tiyang pitados? Awit gesang pitados mboten lajeng dados jaminan manawi kita badhé ndarbèni swarga ing jagad punika. Wonten margi ingkang kedah kita liwati kanthi manékawarni pepalang ingkang kedah kita adhepi. Manawi kita sami maos sekawan waosan ing nginggil, cetha wonten sawatawis tantangan ingkang ing dinten samangké taksih pinanggih.

Nalika Abraham katimbangan kekésahan dhateng papan ingkang mboten dipunmangertosi, cetha mujudaken tantangan ingkang ngemot kawontenan mboten mesthi, utawi tanpa pepesthèn. Punapa kita ugi naté ngalami kawontenan ingkang tanpa pepesthèn awit kedah késah dhateng papan ingkang mboten kita mangretosi? Utawi kadosdéne ingkang dipun alami déning sang juru Masmur, nalikanipun kedah ngadhepi tiyang-tiyang ingkang kebak kaculikan? Mesthi kémawon kita naté ngadhepi wontenipun tiyang ingkang mboten jujur, ingkang rancanganipun mboten gumathok, mboten ngrèwès dalah mboten preduli dhateng asanès. Kawontenan tanpa pepesthèn ingkang kados makaten punika, ugi dipunalami déning sang juru Masmur èwunan tahun kapengker. Lajeng, lumantar waosan kita ing serat Rum, tiyang-tiyang Yahudi punapadéné sanès Yahudi ingkang manjing pitados, ugi ngraosaken kawontenan tanpa pepesthèn makaten punika. Wonten sawatawis pakulinan tuwin piwulang Yahudi ingkang karaos mboten sarujuk kaliyan lampah gesangipun. Tiyang-tiyang punika lajeng sami bingung kécalan cepengan: ingkang pundi ingkang kedah dipun anut lan antebi? Ing waosan Injil, kita ugi pinanggih kaliyan Nikodémus ingkang ugi nembé bingung. Minangka salah satunggaling pangarsa agami, mesthinipun piyambakipun gesang ing salebeting pepesthèn. Éwasamanten, piyambakipun ugi taksih bingung, lan awit saking punika merlokaken wekdal mirunggan ing wanci dalu, kanggé pinanggih, wawan rembag lan pitakèn dhateng Gusti Yésus. Mesthi kémawon prakawis punika mujudaken lelampahan ingkang mboten umum kanggénipun satunggaling

pangarsaning agami nalika samanten. Pitakèn dhumateng Rabbi utawi Guru sanès, ateges ngrumaosi bilih pangretosan lan kawruhipun taksih asor katimbang guru sanès punika. Éwasamanten, adrenging mangretosi kaleresanipun, tetéla ngawonaken ajining dhiri ingkang asring dipunegung-egungaken.

Sapandurat, Nikodémus katingal nggadahi pepesthèn kados ingkang tetéla wonten ing pangandikanipun: “Rabbi, kawula sami sumerep bilih rawuh Panjenengan dados guru punika kautus déning Gusti Allah, amargi mboten wonten tiyang ingkang saged nindakaken pratandha kados ingkang Paduka tindakaken punika, manawi mboten tinunggil déning Allah”. Nanging, punapa wangsulanipun Gusti Yésus? Gusti kados-kados ndadosi pepesthèn miturut Nikodémus sarana paring wangsulan, “Satemen-temené pitutur-Ku ing kowé: Wong manawa ora kalairaké manèh mesthi ora bisa weruh Kratoning Allah.”

Para sadhèrèk, punapa kita naté ngalami nggadahi pepesthèn nanging wusananipun rumaos kécalan pepesthèn kalawau? Kados pundi “lumampah sesarengan kaliyan Gusti ing salebeting pepesthèn?” Lumantar sekawan waosan ing nginggil kita saged mendhet tigang underan:

Inkang kapisan, “Sira kudu kalairaké manèh”. Punika ingkang dipun ngandikakaken déning Gusti dhumateng Nikodémus. Lair malih mboten ateges wangsul lumebet ing guwa-garbanipun ibu. Lair malih ateges kalairaken déning Roh ingkang anjalari kita sami pitados bilih gesang kita sawetahipun punika wonten ing salebeting tuntunanipun Gusti piyambak. Gusti ingkang nuntun lampah gesang kita, Gusti ugi ingkang badhé maringi tuntunan dhateng pundi kedahipun enering gesang punika, sarta Gusti ugi ingkang mesthi badhé tansah njampangi lampah gesang padintenan kita. Kanthi makaten, nalikanipun kita sami ngalami ruwet-rentenging gesang, utawi ngraos bilih gesang kita tembé-wingkingipun karaos peteng,

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

kebak manéka-warnining gesang, kita badhé tansah ayem-ayem kémawon awit Gusti tansah cecaketan kaliyan kita sadaya. Mary G. Brainard ngandika: *“Aku milih lumaku bebarengan karo Allah ing sajroning pepeteng, katimbang lumaku dhèwèkan ana sajroning pepadhang”*. Punika ugi ingkang dipun lampahi déning bapa Abraham. *(saénipun dipunsukani ugi conto saking pengalaman panjenengan pribadi nalika dipunlairaken malih utawi nalika wiwitanipun pitados dhumateng Gusti. Punapa maknanipun punika sadaya kanggé panjenengan)*

Kaping kalih, sasaged-saged sami nindakna punapa ingkang winastan “lumpataning pracaya”. Lumpataning pracaya mujudaken underan piwulangipun satunggaling ahli Filsafat saking Denmark anama Søren Kierkegaard. Piwulang punika mratélakaken bilih kita kedah “ndarbèni kekendelan nampèni lan pitados dhateng satunggaling panguwasa ingkang ngungkuli sadaya kasagedan lan budi nalar kita minangka manungsa, ing bumi punika”, ingkang mboten wonten sanès kajawi namung Gusti piyambak. Kathah tuladha-tuladha Kitab Suci ingkang mratélakaken bab “lumpatan pracaya” punika. Bapa Abraham, upaminipun, ingkang ugi mratélakaken pengalaman pribadi nindakaken “lumpatan pracaya”. Punika kacihna ing bab Abraham nindakaken timbalanipun Allah késah dhateng papan ingkang mboten dipun mangretosi. Piyambakipun kedah nilaraken sadaya budi nalaripun piyambak lan suméndhé dalah pitados dhateng panguwaosipun Allah ingkang langkung ageng katimbang dhiri pribadinipun, ingkang dhateng Panjenenganipun, Abraham suméndhé lan sumarah. Kadosdéné Abraham, Nuh ugi nindakaken “lumpataning pracaya” sarana ndamel lan nyawisaken baita kanggé nanggulangi wontenipun banjir, sanadyan sacara nalar kados-kados mboten nalar nalika samanten. Samanten ugi Pétrus nindakaken “lumpataning pracaya” nalikanipun mlumpat lan nyemplung ing toya saprelu badhé manggihi Yésus ingkang napak saganten ing wanci dalu. *(kaparingana conto saking pengalaman pribadi panjenengan utawi pengalamipun sadhèrèk pitados sanèsipun anggènipun nindakaken “lumpataning pracaya”).* Tiyang-tiyang

ingkang sami nindakaken lan ngalami “lumpataning pracaya” mesthi saged nyariosaken pengalamipun minangka paseksining gesang pracaya. Tiyang-tiyang punika sami lumampah sesarengan kaliyan Gusti lan nampèni berkah ingkang mboten kasat mata, ing antawisipun: ndarbèni katentremaning manah, kebak raos kabingahan sanadyanta wonten ing satengah-tengahing panandhang, wonten kasabaran ingkang mboten tinalar.

Kaping tiga, “ngugemi prasetyanipun Gusti”. Asring kita maos bab prasetyanipun Gusti, nanging lajeng kita tilaraken ing salebeting gesang padintenan kita sami. Wonten satunggaling lagu Sekolah Minggu “Wacanen Kitab Suci, ndedongaa sabèn dina”. Lagu punika ngajak kita sami maos Kitab Suci sabèn dinten kanggé ngrembakaning pengalamaning gesang pitados kita. Pengalamaning gesang pitados ateges kita sami mangretosi Sabdanipun Gusti ingkang jejer prajajji, pangajeng-ajeng, pitedah, ingkang lajeng kita pitadosi nalikanipun kita sami katempuh ing panandhang punapadéné pacobèn. Lagu “*kutak dapat jalan sendiri*” saged dados satunggaling conto kadospundi kita sinau kumandel ing Gusti sawetahipun. Tembung jangkepipun saget dipun undhuh saking web punika: (<https://www.youtube.com/watch?v=JadoASk9fO4>).

Punapa wusananipun manawi tiyang ngraosaken pengalamaning pracaya? Piyambakipun mboten namung badhé ngalami tandha-tandha kaéraman saking Gusti, nanging ugi saged nyariosaken pengalaman kaéraman punika dhateng sesaminipun gesang. Fanny J. Crosby kalairaken ing salebeting brayat ingkang mlarat. Nalika umur 6 minggu, piyambakipun nandhang sakit flu lan mripatipun abang mbranang. Sajakipun dhokteripun sampun nindakaken *malpraktèk* anjalari mripatipun dados wuta. Bapakipun tilar donya nalika piyambakipun umur 6 wulan, satemah piyambakipun karawat gesangipun namung déning ibu lan mbahipun. Nalika umuripun ngancik 15 tahun, piyambakipun sekolah wonten sekalohan mligi kanggé tiyang-tiyang ingkang ngalami kakiranganing badan

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

(*disabilitas*) ing New York. Wonten ing mriku kelampahan 7 tahun sinambi nyinaoni ngungelaken piano, gitar lan menyanyi. Piyambakipun dados kawentar nalikanipun ing pungkasaning abad 19 minangka “ratuning panyerat lagu-lagu Gospel”. Piyambakipun sampun nyerat 8000 lagu-lagu pujian. Ing antawisipun lagu-lagu ingkang sampun kaserat inggih punika: “To God be the Glory” (Terpujilah Allah), lan ugi “Praise Him, Praise Him” (Pujinen Panjenengané). Piyambakipun ugi nyerat geguritan ngantos 1000 cacahipun ing salebeting 4 buku dalah buku autobiographi ingkang paling laris.

Fanny J. Crosby nggadhahi kathah sipat winates, éwadéné piyambakipun kalairaken malih sarana nindakaken “lumpataning pracaya” lan ngugemi janji-janjinipun Gusti, lan sadayanipun punika kacihna ing salebeting pakaryanipun ing salaminipun gesang. Ing pungkasaning gesangipun, sadèrèngipun Gusti nimbali wangsul, piyambakipun ngucap: Aku banget-banget atur gedhéning panuwun awit saka berkah kang tansah daktampa lan rasakaké. Saupama aku bakal diparingi kabisan nonton jagad, aku tetep milih dadi wuta. Awit manawa aku bisa ndeleng, bisa uga aku ora bakal bisa mujèkaké kidung pamuji kagem Panjenengané”. Amin

(riajos-ytd)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

KHOTBAH
Minggu Prapaskah 3

Minggu, 8 Maret 2026

Waosan 1: Pangentasan 17: 1-7
Tanggapan: Jabur Masmur 95
Waosan 2: Rum 5: 1-11
Injil: Yohanes 4: 5-42

Toya Gesang
ingkang
Mulihaken
Sagung
Tumitah
☪☪☪

KOTBAH JANGKEP

Toya Gesang ingkang Mulihaken Sagung Tumitah

Para sadhèrèk ingkang dipun kasihi Gusti, punapa kita naté ngraosaken raos ngelak ingkang tumemen? Ngelak, mboten karana lumampah ingkang tebih, nanging ngelak karana mboten wontenipun toya? Cobi kula aturi mbayangaken, nalika bangsa Israèl nembé wonten ing ara-ara samun ingkang bentèr, kebak bleduk, ngraos luwé, lan mliginipun ngraos ngelak. Ing salebeting kawontenan makaten punika, tiyang-tiyang Israèl sami waringuten lan wiwit maiben dhumateng Allah. Éwasamanten, Allah kanthi katresnanipun nyawisaken toya ingkang mijil saking séla karang. Toya ingkang mesthinipun mokal saged mijil saking séla karang kados makaten punika, jebul dados pratandha katresnan lan setya tuhunipun Allah.

Toya minangka pralambanging gesang:

Ing satengahing ara-ara samun, toya saèstu dados wujud pagesangan. Tanpa toya, manungsa mesthi badhé pejah. Ing jagading gesang padintenan kita, toya saged dados sumbering prakawis ngantos dinten samangké, kados ta: dumadosipun siti

garing lan cengkar, tumindak ngregeti, ugi sami rebutan sumber daya. Kitab Pangentasan bab 17 dalah Masmur 95 ngémutaken bilih Allah piyambak ingkang jumeneng dados sumbering toya gesang. Nanging manahipun manungsa asring wangkot lan mboten sami pitados, malah tumindak nasar.

Katresnanipun Allah wonten ing Sang Kristus:

Wonten ing serat Rum bab 5, rasul Paulus medharaken bab katresnanipun Allah wonten ing sédanipun Sang Kristus kanggé panebusing dosa. Punika dados dhasar nganyaraken gesangipun manungsa, sarana ngrukunaken manungsa punika kaliyan Allah ingkang ateges ugi rukun kaliyan sagung tumitah ing jagad punika. Manungsa mboten gesang ing salebeting sesatron malih, nanging gesang ing salebeting pirukunan utawi ingkang kawentar sinebat gesang ing salebeting rekonsiliasi.

Yésus Sang Toyaning Gesang:

Injil Yohanes martosaken pepanggihanipun Yésus kaliyan wanita Samaria. Wawan rembagipun nratas témbok-témboking jaler lan èstri (*gènder*) suku dalah agami. Toya gesang ingkang dipuntawèkaken déning Yésus mboten namung ngicalaken raos ngelak sawatawis, nanging maringaken ugi gesang langgeng. Prakawis ingkang éndah pinanggih ing kanyatan bilih wanita Samaria punika wusanipun madeg dados seksi kanggé masyarakat kiwa tengenipun. Toya gesang ingkang saking Sang Kristus mboten kendhat tansah mili, mboten winates namung kanggé gesang kita para tiyang pitados, nanging ugi nyrambahi sadaya tiyang, dalah sadaya ingkang tumitah ing bumi punika.

Dinten punika, jagad nembé sami ngorong dhateng kaadilan nyeksèni toya ingkang resik dipun kuwaosi namung déning sapérangan warga masyarakat. Ngorong dhateng lestarining gesang nalikanipun lèpèn-lèpèn sami asat, alas sami gundhul lan siti dados garing lan cengkar. Ngorong dhateng katresnan nalikanipun manungsa sami cubriya lan sesatron satunggal lan satunggalipun. Kristus wungu saking antawisipun tiyang pejah supados manungsa mboten ngelak malih lan manah sami dipundamel marem déning toya gesangipun. Langkung

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

saking punika, kita sami katimbangan dados talanging toya gesang sarana ngrawat lestarinipun alam, andum sumber daya, nuwuhaken katresnan ing salebeting sesambetan saha samapta nglairaken paseksi ngéngingi sih katresnanipun Kristus.

Umat ingkang kinasih, wangunipun Sang Kristus nganyaraken sagung tumitah ing jagad. Sumangga kita sami pitados, nampèni lan ngilèkaken toya gesang punika. Sampun ngantos kita sami mangkotaken manah kados lelampahan ing Mériba, saged lumèbèr. Jagad nengga kita minangka pasamuhan, saprelu dados talanging toya gesang ingkang mulihaken sagung tumitah. Amin.

(onl/ytd)



Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

KOTBAH

Minggu Prapaskah IV

Minggu, 15 Maret 2026

Waosan 1: 1 Samuèl 16:1-13
Tanggapan: Jabur Masmur 23
Waosan 2: Éfesus 5:8-14
Injil: Yokanan 9:1-41

**Saking Wuta
Saged Ningali**



KOTBAH JANGKEP

“Saking Wuta Saget Ningali”

Pambuka

Larahan dados perkawis awrat ingkang saged ndadosaken kathah péhak kecipuhan, contonipun wonten ing kitha Bandung lan sawetawis kitha ing Indonesia. Larahan tansah kita prangguli ing gesang padintenan lan kaanggep namung dados tugasipun Pamarintah Kota lan Dinas Lingkungan Hidup dan Kebersihan. Jan-janipun sinten ingkang lepat lan kedah tanggel jawab? Menawi kita mlapah wonten ing peken, ing sauruting margi, kejawi kita ningali tiyang ingkang sami sadéan, ugi badhé ningali larahan badhéa punika tirahan anggènipun sami sadéan utawi pancèn sengaja kabucal wonten ing ngriku. Taun 2024 lan taun 2025 lan taun-taun salajengipun, *krisis sampah* (kawontenaning larahan ingkang nguwatosi) dados perkawis ingkang sangsaya mrihatosaken. Sanajan ugi wonten pawartos ingkang mbingahaken inggih punika tuwuhipun sawetawis golongan masarakat ingkang mbudidaya nanggulangi larahan ing papanipun piyambak-piyambak. Émanipun dèrèng sadaya masarakat nggadahi pamawas ingkang mekaten. Kita ugi asring taksih mrangguli wonten tiyang ingkang sengaja mbucal larahan wonten lèpèn utawi pekawisan kanggé “nitipaken” larahanipun. Pramila wonten ing sawetawis papan kapasang seratan ingkang ngémutaken supados mboten mbucal larahan ing papan ngriku.

Wonten ing kitha Bandung, saben dintenipun satunggal dhaérah wonten 1600 ton larahan ingkang kabucal ing TPA ngantos ngrisak papan kanggé madhahi saha pirantos ingkang kaginakaken kanggé tumindakipun nandangi larahan. Sawetawis pihak sampun mbereg supermarket, rèstoran, peken, lan para bakul supados tas plastik kagantos tas ingkang *ramah lingkungan* (tas ingkang ngirangi kathah daya awon ingkang ngrisak bumi). Pambereg kanggé milah *sampah domestik* (larahan balé griya) ugi dèrèng katindakaken déning sadaya masarakat. Taksih wonten warga masarakat ingkang mbucal larahan dados satunggal. Pandhemi Covid ingkang kepengker ugi dados jalaran tiyang blanja sacara *online* (lumantar internet) ingkang nuwuhaken kabudayan konsumtif (reman migunakaken utawi nelas-nelasaken, nanging mboten reman ngasilaken) lan kathahipun larahan. Sinten ingkang dipun lepataken ing babagan menika? Ngantos mbénjing menapa perkawis larahan saged dipun tanggulangi? Lan sinten ingkang tanggel jawab?

Cariyos bab tiyang wuta ingkang dipun pulihaken wonten ing Yokanan 9: 1-41 dados wekdal tumrap kita tiyang Kristen ngraos-ngraosaken bilih sejatosipun kawontenan kita mboten tebih kaliyan tiyang wuta kasebat. Mboten gampil ingkang dipun adhepi tiyang punika. Tiyang ingkang wuta wiwit lair lan brayatipun asring kaasoraken déning masarakat. Para pimpinan agami nganggep tiyang punika dosa. Tiyang-tiyang punika mboten perduli kaliyan tiyang wuta punika. Para sekabatipun Gusti Yésus ugi nggadhahi pamawas ingkang sami kaliyan tiyang Farisi. Para sekabat nyuwun pirsá, ”*Rabbi, sinten ingkang damel dosa, tiyang punika piyambak punapa tiyang sepuhipun, déné ngantos lairipun wuta makaten?*” Nampi pitakènan ingkang mekaten Gusti Yésus ngémutaken para sekabat, mboten sak mesthinipun para sakabat ndakwa tiyang wuta punika. Gusti Yésus ngendika bilih pakaryanipun Gusti badhé kapratélakaken lantaran tiyang wuta punika.

Sak sampunipun paring piwucal dhateng para sakabat, Gusti Yésus nélakaken mujijatipun dhateng tiyang wuta. Kawontenipun tiyang wuta punika béda sanget kaliyan tiyang Farisi. Mboten sekedhik tiyang ingkang maos cariyos punika

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

tuwuh pitakèn, sinten ingkang sejatosipun wuta? Tiyang Farisi punika saged ningali, nanging malah milih mboten ningali. Piyambakipun dados wuta karena mburu pepinginanipun pribadi. Émanipun tiyang Farisi punika mboten nglenggana menawi piyambakipun kadadosaken wuta karena sikapipun ingkang égois. Déné tiyang wuta kalawau malah nélakaken éwah-éwahaning gesang saksampunipun pinanggih kaliyan Gusti Yésus. Éwah-éwahaning gesang punika kawiwitan nalika kanthi kekendelan nélakaken, "*Leres, inggih kula punika tiyangipun... namung saprakawis ingkang kula mangretosi, inggih punika suwaunipun kula wuta, sapunika saged ningali*". Piyambakipun mboten sélak tumrap sadaya ingkang katindakaken déning Gusti Yésus sanajan piyambakipun ugi mangertos resiko ingkang badhé katampi, piyambakipun ugi mboten nampik nalika dipun sebat sakabatipun Gusti Yésus. Tiyang ingkang sewauipun wuta, sapunika kanthi kekendelan paring paseksèn bab pakaryanipun Gusti Yésus adhehasar pengalamanipun.

Pakaryanipun Gusti Yésus ingkang mulihaken tiyang wuta punika dados pambereg kanggé sadaya tiyang supados gesang ing pepadhang. Kanthi pepadhang, saben tiyang saged "*martosaken kayektèn ing katresnan*". Gesang mboten namung kanggé dhiri pribadi, nanging ngetut dhateng kersanipun Gusti. pasamuwan kabereg preduli dhateng sesami lan sadhéngah titah. Kanthi mekaten pasamuwan nglenggana bilih piyambakipun punika titahipun Gusti ingkang katitahaken miturut gambar lan pasemonipun Gusti, ingkang gadhah tanggel jawab murih lestantunipun sadaya titah. Kados Gusti minangka pangèn ingkang saé, para kagunganipun Gusti katimbangan mesthèkaken bilih sadaya titahipun Gusti karimat kanthi saé lan mboten wonten perkawis ingkang katindakaken cengkah kaliyan kersanipun Gusti.

Menapa panjenengan mangertos perkawis menapa ingkang nembé kita adhepi ing sakiwa tengen kita? Risakipun titah, kawontenanipun larahan ingkang nguwatosaken lan taksih kathah masalah lingkungan. Kita mboten saged namung mènèl kémawon karena rumaos perkawis punika sanès jejibahan kita,

sampun wonten ingkang tanggel jawab. Preduli tumrap lestantuning sadaya titah ugi dados timbalan kita. Sampun sak mesthinipun jagad punika dados papan gesang ingkang ugi saged dipun raosaken déning anak putu kita. Menika tanggel jawab kita sadaya. Kita mboten perlu nengga dados tiyang ingkang nggadahi kekiyatan damel éwah-éwahan ingkang ageng. Nanging kita saged miwiti saking papan kita piyambak-piyambak, saking griya, saking papan nyambut damel lan sapituripun. Gusti ngersakaken abdinipun ingkang krenteg njagi lan ngrimat titahipun. Kita saged nindakaken kanthi cara-cara ingkang prasaja, nanging kanthi temen lan mboten kendhat anggèn kita nindakaken kadasta: wicaksana ing babagan ingkang kita tedha lan ginakaken saben dintenipun, nyengkuyung pakaryan ngolah larahan kanthi milah larahan lan mbiyantu *petugas kebersihan*. Kita ugi perlu ngembangaken dhiri supados saged nyengkuyung pakaryan ngatasi masalah lingkungan.

Wonten satunggaling conto saé saking kitha Bandung. Salah satunggaling pakaryan nyata perduli lingkungan ketingal ing dhusun Takakura ing Arcamanik (RW 09 Sukamiskin). Ing kampung Takakura punika wonten Kranjang Takakura, menika teknik ngolah larahan organik ngginakakan kranjang ingkang saged ngasilaken kompos ingkang saé kualitasipun. Cara punika mboten namung ngirang-irangi larahan, nanging ugi saged ngasilaken rabuk ingkang ageng paédahipun tumrap taneman. Kampung Takakura ugi nindakaken manéka warni cara ingkang èstu ngatosaken lingkungan kadosta mbudidaya ngingah maggot (maggot punika singgatipun laler cemeng) kanggé ngolah larahan organik (larahan saking tetuwuhan utawi kéwan lss.), ndamel *eco enzim* kanggé bahan *pembersih alami*, lan Kampung Takakura ugi ndamel boto terawang kanggé ngirang-irangi risakipun lingkungan saking bahan-bahan bangunan.

Wujud nyata preduli lingkungan sampun wiwit tuwuh sanajan dèrèng secara wradin katindakaken. Menapa ingkang katindakaken déning masarakat nedahaken timbalan kita minangka tiyang Kristen sesarengan kaliyan sadaya titah mboten namung lelenggahan ngraosaken berkahipun Gusti lan kemajenganing jaman. Perkawis *krisis lingkungan* dados salah

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

satunggaling timbalanipun Gusti. Kita mboten namung sambat lan kuwatos ngadhepi kawontenan ingkang sangsaya mrihatosaken. Kita saged miwiti kanthi preduli, tumut tandang damel lan nindakaken kanthi ajeg lan wusananipun dados adat saben ingkang kita tindakaken kanthi njagi lingkungan.

Sumangga ing Minggu Prapaskah IV ingkang dipun sebat Minggu Laétaré, minggu kabingahan karena wonten panglipuran lan pakaryan ingkang mulihaken, kados déné tiyang wuta ingkang kasarasakan lan kapulihaken, sumangga kita nglampahi gesang mboten namun mikiraken dhiri pribadi nanging ugi nélakaken kayektèn lan katresnan ingkang preduli dhateng perkawis ingkang wonten ing sakiwa tengen kita kanthi nyengkuyung dhateng pakaryan nanggulangi perkawis lingkungan. Amin.

(ld-rr)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

KOTBAH

Minggu Prapaskah V

Minggu, 22 Maret 2026

Waosan 1: Yéhèzkièl 37:1-14
Tanggapan: Jabur Masmur 130
Waosan 2: Rum 8: 6-11
Injil: Yokanan 11:1-45

**Saking Pejah
Tumuju Gesang**



KOTBAH JANGKEP

“Saking Pejah Tumuju Gesang”

Wonten tetembungan mekaten, *“Ketika kapak datang ke hutan, banyak pohon berbisik, ‘Setidaknya gagangnya adalah salah satu dari kita...’* Tetembungan punika nélakaken bilih wit-witan ing wono ngginakaken wadung. Nanging péranganing wadung inggih punika, gagangipun asalipun saking kajeng ingkang kategor saking wono punika.

Tetembungan punika nélakaken kawontenan ingkang kirang saé. Asring mengsah nyatunggil kaliyan tiyang-tiyang ing nglebet lan perkawis punika mbebayani sanget karana tiyang nglebet malah méhak dhateng mengsah. Tetembungan ing nginggil nélakaken bilih karingkhianing patunggilan malah tuwuh saking nglebet nalika sapérangan tiyang malah kongkalikong kaliyan mengsah.

Kawontenan ingkang mekaten saged ugi kita alami. Kathah karisakan malah pejahipun kedadosan karana kita dados penyebabipun. Pejahipun sesambetan, risakipun titah karana srakah, malah pejahipun raos kamanungsan karana napsuning gesang. Manungsa ingkang kedahipun dados “aktor” ngrimat gesang, malah ndadosaken pejah. Sanajan saged ugi kita sanès “aktor utama”, nanging kita dados péranganing tiyang ingkang tumut ndadosaken pejah. Menapa kita dados péranganing tiyang ingkang nindakaken perkawis punika?

Minggu V Prapaskah punika, pasamuwan ngraosaken minggu kasangsaran kanthi mawas dhiri, lampah siyam, neddonga, dhemen wèwèh lan mulihaken sesambetan, lan temtu kémawon ugi mulihaken sesambetan kaliyan sadaya titah. Kita ngraosaken pakaryaning Gusti Yésus ingkang rila nandhang sangsara, tumuju pejah, masrahaken nyawanipun kanggé nuwuhaken gesang. Ngener dhateng jejer Paskah tahun punika: Paskah Ékologis, kita kabereg tengèn lan tanggap dhateng kawontenan nalika titah tumuju ing karisakan. Titah ingkang risak punika mboten saged dipun kèndelaken. Sapunika alam dipun dadosaken obyèk utawi prakawis ingkang dipun keruk sak kathah-kathahipun (*eksploitasi*) awit manungsa sami srakah lan ndadosaken risaking alam, punika perkawis ingkang èstu nguwasaken. Contonipun, adhedasar data BNPB ingkang dipun cathet déning Walhi wonten: *Tinjauan Lingkungan Hidup Walhi 2023: Terdepan di Luar Lintasan*, nélakaken bilih gunggunging bencana saben tahunipun ingkang paling kathah banjir, longsor lan cuaca akstrém (Ghofar, Abdul dkk. 2023:6). Walhi mawas kawontenan menika kasebat “Bencana ékologis” ingkang tegesipun:

“Akumulasi krisis ekologis yang disebabkan oleh ketidakadilan dan gagalnya sistem pengurusan alam sehingga mengakibatkan hancurnya daya dukung dan daya tampung lingkungan serta rusaknya ekosistem dan kehidupan rakyat”

Wonten ing Minggu V Prapaskah 2026 waosan kapendhet saking Yokanan 11:1-45 ingkang kawiwitan saking kitab Yéhèzkièl 37:1-14, Jabur 130, dan Rum 8:6-11. Kita kabereg ngraos-ngraosaken pangandikanipun Gusti ingkang ngemu kekiyatan ingkang mbekta éwah-éwahan lan ngrembakaning gesang tumuju kesaénan: ingkang risak dados pulih, ingkang mangu-mangu dados grengseng (*semangat*) ingkang semplah dados gadhah pangajeng-ajeng, ingkang pejah tumuju ing gesang. Sumber sadaya perkawis punika karena sih kamirahanipun Gusti. Waosan dinten punika mbereg kita

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

nyegeraken roh ingkang mbekta éwah-éwahan saking kekiyataning pejah tumuju ing gesang, kejawi punika ugi ngasah raos tengèn dhateng tanggel jawab minangka péhak ingkang saged njalari pejah tumuju sikap ingkang nuwuhaken gesang.

Mawas dhiri

Nabi Yéhèzkièl mbereg para umatipun Gusti mawas panandhang mboten kanthi panggresula. Balung-balung garing ingkang pating becècèr punika badhé dipun tangèkaken déning Gusti. Pramila nabi Yéhèzkièl ngémutaken bangsa Israèl supados tangi lan nata gesang ingkang kebak pangajeng-ajeng. Déné tanggapan ingkang kagambaraken wonten ing Jabur paring tuladha pangantu-antu bab pangapuntèn ingkang kaprasetyakaken déning Gusti. Sikap gesang ingkang ngantu-antu Gusti kanthi temen kados tiyang jagi dalu ingkang ngantu-antu plethèkipun bangbang wétan. Mboten tebih kaliyan punapa ingkang dipun ngendikakaken rasul Paul ingkang ngémutaken pasamuwan ingkang kedah nilar kedagingan ingkang tndonipun tumuju ing pejah dhateng gesang ingkang kapimpin déning Roh.

Mawas dhiri tegesipun, ningali dhiri pribadi, mboten ningali tiyang sanès. Gegandhéngan kaliyan risaking alam, kita ugi kedah ningali dhiri kita pribadi. Kita perlu nglenggana menawi ugi asring mburu pepinginaning daging lan ndadosaken risaking alam. Kita saget ningali kathahipun larahan ingkang kéntir ing lèpèn karan utawi jalaran kita angèl ngraosaken “cekap”.

Abéla Raos lan Tumindak

Cariyos bab Lasarus ingkang katangèkaken nélakaken bab panguwaosipun Gusti ingkang nglakungi panguwaosing pejah. Wonten ing cariyos punika Gusti Yésus ngadhepi perkawis ingkang awrat: ing satunggaling sisih Gusti Yésus mireng pawartos bab Lasarus ingkang sanget dipun tresnani. Ing sisih sanès Gusti Yésus kaancam déning tiyang Yahudi menawi badhé dipun sédani. Wekdalipun pancèn sampun celak, nanging

pakaryanipun kedah kalajengaken murih kathah tiyang sami pitados.

Wonten ing cariyos nalika Gusti Yésus nangèkaken Lasarus, Gusti mucal bab béla raos. Mirsani kawontenan ingkang mekaten, Gusti Yésus trenyuh manahipun. Panjenenganipun muwun. Miturut tafsir tembung “muwun” wonten ing ayat 35 “Gusti Yésus muwun” saking tembung “*edakrysen*” ingkang maknaipun nètèsaken luh. Maria “nangis” saking tembung “*klaiousan*” ingkang maknaipun sedhik ingkang sanget, kados ingkang kaserat ing ayat 31, nalika Maria nélakaken raos sedhik “*klause*” wonten ing pasaréan. Inkang nyerat Injil Yokanan nélakaken bilih Gusti Yésus, sang Putra mucal bab béla raos.

Sasampunipun Gusti Yésus mucal bab béla raos, Penjenenganipun lajeng mucal bab tumindak ingkang nyata. Sasampunipun ndedonga Gusti Yésus ngendika, "Lasarus, metua!" (ay. 43). Lasarus ingkang sampun pejah lajeng tangi lan mlampah medal saking kuburan. Gusti Yésus dhawuh dhateng tiyang ing ngriku supados morinipun dipun uculi supados Lasarus saged uwal. Waosan Injil katutup kanthi nyariosaken bilih kathah tiyang ingkang sami layat, ningali menapa ingkang katindakaken déning Gusti Yésus lan sami pitados dhateng Panjenenganipun (ay. 45)

Kados pundi roh béla raos lan pakaryan kanggé nélakaken éwah-éwahan saking karisakan alam tumuju ing gesang, tuwuh ing dhiri kita?

Wonten conto, satunggaling masarakat ingkang “nggesangaken” umbul wonten ing Gunungkidul ingkang namnipun Komunitas Resan Gunungkidul (pawartos bab punika saged dipun tingali wonten [Rumah Bibit Resan, Upaya Komunitas Resan Demi Konservasi di Gunungkidul - kabarhandayani.com](http://RumahBibitResan.com)). Komunitas Resan Gunungkidul punika satunggaling *gerakan swadaya* ingkang tujuan utaminipun nglestantunaken sendhang/umbul (*sumbuher air*) ingkang katindakaken déning masarakat Gunungkidul, Yogyakarta. Komunitas punika ugi mbereg masarakat supados tumut tandang damel nglestantunakan alam. Komunitas punika mbudidaya njagi

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

sumber-sumber toya kanthi nanem wit-witan, ngresiki sendhang/umbul, lan kagiyatan kabudayan.

Gesang punika kados déné tiyang ingkang mlampah, kathah perkawis ingkang kita lampahi, éwah-éwahaning gesang. Pangajeng-ajeng kita, ing lampahing gesang punika wonten éwah-éwahan ingkang langkung saé: risak dados pulih, mangu-mangu dados grengseng (*semangat*), pejah tumuju ing gesang. Dinten ingkang badhé dhateng kedah langkung saé. Pramila samesthinipun kita dados péhak ingkang nuwuhaken gesang mboten malah ndadosaken pejah. Amin.

(sil-rr)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

KHOTBAH

Minggu Prapaskah 6

Minggu, 29 Maret 2026

Minggu Palem

Waosan I: Matéus 21:1-11

Waosan II: Mazmur 118:1-2, 19-29

Minggu Sangsara

Waosan I: Yesaya 50:4-9a

Tanggapan: Mazmur 31:9-16

Waosan II: Filipi 2:5-11

Waosan Injil: Matéus 27:11-54

**Jagat Raya
Nandhang
Prihatos**



KOTBAH JANGKEP

Jagat Raya Nandhang Prihatos

Dinten punika kita mèngeti lelampahaning sugeng lan pakaryanipun Gusti Yésus. Wonten kalih lelampahan magepokan kaliyan sugeng lan pakaryanipun ingkang kita pèngeti ing dinten punika. Ingkang sepisan, anggènipun Gusti Yésus lumebet dhateng Kitha Yèrusalèm. Ing ngriki asring sinebat minangka Minggu Palem (Palmarum). Déné ingkang angka kalih, sinebat Minggu Sangsara, kanggé mèngeti anggènipun Gusti Yésus lumebet ing dinten-dinten ingkang karaos awat sanget.

Sedaya ingkang dipun alami Gusti Yésus sayektos sampun kaweca tebih sadèrèngipun. Gusti Yésus punika minangka jangkepipun prasetyaning Allah dhateng manungsa. Émanipun, Bangsa Israèl kalebet para alim-ulamaning agami, ingkang nyandhing Kitab Suci, sami mboten nyadhari bab punika. Kénging punapa saged mekaten? Inggih awit saben tiyang

gadhadh pepénginanipun piyambak lan Kitab Suci kawaos miturut pepénginanipun punika wau.

Narik kawigatosan kita sami, déné saking kalih lelampahanipun Gusti punika, jagat raya katunggilaken ndhèrèk lumebet ing kedadosan-kedadosanipun.

Sumangga kita titi saking lelampahan angka sepisan, inggih punika saking cariyos lumebetipun Gusti Yésus dhateng Kitha Yèrusalèm. Ing waosan Injil dipun sebataken, bilih tiyang kathah sami ngginakaken pang-pang lan ron palem ingkang wonten sakiwa tengenipun (Mat. 21:8). Tumrapping bangsa Yahudi, Palem punika mralambangaken kaunggulan, kajayan, lan katentreman. Nalika bangsa Israèl mahargya anggènipun mimpang perang, tiyang-tiyang Yahudi asring ngginakaken palem minangka tandha kabingahan. Kanthi ngayun-ayun ron palem punika, tiyang-tiyang Yèrusalèm ugi nganggep bilih Gusti Yésus punika Ratu ingkang badhé mbekta kamardikanipun bangsa Israèl saking pangawulaning bangsa Rum.

Kénging punapa tanggapanipun tiyang-tiyang punika dhateng Gusti kok ketinggal giyak lan grengseng sanget? Malah kathah tiyang ingkang sami nguwuh-uwuh, “*Hosana konjuk ing Putranipun Prabu Dawud, binerkahana ingkang rawuh awit saking Asmaning Pangéran. Hosana wonten ing ngaluhur.*” (Mat. 21:9). Tiyang-tiyang punika sami nginten menawi Gusti Yésus punika Raja ingkang badhé nguwalaken bangsa Israèl saking pangawulan. Gusti Yésus dipun anggep minangka pangarsaning *gerakan politik* (kagiyatan politik) bangsa Israèl, ingkang sumedya mangarsani perang bangsa punika. Punapa inggih mekaten, Gusti Yésus minangka pangarsaning *gerakan politik*? Mboten! Saking pundi kita saged mangertos bab punika? Punapa ingkang kelampahan punika èstunipun sampun kaweca déning Nabi Zakaria (Zak. 9:9)

Kapratélakaken bilih Gusti Yésus nitih kuldi. Kénging punapa Gusti Yésus mboten tindak kémawon? Utawi malah nitih kapal (jaran) kados ingkang asring dipun titihi déning para

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

pengagenging perang. Sepisan malih, bilih sedaya punika sampun trep kaliyan pangandikanipun Kitab Suci.

Kuldi panci sanès titihan kanggé perang, nanging titihan kanggé ngangkuud barang/momotan. Kuldi ugi nggambaraken sikap prasaja lan grengseng makarya mujudaken bedhamèn kados ingkang dipun undhangaken déning Gusti Yésus. Raja ingkang misuwur lan mimpang perang mesthi nitih kapal (jara), sanès kuldi. Lumantar kuldi ingkang dipun titihi, Gusti Yésus karsa mratélakaken sinten sayektosipun Panjenenganipun punika, inggih ingkang sampun kaweca ing Kitab Suci. Nanging émanipun, tiyang-tiyang punika sami mboten mangertos.

Pratandha cacah kalih saking jagat raya, Ron Palembang lan Kuldi punika malah ngekahaken sinten Gusti Yésus ingkang rawuh punika.

Inggih krana punika, tiyang kathah dados cuwa, awit Gusti Yésus mboten sami kaliyan pangajeng-ajengipun. Raos cuwa punika ingkang ndadosaken tiyang kathah ugi mangkénipun nguwuh “Kasaliba, Yésus!” panguwuh punika pinanggih nalika Sang Pilatus maringaken pilihan dhateng tiyang kathah, sinten ingkang badhé kaluwaran: Yésus punapa Barabas. Paus Bénédiktus XVI ing bukunipun, *Jésus of Nazareth*, nyathet bilih tembung *Barabas* punika asalipun saking tembung *Bar-Abbas*, tegesipun putranipun rama. Saking ngriki saged dipun mangertosi, wonten pamanggih bilih Yésus Barabas punika ugi dipun anggep minangka “Sang Mesih”. Yésus Barabas pun anggep minangka pangarsaning tiyang-tiyang ingkang ngraman dhateng panguwaos kala semanten. Dados, ing Matéus kados-kados wonten “Sang Mesih” cacahipun kalih ingkang dipun bèbèr déning Pilatus, inggih punika Sang Mesih asipat Abdi lan Sang Mesih asipat Raja. Tiyang kathah langkung milih Yésus Barabas ingkang kaluwaran.

Mila, paukuman ugi dipun tetepaken, inggih punika Salib! Salib, paukuman ingkang paling nggegirisi. Mboten namung raos sakit ingkang mboten saged katahan, nanging ugi lingsem ingkang mboten kantenan. Gusti Yésus ngalami punika sadaya,

lan prekawis punika sampun kaweca déning para nabi, salah setunggalipun inggih punika Nabi Yésaya (mirsanana Yés. 52:13 lsp.) Kasangsaran, dipun raosaken déning Gusti Yésus. Saking anggènipun dipun dadosaken pangéwan-éwan, kanthi dipun agemi ageman ingkang saèmper Raja. Lajeng jubahipun dipun blèjèti, kaparingan ugi makutha eri lan teken (*tongkat*). Panjenenganipun dipun pepoyok, dipun pilara, malah ugi dipun pecuti ngantos raganipun sami ngedalaken rah.

Saking tiyang-tiyang ingkang sami memoyok, kacariyosaken déning Matéus kanthi trap-trapan. Ingkang sepisanan saking para tiyang ingkang sami mlampah medal celak papan ngriku (Mat. 27:39). Kaping kalih, déning para imam lan Para ahli Torèt (Mat. 27:41). Ingkang pungkasan, saking para bégal ingkang sinarengan Gusti dipun salib ing ngriku. (Mat. 27:44). Lelampahan punika trep kaliyan ingkang naté dipun ngendikakaken déning Sang Juru Masmur (Masmur 22:8-9). Sedaya golonganing manungsa sami memoyok Gusti. Wusananipun, salib punika ingkang dados jalaran Gusti Yésus séda. Ing kajeng salib Gusti ngendika, “*Èli, Èli, lama sabakhtani?*” Punika tetembungan ingkang kapethik saking Masmur 22:2, kanthi ngginakaken basa Aram. Tetembungan punika, maknanipun nyumarahaken lan masrahaken dhiri sawetahipun dhumateng Sang Rama.

Ing wusananipun salib kedah kapanggul déning Gusti Yésus. Kasangsaranipun saged kita pirsani lumantar film-film ingkang nyariyosaken bab Gusti Yésus.

Jim Caviézel setunggaling aktor Hollywood ingkang nglampahi *peran* minangka Yésus ing film “*The Passion Of the Christ*” naté nyariyosaken kados pundi anggènipun ngantos kethukulan raos nggrantes. Tumrap piyambakipun ingkang piniji dados tokoh Yésus, punika setunggaling pengalaman ingkang damel ngungun ugi damel nggrantes. Nggrantes krana Gusti Yésus kedah manggul kasangsaran ingkang saèstu-èstu awrat. Mbayangaken punapa déné nglampahi *peran* Yésus saged nukulaken panggrantes awit sih susetyanipun ingkang agung.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Raos panggrantes punika ugi ingkang kapratélakaken déning jagat raya. Cathetan ing Injil ngetingalaken menawi sedaya kawontenan ing alam raya punika sami prihatos. Dipun sebataken bilih selami tigang jam wonten pagowong ingkang nglimputi bumi (Mat. 27:45). Langit kados-kados ugi ngraosaken kaprihatosan punika, temah raosipun mboten kepéngin nglajengaken sunaring srengéngé ingkang ngesangi.

Kejawi punika, wonten lindhu ageng ingkang damel gonjinging bumi. (Mat. 27:51). Lindhu punika ugi ingkang ndadosaken gubahing Padaleman Suci suwèk saking nginggil dumugi ngandhap (Mat. 27:51). Prekawis punika saged dipun mangertosi minangka tandha bilih sesinggetanipun Allah kaliyan manungsa sampun dipun pungkasi. Selami punika, gubah ing padaleman suci dados singget antawising papan maha suci lan papan suci. Papan maha suci namung kepareng dipun lebeti déning Imam Agung setahun sepisan (mirsanana Ibr. 9:7). Kanthi suwèkipun gubah padaleman suci, manungsa saged pepanggihan kaliyan Gusti Allah. Gusti Yésus ingkang dados Pantawisipun pepanggihan punika.

Menawi dipun bayangaken, lindhu punika ugi ingkang andamel kahanan kala semanten dados pagiris. Kori-korining kubur sami mbikak. Saya malih dados ngajrih-ajrihi lan kaget déné kasebataken ing Mat. 27:52, wonten kedadosan bilih tiyang-tiyang suci sami tangi saking pejahipun. Kedadosan punika ngémutaken dhateng pamecanipun Nabi Yéhèzkièl (kapirsanana Yéh. 37). Srana kedadosan-kedadosan punika, sagéd dados pémut bilih Gusti Yésus kagungan panguwaos ingkang nglangkungi jagat raya punika. (mirsanana Mat. 28:18). Kanthi lelampahan punika, sedaya umat katimbalan pitados bilih Gusti Yésus punika Sang Mesih kados ingkang kapratélakaken déning panguwuhipun pangarsaning prajurit, “Sanyata Panjenengané iku Putraning Allah.” (Mat. 27:54).

Pitados dhumateng Gusti Yésus mesthinipun mbekta éwah-éwahan tumrapping sesami lan jagat raya. Kados cancutipun jagat raya ing salebeting lelampahan ingkang dipun alami Gusti Yésus, kita katimbalan dados pérangan sarananing

pakaryan kawilujengan ing jagad punika. Émanipun, cak-cakan iman ingkang kados mekaten taksih angèl pun panggihaken ing cara gesangipun tiyang pitados wekdal-wekdal punika. Iman namung dipun mangertosi gegayutan ing antawising dhiri pribadi kaliyan Gusti. Pramila mboten mokal asring kita prangguli tiyang pitados ingkang nglanggar *lampu lalu lintas*, mbucal larahan utawi rereged wonten kalènan, mbangun griya ing wewengkon ingkang kacawisaken kanggé tetanèn utawi kanggé *penghijauan* (nanem wit-witan ingkang saget nyegeraken hawa), lsp. Punapa akibatipun? Gesang sesarengan sarwi mboten nyekécakaken. Tiyang sanès kaanggep mengsah. Jagat raya sangsaya risak. Bencana alam nyrambahi ing pundi-pundi papan. Punapa punika ingkang kinersakaken déning Gusti? Amin.

(asp-ip)



Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

KOTBAH

Kemis Pethak

Kemis, 2 April 2026

Waosan 1: Pangentasan 12:1-14
Tanggapan : Jabur 116:1-2, 12-19
Waosan 2: 1 Korinta 11:23-26
Injil: Yokanan 13:1-17, 31b-35

**Ngrawat
Katresnan:
Sami-sami
Perduli**



KOTBAH JANGKEP

“Ngrawat Katresnan: Sami-sami Perduli”

Satunggaling brayat ingkang kawangun saking rama, ibu lan kalih putra jaler lan éstri ingkang saweg dhahar sesarengan ing satunggaling griya dhahar. Brayat punika awis-awis nggadahi wekdal kanggé nedha sesarengan awit pakaryanipun piyambak-piyambak ingkang kathah sanget. Satunggaling dinten, ingkang rama kagungan kersa badhé ngajak péranganing brayatipun, nedha sesarengan awit wonten perkawis wigatos ingkang badhé dipunaturaken.

Saksampunipun dumugi ing griya dhahar, lan nengga tedhan cumawis, saben peranganing brayat sami mirsani *télépon genggamipun* (HP) piyambak-piyambak. Anak éstrinipun ibut (*sibuk*) ngginakaken *media sosialipun* (ngginakaken pirantos kanggé srawung), anak jaleripun ingkang saweg pedhot kasmaran ugi ibut *nelépon* pacaripun supados mboten saestu pedhot sesambedianipun, lan ibunipun ugi ibut ngrampungaken bebahanipun saking kantor ngginakaken *télépon genggamipun*. Inkang rama namung mènèl ngraosaken kasisahan ingkang lebet sanget, awit migatosaken pratingkahipun péranganing brayat. Kamangka ingkang rama nggadahi pangajeng-ajeng anggènipun nedha sesarengan kaliyan brayatipun, supados ngraosaken supeketing katresnan saking brayatipun, ing satengahing momotaning gesang, ing pundi ingkang rama saweg

kémawon mutusaken badhé *pènsiun dhini* (pènsiun dèrèng wekdalipun) saking papan pakaryanipun.

Bapak ibu ingkang kinasih, cariyos ing inggil kala wau, satunggaling citraning gesang ingkang asring kita temahi ing tengahing brayat. Wekdal kanggé nedha sesarengan ingkang sejatosipun dados sarana kanggé ngrawat katresnan ing tengahing brayat santun kawontenan dados papan tanpa teges. Sesambetan ingkang dados tebih lan kirang tepaslira setunggal lan setunggalipun. Lan rikalanipun péranganing brayat mboten nggadhahi papan ingkang tentrem kanggé cariyos, saha mboten ngraosaken supeketing katresnan ing satengahing brayat, saget mangaribawani kegangguaning *keséhatan méntal*.

Dinten Kemis Pethak punika, pangandikanipun Gusti mbereg kita sami menggalihaken wigatosipun ngrawat katresnan ing tengahing pagesangan kanthi gesang sami-sami perduli. Ing tata pangibadah Kemis Pethak, gréja sawetahipun ngraos-rasaken lan ngémot-émot lelampahan Bujana Nдалu ingkang Pungkasan, tetepaning sakramèn Bujanipun Gusti, lan patuladhanipun Gusti Yésus ingkang mijiki sukunipun para murid. Ing saben wekdal kita ngémot-émot lelampahan ing Kemis Pethak, dados sarana anggèn kita ngrawat katresnan ing pagesangan kita.

Wujuding ngrawat katresnan ingkang kasebat ing saben waosan ugi mboten saget kapisah kaliyan ingkang naminipun nedha sesarengan. Pangentasan 12:1-14 paring katerangan bab tetapan bujana Paskah konjuk Gusti ing Israèl. Tetepaning bujana Paskah dadosa pratandha kanggé ngémot-émot pakaryanipun Gusti Allah ingkang milujengaken Umatipun saking pangawulan ing tanah Mesir. Saben brayat Israèl ing wekdal semanten kedah ngawontenaken bujana kanthi seghahan utami inggih punika daging cempé kaliyan janganan pait lan roti tanpa ragi. Menawi dipunraosaken kawontenan ing saben brayat kala semanten, temtunipun wonten kaperdulèn saha sami mbiyantu ing antiwisipun péranganing brayat, kanggé nyawisaken tetedhan ingkang badhé dipuntedha. Kawontenan ingkang kapenuhan katresnan ing salebeting bujana ugi kelampahan, amargi dipunlampahi sesarengan ing saben brayat.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Wonten ing lelampahan bujana pungkasan punika, Gusti Yésus ugi ngemutaken para murid supados sami ngraosaken wigatosipun ngrawat katresnan kanthi gesang sami tresnatinresnan. Gusti Yésus mbereg para murid ngraosaken bujana Paskah kanthi pangertosan ingkang énggal. Sakdèrèngipun sami nedha, Panjenenganipun paring patuladhan kanthi mijiki sukunipun para murid. Tumindakipun Gusti Yésus ingkang mijiki sukunipun para murid punika nedahaken patrap gesang ingkang andhap asor saha kapredulènipun Gusti Yésus dhumateng para murid. Panjenenganipun tetep ngrangkul lan nedahaken katresnanipun dhateng murid ingkang badhé nyélaki Gusti Yésus. Gusti Yésus mentingaken perkawis kaperdulèn lan gesang sami nandukaken katresnan ing setunggal badan, setunggal brayat ing salebeting Sang Kristus.

Seratipun Rasul Paulus ing I Korinta 11:23-26 ugi ngemutaken kita bab ngraosaken makna *spiritual* saking bujana kanggé ngémot-émot pakaryanipun Sang Kristus ingkang maringaken sarira lan rahipun kanggé kawilujenganipun manungsa. Nedha sesarengan dados wekdal kanggé sinau ngrawat katresnan ingkang wonten, kanthi sami migatosaken lan perduli setunggal lan setunggalipun.

Wonten ing pahargyan Kemis Pethak, saben kita kabereg supados ngraosaken katresnanipun Gusti Yésus ingkang mijiki sukunipun para murid lan ugi ngraosaken wigatosing ngrawat katresnan ing satengahing pagesangan kanthi gesang sami nelakaken katresnan lan perduli. Salah satunggaling wujud ngrawat katresnan ingkang prasaja saget kawiwitan saking nedha sesarengan ing tengahing brayat kita piyambak-piyambak, kanthi sami migatosaken lan mangun papan ingkang tentrem kanggé sesambetan. Kanthi mekaten, saben péranganing brayat saget ngraosaken katresnanipun Gusti kanthi wontenipun brayat ingkang kebak ing katresnan lan perduli. Mbok bilih wonten péranganing brayat ingkang ngersakaken papan kanggé criyos utawi ndongèng lan andum gesang.

Ngrawat katresnan ing tengahing pagesangan punika dados salah satunggaling wujud panyengkuyung kanggé tiyang

ingkang sami ngalami mawarni-warni pakèwet ing babagan *keséhatan méntal*. Gesang sesarengan lan perduli dados salah satunggaling tumindak nyata panyengkuyung ingkang wigati dipungladhi saben dinten. Nadyan mboten gampil, nanging andhap asoring manah kanggé miwiti kados déné Gusti Yésus ingkang miwiti mijiki sukunipun para murid, mugi dados pangémut-émut saben kita supados purun miwiti sapa aruh lan perduli. Setamah saben tiyang saget ngraosaken katresnanipun Sang Kristus ingkang tansah wonten ing gesang lan komunitasipun.

Sumangga kita sami ngrawat katresnan ing tengahing gesang kita, kawiwitan saking brayat. Mumpung taksih wonten wekdal, gesang sesarengan lan tepaslira kawiwitan saking meja bujana kados *video* punika:

<https://youtu.be/uPIvoNlqg6o?si=nE2kGZKVhwzuNTEI>

(es-yfkl)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

KOTBAH

Jumuwah Adi

Jumuwah, 3 April 2025

Waosan 1: Yésaya 52:13-53:12

Tanggepan: Jabur 22

Waosan 2: Ibrani 10:16-25

Injil: Yokanan 19:16-37

**Salib:
Dalaning
Pepesthèn
Katresnané
Allah**
✠

KOTBAH JANGKEP

Salib: Dalaning Pepesthèn Katresnané Allah

Para sedhèrèk ingkang kinasih

Wonten satunggaling cariyos ingkang asring kacariyosaken déning para *penyintas kamp konsentrasi* (*penyintas kamp konsentrasi*: tiyang ingkang saget panggah gesang ing kawontenan ngrekaos tuwin mbebayani tumrap gesangipun ing pakunjaran). Satunggaling bapak kepeksa ningali anakipun kagantung awit nyolong roti. Rikalanipun anak punika pejah, satunggaling durjana celathu : “Ana ngendi Gustimu, ing kahanan kang koyo mangkéné?” Lan pun bapak paring wangsulan kanthi lirih, “Gusti ana ing kono –ana ing cagak papan kanggo nggantung kuwi”. Tetembungan punika mboten badhé kasupèkaken. Panjenenganipun punika dados gegambaripun kadospundi Gusti ingkang kita bektèni sanés Gusti ingkang tebih, nanging Gusti ingkang tansah rumasuk ing salebeting kasangsanipun manungsa. Gusti ingkang sinalib.

Para sedhèrèk ingkang kinasih,

Dinten punika kita mboten namung nggegilut lelampahan Golgota dados lelampahan ingkang nistha, nanging dados pangertosan ingkang lebet sanget saking katresnanipun Allah ingkang milujengaken. Gusti Yésus mboten séda awit Panjenenganipun kawon, nanging awit Panjenenganipun ngasihi. Panjenenganipun mboten mbengok sora “Wis rampung”

dados pratandha anggènipun Panjenenganipun sampun nyerah, nanging dados tandha kamenanganing katresnan ingkang sampun jangkep. Gusti Yésus nggantos kita. Mboten awit kita pantes, nanging awit katresnanipun langkung ageng saking sedaya ingkang pantes. Saking waosan *lèksionari* kita badhé mrangguli makna ingkang lebet, mekaten:

a. Yésaya 53 – Allah Ingkang Ngrembat Tatuning Jagad

Yésaya nggambaraken satunggaling abdi ingkang “Pasuryanipun mboten saé, kaanggep asor, remuk, lan katampik”. Gegambaran punika ingkang ndadosaken kita ningali bilih katresnanipun Allah mboten ndumugèni manungsa lumantar perkawis ingkang édab-édabi, nanging lumantar sarira ingkang tatu. Ing tengahing jagad ingkang ngegungaken citra utawi pepethan, salib napuk kita: Gusti rawuh mboten ing salebeting gebyaring jagad, ananging ing salebeting kaprasajian saha kasangsaran.

Lan rikalanipun kita ngraos-raosaken tatunipun Sang Abdi, kita ugi kedah nyuwun pirsu: Tatunipun sinten ingkang dipunrembat Panjenenganipun? Dinten punika, kita kedah jujur: Jagad ingkang kita panggèni ugi tatu. Jagad raya titahipun Gusti ingkang kaparingaken Gusti punika sapunika sami nguwuh awit patrap srakahipun manungsa. Lumantar pitobat *ékologis*, kita badhé ngraos-raosaken salib lan titah ingkang tatu.

Kita mboten saged ngriyadinaken Jumuwah Adi tanpa menggalihaken titah ingkang ugi mikul salibipun awit patrapipun manungsa. “Sakèhing tumitah anggoné padha nganti-anti marang wektu kababaré para putrané Gusti Allah...Awit sakèhing tumitah wus katelukaké marang kaapesan.....marga kang tumitah iku dhéwé uga bakal kaluwaran saka ing pangawulaning karusakan, lan lumebu marang ing kamardikaning kamulyané para putrané Gusti Allah (Roma 8:19-21).

Dinten punika, seganten kita kebak larahan plastik. Langit kita kebak racun. Gunung sami telas dipun kedhuki kanggé pamelikan. Wana dipuntegori awit srakahipun manungsa ingkang namung sakeplasan.

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Punapa mboten punika salah satunggaling wujud dosa? Dosa *struktural* lan sesarengan ingkang saget damel tatu titahipun Allah? Gusti Yésus manggul salib mboten awit nebus dosaning manungsa kémawon, nanging ugi dosanipun sedaya titah – supados jagad kapulihaken. Pamratobat kita dinten punika kedah menggalihaken jagad kita. Menawi salib mratélakaken sih katresnanipun Allah kanggé sedaya titah, pramila gesang kita ingkang sampun katebus kedah nélakaken katresnan ingkang sami: Ngirangi *konsumsi* ingkang keladuk. Ngurmati jagad raya. Njagi toya, hawa, lan siti dados kanugrahan saking Gusti, mboten dados barang dagangan. Kita mratobat mboten awit ajrih wontenipun lelampahan bilahi, nanging kita sadhar bilih kita sampun damel tatunipun titah ingkang dipuntresnani Gusti.

b. Jabur 22 – Allah ingkang Myarsakaken Panguwuh-uwuh

Jabur 22 ingkang dipunpethik Gusti Yésus saking kajeng salib – “Duh Allah kawula, Allah kawula, punapaa déné kawula Paduka tégakaken? punika panalangsa ingkang nyrambahi samudayanipun. Panguwuhipun Gusti Yésus punika panguwuh ingkang katindhes, kalebet jagad ingkang katindhih. Nanging pungkasaning jabur sanes sirnaning pangajeng-ajeng, nanging punika pangajeng-ajeng: “Poncot-poncoting bumi bakal éling marang iku lan banjur mratobat marang Sang Yéhuwah” (Jabur. 22:28) Jumuwah Adi nimbali kita sami mratobat, mboten namung awit dosa pribadhi, nanging saking sadaya patraping gesang ingkang ngrisak.

c. Ibrani 10 – Margi Anyar

Serat Ibrani mratélakaken bilih rahipun Sang Kristus mbikak margi anyar lan gesang. Margi punika mboten wangsul gesang sakpikajengipun piyambak. Margi punika dados patunggilan ingkang dipunanyaraken: sinarengan Allah, sinarengan sesami, lan ugi sinarengan jagad raya. Jumuwah Adi dados wekdal ing pundi kita nilaraken margi lami – margi *éksplorasi*, mboten preduli, lan sakpikajengipun piyambak – lan

margi lumebet ing katresnan, tanggel jawab, lan kesadharan *ékologis*.

d. Yokanan 19 – Wis rampung : Timbalan kanggé Nggesangi Kamenangan

Rikalanipun Gusti Yésus ngendika “Wis rampung” (*Tetélestai*), Panjenenganipun mboten namung ngrampungaken kasangsaranipun, nanging ugi mratélakaken : “Tki kapenuhan sih sing bisa sira pracayani lan uripi” Kamenangan katresnan punika kedah nggadahi pangaribawa: Ing tengahing brayat, kita gesang dados pribadhi ingkang sesarengan mikul salib, mboten sami-sami nglepataken. Ing salebeting pakaryan, kita jujur, mboten srakah, mboten ngrisak. Ing salebeting sesambetan kaliyan sesami, kita ngrangkul, mboten nebihi. Ing salebeting sesambetan kaliyan jagad raya, kita ngopèni, mboten njarah jagad raya.

Para sedhèrèk ingkang kinasih

Salib punika margining katresnan ingkang mesthi. Panjenenganipun mboten namung milujengaken sukma, nanging ugi nimbali sedaya pagesangan kita supados kita mratobat. Dinten punika, kita sami nggegilut: Punapa kita sampun mratobat saking dosa ingkang ndadosaken tatuning sesami lan titah?

Punapa kita sampun ningali jagad punika dados péranganing katresnan panebusanipun Allah? Punapa kita sampun mangsuli salibipun Sang Kristus kanthi gesang ngormati pakaryanipun Gusti? Sumangga kita mboten énggal-énggal tebih saking salib. (Sawetawis kita kèndel).

Kita sumanggaken tatunipun Sang Kristus mulihaken tatuning jagad – lumantar kita ingkang pitados lan mratobat. Amin.

(ph – yfkl)

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

KOTBAH

Setu Sepi

Setu, 4 April 2025

Waosan 1: Ayub 14:1-14
Tanggapan: Jabur 31:1-4, 15-16
Waosan 2: 1 Pétrus 4:1-8
Injil: Yokanan 19:38-42

**Tresna Panggah
Rikala Sedaya
Késah**



KOTBAH JANGKEP

“Tresna Panggah Rikala Sedaya Kesah”

Lelampahan Gusti Yésus anggènipun kasarèkaken, èstunipun sanès pérangan pungkasan lelampahan kasangsaranipun Gusti ing pamentangan. Punika sanès namung watès pungkasan ing lelampahan ingkang kita sumerepi badhé tumuju dhumateng wungunipun. Ing sawingkinging kawontenan sisah lan langit kados-kados bungkem, lelampahan punika ngemu suraos ingkang lebet: Bilih katresnan sejati asring dinadar inggih rikala samukawis sadaya katingal nglaha.

Dinten kala semanten, hawa ing Yérusalèm taksih mambêt ludira lan bêbêngokan kalawingi. Sauruting margi sêpên, nanging kebak ing kawigatosan. Kanggé sapérangan ageng tiyang, sédanipun Gusti Yésus kaanggep pérangan pungkasan. Boten wonten ingkang saged kalampahaken malih kajawi nglajengaken gesang. Para sakabat ingkang sawau mlampah sesarengam kaliyan Panjenenganipun, samangké dhêdhêlikan giris. Éwasemanten, ing satengahing kahanan sêpên, wonten tiyang kalih lumampah majeng: Yusuf saking Arimatéa lan Nikodhémus.

Kekalihipun sanès péranganing kalihwelas sakabat ingkang misuwur. Kekalihipun sanès *pahlawan* ingkang tansah ngadeg ngamping-ampingi Gusti Yésus ing kathah papan. Yusuf Arimatéa punika siswa ingkang sidhêman, ajrih kaliyan tiyang

Yahudi. Nikodhémus inggih punika pangawaking agami ingkang naté marak ing Gusti Yésus ing wekdal dalu, supados boten kawanguran/kasumerepan déning tiyang sanès. Éwasemanten malah ing dinten sédanipun Gusti Yésus, rikala kahanan nguwatosaken, kekalihipun ngatingal.

Tumindakipun boten kok tanpa aji. Nyêpêng salira layu (layon) punika ateges nanggal najis sacara tata agami, manut pranatan ingkang kalampahaken ing Yahudi. Ing kawruh bab agami wekdal semanten, sinten ingkang nyêpêng layon badhé kécalan pakurmatan kanggé ngriyadinaken Paskah – inggih riyadin ingkang paling penting sadanguning setaun. Ananging Yusuf saking Arimatéa lan Nékodhémus langkung milih kécalan “kasucèn” punika, supados saged mulasara saliranipun Sang Guru. Manut tetinggalaning jagad, piyambakipun ngregedi raganipun. Ananging ing pamirsanipun Gusti, piyambakipun saweg ngênêpakên katresnan.

Yusuf saking Arimatéa kumawantun sowan dhumateng Pilatus, nyuwun supados saliranipun Gusti Yésus – tumindak barès kagem tiyang ingkang katêmbèn kadakwa minangka durjana lan pangawak dursila. Punika boten namung ing babagan pranatan metak layon; punika pangandikan ingkang kagiyaraken kanggé tiyang kathah: ”Kula nélakaken katresnan katur Panjenenganipun ingkang sampun panjenengan penthang.” Nikodhémus ngasta blendok mur lan gaharu abobot 30 kilogram – gunggung ingkang namung pantes kanggé metak ratu. Piyambakipun boten dhêdhêlikan malih ing wanci dalu. Tumindakipun minangka tetélaning kapitadosan, boten mawi tetembungan, ananging akanthi lelabet nyata.

Kekalihipun rawuh ing swasana ingkang paling sepi. Boten kapapag déning surak mawurahan kados ing sêkèthènging Yérusalèm sawetawis wekdal kapengker. Boten wonten pangéram-éram mukjjat ingkang nyarengi. Boten wonten ingkang nanggal bilih lelabet ingkang katindakaken badhé dipunormati saha dipunémut-émot. Kekalihipun kepara boten mangertos bilih Gusti Yésus badhé wungu. Inggih piyambakipun mangertosi namung: Gusti Yésus sampun séda,

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

lan piyambakipun kapéngin nélakaken katresnanipun katur Panjenenganipun dumugi pungkasan.

Punika têtélaning kapitadosan ingkang wetah (*murni*) – iman ingkang boten gumantung dhateng kaunggulan, pangalembana, utawi swasaning manah. Kapitadosan ingkang pangah kasetyanipun senjata boten wonten asil ingkang katingal cetha. Iman ingkang langkung milih tetep mlampah, sinaosan kados-kados Gusti Allah mèndèl. Setu Sepi (Tumpak Suci), dinten ing antawisipun pepejah lan kawungokaken, inggih punika gegambaran batin ingkang asring karaosaken déning tiyang pitados: Padonga karaos dèrèng gumathok, lampahing paladosan karaos karèmèhaken, manah karaosaken garing. Ing ngriki katresnan dinadar – lan asring, malah ing ngrika katresnan dados sangsaya mênêp (*murni*).

Yusuf saking Arimatéa lan Nikodhémus mucal kita bilih nresnani Gusti Yésus boten ateges kotbah ing mimbar utawi mimpin pangibadah ageng. Kalamangsanipun punika ateges mblébêt tatu ngginakaken mori pethak ingkang resik, ngrangkul ingkang remuk, lan njenengi kèndel-kèndelan. Tumindak prasaja punika, ing pamirsanipun Gusti Allah inggih punika liturgi ingkang éndah.

Piyambakipun paring patuladhan:

- Sumangga tetep nélakaken katresnan sinaosa “kélangan rai” lan pakurmatan.
- Tansah tumemen sinaosa sepen pangalembana.
- Ajeg mlampah medal saking sawernining wewayangan, ngrangkul ingkang ketaton, maringi nalika kathah tiyang ingkang nebih.

Nresnani ingkang kados mekaten saged ugi katingal “najis” ing pamawasing jagad, ingkang ngukur kasucèn ngginakaken takeran kajasmanèn. Ananging ing ngarsanipun Gusti Allah, katresnan punika murni – amargi kalair saking batos ingkang nglilakaken kécalan sedaya samukawis ngênêr Panjenenganipun.

Saged ugi kita saweg ngraosaken “Setu Sepi” kita piyambak – rikala pandonga kita boten lajeng pikantuk wangsulan, rikala paladosan karaos boten dipun rèwès, rikala anggèn kita

ndhatengi boten karèkên. Émuta, Gusti Allah ingkang mungokaken Gusti Yésus ugi mirsa lan ngormati katresnan ingkang kanthi sesidhêman kita ladosaken. Ing pamirasni Pun Allah, katresnan ingkang tatag salebeting sepi badhé kawungokaken ing pepadhang kamulyanipun Allah.

Tresna Panggah Rikala Sadaya Késah! Tetep setya rikala sedaya mènèdèl. Amargi ing satengahing swasana sepi punika, Gusti Allah saweg mbesot utawi ngresiki kamurnèning katresnan kita. Amin.

(apj – mgk)



Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

KOTBAH

Paskah

Minggu, 5 April 2026

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul 10:34-43

Tanggapan: Jabur 118:1-2, 14-24

Bacaan 2: Kolosé 3:1-14

Injil: Matéus 28:1-10

Wungunipun Sang Kristus Nganyaraken Tumitah



KOTBAH JANGKEP

“Wungunipun Sang Kristus Nganyaraken Tumitah”

Para sadhèrèk ingkang kinasih, dinten punika kita sami tetunggilan ngriyadinaken Paskah–dinten agung tetalesing kapitadosan Kristen, nalika Gusti Allah ngwungokaken Gusti Yésus Kristus saking antawisipun tiyang pejah. Nanging, sumangga kita sumené sawatawis wekdal saking padatan anggèn kita paring maknaning Paskah namung magepokan prakawis karohanèn, ingkang gayut maring karahayoning pribadinipun manungsa. Dinten punika, kanthi pamawas (cara mawas) mangretosi isining Kitab Suci saking sisih *ekologis* (prakawis imbal sesambetan tumitah kaliyan kawontenan alam sakiwa tengenipun), déné kita kaèngetaken bilih wungunipun Sang Kristus boten namung mbabar warta kabingahan tumrap manungsa, nanging ugi tumrap sadaya titah ing bumi.

1. Gusti Allah ingkang *inklusif* (sumanak tinarbuka) tumrap sadaya titah

Pétrus ngadeg ing ngajengipun tiyang kathah lan mratélakaken bilih Gusti Allah boten mbédak-bédakaken sinten kémawon. Sadaya ingkang ajrih-asih dhumateng Gusti badhé katampi. Punika mujudaken pawarta ingkang ngoregaken (*mengguncang*) watesing suku bangsa, kawontenan sosial,

kepara ugi agami. Nanging mangga kita tlesih langkung lebet malih, menawi Gusti Allah mbédak-bédakaken manungsa punapa Panjenengan ugi badhé mbédak-bédakaken tumitah? Punapa boten ateges sadaya titah punika sajatosipun aji sanget ing ngarsa Panjenenganipun?

Gusti Yésus jinebadan Roh Suci, ndlajah désa milang kori mbabar pakaryan éndah, nyarasaken, lan mulihaken. Panjenenganipun rawuh boten namung supados mbandhangi manungsa saking kawontenan sakit, nanging ugi njejegaken *shalom*-tentrem rahayu-dadosa tumrap manungsa, sesami, lan alam murih gesang ing kawontenan ingkang salaras. Paskah mujudaken warta bilih pamulihan punika boten dipun wrangkani sipat *eksklusif* (mérang satunggal lan satunggalipun/ matesi sesambetan/ nutup dhiri), nanging prakawis *kosmik* (magepokan kaliyan jagad raya saisinipun).

2. Bumi mujudaken seksi wungunipun

Injil Matéus nyariosaken wonten lindhu ageng ngoregaken bumi nalika Gusti Yésus séda lan nalika Panjenenganipun wungu. Lindhu ageng kasebat sanès prakawis magepokan cariyos ketingal *dramatik* (ngéramaken). Punika sajatosipun panguwuhipun bumi. Titah ingkang gumeter, tumut ngraosaken panandhang lan kaunggulanipun Sang Kristus.

Para sadhèrèk, mangga kita jujur, déné bumi kita dinten punika ugi “nguwuh-uwuh”? Piyambakipun nguwuh lumantar prakawis *iklim* (kahananing hawa/ mangsa), bena ageng, alas kobong, sawenèh titah ingkang *punah* (wiwit ical boten wonten kalajenganipun). Sadaya punika kados-kados sami nguwuh: “Ana prakara kang ora prayoga ing bab sesambungané manungsa marang bumi.” Pramila, nalika kita ngriyadinaken Paskah, kita ugi kaatag ngrungokaken kanthi tumemen panguwuhipun bumi. Wungunipun Sang Kristus punika mujudaken uleman murih mangun bedhamèn, boten namung antawisipun Gusti Allah kaliyan manungsa, nanging ugi kaliyan bumi ingkang ketaton.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

3. Madeg manungsa anyar ingkang sumanak maring bumi

Serat Kolosé ngèngetaken kita murih ngrucut kamanungsan lami—cara gesang ingkang srakah, winengku kanepson—lan madeg manungsa anyar: Winengku katresnan, andhap asor, lembah manah, sabar. Menawi kita jumbuhaken kaliyan kanyatan *ekologis* (prakawis imbal sesambetan tumitah kaliyan kawontenan alam sakiwa tengenipun) manungsa lami punika mujudaken cara gesang ingkang *konsumtif* (cara gesang namung nganggé tanpa ngasilaken utawi mbudidaya piyambak), *eksploitasi* (ngeruki utawi mendheti kanggé kauntungan dhiri pribadi) tanpa wates, lan boten preduli maring kawontenan jagad (*lingkungan*). Déné manungsa anyar punika gesang laras kaliyan pasemonipun Gusti Allah, Sang Murba Dumadi, ingkang wiwit sakawit mapanaken manungsa minangka ingkang ngendhalèni utawi ingkang ngrimati, sanès ingkang ngrisak jagad.

Paskah ateges lairipun manungsa anyar ingkang boten malih mawas bumi minangka barang ingkang dipun peres telas-telasan, nanging minangka sakabat ingkang kedah dipun jagi lestantunipun. Punika ingkang sinebat *etika* (nemtokaken saé utawi boten, ugi bab hak punapa déné kuwajiban) katresnan tumrap *ekologi*—katresnan ingkang nangsuli sanès namung prakawis sesambetan kita kaliyan sesami manungsa, nanging ugi maring titah sanèsipun.

4. Gesang anyar mujudaken pangucap sokur *ekologis*

Jabur 118 ngidungaken sih-katresnanipun Gusti Allah ingkang langgeng. “Iki dina kang katitahaké déning Pangéran Yéhuwah, ayo padha bungah-bungah lan sukarena.” Saben dinten punika mujudaken sih-nugraha *ekologis*. Kita gesang awit hawa ingkang saged kita anggé ambegan, awit siti ingkang taksih nuwuhaken thethukulan kanggé tendhan, awit toya ingkang taksih mili ndhatengaken gesang. Nanging punapa kita taksih

ngucap sokur kanthi cara ngrimati utawi kepara kita ngumbar sikep srakah kanthi nguras telas-telasan?

Pangucap sokur *ekologis* tegesipun ngriyadinaken sabèn dinten sanès kanthi pista ingkang keladuk, nanging kanthi nglenggana bilih bumi kedah kita lestantunaken kanggé tedhak turun kita utawi angkatan salajengipun.

Para sadhèrèk,

Paskah mujudaken warta adi bilih Gusti Allah ingkang wungu wonten ing Sang Kristus ndhatengaken *shalom kosmik*. Kaadilan, pamulihan (*rekonsiliasi*), lan raking sesambetan tumanduk tumrap sadaya titah. Gréja, inggih punika kita sadaya, tinimbangan boten namung ngumandhangaken “Sang Kristus wus wungu” kanthi tutuk, nanging ugi lumantar cara gesang kita.

Nalika kita miji gesang kanthi prasaja, nalika kita nandur wit, nalika kita ngirangi uwuh (*sampah*) plastik, nalika kita njagi lèpèn lan alas, kita nembé prayogi ngucap: “Sang Kristus wus wungu–lan aku kabèh urip minangka manungsa anyar kang sumanak marang bumi.”

Sumangga kita surak-surak ing Paskah punika, nanging kita ugi nggatosaken wisik-lirhipun bumi ingkang kapéngin sanget kapulihaken malih. Wungunipun Sang Kristus mujudaken uleman tumrap kita murih mangun gesang anyar ingkang adil, winengku ing welas-asih, lan sumanak maring jagad sakiwa tengenipun. Amin!

(lm-ucsl)

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

KOTBAH
MINGGU PASKAH SONTEN
Minggu, 5 April 2026

Waosan 1: Yésaya 25:6-9
Tanggapan: Masmur 114
Waosan 2: 1 Korintus 5:6b-8
Injil: Lukas 24:13-49

Nyuwantenaken
Kalajenganing
Pagesangan



KOTBAH JANGKEP

“Nyuwantenaken Kalajenganing Pagesangan”

Kawontenan Inggang Sangsaya Risak Sanget (*Masif*)

Dinten-dinten pungkasan punika kita mrangguli wontenipun alangan (*bencana*) lan risaking bumi ingkang boten wonten telasipun, kados-kados bumi punika nguwuh sora saha mbudidaya anggènipun nglairaken raos gela (*protes*) maring kita supados kandheg anggèn kita tumindak sasekècanipun kita piyambak. Émanipun saben wonten pratandha kita boten migatosaken kanthi tumemen.

Ing warta lumantar *internet* déning VOA Indonesia (<https://www.voaindonesia.com/a/bnpb-489-orang-tewas-dalam-2-107-bencana-sepanjang-2024/7933140.html>) Badan Nasional Penanggulangan Bencana (BNPB) nyatheti wonten 2.107 gunggungipun alangan (*bencana*) ing Indonesia ing sauruting taun 2024 lan alangan bena ageng punapa déné siti jugrug punika dados jalaran wontenipun korban tiwas paling kathah. Kedadosan alangan jalaran kawontenan alam boten gumathok punika langkung kathah kedadosanipun ing Indonesia sadangunipun taun 2025 inggih punika awujud alangan *hidrometeorologi* (lindhu ageng, banjir, siti jugrug) udakara 98,86 *persen*; lan alangan geologi udakara 1,14 *persen*.

Pangaribawa saking alangan alam kasebat inggih punika kathah tiyang ingkang kécalan nyawanipun, risaking kawontenan masyarakat (*sosial*), lan kapitunan ing bab bandha donya.

Saking cathetan runtut warta *internet VOA* Indonesia, *BNPB* gadhah cathetan saboten-botenipun wonten 489 tiyang nemahi tiwas, 58 tiyang ical, 11.538 tiyang tatu utawi sakit, lan langkung saking 6 yuta tiyang nemahi panandhang ugi kedah ngungsi. Kajawi punika alangan alam ugi njalari 60 èwu griya risak, 954 *fasilitas umum* risak kadosta *satuan pendidikan*, papan pangibadah, lan *fasilitas pelayanan kesehatan*.

Miturut *Direktur Eksekutif Wahana Lingkungan Hidup Indonesia (WALHI)* Sulawesi iring Kidul, Muhammad Al Amin mawas bilih kedadosan alangan banjir bandhang lan siti jugrug ing taun 2024 mujudaken kawontenan alam ing Indonesia ingkang risak sanget awit wontenipun *pembukaan lahan, deforestasi* (ngethoki wit-wintan ing wana), lan *degradasi* utawi sangsaya surutipun wana. Kedadosan kasebat jalaran wontenipun mbikak *pertambangan-pertambangan mineral* ing Indonesia. Piyambakipun ugi mratélakaken bilih mèh 9 *Gigawatt pembangkit listrik bertenaga batu bara* kawangun ing Sulawesi lan punika mangaribawani sanget wontenipun pabrik-pabrik nikel ing Sulawesi. Punika ugi ingkang njalari kedadosan pangrisak, njalari sangsaya inggilipun *emisi* (hawa bentèr saking keluk pabrik-pabrik), lan mangaribawani ugi éwah-éwahan *iklim* (kawontenan hawa/ *suhu*, awan, jawah, lsp) ingkang sangsaya mrihatosaken awon sanget.

Cathetan kasebat ngènetaken bilih bumi ing kawontenan mirunggan betah kawigatosan lan ngatag saben gegelitan masyarakat dadosa ing ngriki utawi sajadad murih langkung wicaksana saha landhep ing pangrasa bab tumindak-tumindak saé kanggé ndandosi kawontenan. Pancèn éman sanget kawontenan risaking bumi boten sangsaya mendha-suda kanthi *teknologi* ingkang ngéramaken, nanging malah sangsaya ngrembaka risaking bumi laras kaliyan ngrembakaning *teknologi* ing abad 21 punika.

Suruting Kawigatosan Sisih Karohanèn Maring Bumi

Sampun kathah sarjana utawi tiyang wasis (dadosa *ilmuwan*, *cendekiawan*, tokoh agami, lan *filisuf*) ingkang nggugat lan mratélakaken kanthi keras bilih kawontenan bumi ingkang mrihatosaken wekdal samangké dados bukti nyata kanyatan mrihatosaken sanget bab kawontenan karohanènipun tiyang jaman modern. Manungsa modern kécalan sesambetan ingkang raket gulet kaliyan Sang Murba Dumadi. Titikan cara pamawas tiyang modern inggih punika bilih manungsa modern punika langkung ngeneraken kawigatosanipun tumrap dhirinipun piyambak (*antroposentrisme*) déné kanyatan sakiwa tengenipun namung kawawas sakedhik mbiyatoni piyambakipun. Kanthi pamawas makaten bumi punika dipun mangretosi minangka satunggaling kanyatan ingkang boten aji kajawi menawi piyambakipun pikantuk kauntungan tumrap dhirinipun piyambak. Pamawas makaten punika ingkang njalari manungsa namung ngeneraken pepénginan murih pikantuk kauntungan kadonyan tumrap dhirinipun piyambak tanpa mawas kalajenganing bumi kasebat (“Bakuné aku olèh kauntungan tumrap awakku dhéwé, déné liyané embuh, ora dak gagas...”). Makaten ingkang kalampahan satemah manungsa boten mawas saking prakawis bumi ingkang prelu dipun rimati kanthi mirunggan. Bumi boten kawawas minangka wujud titahipun Gusti Allah awit sesambetan ingkang winengku katentreman antawisipun manungsa lan Gusti Allah sampun rusak lan njalari crah sesambetan, sadaya kapisah satunggal lan satunggalipun.

Temtu kémawon nalika manungsa boten malih ndarbèni sesambetan ingkang raket kaliyan Gusti Allah lan tumindak miturut pikajengipun piyambak, pramila badhé wonten prakawis-prakawis ingkang boten prayogi kelampahan ing pagesanganipun. Prakawis punika kados ingkang katindakaken déning bangsa Israèl ingkang boten mbangun-turut dhumateng Gusti Allah kanthi tumindak setya maring paugeran saha katetepan-katetepaning Panjenenganipun, kepara sami manambah dhumateng allah sanèsipun, sami ngandelaken

kakiyatanipun piyambak, lan sami boten ngrungokaken ingkang kaundhangaken déning Nabi Yésaya satunggaling abdi ingkang piniji déning Gusti Allah, satemah bangsa Yéhuda nemahi karisakan.

Watek srakah lan nengenaken dhirinipun piyambak njalari kita nglirwakaken Gusti Allah ingkang kuwaos ing jagad raya saisinipun punika, kanthi makaten kita badhé dakwenang-daksiya dhumateng bumi punika sapikajeng kita piyambak ingkang tundhonipun nuju dhateng karisakan. Temtu kita tansah ngajeng-ajeng murih boten kalampahan sanget risaking bumi kados makaten punika, ingkang kita ajeng-ajeng inggih punika pagesangan ingkang lumampah salaras maring bumi ingkang kaparingaken Gusti Allah kanggé kita sadaya. Prakawis kasebat sajatosipun sampun katindakaken déning *Dewan Gereja-gereja Dunia (DGD)* wiwit taun 1983, déné DGD mancasi kawigatosan pasamuwan magepokan ***Integrity of Creation utawi “Golong-giliging Sadaya Titah”*** (kaadilan, bedamèn, lan wetahing tumitah), ingkang lajeng nglairaken pamawas ***sustainability*** (bab kalajenganing satunggal prakawis utawi nglestantunaken/ *ketahanan*). Pamawas bab wetahing tumitah punika ugi dipun pancasi dening PGI (1985). Dados sanyatanipun panglenggana bab wetahing tumitah lan kalajenganing pagesangan punika sampun dados pamawas ingkang dangu kita darbèni, namung kémawon kados-kados boten naté kapireng sora kepara gréja taksih mbegegeg dèrèng nindakaken pakaryan pamulihan punapa-punapa.

Nyuwantenaken Panglenggana *Ekologi* (kawigatosan tumrap lestantuning bumi)

Pancèn boten gampil tumrap kita nyuwantenaken pangatag kanthi sora panglenggana murih njagi bumi punika, nanging murih kita saged nindakaken pangutusan kasebat mesthinipun kedah tinalesan krenteg, kakendelan, lan kasetyan. Kasetyan lan kasabaran murih tansah ngèngetaken warta ingkang prayogi punika ugi katindakaken ugi déning Gusti Yésus maring para siswanipun. Ing waosan Injil kita wekdal samangké, kita manggihaken wonten kalih siswa ingkang lumampah ing

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

margi nuju dhusun Émaus. Kalih siswa kasebat inggih punika Kléopas lan salah satunggal siswa sanèsipun ingkang boten dipun sebat naminipun. Nalika nembé mlampah sesarengan, kekalihipun kepanggih satunggaling piyayi ingkang boten dipun tepang déning para siswa kasebat. Kamangka ing Lukas saboten-botenipun sampun kaping tiga dipun pratélakaken bilih Panjenenganipun séda lan wungu malih, kados ingkang sineksènan ing Lukas 9:22; Lukas 18:32-33; lan pangandikanipun malaékat ingkang dipun tampi déning para pawèstri ing Lukas 24:7. Kléopas lan rencangipun boten mangretosi kedadosan wangunipun Gusti Yésus. Salah satunggal prakawis ingkang ndadosaken kekalihipun boten mangretosi inggih punika awit kekalihipun dèrèng kanthi lebet bebles tepang dhateng Gusti Yésus. Boten namung tepang lumantar nalar budinipun, nanging ing bab karohanèn, rasa pangrasa, lan pangalaman batin kekalihipun. Kekalihipun nembé nglenggana tepang sanget piyayi kasebat nalika piyayi punika nyuwil-nyuwil roti, sanyata Piyayi kasebat inggih punika Gusti Yésus.

Wonten kalih prakawis ingkang wigati saking cariyos lelampahan nuju Émaus kasebat, inggih punika:

- Kataberènipun Gusti Yésus murih siswanipun nglenggana. Ketingal sanget kasabaran lan kataberènipun Gusti Yésus mbereg Kléopas lan rencangipun murih saged mangretosi kanthi pramana wangunipun Panjenenganipun. Kanthi sabar Gusti Yésus nyelaki para siswa kasebat, maringi pangretosan, paring katrangan gayut kedadosan ingkang dipun lampahi déning Gusti Yésus. Éngga pungkasanipun kataberèn, kasabaran, lan pangretosan ingkang katandukaken déning Gusti Yésus mbikak paningalipun para siswa kasebat utawi mbikak pangretosanipun tiyang kekalih kasebat, tundhonipun kekalihipun saèstu mangretosi sinten ingkang tindakan nyarengi saha wawan rembag kaliyan kekalihipun.
- Pucaking panglenggana punika kelampahan nalika kembang bujana sesarengan. Gusti Yésus mratélakaken Pribadinipun maring para siswa ing salebeting upacara nyuwil-nyuwil roti. Lumantar upacara kasebat Gusti Yésus ngatag para siswanipun nglenggana bilih wangunipun Gusti dados

pratandha pagesangan ingkang kedah katampi saha karaosaken sesarengan. Tumindak punika boten namung dados tandha patunggilan kita kaliyan Sang Kristus, nanging ugi nandhani rawuh lan pakaryan anggènipun Gusti tansah nunggil ugi nindakaken pakaryan adi ing gesang umatipun.

Kados déné Panjenenganipun ugi ngèngetaken kita bilih wungunipun dados etuk pagesangan ingkang kedah dipun raos-raoskan, makaten ugi wungunipun uga ngèngetaken kita bilih wekdal samangké kita wawan rembag bab *ekologi* ingkang gandhèng cènèng bab pagesangan, makaten ugi wungunipun Gusti ugi ngèngetaken kita wekdal samangké bilih nalika kita ngrembag prakawis lestantuning bumi sajatosipun kita ngrembag bab pagesangan, inggih pagesangan peparingipun Gusti ingkang kedah kita tampi kanthi suka bingah lan kajagi kalajenganipun sesarengan anak putu kita. Awit saking punika njagi bumi punika dados kuwajiban makaten ugi kabetahan kita sadaya.

Émanipun nyuwantenaken prakawis njagi kawontenan bumi punika pancèn boten gampang, asring kita tamban ing pamawas kados déné Kléopas lan siswa sanèsipun kasebat. Boten adreng njagi ngrimati bumi sanès awit wontenipun nalar budi ingkang winates nanging ugi awit manah kita ingkang owel boten nggatosaken sacara mirunggan. Awit saking punika kita kaatag kados déné Gusti Yésus kedah sabar lan kita purun nyuwantenaken tanpa kendhat, kedah dados tuladha, lan sawekdal-wekdal mbagé conto-conto ingkang nyata.

Kita saged miwiti saking tatanan paladosan (*program*) gréja ingkang méhak maring panglenggana nglestantunaken bumi kadosta awisan ngginakaken *styrofoam* utawi plastik ing pagesangan pasamuwan (nyamikan parepatan, rerenggan/*dekorasi* gréja) kanthi ngawontenaken *bank* sampah, *penghijauan* gréja, *ceramah* utawi *pembinaan* bab *limbah rumah tangga*, lan conto sanèsipun. Sinaosa prakawis punika cetha mbetahaken wekdal lan tenaga, ugi mbok menawi tuwuh panyaruwé; nanging saking paseksi lumampah nuju Émaus punika kita kaèngetaken kedah purun lan sumadhiya

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

nyuwantenaken pagesangan ingkang lestari (*berkelanjutan*)
kanthi sabar ugi taberi; satemah bumi minangka sumbering
pagesangan peparipun Gusti punika badhé kita lestantunaken
punapa déné kita raosaken sesarengan wohipun. Amin.

(ws-ucsl)



Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

KOTBAH

Minggu Paskah II

Minggu, 12 April 2026

Waosan 1 : Lelakoné Para Rasul

2:14a, 22-32

Tanggapan : Jabur-Masmur 16.

Waosan 2 : 1 Pétrus 1:3-9

Injil : Yokanan 20:19-31

**Ndhèrèk Kristus
Ingkang Wungu,**

Ndhèrèk ing

Karya

Pamulihanipun

Allah

☪

KOTBAH JANGKEP

**“Ndhèrèk Kristus ingkang Wungu, Ndhèrèk ing
Karya Pamulihanipun Allah.”**

Donya sapunika ngadhepi kanyatan ingkang damel wasumelang, kados tetembungan “*mundus in maligno*”, ingkang tegesipun donya wonten ing bebaya. Istilah latin punika pertalan saking tetembungan Yunani “*kosmos en tō ponērō*”. Ingkang nggambaraken kawontenaning alam-donya ing jaman sapunika ingkang sacara nyata risak, *krisis sosial*, lan karohanèning manungsa ringkih. Prakawis punika ngémutaken manungsa supados ngrimati lingkunganing gesang minangka tetunggilan *kosmik* ingkang nunggilaken manungsa lan alam salebeting sesambetan ingkang *harmonis*.

Semangat ékologis punika timbalan kanggé sedaya umat. Manungsa kedah nggesangaken timbalan minangka “*Imago Déi*”, utawi gambar Allah. Minangka “*Imago Déi*”, manungsa nggadahi sesambetan kaliyan Allah, sesami, lan sadaya titah. Sesambetan punika adhedhasar katresnan. Semangat anyar *ékologis* (ékologis: bab sesambetan ingkang asipat imbal balik antawisipun manungsa, kéwan, wit-witan lsp. ingkang asipat gesang kaliyan alam sakiwa tengenipun) punika ngemot éwah-éwahan *pola pikir* (caranipun menggalih). Pamulihan *ékologis*

punika ugi minangka timbalan iman. Timbalan punika asalipun saking wungunipun Kristus. Manungsa kedah tumindak nyata salebeting ngrimati alam. Kanthi nggesangaken semangat ékologis punika, manungsa ndhèrèk makarya ing karya pamulihanipun Allah, minangka mitra karyaning Allah.

Wungunipun Kristus ngiyataken kasadharan punika srana paring arah anyar tumrap sesambetanipun manungsa kaliyan alam-donya, bilih manungsa nggadhahi tanggel jawab moral kanggé nglestarèkaken alam. Gusti Allah nitahaken jagad raya kanthi prayogi (Ibrani: *tôb*), sadaya yeyasanipun, sampun prayogi. Nanging, sapunika kanyatanipun donya kita ngalami kathah kekirangan, kalampahan *krisis lingkungan* lan *krisis kamanungsan*. Prakawis punika ngatingalaken wontenipun kécalan ingkang lebet ing gesangipun manungsa lan tumitah. Wonten ing satengahing donya ingkang kebak panandhang, wungunipun Kristus punika dados warta ingkang mbingahaken lan dados timbalan mulihaken titahipun Allah. Pitakènanipun, kadospundi kita minangka tiyang pitados mbabaraken wungunipun Kristus punika ing gesang padintenan? Punika ingkang badhé kita suraos sesarengan.

1. Wungunipun Kristus Mulihaken Raos Ajrih Dados Kakendelan.

Sesampunipun Yésus séda, gesangipun para murid katingal buyar: kécalan raos tentrem, gesang tanpa ener lan pating-slebar. Ing injil Yokanan 20:19-31, wungunipun Kristus dados kanyatan sejarah ingkang ngéwahi gesangipun para murid. Nalika para murid sami sesingidan kalimputan raos ajrih, Yésus rawuh manggihi para murid, nunggilaken malih patunggilan ingkang ringkih lan pating slebar, ngantebaken bilih Panjenenganipun tetep rawuh lan nyarengi para murid. Éwah-éwahan dados kunci ing cariyos Injil Yokanan 20 punika. Sapisan, para murid ngalami éwah-éwahan nalika Yésus rawuh satengahing para murid ingkang ajrih. Kaping kalih, Tomas ngalami éwah-éwahan nalika akhiripun sacara pribadi pinanggih kaliyan Yésus, temah raos mangu-mangunipun wewah dados pangakening pitados.

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Ing ayat 19-23, Yokanan nyerat bilih Yésus rawuh jumeneng ing tengah-tengahing para murid ing dinten kapisan minggu punika, para murid sami ngempal wonten ing satunggaling papan, lawangipun sami kakancing awit sami ajrihipun kaliyan tiyang Yahudi. Kawontenan punika nggambaraken raos ajrih ingkang lebet, ngantos njalari para murid nutup sesambetan kaliyan tiyang sanès. Ing kanyatan punika Yésus rawuh sarta ngandika "*Tentrem-rahayu anaa ing kowé kabèh!*" (ayat 19). Pangandika punika saèstu damel pulihing manahipun para murid. Yésus lajeng nedahaken tatu-tatu ing asta lan lambungipun, bukti bilih ingkang rawuh punika Yésus ingkang sami, sapunika wungu saking séda. Para murid saèstu bingah nalika ningali lan ngraosaken kanyataning wungunipun Yésus. Kabingahan punika kaantebaken srana kinanthènan kuwaosing Roh Suci. Yokanan nyerat bilih Panjenengané ndamoni para murid lan dipangandikani, "*Padha nampanana Roh Suci.*" (ayat 22).

Lelampahan punika ngèngetaken dhateng cariyos nalikanipun Allah nitahaken manungsa ing Purwaning D/umadi 2:7,"*nalika samana Sang Yéhuwah Allah tumuli akarya manungsa, kang kinarya lebuning bumi, iku ing bolonganing irungé disembuli ambekaning urip; mangkono manungsa dadi titah kang urip.*" Mekaten ugi lelampahanipun para murid nalika Gusti Yésus sinalib, kanyatanipun saèmper lebu ingkang kécalan daya gesang, ingkang sewaunipun nglemprek krana ajrih kapulihaken lan kagesangaken malih. Karyaning Gusti punika paring gesang anyar. Roh Suci mboten namung ngiyataken, nanging ugi ngutus para murid dados seksi ingkang wantun lan mbekta warta pangapuntenan, saha nglajengaken karya pamulihanipun Allah ing donya punika.

Ing ayat 24-31, kacariyosaken mboten sadaya murid ngalami pepanggihan punika. Tomas ingkang karan Dhidhimus, mboten nunggil kanca-kancanipun (24). Nalika kanca-kancanipun nyariyosaken pengalamaniipun sesarengan Yésus ingkang wungu, Tomas nampik kanggé pitados tanpa bukti *indrawi* (saget kadeleng saha karaosaken déning driyanipun manungsa). Tumrap Tomas wungunipun Kristus kedah

kabuktèkaken sacara nyata srana ningali lan nggrayang tatunipun Yésus. Sikep punika nedahaken sikep mangu-mangunipun lan gambaran imaning manungsa ingkang asring nengenaken *rasionalitas* (ingkang adhedhasar akal séhat) lan pengalaman nyata. Yésus mboten négakaken Tomas ing kanyatan punika. Sasampunipun wolung dinten, Gusti Yésus rawuh ing tengahing para murid lan nimbali Tomas. Tomas kadhawuhan nyetitèkaken lan nggrayang tabet tatunipun. Kanthi punika, Gusti Yésus nglantaraken tandha bilih Panjenenganipun ingkang naté kasalib-séda punika saèstu wungu. Pengalaman punika ndadosaken éwah-éwahan ageng tumrap Tomas: saking tiyang ingkang mangu-mangu dados tiyang ingkang pitados lan ngandharaken pangakenipun kanthi tembung ingkang lebet “*Dhuh Gusti kawula, Allah kawula!*” (Yokanan 20:28).

Yésus lajeng ngantebaken *prinsip* (dhedhasar) iman ingkang sejatos: “*Rahayu wong kang padha ora ndeleng, nanging pracaya.*” (ayat 29). Pangandika punika nglangkungi pengalamaniipun Tomas, krana ugi kanggé sadaya tiyang pitados ing salaminipun. Iman sejati mboten namung bukti nyata, nanging iman ingkang lair saking katresnanipun Gusti lan kesanggeman kanggé mbikak korining manah dhumateng karyanipun Roh Suci. Yokanan nyerat bilih tujuan saking sadaya lelampahan punika inggih punika supados kita sami pitados, menawi Yésus punika Kristus, Putranipun Allah, sarta sarana pitados kita, kita nggadhahi gesang wonten ing asmanipun (ayat 31).

Kalih lelampahan ingkang ngantebaken iman punika ngetingalaken bilih wungunipun Yésus mbekta éwah-éwahan (*transformasi*) ingkang lebet tumrap para murid. Saking raos ajrih dados kendel, saking mangu-mangu dados manteb-pitados. Saking waosan punika kita sinau bilih mangu-mangu lan raos ajrih mboten mbatalaken timbalanipun Allah minangka seksinipun. Wungunipun Kristus dados dhasar pamulihanipun Allah ingkang tansah makarya ing sejarahing manungsa. Allah rawuh ing satengahing raos ajrih, ngantebaken salebeting mangu-mangu, lan paring gesang anyar srana Roh Suci. Umat

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

tinimbangan kanggé ngetut wingking Kristus ingkang wungu, setya ing pangajeng-ajeng, lan ndhèrèk makarya ing karya kawilujengaipun Allah kanggé donya kang tatu.

2. Wangunipun Kristus Maringi Pangwasa Kanggé Dados Seksi

Éwah-éwahaning (*transformasi*) para murid ingkang paling ageng kalampahan ing lelampahan Pentékosta, tumedhakupun Sang Roh suci maringaken para murid pangwasa kanggé dados seksinipun Kristus ingkang kendel. Ing Lelakoné Para Rasul 2:14a, 22-32, lelampahan punika dados pengalaman ingkang wigatos sanget wonten ing gesangipun para murid. Tumedhakupun Sang Roh Suci ndadosken para murid wetah malih saha mboten dipun kuwaosi raos ajrih. Para murid sami kapulihaken, kakiyataken, saha kautus kanggé mujudaken pamulihanipun Allah ing donya punika. Kakendelanipun para murid nedahaken bilih karyaning Roh Suci saèstu nyata. Ing ayat 14a, Pétrus jumeneng dalah para rasul sawelas, sarta ngandika kalawan swanten sora martosaken Injil sacara tinarbuka. Éwah-éwahan punika katingal cetha wonten ing Pétrus ingkang wantun ngandika sangajengipun tiyang kathah, kalebet para pamimpin Yahudi. Khotbahipun Pétrus ing ngajengipun éwonan tiyang ing dinten Pentékosta punika saèstu élok. Kakiyatan medharaken sabdanipun krana kayektènan Injil ingkang kawedhar saha kuwaosing Roh Suci ingkang nganthi.

Pétrus miwiti khotbahipun adhedasar Yésus saking Nazarèt, ingkang nélakaken bilih Yésus punika pribadi ingkang sampun kapiji déning Allah srana pangwaos-pangwaos, tuwin kaélokankaélokana sarta pratandha-pratandha ingkang sampun dipun mangertosi tiyang kathah. Pétrus nerangaken bilih sédanipun Yésus punika pérangan saking rancanganipun Allah. Aosing khotbahipun inggih punika bab wangunipun Yésus. Pétrus nyethakaken bilih Allah sampun ngwungokaken Yésus saking pejah, amargi mboten badhé Panjenenganipun lestantun kawengku déning pangwaosing pejah punika. Kanggé ngiyataken pangandianipun, Pétrus ngagem Jabur 16:8-11, minangka pangadikaniipun prabu Dawud. Pétrus ngandika bilih Masmur

punika ngandika bab Mésias, inggih punika Yésus ingkang badhé wungu saking pejah. Wungunipun Kristus punika minangka kababaring prasetyanipun Allah, ingkang nedahaken kasetyanipun Allah dhateng umatipun.

3. Wungunipun Kristus Dados Sumber Pangajeng-ajeng Gesang.

Khotbahipun Pétrus ing dinten Pentékosta punika ageng sanget pangaribawanipun, temah éwonan tiyang mratobat saha kabaptis. Punika nedahaken bilih karyanipun Sang Roh Suci mboten namung ngéwahi para murid, nanging ugi nyrambahi tiyang kathah. Éwah-éwahan punika ndadosaken para murid saha para tiyang pitados tetep setya nalika ngadhepi panganiaya, kados ingkang dipun ngandikakaken rasul Pétrus ing 1 Pétrus 1:3-9. Pétrus ngiyataken pasamuwan ingkang nembé ngadhepi panganiyaya saha kaprihatosan gesang. Pétrus nélakaken bilih wungunipun Yésus maringaken pangajeng-ajeng ingkang gesang dhateng para tiyang pitados. Ing ayat 3, dipun ngandikakaken,” *Pinujia Allah Ramané Gusti kita Yésus Kristus, kang marga saka gunging sih-palimirmané wis nglairaké kita manèh lantaran wunguné Yésus Kristus saka ing antarané wong mati, tumuju marang urip kang kebak pangarep-arep*”

Pétrus nélakaken bilih wungunipun Yésus mbekta umat dhateng pangajeng-ajeng ingkang gesang, mboten namung *optimisme*. Pangajeng-ajeng punika namung awit kuwaosipun Allah lan mboten gumantung dhateng kasugihan saha kalenggahan. Wungunipun Kristus njamin warisan kaswargan ingkang mboten saged risak, satemah pangajeng-ajengipun umat tansah bakuh wonten satengahing panandhang. Ing ayat 5-7, Pétrus ngakeni bilih pasamuwan nembé nandhang prihatos, nanging panandhang punika mboten ateges katilar déning Gusti. Kosok-wangsulipun, punika dados wewengan kanggé murnèkaken pitadosipun ingkang ajinipun ngungkuli emas ingkang saged risak. Wungunipun Kristus maringaken makna anyar tumrap panandhang, ndadosaken peranganing prosès tuwuhing iman.

4. Wangunipun Kristus Dados Sumbering Kabingahan Inkgang Mulihaken.

Pasekèsènipun Dawud ing Jabur 16:1-11 nggambaraken bilih kabingahan punika asalipun saking kapitadosan bilih Allah tansah nunggil kita. Masmur punika mboten namung ngatingalaken pengalaman pribadi Dawud, nanging ugi ngemot pameca ingkang tumuju dhateng wangunipun Yésus Kristus minangka pusering (*pusat*) kawilujengan saha pangajeng-ajenging umat. Masmur punika mulangaken bab wigatosipun mapanaken Gusti dados pusering gesang. Ing ayat 1-7, Dawud nyuwun pangayoman dhumateng Allah, punika nélakaken bilih kabingahan sejati punika namung saking Gusti. Dawud ngraosaken kasaénanipun Allah wonten ing manéka pengalaman, kalebet wonten ing kasepèn.

Ayat 8-11 jumbuh sanget kaliyan mangsa paskah wanci punika, pangandika ingkang mbikak pameca bab wangunipun Kristus. Dawud nélakaken bilih Allah mboten négakaken kekasihipun ngantosa sumerep karisakan, ingkang ngarah dhumateng babaring prasetyanipun Allah lantaran Yésus. Pengalaman gesangipun Dawud mulangaken bilih berkah ingkang paling agung punika sanès pangwaos utawi bandha donya, nanging katentreman saha kabingahan sejati saking Gusti. Kasadharan punika ngémutaken kita bilih berkah agung saking Gusti inggih punika gesang ingkang kapulihaken lan kabingahan ingkang lubèr wonten ing ngarsanipun Gusti.

Reflèksi iman, nalikanipun ngriyayakaken Paskah wegdal sapunika wigatos sanget salebeting nanggapi *krisis ékologi* ingkang nembé kalampahan. Minangka titahipun Gusti Allah, kita manungsa katimbangan supados ngrumaosi bilih kita punika mboten saged kapisahaken kaliyan alam. Kita kedah ngalami éwah-éwahan kanggé njagi-ngrimati alam, titahipun Gusti. *Krisis ékologi* magepokan saèstu kaliyan pamulangan (*Pendidikan*), saé agami punapadéné masyarakat. Piwulangipun agami perlu nanemaken kautaman-kautaman moral ingkang lebet bab njagi-ngrimati alam. Piwulanging masyarakat kedah

nuwuhaken kasadharan bilih gesanging manungsa ugi gumantung sanget kaliyan lestantunipun alam.

Sapunika kita tinimbangan kanggé ndhèrèk Kristus ingkang wungu. Punika ateges kita kedah ndhèrèk makarya wonten ing karya pamulihanipun Allah. Wungunipun Kristus ngèngetaken kita bilih, sepisan, wungunipun mulihaken raos ajrih dados kendel; kaping kalih, maringaken kuwaos kanggé dados seksi; kaping tiga, dados sumbering pangajeng-ajeng ingkang gesang; lan kaping sekawan, dados sumber kabingahan ingkang mulihaken.

Sumangga kita dados pirantosing Gusti Allah ing donya punika, ndhèrèk makarya ing karya pamulihanipun lan dados agèn éwah-éwahan titahipun Allah. Srana wungunipun Kristus, kita kabereg wantun dados seksi, mbekta pangajeng-ajeng, lan ngrawuhaken gesang ingkang langkung wetah wonten ing donya ingkang ringkih. Iman kita mboten namung dumugi ing pahargyan, nanging kawujudaken wonten ing karya ingkang nggesangaken sesami lan dados lantaraning berkah tumrap donya ingkang mbetahaken,

Amin.

(sw-hw)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

KOTBAH

Minggu Paskah III

Minggu, 19 April 2026

Waosan 1:	Lelakoné Para Rasul 2:14a,36-41
Tanggapan:	Jabur-Masmur 116:1- 4,12-19
Waosan 2:	1 Pétrus 1:17-23
Injil:	Lukas 24:13-35

**Ningali
Pasemonipun
Kristus Wonten
ing Karyaning
Titah
✠**

KOTBAH JANGKEP

**“Ningali Pasemonipun Kristus
Wonten ing Karyaning Titah”**

Wonten cariyos ngéngingi satunggaling *biara* (patapan, pasraman) kina. Satunggaling cariyos *adaptasi* (nglarasakan) saking seratanipun Anthony dé Méllo kanthi éwah-éwahan sawetawis pérangan cariyos.

Ing satunggaling dinten wonten satunggaling patapan (*biara*) lawas ing satengahing wana. Para *biarawan* (tiyang ingkang sami mertapa) ing ngrika gesangipun mboten tentrem: asring regejegan, sami-déné nglepataken, malah awis sanget anggènipun sami paring pangandikan. Suasana pandonga dados mboten sekèca lan tresna pasedhèrèkan luntur.

Ing satunggaling dinten, wonten tiyang wicaksana rawuh. Piyambakipun ningali kawontenan punika lan ngandika: *“para sadhèrèk, kula péngin atur sumerep satunggaling wewadi: Yésus badhé rawuh ing petapan punika. Panjenenganipun badhé rawuh srana pasuryan salah satunggal antawising panjenengan sami. Nanging kula mboten mangertos sinten piyantun punika.”*

Pangandikan punika damel para tiyang ingkang mertapa (*biarawan*) tidhem. Sadaya sami pitakèn salebeting manah:

- “Apa ya klakon Yésus rawuh ing rupané sedulur kang tansah ngreridhu aku?”
- “Apa ing rupané sedulur kang prasaja, sing ora tau akèh celathu?”
- “Apa mbok manawa.....Yésus rawuh ing awakku dhéwé?”

Wiwit dinten semanten, para *biarawan* ngalami éwah-éwahan. Samidéné ngajèni, lelados kanthi katresnan, saha samidéné matrapi tiyang sanès kadosdéné dhumateng Yésus ingkang rawuh ingkang mawujud wonten ing para sadhèrèkipun. Lumampahing wekdal, suasana *biara* kapenuhan katentreman, katresnan, saha pandonga ingkang gesang. Para tiyang ingkang sami rawuh ugi ngraosaken karawuhanipun Gusti ing papan punika.

Sadhèrèk kinasih, asring wonten ing gesang kita minangka manungsa, wonten kawontenan-kawontenan tertemtu ingkang ndadosaken kita kécalan ener. Srana padatan utawi kanyataning gesang padintenan, kalanipun kita kécalan kasadharan manawi Yésus rawuh ing antara kita. Karingkihan batos punika ndadosaken kita tumindak srana kalimputan raos ajrih-kuwatir, gesang tanpa dhasar, utawi malah kécalan pangajeng-ajeng. Nanging, waosan Kitab Suci ing Minggu Paskah-III punika mbereg kita ngrumaosi kadospundi pangrimatipun Gusti punika mboten naté kendhat, ingkang sejatosipun saged tansah mbereg kita gesang kebak panuwun sokur lan tanggel jawab.

Kadosdéné ingkang kapratélakaken juru Masmur ing kitab Jabur, ingkang ngemot panuwun sokur ngélingaken nalikanipun ngalami kanyatan ingkang awrat lan nggegirisi (ayat 1-4). Kanyatan ingkang awrat punika kagambaraken menawi piyambakipun “digubed ing talining pati”. Nanging, awit katresnan lan kaadilanipun Allah, juru Masmur kaluwaran saking pati. Gusti paring berkah gesang tumrap piyambakipun. Pramila, juru Masmur tansah ngunjukaken panuwun-sokur dhumateng Gusti. Juru Masmur ugi njunjung tuwunging pangentasan saha ngluwaru kaulipun wonten ing ngajengipun umat sadaya. Pangucap sokur punika nggambaraken kadospundi juru Masmur saged ngrumaosi kanyataning panganthi lan

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

pangrimatipun Gusti wonten ing gesangipun. Kasadharan lan raos sokur punika mbereg juru Masmur nanggapi katresnanipun Gusti srana gesangipun ingkang tansah ngluhuraken asmanipun Gusti. Temahan, srana paseksinipun, sangsaya kathah tiyang ingkang kuwagang ngrumaosi lan ngraos-raosaken kanthi lebet katresnanipun Allah wonten ing sedaya pengalaman gesang sesarengan kaliyan Gusti.

Kasadharan bab pangrimatipun Gusti mbereg juru Mazmur kanggé mbabaraken pamuji lan sokuripun dhumateng Gusti. Rasul Pétrus nandhesaken bab ingkang linangkung ageng salebeting paseksinipun sesampunipun tumedhakupun Roh Suci. Wonten ing pangrèhipun Roh Suci, Rasul Pétrus kanthi tatag martosaken dhateng tiyang kathah bilih Yésus ingkang sinalib sapunika kaluhuraken minangka Gusti (*Kyrios*) lan Kristus (Kang Jinebadan; ing basa Ibrani: *Mésias*). Paseksèn punika dipun tanggapi kanthi saé déning para tiyang ingkang mirengaken. Para tiyang ingkang mirengaken paseksènipun Pétrus kagambaraken rumaos “atiné padha trenyuh” (Yunani: *katanusso*) ingkang saged nggadhahi arti ‘kacubles’ manahipun. Minangka gambaran menawi paseksènipun Pétrus saèstu rumesep wonten ing manahipun tiyang kathah, temah ndadosaken sami trenyuh. Pangraos punika salajengipun mbereg para tiyang punika pitakèn dhateng Pétrus : “Punapa ingkang kedah sami kula lampahi?” Pétrus mangsuli pitakènan punika supados sami mratobat lan sami kabaptis. Pamratobat ing tembung asli *metanoia* ateges mbalik arah, ingkang maknanipun mboten namung keduwung nanging ugi éwah-éwahan enering gesang. Nalika semanten tiyang kathah punika nampi pangandikanipun Pétrus saha sami purun kabaptis. Wonten udakawis 3000 tiyang sami pitados, lan lelampahan punika mboten namung nedahaken tambahing angka, nanging nedahaken lairipun patunggilaning tiyang pitados ingkang ugi saged sinebut lairipun pasamuwan wiwitan.

Pamratobat lan mawujudipun pasamuwan wiwitan punika ngèngetaken kita bilih gesang minangka tiyang pitados ateges gesang srana *orièntasi* (pepriksan malih kanggé nemtokaken ener) anyar. Lajeng kadospundi pasamuwan ingkang sampun

katebus punika nindakaken gesangipun ing donya punika? Serat 1 Pétrus paring ener: Kita katimbangan kanggé gesang suci lan tanggel jawab minangka tiyang mondhok ing donya punika.

Serat 1 Pétrus 1:17, ngèngetaken para tiyang pitados bilih minangka tiyang “mondhok ing donya punika,” para tiyang pitados kedah gesang kanthi ajrih asih dhumateng Gusti. Tembung mondhok ing basa aslinipun *paroikia*, ingkang artinipun manggèn sawetawis wekdal, kawontenan minangka tiyang neneka. Tembung *paroikia* ugi nggadhahi teges “manggèn ing iring griya,” mboten manggèn ing griyanipun piyambak.

Maknanipun, gesangipun tiyang pitados ing donya punika mboten tetep (mboten *permanèn*). Kita sanès ingkang nggadhahi griya (bumi) punika, nanging dhayoh utawi tiyang neneka. Minangka dhayoh, sikap ingkang leres inggih punika urmat dhateng ingkang gadhah griya, inggih punika Allah, lan njagi griya papan kita mondhok. Sesambetan bab ékologi, punika nggadhahi makna bilih kita katimbangan kanggé gesang kanthi kebak urmat saha tanggel jawab dhateng bumi, mboten ngrisak nanging ngrimati.

Selajengipun, ayat 18-19 nélakaken bilih kita tinebus mboten srana salaka utawi emas, pametuning bumi ingkang mboten langgeng, nanging srana rahé Kristus ingkang kathah ajinipun. Punika ateges bilih ukuran gesangipun tiyang pitados mboten gumantung kaliyan bandha donya malih ingkang asring dados jalaran manungsa ngeruk-ngrisak alam, nanging dhumateng karya panebusanipun Kristus. *Orièntasi* gesang kita wewah: sanès ngeruk bumi dhemi kauntungan, nanging dhateng gesang suci miturut karsanipun Allah.

Ayat 20–21 nélakaken bilih Kristus sampun pinilih sadèrèngipun jagad katitahaken, nanging kababaraken ing jaman wekasan. Artinipun, karya panebusan punika sanès namung kanggé manungsa minangka pribadi, nanging minangka péranganing rancanganipun Allah ingkang nyrambahi sadaya titah wiwit purwanipun. Kristus punika pusering rancangan *kosmik* Allah, ingkang ngrukunaken sadaya ingkang tumitah. (bdk. Kolosé 1:20)

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Pungkasanipun, ayat 22-23 nélakaken katresnan ingkang lair saking kalairan anyar lantaran pangandikaning Allah ingkang gesang. Katresnan punika mboten namung tumrap sesami manungsa, nanging ugi ingkang kababar ing kapredulènipun dhateng sadaya titah. Gesang suci ateges gesang ingkang ngurmati gesang: njagi alam, nresnani sesami, lan nampik kamurkan ingkang ngrisak bumi. Nalika ngrumaosi bilih bumi punika griyaning Allah, kita mboten nggangep malih bumi punika dados barang mati, nanging minangka papan suci panggénan pasemonipun Allah saged kapanggihaken. Nanging asring, ing lampahing gesang, paningal iman kita mboten trawaca. Kita mangertosi kaleresan, nanging gagal ningali karawuhaning Allah ingkang nyata. Kadodéné murid kekalih lumampah tumuju Émaus, kita lumampah sesarengan Kristus tanpa mangertosi menawi punika Panjenenganipun. Pramila, Injil Lukas mbereg kita lumebet ing pusering pangalaman iman: pepanggihan pribadi ingkang mbikak paningal iman kita kanggé ningali pasemonipun Allah wonten ing sadaya prakawis.

Cariyos murid kekalih tumuju Émaus nggambaraken lelampahan imaning manungsa: ingkang bingung, kécalan pangajeng-ajeng, saha kirang mreduli dhumateng karawuhanipun Gusti. Sami ngandika bab Yésus, nanging mboten mangertosi menawi Yésus lumampah sesarengan kaliyan piyambakipun. Wonten samukawis ingkang ngaling-alingi paningalipun. Nanging nalika Yésus nggandharaken suraosing Kitab Suci saha nyuwil-nyuwil roti, paningalipun tinarbuka (*diēnoichthēsan hoi ophthalmoi*) lan manahipun bingah sanget. Murid-murid punika ningali pasemonipun Gusti mboten wonten ing papan ingkang élok, nanging ing lelampahan prasaja: nalika nembé mlampah ing margi, ing patunggilan, wonten ing roti ingkang kacuwil-cuwil. Wangunipun Kristus ngéwahi cara murid ningali donya, sadaya ingkang biasa-prasaja dados tandha karawuhanipun Allah ingkang saèstu élok.

Emanipun, kathah tiyang ing jaman punika mlampah kadosdéné murid kekalih punika sadèrèngipun paningalipun tinarbuka. Kathah tiyang gesang ing donya ingkang sami, nanging mboten mangertosi karawuhanipun Kristus ing ngriku.

Kathah tiyang ngeruk bumi, krana ningali karya titah namung saking pamawasing ékonomi, ingkang nguntungaken piyambakipun. Mboten wonten pasemonipun Kristus ingkang dipun tingali saking alam. Saé ing redi utawi segara, ing kitha punapadéné ndhusun, alam namung dipun tingali minangka piranti ingkang maremaken saha nguntungaken. Mboten dipun tingali bilih sawaliking redi ingkang gagah, segara ingkang wiyar, utawi siti ingkang subur, wonten wedananipun Allah ingkang nyunaraken katresnan lan karawuhanipun.

Manungsa kaaling-alingan paningalipun déning manah ingkang nglokro, prasasat gesangipun gumantung kaliyan tumitah ingkang tansah dipun risak. Manungsa mboten ningali malih pasemonipun Allah wonten ing titah, nanging namung barang mati ingkang saged kapendhet lan kakuras. Kamangka, paningal iman tinarbuka, kadosdéné murid kekalih ing Émaus, kita badhé ningali alam minangka karya titahipun Allah ingkang nyunaraken pasemonipun Kristus ingkang wungu. Temah, sikap kita dhateng bumi badhé wéwah: sewaunipun nguwaosi dados ngajèni, sewaunipun ngrisak dados ngrimati, sewaunipun mboten mreduli dados ngunjukaken panuwun sokur.

Yésus mboten tansah rawuh kanthi kaèlokan-kaèlokan, nanging srana kaprasajan: wonten ing patunggilan ingkang samidéné ngladosi, wonten ing manah panuwun sokur, wonten ing katresnan dhumateng sesami lan titah. Ing ngrika pasemonipun Allah katingal nyata tumrap ingkang purun ningali.

Sugeng manggihaken saha ningali pasemonipun Yésus wonten ing karya titah, supados kita ningali donya mboten nganggé paningal kamurkan, nanging paningal katresnan ingkang nggesangaken.

Amin.

(ls-hw)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

KOTBAH

Minggu Paskah 4

Minggu, 26 April 2026

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul
2:42-47

Tanggapan: Jabur Masmur 23

Waosan 2: 1 Pétrus 2:19-25

Injil: Yohanes 10:1-10

**Dipun Éwahi
Déning Sih-
Rahmat**



KOTBAH JANGKEP

”Dipun Éwahi Déning Sih-Rahmat”

Sedhèrèk-sedhèrèk ingkang dipun kasihi déning Gusti, mbok bilih Panjenengan sampun naté mireng tembung *tomat* utawi tobat kumat. Tembung menika asring dipun anggé nyebat tiyang ingkang gesangipun mboten temtu, gumantung kaliyan kawontenan. Utaminipun sesambetan kaliyan tumindakipun ingkang saé lan awon. Umpaminipun, saksampunipun wonten perkawis ingkang awrat, piyambakipun lajeng mratobat amargi rumaos sampun dipun ukum déning Gusti. Nanging, mboten dangu, tumindakipun wangsul awon malih amargi rumaos gesangipun sampu sekéca. Menapa tumindak ingkang mekaten ugi kita lampahi? Menawi inggih, sejatosipun rak nggih ngisin-isini, ta, nggih?

Menapa ingkang njalari kathah tiyang *tomat*, lan malah asring dipun anggep limrah? Menapa pamratobat menika perkawis ingkang mboten langgeng? Utawi manungsa pancèn taksih wonten ing panguwaosing dosa lan mboten saged uwal? Menapa amargi mboten wonten ingkang damel kapok temahan damel tiyang ingkang mratobat wangsul malih kados sakdèrèngipun? Mbok bilih pemanggih ingkang mekaten menika ingkang damel tiyang mboten saèstu mratobat. Ketingalipun

sedaya tiyang Kristen ingkang dèrèng saèstu pitados dhateng Sang Kristus, ugi tiyang ingkang dèrèng ngakeni pitados, limrah gadhah pemanggih ingkang mekaten.

Waosan Injil dinten menika mugè saged nulungi kita supados saèstu mangertos menapa ingkang sampun dipun télakaken lumantar rawuhipun Gusti ing donya. Sang Kristus nélakaken bilih Panjenenganipun menika Pangèn ingkang utami, ingkang nuntun kita, pepanthan méndanipun, dhateng ing pangènan ingkang ijo suketipun. Gesang ing saklebeting dipun awasi lan dipun rimati déning Sang Pangèn menika berkah, amargi ing saklebeting pangrimatipun Sang Pangèn Ingkang Utami, kita gesang kanthi ayom lan ayem. Menika janji ingkang kedah kita pitados lan kita aturi panuwun sokur amargi janji menika mbekta kita dhateng gesang ing saklebeting panganthinipun Gusti, saé sakmenika mekaten ugi mbénjang. Janji menika nélakaken bilih Gusti saèstu perduli dhateng gesanging manungsa. Lumantar pangurbananipun ing kajeng salib, sedaya janji menika dipun tetepi lan saged kita raosaken sakmenika.

Kejawi menika, Sang Kristus ugi nyethakaken bilih namung lumantar Panjenenganipun kita saged ngraosaken janji menika. Menawi mboten lumantar Sang Kristus, kita namung tumuju dhateng karisakaning gesang (pejah). Sedaya ingkang dumugi sakedèrèng lan saksampuning Panjenenganipun namung ndhatengaken karisakan (pejah). Menika ingkang dipun kersakaken kanthi nyebat Sang Kristus minangka konten (lawang). Namung medal konten menika para ménda saged tumuju papan ingkang saé piyambak lan ngraosaken kawilujengan.

Saking andharan menika, wonten kalih perkawis ingkang kedah kita gatosaken. Nalika Gusti Allah ngatag umat supados ngalami éwah-éwahan, menika mboten kanthi meksa lan nyiksa. Malah lumantar sih-rahmat lan welas-asih Gusti Allah ngersakaken sedaya tiyang ingkang nampèni kawilujengan menika saèstu ngéwahi gesangipun sakwetahipun. Lumantar menapa ingkang dipun télakaken déning Sang Kristus, kita ugi nampèni pangandikan bilih Gusti tansah njagi kita nalika kita

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

ngupados supados saèstu ngéwahi gesang, ngantos dumugi gesang ing kayektèn. Gusti paring janji bilih badhé tansah nyarengi, kados déné pangèn ingkang ngirid méndanipun dhateng ing pasuketan lan toya ing panggènan ingkang tentrem.

Lajeng, menapa wonten buktinipun menawi tiyang ingkang saèstu gesang ing saklebeting kawilujengan menika ngraosaken éwah-éwahan ingkang saèstu? Ing sakelebeting waosan kaping setunggal lan kalih, perkawis menika dipun télakaken. Sumangga kita tingali mbaka setunggal. Ing Lelakoné Para Rasul, kita saged nyumerepi bilih tiyang-tiyang pitados sami nilaraken gesanging kadonyan. Menika dipun tandhani kanthi kesanggemanipun nyadé barang darbé ingkang dipun gadhahi lan dipun edum dhateng sedhèrèk-sedhèrèk patunggilan. Tiyang-tiyang pitados menika ugi sami tegen lan saiyeg tetunggilan, memuji dhateng Gusti Allah kanthi tansah ngantu-antu rawuhipun Gusti. Cacahipun tansah dipun wuwuhi déning Gusti amargi wonten tiyang ingkang mratobat lan mlebet ing patunggilan. Kabingahanipun sami saèstu lan ngéwahi gesanging saben tiyang ing saklebeting patunggilan.

Éwah-éwahan menika mboten namung lumampah ing saklebeting wekdal bingah kados ingkang kacathet ing Lelakoné Para Rasul. Ing Serat Pétrus ingkang kalawau kita waos, kita ugi manggihi kasetyaning pasamuwan wiwitan. Pasamuwan sami dipun patrapi ingkang mboten saé minangka tiyang neneka ing saktengahing bangsa ingkang mboten tepang dhateng Sang Kristus. Pasamuwan sami ngalami kasisahan amargi dipun sengiti lan dipun singkiraken. Sami kangèlan ngupados kabetahaning padintenan. Nanging, sanajan mekaten, mboten sami semplah utawi nilar Sang Kristus. Tetep sami setya tetunggilan wonten ing griya-griyanipun. Seratipun Rasul Pétrus paring pambombong dhateng pasamuwan. Tuladha saking Sang Kristus ingkang sangsara, kados ingkang dipun serat déning Rasul Pétrus, ndhatengaken raos mantep bilih kasangsaran ingkang sami dipun raosaken menika mboten muspra. Kasangsaran ngugemi kapitadosan menika perkawis ingkang aji amargi Sang Kristus sampun paring janji ingkang langkung ageng, inggih menika kawilujengan.

Sakmenika, kados pundi tumrapping kita? Menapa ing gesang kita sampun saèstu manggihi lan ngraosaken katresnanipun Sang Kristus? Menapa kawilujengan lan janji bab gesang langgeng njalari kita saèstu gadhah tékad badhé gesang ing saklebeting sih-rahmatipun Gusti? Menawi dèrèng, sumangga dipun raos-raosaken malih. Sumangga nyumerepi lan nyinau bab pakaryanipun Gusti lumantar sedaya pangandikanipun Gusti ingkang dipun wartosaken. Mugi ing lampahing gesang, kita saged manggihi sih-rahmatipun Gusti ingkang éndah sanget. Menawi sampun pinanggih, sumangga kita netepaken tékad kados pasamuwan wiwitan ingkang sedya nilaraken gesang lami lan lumebet ing gesang énggal ingkang sakwetahipun ngendelaken Gusti, nélakaken katresnan lan kasetyan ing patunggilan.

Satunggaling perkawis ingkang saged kita lampahi inggih menika sinau saking irah-irahaning Mangsa Paskah taun menika, inggih menika nganyaraken titahipun Gusti. Sumangga kita èstokaken, bilih éwah-éwahanipun gesang awit nampèni kawilujengan saking Gusti menika ugi saged ndhatengaken kasaénan tumrapping tetuwuhan lan kéwan.

Nalika kita sampun ngraosaken pangrimat, kawilujengan, lan pangayomanipun Gusti, sumangga kita ugi mujudaken sedaya perkawis saé menika ing sakelebeting gesang, saé ing griya, gréja, papan nyambut damel, ugi ing sadhéngah papan ingkang kita dhatengi. Sumangga kita kanthi saèstu nélakaken bilih kawilujengan ingkang dipun paringaken déning Sang Kristus saèstu damel donya kaanyaraken, saé kanggé manungsa ugi sedaya titah sanèsipun.

Amin.

(kd-kristi)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

KOTBAH

Minggu Paskah V

Minggu, 3 Mei 2026

Waosan 1:	Lelakoné Para Rasul 7:55-60
Tanggapan:	Jabur Masmur 31:1-5, 15-16
Waosan 2:	1 Pétrus 2: 2-10
Injil:	Yohanes 14:1-14

Lampahing Kawilujengan menika Griya



KOTBAH JANGKEP

Lampahing Kawilujengan Menika Griya

Sedhèrèk-sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti, wonten *lukisan*-ipun Ashley Cecil ingkang nggambaraken bab *krisis iklim* (kawontenaning mangsa ingkang nguwatosi) lan menapa ingkang dipun sandhang déning tiyang-tiyang miskin amargi perkawis menika.⁶ *Lukisan*-ipun Cecil nggambaraken tiyang èstri kalih ing saktengahing pageblug. Ketingal, sitinipun garing. Tiyang èstri kekalih menika ngesokaken lebu sakmangkok. Kedahipun ingkang dipun sok menika winih gandum. Kening menapa malah lebu? Amargi namung menika ingkang kantun. Ingkang wonten namung kantun lebu lan pang-pang garing.

⁶ Anna Kramer, "Emerging Artist Paints With a Purpose", <https://www.oxfamamerica.org/explore/stories/emerging-artist-paints-with-a-purpose/> (diakses 1 September 2025)



Lukisan-ipun Cecil menika ngatag kita ngraos-raosaken, kados pundi menawi papan panggènaning gesang sesarengan menika ngalami *krisis*? Kados pundi menawi patunggilan ingkang dipun sebat “*rumah bersama*” menika kabesmi lan mangsa ngerak mboten kendhat? Kados pundi menawi kebon-kebon dados garing amargi kawontenan ingkang sangsaya bentèr? Kados pundi menawi griya kebanjiran, menawi pulo ingkang mboten dipun enggèni sami kénging ombak ageng amargi toyaning segara minggah?

Sedhèrèk-sedhèrèk ingkang dipun kasihi déning Gusti, dinten menika pangandikanipun Gusti ngatag kita supados nggatosaken piwulang kanggé gesang, inggih menika:

- Timbalan lampahing kawilujengan

Gusti Yésus gendika, “Ing dalemé RamaKu akèh panggonan (*monai*). Manawa ora mangkono, kowé rak mesthi wis padha Dakkandhani. Awit Aku mrana prelu nyawisake papan (*topos*) marang kowé.” (ay.2). Tembung *monai* menika tegesipun rawuhipun Gusti Allah mboten namung ing swarga mbéjjang, nanging ugi ing donya ingkang dipun titahaken menika, ingkang

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

dados “padunungan” kagem rawuhipun Gusti. Lampahing kawilujengan mboten namung nilaraken donya menika, nanging ndhèrèk makarya nganyaraken titah sadaya.

- Griya Dedalemipun Gusti

Tembung *monai* menika ateges padunungan ingkang kaginakaken wonten ing sesambetaning patunggilan antawisipun Sang Rama lan Sang Putra: Sang Rama wonten ing Sang Putra lan Sang Putra wonten ing Sang Rama. Dados lelampahan lumantar Gusti Yésus menika sejatosipun sami kaliyan enering lampah (*the journey is home*). Ing saklebeting patunggilaning *perikhoresis*, Sang Margi lan Sang Padaleman nunggil temahan manungsa dipun timbali saged ndhèrèk makarya wonten ing pakaryaning kawilujengan tumrap sadaya titah.

Sang Stéfanus pirsá “langit piyak” (ay. 56) menika nggambaraken pepanggihan antawising Allah lan manungsa ing bumi. Rawuhipun Allah sareng kaliyan titahipun, manggihaken antawisipun ingkang *sakral* (suci) lan *profan* (kadonyan). Tembung “kamulyaning Allah” ing ayat 55 ngèngetaken bab *shékinah* ing Prajanjian Lami, inggih menika rawuhipun Gusti Allah ngebaki Tarub Suci. “Langit ingkang piyak” mbikak kamulyaning Allah ingkang nedhaki sadaya titah (*imanènsi*).

Ing Jabur Masmur 31:1-5, Gusti Allah dipun gambaraken minangka redi séla ingkang ngayomi. “Redi séla” ing ayat 3 nggambaraken papan pangayoman ing donya. Gusti Allah minangka redi séla menika nggambaraken Gusti Allah ingkang gesang lan raket kaliyan gesanging manungsa ing bumi. Redi séla ing pasamunan menika nggambaraken Gusti Allah wonten ing bumi lan pakaryanipun nebus manungsa menika wonten ing bumi, sanès saking swarga. Gusti Allah minangka redi séla nélakaken bilih Gusti ugi dedalem ing bumi ingkang gumantung antawising setunggal lan sanèsipun.

- Timbalan minangka séla gesang

Serat 1 Pétrus 2:5 nélakaken, “sarta kowé dhéwé iya padha dikaya watu urip, kang dianggo mbangun padaleman kasukman

...”. Tembung padaleman (*oikos*) menika ateges bumi, inggih menika padalemaning sedaya titah sesarengan. “Watu urip” ateges timbalanipun manungsa dados pérangan wetah ing pakaryanipun Gusti Allah ingkang milujengaken.

Sedhèrèk-sedhèrèk ingkang dipun kasihi déning Gusti,

Ngantos dinten menika, donya kita taksih wonten ing saklebeting *krisis iklim* utawi kawontenaning mangsa ingkang nguwatosi. Taun 2023, *The Global Climate Report* martosaken bilih sakdanguning Januari dumugi Desèmber 2023, donya menika ngraosaken bentèr ingkang inggil piyambak, inggih menika mindhakupun saged ngantos 4°C menawi *èmisi karbon* taksih tambah teras. *Èmisi karbon* (kumeluning langes) menika ketingal wonten ing cepetipun CO₂ (*oksigen*, jinising jat kanggé kaperluan werni-werni kadosta ambegan) lan gas sanèsipun terus mindhak wonten ing *atmosfèr*, dharatan, lan segara. Menika njalari *ènergi* (daya, kakiyatan) ing donya menika mboten imbang lan menika mutawatosi sanget tumrapping manungsa lan sedaya titah.

Pitakènanipun, menawi donya sampun kados mekaten kawontenanipun, menapa ingkang kedah kita lampahi? Menapa ingkang kedah dipun tindakaken déning gréja? Wonten kalih pilihan ingkang sami-sami mboten saé. Sepisan, *pèsimis*, inggih menika pasrah. Aturipun, “Donya wis kaya ngéné, mèh piyé manèh?” Inggih kaping kalih, *èskapis*, mlajar saking donya. Celathunipun, “Sing penting rak sésuk urip nèng swarga. Wis ora apa-apa urip nèng donya susah, sing penting swarga langgeng”. Kekalihipun mboten saged nulungi kita ing saklebeting *krisis iklim* menika. Lajeng menapa ingkang kedah kita lampahi?

Panutup:

Pasamuwan ingkang kinasih, wungunipun Sang Kristus nganyaraken titah sadaya. Sang Kristus menika Sang Margi lan Sang Padaleman (*The Journey is home*). Timbalan kita supados saged mlampah sareng kaliyan Gusti mulihaken donya menika. Kados lagunipun Michael Jackson ingkang asesirah *Heal the World*. Isinipun kados mekaten:

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

There's a place in your heart
(Wonten papan ing saklebeting manah panjenengan)
And I know that it is love
(Lan kula mangertos papan menika katresnan)
And this place could be much
(Lan papan menika saged kémawon)
Brighter than tomorrow
(Langkung padhang tinimbang dinten mengajeng)
And if you really try
(Lan menawi panjenengan saèstu ngupados)
You'll find there's no need to cry
(Panjenengan badhé manggihi bilih mboten wonten prelunipun
muwun)
In this place you'll feel
(Ing papan menika panjenengan badhé ngraosaken)
There's no hurt or sorrow
(Mboten wonten sakit utawi sedhih)
There are ways to get there
(Wonten kathah margi kanggé dumugi mrika)
If you care enough for the living
(Menawi panjenengan perduli dhateng ingkang gesang)
Make a little space, make a better place
(Mangga paring papan alit, damel papan ingkang langkung saé)

Chorus

Heal the world
(Mangga mantunaken donya menika)
Make it a better place
(Mangga ndadosaken donya dados papan ingkang langkung
saé)
For you and for me and the entire human race
(Kagem panjenengan, kanggé kula, lan sedaya umat manungsa)
There are people dying
(Kathah tiyang badhé pejah)
If you care enough for the living
(Menawi panjenengan perduli dhateng ingkang gesang)

Make a better place
(Mangga ndadosaken papan ingkang langkung saé)
For you and for me
(Kagem panjenengan lan kanggé kula)
If you want to know why
(Menawi panjenengan mundhut pirsa kénging menapa)
There's a love that cannot lie
(Wonten katresnan ingkang mboten saged goroh)
Love is strong
(Katresnan menika santosa)
It only cares for joyful giving
(Katresnan namung perduli dhateng pawèwèh ingkang kebak
ing kabingahan)
If we try we shall see
(Menawi kita ngupados kita badhé sumerep)
In this bliss we cannot feel
(Ing saklebeting kabingahan menika kita mboten saged
ngraosaken)
Fear or dread
(Ajrih utawi miris)
We stop existing and start living
(Kita mboten namung wonten ing donya, nanging wiwit gesang)
Than it feels that always
(Lajeng tansah kraos)
Love's enough for us growing
(Katresnan sampun cekap kanggé kita tuwuh)
Make a better world, make a better world
(Damel donya ingkang langkung saé)

Amin.

(nsr-kristi)



Mangsa Paskah 2026

“BAHAN LITURGI”

Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan kawontenan saha kabetahaning geréja utawi pasamuwan ing ngriki.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI

Rebo Awu

Rebo, 18 Februari 2026

Katarangan:

PS: Pamedhar Sabda

PL: Panuntun Liturgi

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

L: Lèktor

**Pamratobat
Ékologis**



Katrangan

- Papan pamujan ing geréja katata mirunggan kanggé ngraosaken saha ngalami maknaning Rebo Awu.
- Awu kacawisaken kanthi saé supados nalika kaosèraken ing palarapanipun umat, awu saget tumèmpèl kanthi saé.
- Kawontenaning pasedhèrèkan saha kikmat prelu kajagi.
- Kasagetna saben umat lenggah sesarengan kaliyan brayatipun, supados saget ngraosaken maknaning Rebo Awu sesarengan kaliyan brayatipun piyambak-piyambak.
- Tata upacara panyumeting lilin, mejahi lilin, ngungelaken loncèng geréja, pawartos pasamuwan kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan ing ngriki.

Wekdal Ening Pribadi

(umat lenggah)

*(Salebetipun wekdal ening, juru musik saget ngungelaken
lelagon tanpa nyanyian KPJ 53 sacekapipun.)*

U: *(Ngidungaken KPJ 53:1-3 “Kapyarsi Gusti Nimbali”)*
KPJ 53 KAPYARSI GUSTI NIMBALI

(Kakidungaken déning umat Wanita)

- 1 Kapyarsi Gusti nimbali, "Hé, wong kamomotan,
mareka lan mbukak ati nampi pangluwaran!"
Kula ngayom maring Gusti, dyan ayem sejati,

awit tansah binerkahan, sinung karaharjan.

(Kakidungaken déning umat Priya)

- 2 Kapyarsi Gusti nimbali, "Wong ngelak, mareka,
ngombé banyu panguripan kang saka ing swarga'
Kula ngungsi maring Gusti, sinunga Roh Suci.
tinuntun mrih mursid yekti, tresna mring sesami.

*(Umat jumeneng – Pradataning Pasamuwan dalah
Pamedhar Sabda mlebet dhateng papan pangibadah)*

(Kakidungaken déning sadaya umat: Wanita lan Priya)

- 3 Kapyarsi Gusti nimbali, "Wong dosa, mareka,
nampanana kurban suci, rah, srira sampurna!"
Kula pasrah maring Gusti, kalis saking pati,
wah ingangkat putrèng Allah, lantaraning berkah.

Votum

(umat jumeneng)

PS: Pangibadah punika lumampah awit saking pitulunganipun
Gusti Allah Sang Akarya Jagad, Ingkang nitahaken,
milujengaken, saha ngrimati gesanging umat
Kagunganipun.

U: *(ngidungaken **Amin, Amin, Amin**)*
Amin...Amin...Amin.

Salam

PS: Gusti nunggila ing panjenengan

U: **Ugi nunggila ing panjenengan.**

Atur Pambuka

(umat lenggah)

PL: Para sadhèrèk ingkang dipun-tresnani Gusti, Rebo Awu
mujudaken wiwitaning anggèn kita mlampah lumebet ing
Mangsa Paskah. Lumantar pangibadah punika, kita badhé
ngénggalaken gesang wonten ing kekeraning
katresnanipun Gusti Allah. Gusti Allah ingkang nitahaken
gesang, ngersakaken supados Titahipun sami gesang ing
salebeting kasalarasan. Kawusananing kasrakahanipun

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

manungsa, sagung titahipun Allah dados risak. Menawi dinten punika kita ngempal kanggé nampèni pangoséran awu, kita tinimbangan supados gesang ing salabeting pamratobat. Kula ngaturi para sadhèrèk lumebet ing Mangsa Paskah punika kanthi gesang ing salebeting pamratobat ingkang tinengeran kanthi siyam, nyirik dhahar-unjukan-karemenan, ndedonga, saha andum katresnan dhateng sesamining titahipun Allah sanèsipun. Kita prelu nindakaken pamratobat ékologis. Tumindaking pamratobat ékologis – pamratobat ingkang gegayutan kaliyan sesambetan imbal balik imbal balik antawisipun manungsa, kéwan, wit-witan lsp. kaliyan alam ing sakiwa tengenipun – kawiwitan saking dhiri kita piyambak. Pamratobating dhiri kedah ngénggati pamratobat ingkang nengenaken dhiri pribadi saha keladuk nggatosaken dhiri pribadi.

Sumangga ndedonga: Dhuh Allah Ingkang Maha Luhur, Paduka nresnani sagunging titah. Paduka ngrengkuh kawula punapa wontenipun, saha karenan nampi panyuwunaning pangapunten kawula. Kadadosna manah kawula lembah manah saha andhap asor dhuh Allah. Supados kawula tansah émut bilih kawula manungsa dosa saha merlokaken Sih-kawelasan Paduka. Kadadosna kawula tiyang-tiyang ingkang tansah tinarbuka kanggé kaanyaraken sesarengan kaliyan titah Paduka sanèsipun, saha kadadosna kawula pribadi ingkang nresnani sadaya titah ingkang Paduka titahaken kanthi prayogi linangkung. Amin.

U: (*ngidungaken KPJ 44:1-3 “Aku Wong Kang Dosa”*)
KPJ 44 AKU WONG KANG DOSA

1. Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti, temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci.
Refr. Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.
Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur
- 2 Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka

ingkang saged ngluwari kawula saking dosa.

Refr.

- 3 Nggèn kula nyenyuwun kang dados landhesan dédé labet kawula, nggih namung sih Paduka.

Refr.

Paladosan Sabda

(umat lenggah)

- **Pandong** (*déning Lèktor 1*)
- **Pamaosing Kitab Suci**

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Yoèl 2:1-2, 12-17**

Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Masmur Tanggapan

L2: (*maos Jabur Masmur 51:1-21*)

Waosan kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **2 Korinta 5:20b-6:10**

Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Waosan Injil:

PS: (*maos Matéus 6:1-6, 16-21*)

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

“Kang rahayu iku wong-wong kang padha ngrungokaké pangandikaning Allah lan digatèkaké.” (Lukas 11:28)

Hosiana!

U: (*ngidungaken Hosiana manut ungeling KPJ 468*)

Hosiana, Hosiana, Hosiana.

Kotbah

Pamratobat Ékologis

U: (*ngidungaken KPJ 51: 1, 4 “Gusti Mugi Mirsani”*)

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

KPJ 51 GUSTI MUGI MIRSANI

- 1 Gusti mugè mirsani nggèn kula kesrakatan.
Kula mlajeng mring pundi, namung dhateng Pangéran.
Nyuwun tulung, dhuh Allah mugè nglanting kawula
sing sagung karibedan, dimèn pulih lejara.
- 4 Gusti tukung kadarman, mugè mlasi mring kula.
Uwala sing momotan wah kalis ing panggodha.
Gusti tukung kraharjan kang kwaswa mbirat dosa,
mugè nucèkken kula, temah gesang sembada.

Pangosèran Awu

PS: Para sedhèrèk ingkang kinasih, ing pangibadah Rebo Awu punika, awu badhé kaosèraken ing palarapan kita. Awu punika asalipun saking pang palem alit-alit ingkang sampun garing. Wit palem punika taneman ingkang katitahaken déning Gusti Allah, saha kita ngginakaken pang palem ingkang sampun kabesmi punika minangka salah satunggaling lambang wonten ing pangibadah.

Awu ingkang badhé kaosèraken punika mralambangaken karingkahan tuwin kaapesan kita. Kajawi saking punika, awu ugi dados lambanging pangajeng-ajeng ing Sang Kristus Yésus. Sadaya ingkang gesang badhé pejah saha wangsul dados lebuning bumi. Saking lebuning bumi punika Gusti Allah badhé nangèkaken gesang.

Ing satengahing panggrantèsing bumi amargi tumindak ing ngregeti saha pangrisakaning jagat raya, awu dados lambanging kaprihatosan (kcn. Ayub 2:8), sanalika ugi sesarengan kaliyan timbalan kita supados nyawiji kaliyan Gusti Allah, Sang Sumbering Gesang.

Kula ngaturi panjenengan sadaya sesarengan kula kanggé nampèni pangosèran awu. Mangké kula ngosèraken awu kalayan matur: “Mratobata lan pracayaa marang Injil!”

saha ing salebeting manah para sedhèrèk kaaturan ngandika: “Maturnuwun Gusti, kula nampi timbalan Paduka”. Sasampunipun awu kaosèraken, para sedhèrèk dipun cawisi wekdal kanggé ngraos-raosaken gesang ing ngarsanipun Gusti Allah saha saos sokur awit saking Sih-rahmatipun Gusti Allah.

(umat kaaturan nyawisaken dhiri kanthi kikmat tuwin pasedhèrèkan)

PS: *(umat kaaturan majeng satunggal baka satunggal, PS kalayan ngosèraken awu ing palarapan saben umat saha ngandika:) “Mratobata, lan pracayaa marang Injil!”*

(salebetipun umat nampi pangoséran awu, juru musik saget ngungelaken lelagon tanpa nyanyian KPJ 106 ngantos sadaya umat nampi pangoséran awu. Sasampunipun sadaya umat nampi pangoséran awu, umat sesarengan ngindungaken KPJ 106:1-3 “Amung Kumandel Iku”)

U: *(Ngidungaken KPJ 106:1-3 “Amung Kumandel Iku”)*
KPJ 106 AMUNG KUMANDEL IKU

- 1 Amung kumandel iku uwiting karosanku.
Amung kumandel iku etuking kraharjanku
Refr. Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku
Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku
- 2 Amung pracaya iku kang mbungahken driyaku.
Amung pracaya iku panglipuring batinku.
Refr.
- 3 Srana pangandel iku ngilangken prihatinku.
Srana pracaya iku sirna was-sumelangku.
Refr.

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Pangakening Pitados (umat jumeneng)

P/D: (Nuntun ngucapaken sesarengan Pangaken Pitados
Rasuli)

Pandongga Syafaat (umat lenggah)

PS: (Ngonjukaken pandonga syafaat – dipun pungkasi srana
Donga Rama Kawula)

Pisungsiung Sokur

P/D2: Sumangga kita ngaturaken pisungsiung konjuk Gusti,
tinalesan Sabdanipun ing Jabur Masmur 57:10-11 ingkang
makaten suraosipun,

“10 Paduka badhé kawula puji wonten ing satengahipun
para bangsa, dhuh Pangéran, Paduka badhé kawula
kidungaken masmur wonten ing satengahipun para
suku bangsa. 11 Awit sih-kadarman Paduka luhuripun
sundhul ing akasa, sarta kaleresan Paduka sundhul ing
méga.”

U: (ngidungaken KPJ 165:1-3 “Konjuk M’ring Kang Maha
Agung”)

KPJ 165 KONJUK M’RING KANG MAHA AGUNG

- 1 Konjuk mring Kang Mahaagung, kula saos pisungsiung;
cihnaning bingahing manah, wit berkahing Allah;
sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa,
dadya srana munpangati, mrih kamulyaning Gusti.
- 2 Konjuk Allah Kang Maluhur kawula saos sokur,
kebabaring raos urmat wit tansah rinimat,
dalah gesang kula mugé kagem déning Gusti,
dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah.
- 3 Konjuk ing ngarsaning Allah kawula sung panrimah,
tandha ajrih-asih kula wit gung sih-rahmatnya.
Mugé Gusti nggih karenan, temah binerkahan,
dadya margi Kratoning Allah binabar nèng bumi.

Pandonga Pisungung (umat jumeneng)

P/D: (nuntun pandonga nyaosaken pisungung)

Pangutusan

PS: Para sedhèrèk ingkang dipun kasihi Gusti, ing satengahing kawontenan gawat ingkang ruwet wekdal samangké, siyam ing Mangsa Prapaskah perlu katindakaken kanthi ngèngeti kawontenaning ékologi ingkang gawat. Bumi kita nandhang sakit amargi sadaya karisakan ingkang katandukaken dhateng bumi punika. Lumantar Mangsa Prapaskah ingkang kawiwitan kanthi pangibadah Rebo Awu, kita kautus supados dedana, ndedonga, saha nglampahi siyam ingkang kita eneraken dhumateng Gusti Allah. Katindakna kanthi medal saking pratingkah ingkang ndadosaken dhiri pribadi minangka punjering sadaya prakawis, tumunten mlebet wonten ing krenteging ékologi.

U: **Kula badhé nglampahi timbalan punika kanthi tumemen margi saking panuntunipun Gusti.**

U: (ngidungaken KPJ 452:1, 4 “Tékading Manah Kawula”)

KPJ 452 TÉKADING MANAH KAWULA

- 1 Tékading manah kawula
tansah ndhèrèk mring Gusti,
yéku Panutan sanyata,
nggih Panebus sejati.
Refr. Margining salib ingambah,
mbangun turut mring Allah.
Mbabarken tresna sejati,
mrih jagad tentrem basuki.

- 4 Sanadyan rumpil marginya,
nging Gusti tansah nganthi.
Nadyan ribed lan sangsara,
kula tegen nglampahi.
Refr.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

- PS: Tampènana berkahipun Gusti.
Gusti Allah ingkang nitahaken, milujengaken, tuwin ngénggalaken Titahipun, nyantosakaken panjenengan kanggé dados pérangan saking pamulihaning sagung dumadi.
Astanipun Gusti nuntun panjenengan supados mlampah jumbuh kaliyan karsanipun Gusti.
Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saking Allah Rama kita, saha saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan wiwit samangké ngantos dumugi salami-laminipun.
Amin.
- U: (*ngidungaken **Hosiana Amin** manut ungelipun KPJ 472*)
Hosiana (5x) **Amin** (3x).

(wsn-den)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI

Minggu Prapaskah 1

Minggu, 22 Februari 2026

Katrangan:

PL: Panuntun Liturgi

PS: Pamedhar Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

L: Lèktor

U: Umat

**Punapa
Wontenipun
punika Sanès
Kasrakahan**



PACAWISAN

**(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
ngriki)**

- Arak-arakan lilin kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan ing ngriki.
- Juru musik ngungelaken pepujèn lelagon tanpa nyanyian ingkang nyawisaken pasamuwan lumebet dhateng pangibadah ingkang badhé kaleksanan.
- Umat menciptakan saat teduh sebagai persiapan pribadi
- 5 menit sadèrèngipun: sadaya pelados pangibadah ngempal ing konsistori kanggé cecawis, katutup kanthi dedonga.
- Maosaken Pawartos Pasamuwan.

TIMBALAN NGIBADAH

(Umat Jumeneng)

PL: Ngucap sokur dhumateng Pangéran Yéhuwah kanthi kekidungan punika prayogi, makaten ugi nyaosi kidung masmur dhumateng asma Paduka, dhuh Gusti Allah ingkang Mahaluhur,

U: **saha nyariyosaken sih-susetya Paduka ing wanci enjing tuwin kasetyan Paduka ing wanci dalu,**

PL: kanthi ngungelaken kawat sedasa kaliyan slukat, binarung ing swaraning clempung.

U: **Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi terbang lan jejogédan, padha saosa puji marang Panjenengané kanthi swaraning clempung lan suling!**

PL: Déné Paduka, dhuh Yéhuwah, sampun mbingahaken kawula kalayan pakaryan Paduka,

U: **kawula badhé asurak-surak awit saking pakaryanipun asta Paduka.**

U: (*Ngidungaken KPJ 16:1, 3 “Langit Tansah Nyariyosaken”*)

KPJ 16 LANGIT TANSAH NYARIYOSKEN

- 1 Langit tansah nyariyosken kamulyané Hyang Agung, wah akasa mratélakken yasaning astanipun.
Rinten dalu tan kendhat, wartanya ngebaki rat.
- 3 Pangéran murbéng jagad-rat kang ngrimati pra titah.
Surya kang mlampah tan kendhat, nggih krana rèhing Allah.
Saliring kang dumadi nélakken sihing Gusti.

VOTUM

PS: Kita lumebet ing pangibadah Prapaskah kapisan punika kanthi pangaken: Juru tetulung kita ingkang sayektos punika Gusti Inkang Nitahaken langit, bumi saha saisenipun sadaya, saha ingkang setya netepi prasetyaning kawilujengan ingkang sampun kapratélakaken.

U: (*Ngidungaken **Amin, Amin, Amin***)

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, saha saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan (kita) sadaya.

U: **Ugi nunggila ing panjenengan.**

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

ATUR PAMBUKA

(Umat Lenggah)

PL: Umatipun Gusti Allah ingkang kinasih,
Wiwit wiwitan mila katitahaken, Gusti Allah nimbali
manungsa kakersakaken ngolah saha ngreksa sagung
dumadi. Timbalan ngolah tuwin ngreksa punika wonten
ing wewengkonipun sesambetaning pasedhèrèkan. Jagad
punika sanès obyèk ingkang saget dipun keruk, ananging
mitra ingkang kedah dipun-rimat saha dipun-urmati.
Saguning dumados, kalebet jagad ugi manungsa,
pinangnipun saking saking Gusti Allah Sang Akarya
Jagad. Pramila, kapitadosan kita dhumateng Gusti Allah
mboten namung bab kasetyaning pribadi lumantar
pangibadah tuwin tata upacara agami. Kasetyan ingkang
ugi prelu dipun-wujudaken wonten ing rumaosing manah
kanggé mboten srakah kanthi ngeruk saha ngrisak jagad
punika, saha kekendelan kanggé makarya kanthi nyata
ngrimati saguning titahipun Gusti.

U: *(Ngidungaken KPJ 15:1, 2 “Kula Tumenga M’ring Gusti”)*
KPJ 15 KULA TUMENGA M’RING GUSTI

- 1 Kula tumenga mring Gusti
kang pinarak ing swarga,
kados mripatipun abdi,
mulat dhateng Gustinya.
Nggih mekaten mripat amba,
mandeng mring Gusti kula,
ngajeng ajeng pitulungan,
ngadhang rentahing sihnya.
- 2 Mripat amba tansah mandeng
dhateng Allah kawula
kados abdi ingkang nyawang
mring astaning Gustinya
sami ngadhang pitulungan;
saking Kang Sinuwitan;
nggih makaten ingkang abdi
nyadhong piwlasing Gusti.

PANGAKENING DOSA

PL: Para mitranipun Sang Kristus ingkang kinasih,
Kawula ngrumaosi, menawi kawula dèrèng saget netepi
kanthi sampurna sabdanipun Gusti ing gesang padintenan
kawula. Samangké dumugi wekdalipun, kanthi tumemen,
kawula sowan ing ngarsanipun Gusti Allah, ngakeni saha
nelangsani miwah nyuwun rahmating pangapuntenipun
Gusti. Sumangga ndedonga sacara pribadi dhumateng
Gusti Allah. Sumangga kita ndedonga

*(wekdal ening: umat ndedonga sacara pribadi nyuwun
pangapuntening dosa saking Gusti)*

PL: *(mungkasi pandonga pangakening dosa)*
Dhuh Allah Sang Akarya Jagad,
Nalika kawula piyambak-piyambak mawas dhiri tumrap
gesang kawula piyambak-piyambak, kawula taksih asring
mboten ngecakaken katresnan dhumateng Gusti, sesami,
dalah sadaya titah. Wonten ing patamananing gesang
ingkang Paduka jèrèng, kawula mboten tansah ngrimati
patamanan punika. Anggèn kawula nengenaken dhiri
pribadi saha kanepson, ndamel sesambetan kawula
kaliyan tiyang-tiyang ing sacelak kawula, dados sigeg.
Dhateng jagad punika, kawula asring nerak watesan. Lèpèn
dados reget, woh-wohan tuwin sawernining jejangan
ingkang pinanggih ing wana mboten lestantun malih, bumi
ketaton amargi pandamelipun manungsa.

Keparenga ngapunteni dosa tuwin panerak kawula, dhuh
Allah. Kapirsanana kawula kanthi sunaring wedana
Paduka, supados kawula pinaringan manah énggal,
ingkang tansah ngener dhateng karsa Paduka. Kasagedna
kawula mulihaken sesambetan kaliyan sesami saha
ngrimat sagunging tumitah. Ing Sang Kristus, kawula
ndedonga. Amin.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

U: (*Ngidungaken KPJ 61:1-3 “Saèstu Keduwung”*)
KPJ 61 SAÈSTU KEDUWUNG

- 1 Saèstu keduwung kula, déné kirang setya.
Kadhawuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami,
nging tan ana bukti. Adhuh Gusti, nyuwun suci.
- 2 Saèstu keduwung kula, dé gesang mung nglaha.
Kèlu pangwasaning dosa, mung nguja sengseming
driya,
lampah tan prayogi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.
- 3 Saèstu keduwung kula, dé ndlarung ing dosa.
Nadyan rinoban sih-rahmat, nging datan énggal
mratobat,
mangkotaken ati. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

PAWARTOS SIH-RAHMAT (*Umat Berdiri*)

PS: Tampènana peparinging pangapunten saking Gusti Allah
kados ingkang kawartosaken ing 1 Yokanan 3:23-24
makaten,

23 Anadéné pepakoné iku yaiku: supaya kita padha
pracaya marang asmané Gusti Yésus Kristus, Kang
Putra, lan supaya padha tresna-tinresnanana cocog
karo pepakon kang kadhawuhaké déning Sang
Kristus marang kita. 24 Déné sapa kang netepi
sakèhing pepakoné, iku dumunung ana ing Allah, lan
Gusti Allah ana ing wong iku. Lan iya mangkono iku
anggon kita padha sumurup, yèn Gusti Allah
dumunung ana ing kita, iya iku Roh kang wus
diparingaké marang kita.

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

U: (*Ngidungaken KPJ 71:1-3 “Duk Nyipati Gung
Pakaryaning Gusti”*)

KPJ 71 DUK NYIPATI GUNG PAKARYANING GUSTI

- 1 Duk nyipati gung pakaryaning Gusti
lintang abyor ing dalu kang sepi,
wah gumlegering gludhug ing akasa,
kula ngungun gunging kamulyanta.
Refr. Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.
Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.

- 2 Lamun nlasak tengahing wana-wasa
sato peksi kekidungan ramya.
Wonten ngaré dalah ing ardi ugi,
gung gumelar sesawangan adi.
Refr.

- 3 Yèn siniram siliring samirana
sesekaran dalasan woh-wohan.
gandanira arum angambar-ambar
ngunguning tyas anumusi bingar
Refr.

PALADOSAN SABDA

(Umat Lenggah)

PS: (Pandonga Épiklése)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Purwaning Dumadi 2:15-17,**
3:1-7

Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji soku konjuk Gusti Allah**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti kanthi
nggatosaken pamaosing **Jabur Masmur 32:1-7.**

Waosan kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking serat **Rum 5:12-19**
Makaten Sabdanipun Gusti.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Matéus 4:1-11**.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti saha ingkang nggatosaken saha ngèstokaken kanthi setya wonten ing gesang padintenan. Hosiana.

U: (*Ngidungaken Hosiana manut ungeling KPJ 470*)
Hosiana, hosiana, hosiana.

Kotbah

“Punapa Wontenipun punika Sanès Kasrakahan”

Wekdal Ening

Pangakening Pitados

(*Umat Jumeneng*)

P/D1: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken saha kita énggalaken malih menggahing punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

Pandongan Syafaat

(*Umat Lenggah*)

PS: (*Ngonjukaken pandonga syafaat*)

PISUNGSUNG

P/D2: Ngaturaken pisungsung kanthi rila saha bingahing manah dados tandha yekti raos sokur kita tumraping katresnan saha pangrimatipun Sang Kristus. Sabdanipun Gusti ingkang dados tetales atur pisungsung kapethik saking 1 Babad 16:29, makaten:

“29 Padha nyaosna kamulyaning asmané marang Pangéran Yéhuwah, nggawaa pisungsung lan lumebua sowan marang ing ngarsané. Padha sujuda

lan nyembaha marang Pangéran Yéhuwah kalawan ngrasuk kasucèn.”

U: (*Ngidungaken KPJ 172:1-3 “Manungsa Nanem Wiji”*)
KPJ 172 MANUNGSA NANEM WIJI

- 1 Manungsa nanem wiji taberi ngrimati,
ninging tuwuh miwah suburnya Allah kang mberkahi.
Pangéran paring jawah lan sunaring surya,
temah mbiyet wohira kathah tan kinira.
Refr. Sagung kang prayogi nugrahaning Gusti.
Mila sumangga memuji kanthi trusing ati.
- 2 Saliring kang cinipta agal wah alusa,
ardi gung miwah samodra sarta wana wasa,
datan kalirwakaken wus tamtu rinimat.
Tedha kula lumintu, mboten naté kendhat.
Refr.

(Kanthong pisungsung kaladosaken, kairingan lelagon tanpa nyanyian KPJ 172 sacekapipun)

(Saparipurnaning kathong kaladosaken, kanthong kabekta dhateng ngajeng mimbar, umat kaaturan jumeneng klayan ngidungaken KPJ 172:3)

- 3 Atur panuwun kula konjuk mring Sang Rama
dé sampun paring nugraha sandhang miwah tedha
datan saged winical krana kanthahira.
Pujia Sang Rama Mamirah wah loma.
Refr.

Pandongang Pisungsung (*Umat Jumeneng*)
P/D2: (*Nuntun pandonga pisungsung, kapungkasan Donga Rama Kawula*)

Kidung Pangutusan (*Umat Jumeneng*)
U: (*Ngidungaken KPJ 439:1, 2 “Ing Jagad Kang Peteng”*)
KPJ 439 ING JAGAD KANG PETENG

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

- 1 Ing jagad kang peteng krana dosa
kathah tyang kang nggresula
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.
Refr. Sumangga, Gusti, ngagem kawula,
mrih ngengetna para kanca
sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah

- 2 Angundhangna sih rahmate Gusti
kanthi setya nglampahi;
margining luwar saking sangsara,
temah samya raharja
Refr.

PANGUTUSAN

(Umat Jumeneng)

PS: Gusti ngutus panjenengan (kita) lestantun makarya ing satengahing jagad.

U: **Sesarengan kaliyan Gusti, kawula samekta makarya ing jagad punika**

PS: Wonten ing jagad punika, dadosa pribadi ingkang setya makarya ngrimat saguning tumitah

U: **Amargi kawula kangen nyeksèkaken Sang Kristus**

PS: Pinujia Gusti Allah – Sang Rama, Sang Putra, saha Sang Roh Suci

U: **ingkang mboten naté misahaken kawula saking katresnanipun Gusti samangké saha ing salaminipun.**

BERKAH

PS: Gusti Allah Sang Akarya Jagad, keparenga mapanaken panjenengan (kita) wonten ing pojokan-pojokan godhakaning gesang kanggé ngrimati saguning tumitah.

Gusti Yésus Kristus, Sang Pamider Agung, keparenga nyartani jiyarah panjenengan (kita), supados jangkahing

gesang panjenengan (kita) tansah ngluhuraken Asmanipun Gusti.

Rohing Katresnan ingkang mboten naté kuciwa, keparenga nresnani jagad, ngéwahi pitembungan, pakaryan, saha pikajengan panjenengan (kita) kadadosaken pratandhaning sih-rahmat tumrap sagung tumitah.

Gusti Alla Tritunggal Mahasuci, Sang Rama saha Sang Putra saha Sang Roh Suci, keparenga nunggil panjenengan (kita) samangké, bénjing, ngantos kita pinanggih malih malih. Mengkera, Gusti tansah nunggil panjenengan (kita). Amin.

U: *(Ngidungaken “Hosiana” manut ungeling KPJ 468)*

Hosiana, Hosiana, Hosiana!

(asy-den)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI
Minggu Prapaskah 2

Minggu, 1 Maret 2026

Keterangan:

PL: Panuntun Liturgi

PS: Pamedhar Sabda

M: Majelis Geréja

L: Lèktor

U: Umat

Lumampah
Sesarengan
Gusti kanthi
Pepesthèn



Keterangan:

Lampahing arak-arakan dalah reroncèning acara kajumbuhna kaliyan padat pakulinan pasamuwanipun piyambak-piyambak.

TIMBALAN NGIBADAH

(Jumeneng)

L: Umat ingkang dipuntresnani Gusti, ing tengah-tengahing jagad ingkang sarwa mboten mesthi punika, sumangga kita sami ngeneraken manah kita lumebet ing salebeting pangibadah, ngantu-antu karsanipun Gusti ingkang sampun milujengaken kita dalah ingkang sampun maringaken gesang tembé-wingking ingkang kebak pangajeng-ajeng tuwin tentrem rahayu. Kita mboten badhé kuwangang lumampah piyambakan, sintenta ingkang saged lumampah sesarengan kaliyan kita kanthi pepesthèn?

U: *(Mujèkaken KPJ 126: 1-3)*

KPJ 126 NADYAN KULA NANDHANG SANGSARA

1. Nadyan kula nandhang sangsara
Gusti maringi kakiyatan

Sanadyan katempuh prahara
Kula wus tamtu saged tahan
Reff.:
Salib kula datan nglangkungi
Panandhang pisakitipun Gusti
Yéku pratandhanira, Gusti pananggal kula
Langgeng ing salaminya.

2. Salir erining gesang kula
Tan timbang makuthaning Gusti
Kasangsaran miwah panyiya
Datan mantra badhé nyamèni
Reff.
3. Ngemban dhawuh sèstu kabegjan
Anampi berkah katentreman
Datan wonten kang saged ngrebat
Lestantun tumekèng akérat
Reff.

VOTUM

PS: Sumangga pangibadah kita ing wanci punika kita wiwiti kanthi pitados bilih Gusti ingkang anyarengi kita punika ugi Panjenenganipun ingkang badhé tansah lumampah sesarengan kaliyan kita, kinanthènan sih rahmat lan tentrem rahayunipun salami-laminya.

U: (*mujèkaken* **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

PS: Tentrem rahayunipun Sang Kristus nunggila ing panjenengan.

U: **Lan nunggila ing panjenengan ugi**

TEMBUNG PAMBUKA

(*Lenggah*)

M1: Para sadhèrèk, mboten saben tiyang ingkang ngaken Kristen, mesthi lumampah sesarengan Gusti. Punapa malih manawi kawontenaning gesang sarwa mboten

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

mesthi. Manawi makaten, punapa kita tetep badhé setya
tuhu gesang sesarengan Panjenenganipun? Punapa kita
inggih badhé setya tuhu lelados kagem Panjenenganipun?

U: (mujèkaken **KPJ. 114: 1-2**)

KPJ 114 GUSTI, SÈSTU KULA TRESNA

1. Gusti sèstu kula tresna, dhumateng Paduka
Kula masrahken manah, badan dalasan nyawa
Paduka kang agung sih, ingkang sampun menang
Saèstu kula pasrah, dhumateng Paduka
Reff.
Kula tresna dhateng Gusti, } 2 x
wit Gusti sampun nresnani kawula }
2. Gusti nandhang sangsara, ngrembat dosa kula
Ngantos sinalib séda, karana gunging tresna
Mila kawula pasrah, klayan trusing manah
Dhawuh-Nya kula pundhi, nresnani sesami
Reff.: ...

PANGAKENING DOSA

PS: Sumangga kita sami nalangsani dosa-dosa kita wonten ing
ngarsanipun Gusti.

"Paringa aksama dhateng kawula dhuh Gusti, tumrap
saben kalepatan ingkang sinimpen ing manah kawula.
Paringa aksama dhateng kawula ingkang tansah
nyupèkaken Paduka ing gesang padintenan kawula.

U: (mujèkaken **KPJ 50: 1**)

KPJ 50 GUSTI MUGI MELASI!

1. Gusti mugl melasi, Gusti mugl melasi
Mugl mlasl kula

PS: "Paringa aksama dhateng kawula dhuh Gusti, tumrap
bandha ingkang mboten sami kawula ginakaken manut
miturut ing karsa Paduka. Paringa aksama tumrap talenta

kawula ingkang mboten sami kawula pisungsungaken kagem kamulyan Paduka."

U: (*mujèkaken* **KPJ 50: 1**)

KPJ 50 GUSTI MUGI MELASI!

1. Gusti mugi melasi, Gusti mugi melasi
Mugi mlasia kula

PS: "Paringa aksama dhateng kawula dhuh Gusti, lan sami kasagedna kawula sadaya ugi ngapunteni saben tiyang ingkang kalepatan dhateng kawula."

U: (*mujèkaken* **KPJ 50: 1**)

KPJ 50 GUSTI MUGI MELASI!

1. Gusti mugi melasi, Gusti mugi melasi
Mugi mlasia kula

PS: "Paringa aksama dhateng kawula ugi dhuh Gusti tumrap seben tembung, pakaryan dalah keputusan ingkang sami kawula damel sarana nilaraken Paduka."

U: (*mujèkaken* **KPJ 50: 1**)

KPJ 50 GUSTI MUGI MELASI!

1. Gusti mugi melasi, Gusti mugi melasi
Mugi mlasia kula

PS: "Apuntenana kawula sami, paringa berkah dhateng kawula sami, apuntenana ugi tiyang-tiyang ingkang nindakaken kalepatan dhateng kawula saha binerkahana tiyang-tiyang punika."

U: **Amin.**

PAWARTOS SIH RAHMAT

(*Jumeneng*)

PS: Para sadhèrèk, tetepa gesang ing salebeting pangapuntenanipun Gusti, ing katresnanipun lan ing katentremanipun. Masmur 32:1 ngandika, "Rahayu wong kang kaapura paneraké, kang dosané kaaling-alingan."

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Makaten pawartos sih ramat saking Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

U: (*Mujèkaken KPJ. 428: 1-3*)

KPJ 428 BINGAHA, SISAHA, GUSTI KULA PUJI

1. Bingaha sisaha, Gusti kula puji
Kang mranata gesang kula
Kula rinimatan klayan katresnan
Mila kula pasrah pangrèh-Nya
Reff.
Pasraha, pasraha, ing sapangrèhé Kang Makwasa
2. Sapinten awrating momotan kawula
Godha-rencana myang sisah
Yèn kawula énggal mulat Sang Putra
Manah kula ènthèng lan bingah
Reff.: ...
3. Sanadyan kawula kasinungan drajat
Kaluhuran miwah pangkat
Tebih kula saking raos gumunggung
Nging tumungkul mring Kang Maagug
Reff.: ...

PALADOSANING SABDA

(*Lenggah*)

PS: (*Pandongga Épiklése*)

Waosan ingkang Kapisan

L1: Waosan kapisan kapingdhet saking **Purwaning Dumadi**
12:1-4a

Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji Sokur Konjuk ing Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: (*kadarasaken utawi kawaos gilir gumanti kaliyan umat*)
Masmur 121

Waosan kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking serat **Rum 4:1-5; 13-17**

Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Pamaosing Injil

PS: Injilipun Gusti kita Yésus Kristus miturut **Yohanes 3:1-17** makaten:

Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika kita ingkang sami mirengaken Sabdanipun Gusti, ngrimati sarta nindakaken ing gesang padintenan. HOSIANA.

U: (*mujèkaken KPJ 472: HOSIANA*)

Khotbah:

“Lumampah Sesarengan Gusti kanthi Pepesthèn”

Wekdal Ening

Pangaken Pitados Rasuli (*Jumeneng*)

M2: Sumangga kita sami sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing wekdal kapengker, samangké lan ing tembé wingking sami ngucapaken pangaken pitados rasuli sarana memuji:

U: (*mujèkaken KPJ 122: 1-4*)

KPJ 122 KULA PITADOS

1. Kula pitados ing Allah, Sang Rama kang Makwasa
Inkang nitahaken langit lan bumi saisinya
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus Kang Putra
ontang anting lan kekasih Gusti Pamarta kula
2. Kang sampun kabobotaken sing kwané Roh Suci
Miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit
Kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupatiya
Sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

3. Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah
Dhateng swarga, apinarak nèng tengenipun Allah
Sang Rama Kang Mahakwasa, king mriku badhé rawuh
Angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah
4. Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun
Pasamuwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum
Patunggilané para suci, pangapunteing dosa
Tanginira para mati, kang sarta gesang baka

Pandongga Syafaat

(Lenggah)

PS: *(Nuntun pandonga syafaat kagem tiyang-tiyang ingkang
sami cecengklungen lumampah sesarengan Gusti kanthi
pepesthèn)*

ATUR PISUNGSUNG

M3: Para sadhèrèk, Gusti sampun welas asih dhateng kita sadaya. Kita sami kabereg nindakaken “lumpataning pracaya” lumantar pisungsung ingkang sami badhé kita aturaken. Kadosdéné gangsal roti tuwin kalih ulam, makaten ugi Gusti badhé mberkahi pisungsung kita kagem kaluhuran asmanipun. Sabdanipun Gusti wonten ing **Masmur 96:8** ngandika: "Pangéran Yéhuwah caosana kamulyaning asmané, nggawaa pisungsung lan sébaa marang ing platarané!" Ayat punika mujudaken timbalan kanggé mulyakaken lan atur pisungsung dhumateng Gusti kинanthènan pangaken dhumateng kaluhuranipun.

U: *(mujèkaken **KPJ 173: 1-3**)*

KPJ 173 MARA DHA ATURNA PISUNGSUNGMU

1. Mara dha aturna pisungsungmu, ing papan kang piniji
Muga dadi keparengé Gusti, minangka pangabektimu
Reff.
Mangkya singkirna was sumelangmu
Ginanti gumbiraning atimu
Rinengga niat kang warni-warni
Pindha puspita megar nglam-lami

2. Kalawan ati bungah menuhi, ing papan kang piniji
Muga dadi keparengé Gusti, mundhut kembang ing
atimu
Reff.
3. Ngaturna klawan éklasing ati, ing papan kang piniji
Muga dadi lan renané Gusti, nampèni pangabektimu
Reff.

Pandongang Pisungsung

(*Jumeneng*)

M3: (*Nuntun pandonga pisungsung*) Kawula pitados dhuh
Rama bilih pisungsung kawula punika mujudaken
pratandha saking Gusti kanggé lumèbèring berkah
dhateng jagad punika. Inggih awit saking punika kawula
sami ndedonga supados Gusti karsa paring berkah,
supados jagad mangretosi bilih Paduka punika Saé,
ing kang tansah paring berkah saha ing kang tansah
lumampah sesarengan kaliyan tiyang-tiyang ing kang sami
wonten ing salebeting kabetahan. Wonten ing asmanipun
Gusti Yésus, kawula sami ndedonga. Amin.

PANGUTUSAN

PS: Para sadhèrèk, jagad badhé pitakèn dhateng panjenengan.
Kadospundi déné kita saged lumampah sesarengan Gusti
ing satengah-tengahing kawontenan gesang ing kang
mboten mesthi? Punapa ing kang badhé panjenengan
tindakaken tumrap jagad punika, sarta punapa ing kang
badhé panjenengan wartosaken dhateng jagad punika?
Sami sageda nindakaken “lumpatane pracaya”, dhemen
dana driyah, lelados lan welas asih mring jagad sinartan
lumampah sesarengan Gusti ing kang mesthi badhé
nglubèraken berkahipun dhumateng kita sami.

Kidung Pangutusan

(*Jumeneng*)

U: (*mujèkaken KPJ 450: 1-3*)

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

KPJ 450 SUMANGGA MAKARYA

1. Sumangga makarya, para utusan setya
Ngundhangaken kabar adya sih rahmat saking swarga
Mrih tyang kang peteng manahnya dadya padhang lejara
Sumangga samekta tansah makarya
2. Sumangga makarya, dipun kepara cukat
Mbabarken tresna sanyata, mrih tyang dosa mratobat
Pangghah ngadhèpi bebaya, Gusti nganthe slaminya
Sumangga samekta, tansah makarya
3. Sumangga makarya, klayan manteb ing driya
Manggul salibing Sang Kristus, mbélani kang siniya
Kang tinindhes sinangsara, bingar, tentrem gesangnya
Sumangga samekta, tansah makarya

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Lumampahing pangibadah punika sampung rampung,
éwasamanten pangibadah ingkang sejati tetep badhé kita
lampahi ing gesang padintenan kita satunggal lan
satunggalipun. Sami enerna manah panjenengan
dhumateng Gusti ingkang sampun prajanji saha paring
pangajeng-ajeng dhumateng panjenengan.

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng
Gusti**

PS: Lampahana kalairan anyar panjenengan saha tindakna
“lumpataning pracaya” sesarengan kaliyan Gusti minangka
paseksi gesang panjenengan.

U: **Kawula samapta madeg dados seksinipun Kristus**

PS: Kaluhurna Gusti ing saben jumangkahing suku
panjenengan

U: **Samangké lan ing salami-laminipun.**

BERKAH

PS: Samangké sami nampènana berkahipun Gusti: Tentrem rahayunipun Gusti kita Yésus Kristus, sihipun Allah Sang Rama miwah patunggilanipun Sang Roh Suci, mugi nunggila ing panjenengan sadaya.

U: (*mujèkaken KPJ 467 “HOSIANA!”*)

(riajos-ytd)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI

Minggu Pra-Paskah 3

Minggu, 8 Maret 2026

Keterangan:

PS.: Pelados Sabda

M: Majelis Geréja

U: Umat

L: Lèktor

**Toya Gesang
ing kang
Mulihaken
Sagung Tumitah**



PACAWISAN

**(kajumbuhna kaliyan padat pakulinan pasamuwan
piyambak-piyambak)**

- Organisme/pianis ngungelaken lagu pepujèn ing kang mbekta warga pasamuwan ngayati pangibadah ing kang badhé keleksanan
- Pasamuwan lumebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi
- Maos Pawartos Pasamuwan

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

M1: Umat ing kang dipuntresnani Gusti, ing satengahing jagad ing kang ngorong dhateng katresnan, kaadilan dalah pemulihan, Kristus kepareng rawuh minangka Toya Gesang, ing kang nyegeraken jiwa saha mulihaken sagung tumitah kagunganipun. Sumangga kita sami sowan kanthi manah ing kang tinarbuka nampèni katresnanipun Sang Kristus, ing kang lumèbèr lan maringi gesang sinambi atur panuwun sokur awit saking nugrahanipun ing kang tansah nganyaraken kita sadaya dalah saalam gumelar punika.

U: *(Mujèkaken KPJ16: 1, 3, 4)*

KPJ 16 LANGIT TANSAH NYARIOSAKEN

1. Langit tansah nyariosaken, kamulyané Hyang Agung
Wah akasa mratélakken, yasaning astanipun
Rinten dalu tan kendhat, wartanya ngebèki rat
3. Pangéran murbèng jagad-rat kang ngrimati pra titah
Surya kang mlampah tan kendhat, nggih krana rèhing
Allah
Saliring kang dumadi, nélakken sihing Gusti
4. Mugi Gusti nggih karenan isining manah kula
Gung panggungung mring Pangéran, pangayoman
sanyata
Pinujia tan kendhat Panebusing pra umat

VOTUM

PS: Pitulungan kita punika namung wonten ing asmanipun
Gusti Sang Sumber gesang, ingkang nitahaken dalah
ngrimati langit, bumi saha saisinipun, lan ingkang tansah
setya tuhu mulihaken pakaryaning astanipun miwah
paring gesang dhateng kita sami sarana katresnanipun.

U: (*mujèkaken **Amin, Amin, Amin***)

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita saha
saking Gusti kita Yésus Kristus mugi nunggila ing
panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi**

TEMBUNG PAMBUKA

(*Lenggah*)

M2: Umat ingkang dipuntresnani Gusti, ing sauruting wekdal
Prapaskah punika, kita kaajak ngraos-raosaken
pakaryanipun Sang Kristus ingkang nganyaraken gesang
kita, saha ingkang mulihaken wohing pakaryaning
astanipun. Irah-irahan dinten punika ngèngetaken kita
bilih namung Sang Kristus, Sang Toya Gesang, ingkang
sagah ngicali ngoronging jiwa, maringi kakiyatan, sarta

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

nuntun kita minangka pirantos mulihaken jagad.
Sumangga kita sami mbuka manah kita nampèni Sabda lan
katresnanipun ingkang lumèbèr dhumateng kita sadaya.

U: (*mujèkaken KPJ 94: 1-3*)

KPJ 94 SUMANGGA MAREKA

1. Sumangga mareka, ngarsané Gusti kita
Anggungngung asmanya, wit sihé kang sanyata
Maringken Kang Putra, yéku marginira
Birat dosa kita, wah gesang sembada
2. Saguning pamuji konjuk ngarsaning Gusti
Kang tansah mberkahi wrata titah sabumi
Allah ingkang murba pratala-akasa
Paring kaéndahan miwah kautaman
3. Yéhuwah Makwasa, maringi kabingahan
Lan tentrem raharja, dugèng jaman klanggengan
Samya tansah panggah, mituhu mring Allah
Minangka panuwun, wit gung berkahipun

PANGAKENING DOSA

PS: Gusti, Paduka Sumbering Toya Gesang, éwasamanten
kawula sadaya asring madosi kamareman kawula wonten
ing prekawis-prekawis ingkang lair kéwala. Kawula
sampun sami nglirwakaken katresnan Paduka lan gesang
tebih saking karsa Paduka.

U: **Mugi melasi kawula dhuh Gusti,**

PS: Kawula sami ngakeni sampun ngrisak kasalarasanipun
pakaryaning asta Paduka: damel sakitipun sesami kawula,
nglirwakaken kaadilan, lan mboten ngrawat alam gumelar
ingkang sampun Paduka pitadosAken dhateng kawula.

U: **Mugi melasi kawula dhuh Gusti,**

PS: Kawula asring nutupi talingan kawula dhateng
suwantenipun tiyang ingkang nandhang sangsara, lan
nutupi mripat kawula dhateng karisakanipun jagad
punika.

- Kawula ngelak nanging mboten sami sowan marek Paduka.
- U: **Mugi mulihaken kawula sami sarana katresnan Paduka dhuh Gusti**
- PS: Gusti, mugi Paduka karsa ngumbah kawula sarana Toya Gesang Paduka, supados kawula sami kapulihaken, kakiyataken dalah kasagedaken kanggé gesang ing salebeting kasetyan lan katresnan.
- PS+U: **Ing sih katresnanipun Sang Kristus, kawula sami sumarah lan nyenyuwun pangapuntenan. Amin.**
- U: (*mujèkaken KPJ 53: 1-3*)
KPJ 53 KAPYARSI GUSTI NIMBALI

1. Kapyarsi Gusti nimbali, hé wong kamomotan
Mareka lan mbukak ati nampi pangluwaran
Kula ngayom maring Gusti, dyan ayem sejati
Awit tansah binerkahan, sinung karaharjan
2. Kapyarsi Gusti nimbali wong ngelak mareka
Ngombé banyu panguripan, kang saka ing swarga
Kula ngungsi maring Gusti, sinunga Roh Suci
Tinuntun mrih mursid yekti, tresna mring sesami
3. Kapyarsi Gusti nimbali, wong dosa mareka
Nampanana kurban suci, rah srira sampurna
Kula pasrah maring Gusti, kalis saking pati
Wah ingangkat putrèng Allah lantaraning berkah

PAWARTOS SIH RAHMAT (*Jumeneng*)

- PS: Para sadhèrèk ingkang kinasih, Gusti kita mboten badhé nilaraken kita sami gesang ing pangawulaning dosa. Panjenenganipun punika Sumbering Toya Gesang ingkang nglubèraken pangapunten, pamulihan dalah pangajeng-ajeng anyar tumrap kita sadaya. Sami mirengna pawartos sih rahmat bab sih-peparingipun (Yohanes 7: 37-38): “Bareng dina wekasan yaiku nalika gedhé-gedhéning riyaya mau, Gusti Yésus jumeneng sarta nguwuh: ‘Sing sapa ngelak, iku maranana Aku lan ngombéa! Sing sapa

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

pracaya marang Aku, iku kaya wiraosé kitab: Ilèn-ilèn
banyu urip bakal padha mili saka ing batiné!”

Makaten pawartos sihrahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

U: (*Mujèkaken KPJ 102: 1-3*)

KPJ 102 ALLAH YÉKU PANGÈN KULA

1. Allah yéku pangèn kula, kang gung sih tresnanya
Kula tansah rinimatan, srana gung kadarman
2. Kula tansah dèn ayomi, mila ayem yekti
Tinuntun ing margi adi, wit asmané Gusti
3. Kula tan ajrih bilai, wit kinanthi Gusti
Wah lestantun pangreksanya, temah kula begja

PALADOSAN SABDA

(*Lenggah*)

PS: (*Pandongga Épiklésé*)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kependhet saking **Pangentasan 17:1-7**
Makaten Sabdaanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

MaSmur Tanggapan

L2: (*kadarasaken utawi kawaos sesautan kaliyan umat*)
Jabur Masmur 95

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kependhet saking **Rum 5:1-11**
Makaten Sabdanaipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Pamaosing Injil

PS: Injilipun Gusti Yésus miturut **Yohanes 4:5-42**

Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika ingkang sami mirengaken Sabdanipun Gusti

lan ngrawat saha nindakkaken ing gesang padintenanipun.
HOSIANA.

U: (*mujèkaken HOSIANA manut ungelipun KPJ 470*)

Khotbah “Toya Gesang ingkang Mulihaken Sagung Tumitah”

Wekdal Ening

Pangaken Pitados Rasuli (Jumeneng)

M3: Sumangga sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing jaman kapengker, samangké lan ingkang badhé dhateng sami ngèngeti pangakening pitados ing salebeting baptisan kita miturut Pangaken Pitados Rasuli. Sami nélakna:....

U: (*Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

Pandong Syafaat (Lenggah)

PS: (*Nglantaraken pandonga syafaat*)

ATUR PISUNGSUNG

M4: Umatipun Gusti ingkang kinasih, kita sampun nampèni sih ingkang mulihaken saking Sang Kristus, Sang Sumber Toya Gesang. Minangka wujuding raos sokur, sumangga kita sami misungsungaken punapa ingkang paling saé supados lumantar pisungsung punika, pakaryanipun Allah mulihaken tansah lumèbèr dhateng jagad lan sesami.

Sumangga atur pisungsung kita punika kita talesaken wonten ing serat **2 Korintus 9: 7**

“Sabèn wong pawèwèhé dikaya kang dadi renaning atiné, aja nganti sedhah utawa marga kapeksa, awit Gusti Allah iku ngasihi wong kang pawèwèhé kanthi suka-rila”

U: (*mujèkaken KPJ 157: 1-3*)

KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUNGMU

1. Caosna pisungsungmu, anèng pasamuwan
Klayan lilaning ati, klawan legawa
Aturna pisungsungmu kanthi sukarena

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Reff.

Caosna pisungsungmu, dadya cihnaning bungah
Minangka panuwunmu, wit sihing Allah

2. Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan
Sarana samubarang saisining bumi
Jer sihrahmating Gusti tansah binabar
Reff.

3. Pisungsung kagem Gusti, dadia sarana
Amrih kratoning Allah énggal kelampah
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring
Reff.

Pandongang Pisungsung

(Jumeneng)

M4: (Nuntun pandonga pisungsung)

Kidung Pangutusan

(Jumeneng)

U: (*mujèkaken KPJ 441:1*)

KPJ 441 KITA SAMI TINIMBALAN

1. Kita sami tinimbalan, supados ndhèrèk ngladosi
Pakaryané Gusti Yésus dhateng sesami
Amartosaken kabar bingah, nggih Injiling karahayon
Dhateng salir para bangsa, nèng alam donya
Reff.
Tiyang pitados kedah wonten pandamel kang nyata
Klayan éklas mitulungi tiyang kang sinangsara
Sanadyan kita pinangkanya saking manéka bangsa
Nging sesarengan nindakaken pakaryan kang mulya

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Pangibadah kita ing wanci punika sampun rampung,
éwasamanten jejibahan lan pangibadah ingkang sayektos
nembé badhé kawiwitan sasampunipun medal saking
papan punika. Samangké enerna manah panjenengan
dhumateng Yésus Sang Sumber Toya Gesang.

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

PS: Sami madega dados seksinipun Sang Kristus ingkang nglubèraken katresnanipun tumrap jagad.

U: **Kawula sumadya madeg dados seksi kagem Kristus**

PS: Pinujia Gusti

U: **Samangké ngantos ing salaminipun**

BERKAH

PS: Sihipun Allah ingkang lumèbèr pindha toya ingkang maringi gesang, tentrem rahayunipun Kristus ingkang mulihaken, saha panguwaosipun Roh Suci ingkang nuntun lampah kita mugè nunggila ing panjenengan sadaya samangké ngantos ing salami-aminipun. Amin.

U: (*mujèkaken “HOSIANA! AMIN!” manut ungelipun KPJ 472*)

(onl-ytd)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI

Minggu Prapaskah IV

Minggu, 15 Maret 2026

Katerangan:

PS: Pelados sabda

M: Majelis Geréja

U: Umat

L: Lèktor

**Saking Wuta
Saged Ningali**



PACAWISAN

**(kajumbuhna kaliyan pakulinaning pasamuwan
piyambak-piyambak)**

- Juru piranti musik organ/piano ngungelaken lelagon ingkang mbekta pasamuwan ngraosaken ibadah ingkang badhé katindakaken.
- Pasamuwan nyipta wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos pasamuwan kawaosaken.

TIMBALAN NGIBADAH

(Umat Jumeneng)

M1: Pasamuwan ingkang kinasih,
Kita ngraosaken Minggu Prapaskah IV,
Kita sadaya kabereg supados mboten namung mbudidaya
kanggé kawilujengan dhiri pribadi,
Menapa kita preduli dhateng menapa ingkang kelampahan
ing sakiwa tengen kita?
Sumangga kita mirengaken timbalanipun Gusti, kita
ngaturaken panuwun awit sadaya titahipun lan tumut njagi
lan ngreksa.

U: *(Ngidungaken KPJ 16: 1, 2)*

KPJ 16 LANGIT TANSAH NYARIYOSKEN

1. Langit tansah nyariyosaken kamulyané Hyang Agung, wah akasa mratélakken yasaning astanipun. Rinten dalu tan kendhat, wartanya ngebaki rat.
2. Sanadyan datan wicanten tan wonten tetembungan, nging samangsa dèn tilingken tansah nggunggung Pangéran. Paseksinya nyrambahi ing salumahing bumi.

VOTUM

PS: “Pitulungan kita menika pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit lan bumi. Awit kamirahanipun, kita nampi sih rahmat.

U: (*Ngidungaken **Amin, Amin, Amin***)

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, saking Gusti Yésus lan Roh Suci mugè nunggila ing para sadhérék sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

PAMBUKA

(*Umat lenggah*)

(*Pangibadah kawiwitan kanthi ningali gambar/video ngéngingi kawontenan lingkungan alam ingkang perlu dipun gatosaken kanthi wigati*)

M2: Pasamuhan ingkang kinasih,
Kita sampun lumebet ing Minggu Prapaskah IV,
Minggu kabingahan ingkang ngémutaken kita pakaryanipun Gusti Allah, ingkang nélakaken sih kamirahanipun wonten ing Sang Kristus.
Pamratobat minangka tiyang pitados, kabereg dados pamratobat saking sikap gesang ingkang wuta, mboten saged ningali lingkungan, mboten preduli tumrap lestantuning alam.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Dados gesang ingkang saged ningali, sikap ingkang tengèn dhateng kawontenan ing sakiwa tengen kita lan nélakaken sikap ingkang preduli, tumut tandang damel ngatasi kawontenan lingkungan.

Mugi timbalan pangibadah ing wanci punika dados wekdal kita ngraos-raosaken gesang supados dados pribadi ingkang ndadosaken renaning kersanipun Gusti.

U: (*Ngidungaken KPJ 21:1, 2*)
KPJ 21:1-2 “PARA TITAH SADAYA SAMI NGREPÈKNA”

1. Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa
kang gunging sih susetya
Halèluya! Halèluya!
2. Pujinen Hyang Murbèngrat,
Gusti kang gung sih-rahmat,
ngreksa lan ngayomi,
ngrumati mrih lestari.
Halèluya! Halèluya!

PENGAKENING DOSA

PS: Sumangga kita ningali dhiri kita pribadi,
Kita asah pangraos kita ngraosaken kawontenan ing sakiwa tengen kita.
Menapa kita nglenggana utawi malah mangkotaken manah ngantos mboten saged ningali?
Kita nyuwun Sang Roh Suci mitulungi,
Supados kita saged nglengganani kawontenan kita lan mratobat.
Sumangga kita ndedonga

(Ening sawetawis)

Dhuh Gusti, Paduka sampun nitakaken jagad lan sadaya isinipun

Paduka ugi sampun mberkahi sadaya titah punika,
Supados kawula saged ngraosaken lan nginakaken murih
lestantuning gesang kawula,
Ananging kawula nglirwakaken kersa Paduka,
Kawula k ntir dhateng nikmating kadonyan lan mboten
preduli dhateng risaking titah.

U: **Mugi kersaan ngapunteni kalepatan kawula**

PS: Mripat kawula wuta karana napsu lan srakah
Kawula mburu mareming dhiri pribadi
Kawula ngetut dhateng ombaking jaman tanpa preduli
lingkungan

U: **Mugi kersaa ngapunteni kalepatan kawula**

PS: Kawula ngakeni menawi namung mikir dhiri pribadi lan
ndadosaken risaking lingkungan,
Kawula nyuwun pangapunten, kawula n lakaken
pamratobat supados saged ningali lingkungan ingkang
wonten ing sakiwa tengen kawula,
Mugi Paduka nyagedaken kawula ngadhahi kawicaksanan
ngolah lan mulihaken lingkungan,
Mugi Paduka kersaan myarsakaken pandonga kawula.

PS+U:

Wonten ing sih katresnan Paduka kawula nyuwun
pangapunten

U: *(Ngidungaken KPJ 45: 1, 2, 3)*

KPJ 45: 1, 2, 3 AN NG NGARSAN  GUSTI

1. An ng ngarsan  Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, an ng ngarsan  Gusti.

2. An ng ngarsan  Gusti, tansah tet la luputku.
Mung kebak lamis uripku, an ng ngarsan  Gusti.

3. An ng ngarsan  Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah, an ng ngarsan  Gusti.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Umat jumeneng)

PS: Tumrap kita ingkang ngakeni kalepatan dan n lakaken
pamratobat, namp nana pawartos sih rahmatipun Gusti:

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

“Dosa kawula lajeng kawula akeni ing ngarsa Paduka, lan kalepatan kawula mboten kawula aling-alingi, panyuwun kawula, ‘Dakngakoni panerakku ana ing ngarsané Allah.’ Paduka lajeng ngapunten piawon kawula” (Jabur 32:5).

Mekaten Pawartos sih rahmat saking Gusti.

U: **Puji syukur konjuk Gusti**

U: (Ngidungaken **KPJ 92: 1, 2, 3**)

KPJ 92: 1-3 SĚSTU AGUNG SIHÉ GUSTI

1. SĚstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.
Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja.
2. Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya
sĚstu punika ganjaran dhahat agungira.
3. Nugraha sumber kakiyatan mring manah kang lesah
mrih tan nilar kayektosan wit lubèr ing berkah.

PELADOSAN SABDA

(Umat lenggah)

PS: (Pandonga nyuwun panuntun sang Roh Suci)

Waosan Kapisan

L1: Waosan sepisan saking **1 Samuèl 16: 1-13**
Mekaten sabdanipun Gusti

Masmur Tanggapan

L2: (Maos **Masmur 23** sacara gegentosan)

Waosan Kaping kalih

L3: Waosan kapendhet saking **Éfesus 5: 8-14**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil saking Injil **Yohanes 9: 1-41**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih menika tiyang-tiyang ingkang sami mirengaken saha nggatosaken Sabdanipun Gusti. Hosiana.

U: (Ngidungaken **Hosiana** manut ungeling **KPJ 468**),
Hosiana, hosiana, hosiana

KOTBAH

“Saking Wuta Saged Ningali”

Wekdal Ening

PANGAKEN PITADOS

(Umat Jumeneng)

M3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken saha kita kekahaken malih menggah menapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)

PISUNGSUNG

(Umat Lenggah)

M4: Pasamuan ingkang kinasih,
Kita sampun nampi kathah kesaénan saking titahipun Gusti, sumangga kita ngaturaken panuwun wonten ing ngarsanipun Gusti lan nélakaken kasedyan nindakaken pakaryan ing satengahing jagad. Déné dhasar anggèn kita ngaturaken pisungsung kapendhet saking Pangandharing Torèt 16:16b-17, “Aja legéh anggonmu séba marang ngarsané Pangéran Yéhuwah, nanging saben wong uga nggawaa pisungsung sakuwaté, cundhuk karo berkah pepariné Pangéran Yéhuwah, Gusti Allahmu, marang kowé.”

U: (Ngidungaken **KPJ 172: 1, 2,3**)

KPJ 172 MANUNGSA NANEM WIJI

1. Manungsa nanem wiji taberi ngrimati,
nging tuwuh miwah suburnya Allah kang mberkahi.
Pangéran paring jawah lan sunaring surya,
temah mbiyet wohira kathah tan kinira.

Reff: Sagung kang prayogi nugrahaning Gusti.

Mila sumangga memuji kanthi trusing ati.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

- 2 Saliring kang cinipta agal wah alusa,
ardi gung miwah samodra sarta wanawasa,
datan kalirwakaken wus tamtu rinimat.
Tedha kula lumintu, mboten naté kendhat.
Reff.: ...
- 3 Atur panuwun kula konjuk mring Sang Rama
dé sampun paring nugraha sandhang miwah tedha
datan saged winical krana kathahira.
Pujia Sang Rama Mamirah wah loma.
Reff.: ...

Pandongang Pisungsung

(Umat Jumeneng)

M4: *(Nuntun ngonjukaken pandonga pisungsung saha Donga
Rama Kawula)*

KIDUNGING PANGUTUSAN

U: *(Ngidungaken KPJ 339: 1, 2)*

KPJ 339 IBA DENNYA MBINGAHAKEN

1. Iba dénnya mbingah aken, yén ing sajagad wrata,
kaadilan den agungken, binabar anéng donya.
Reff: Srana sih katresnan tulus, lah jagad dados Pirdus.
Sagung tumitah rinimat, rinoban ing sih rahmat.
2. Iba dénnya nengsemaken, yèn manungsa sabumi
marsudi tentrem - rahajeng, mbabarken sihing Gusti.
Reff.: ...

PANGUTUSAN

PS: Pangibadah sejati inggih punika nalika kita ningali
lingkungan ingkang wonten ing sakiwa tengen kita.
Samangké sami ngenerna manah panjenengan dhumateng
Gusti

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng gusti**

PS: Sami dadosa seksi-seksinipun Sang Kristus,

- U: **Kawula siyaga dados seksinipun Sang Kristus**
PS: Pinujia Gusti wonten ing sadaya pakaryan penjenengan
U: **Sapunika ngantos salaminipun**

BERKAH

PS: Tentrem rahayu lan katresnan saking Allah Rama lan Gusti Yésus Kristus mugè wontenan ing panjenengan (kita) sadaya.

Sih rahmat nyarengi penjenengan (kita) sadaya ingkang nresnani Gusti Yésus kanthi katresnan ingkang mboten naté sirna. Amin.

U: (*Ngidungaken KPJ 472 “HOSIANA! AMIN!”*)

(ld-rr)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI

Minggu Prapaskah V

Minggu, 22 Maret 2026

Katerangan:

PS.: Pelados Sabda

M: Majelis Geréja

U: Umat

L: Lèktor

**Saking Pejah
Tumuju
Gesang**



PACAWISAN

**(kajumbuhna kaliyan pakulinaning pasamuwan
piyambak-piyambak)**

- Juru piranti musik organ/piano ngungelaken lelagon ingkang mbekta pasamuwan ngraosaken ibadah ingkang badhé katindakaken.
- Pasamuwan nyipta wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos pasamuwan kawaosaken.

TIMBALAN NGIBADAH

(Umat Jumeneng)

M1: Pasamuwan ingkang kinasih, wonten ing lelampahaning gesang punika temtu kita nggadhahi ener lan tujuan ingkang langkung saé: risak dados pulih, mangu-mangu dados grengseng (*semangat*), semplah dados kebak pangajeng-ajeng lan pejah tumuju ing gesang. Nalika kita dipun aben ajengaken kaliyan alam, kita ugi mbetakaken grengseng ingkang sami. Dinten punika kita lumebet ing Minggu Prapaskah ingkang kaping V kita nélakaken pangibadah kanthi kapitadosan bilih Gusti Allah ingkang setya tansah ngrimat, nyarengi lan mulihaken gesang.

U: *(Ngidungaken **KPJ 385** – Kakidungaken kaping kalih)*

KPJ 385 SRENGÉNGÉ NYUNAR

1. Srengéngé nyunar kanthi mulya;
manuké ngocèh klawan rena;
anginé midit ana ing wit-witan;
kéwané bebungah ing pasuketan.
Kabéh padha muji Allah kang loma;
kabéh padha muji Allah kang loma.

VOTUM LAN SALAM

PF: Kita lumebet wonten ing pangibadah Minggu V Prapaskah kanthi pangaken: Pitulungan kita ingkang sejati pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi dalah sadaya isinipun, lan ingkang tansah setyo netepi prasetyan kawilujengan ingkang sampun katetepaken.

Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, saking Gusti Yésus lan Roh Suci muji nunggila ing para sadherek sadaya.

U: (*Ngidungaken **Amin, Amin, Amin***)

PAMBUKA

(*Umat Lenggah*)

M2: Saklebetipun mangsa Prapaskah, gréja netepaken wekdal siyam lan mratobat 40 dinten. Kita lumebet ing wekdal kasangsaran lan mawas dhiri, siyam, ndedonga, dhemen wèwèh, mulihaken sesambetan kaliyan sesami lan alam. Wonten ing Minggu V Prapaskah 2026 kita badhé ngraosaken carios ingkang mbereg dhateng pamratobat lan éwah-éwahan tumuju ingkang langkung saé: risak dados pulih, mangu-mangu dados grengseng, semplah dados kebak pangajeng-ajeng lan pejah tumuju ing gesang. Sedaya punika sumberipun namung karana sih kamirahanipun Gusti.

U: (*Ngidungaken **KPJ 373: 1, 2***)

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

KPJ 373: 1, 2 APA KOWÉ BISA NGÉTUNG

1. Apa kowé bisa ngétung lintang kang néng angkasa?
Mangkono uga mring mendhung dalah sakéhing méga?
Kabéh iku nut pangrèhé Pangéran kang nitahaké,
ora ana siji baé kang uwal king astané.
2. Apa kowé wruh cacahé lemud - lemud ing njaba?
Apa kowé wruh wernané iwak jroning sagara?
Kabéh iku saben dina dén ingoni Hyang Makwasa;
ora ana siji baé kang kliwatan takeré.

PENGAKEN DOSA

PS: Sumangga kita ngraos-raosaken sabdanipun Gusti saking Purwaning Dumadi 1:25-26,
“Gusti Allah yasa sato kéwan kuwi mau kabèh, sarta dipirsani wis becik. Gusti Allah nuli ngandika, “Ayo Kita padha yasa manungsa, nulad gambar lan pasemon Kita. Manungsa iku ngwasanana iwak-iwak, manuk-manuk, lan sakèhé kéwan ingon-ingon lan kéwan alasan, sing gedhé tekan sing cilik dhéwé pisan.”

Kados jejer Paskah tahun punika: Paskah Ékologis, kita kabereg tengèn lan tanggap dhateng kawontenan alam ingkang sangsaya risak. Kita mboten saged ngèndelaken kawontenan punika. Ing wekdal punika alam kadadosaken obyèk lan kakeruk sak kathah-kathahipun karena sikap serakah lan ndadosaken kawontenaning alam risak, karisakanipun sampun nguwasosaken sanget. Kita kesupèn dhateng tanggel jawab kita ngreksa sadaya titah awit kita asring langkung mentingaken dhiri pribadi. Pramila kanthi andhap asor sumangga kita nelangsani dosa kita.

U: (Ngidungaken **KPJ 49;1,2**)

KPJ 49 GUSTI KANG MAHAWILASA

1. Gusti Kang Mahawilasa, mugè paring aksama.
Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran;
nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya.
Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang
langgeng.
2. Gusti Inggang Mahatresna, mugè ngruwat kawula;
temah kula dados suci miwah nunggil lan Gusti.
Manah kang peteng wit dosa énggal pulih lejara.
Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama

PAWARTOS SIH-RAHMAT *(Umat Jumeneng)*

PS: Awit sih kamirahanipun ingkang mboten winates, Panjenenganipun kersa nampi pamratobat kita. Pamratobat ingkang katindakaken kanthi tulus dados pulihing gesang. Pramila nampènana pawartos sih rahmat saking Rum 8: 18-21, "*Sakèhing kasangsaran sing kita alami saiki, kuwi manut panemuku, ora tandhing babarpisan karo kamulyan sing bakal kawedharaké marang kita. Sakèhing tumitah padha ngarep-arep banget marang dina enggoné Gusti Allah ngumumaké para putrané. Sebab sakèhing tumitah mau wis kena ing bebenduné Gusti Allah, lan wis dadi tanpa guna, ora merga saka karepé dhéwé, nanging merga saka kersané Gusti Allah. Senajan mengkono, isih ana pengarep-arep: Awit ing sawijining dina para tumitah bakal kaluwaran saka enggoné kawengku ing rusak, lan bakal dimerdikakaké lan dimulyakaké bebarengan karo para putrané Gusti Allah.*"

Mekaten pawartos sih rahmat saking Gusti
U: **Puji syukur konjuk Gusti**

*(Pasamuwan sami mratélakaken "Salam Tentrem Rahayu"
kanthi salaman)*

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

U: (*Ngidungaken* **KPJ 194: 1, 2**)
KPJ 194:1, 2 KITAB SUCI KANG ADI

1. Kitab suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
éndah saklangkung éndah nugraha saking Allah,
nugraha saking Allah.
2. Lembar sabda Paduka nuntun gesang kawula
dadya pedhang menjila tamèng saking bebaya,
tamèng saking bebaya.

PELADOSAN SABDA (*Umat lenggah*)
PS: (*Pandongan nyuwun panuntun sang Roh Suci*)

Waosan Kapisan

L1: Waosan sepisan saking **Yéhèzkièl 37: 1-14**
Mekaten sabdanipun Gusti

Masmur Tanggapan Mazmur 130: 1-8

L2: (*Maos **Mamur 130:1-14** sacara gegentosan*)

Waosan Kaping kalih

L3: Waosan kapendhet saking **Roma 8: 6-11**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil saking Injil **Yohanes 11: 1-45**
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih menika tiyang-tiyang ingkang sami mirengaken
saha nggatosaken Sabdanipun Gusti. Hosiana.

U: (*Ngidungaken **Hosiana** manut ungeling **KPJ 468***),
Hosiana, hosiana, hosiana.

KOTBAH

“Saking Pejah Tumuju Gesang”

Wekdal Ening

PANGAKEN PITADOS (Umat Jumeneng)

M3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken saha kita kekahaken malih menggah menapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)

PANDONGA SYAFAAT (Umat Lenggah)

PS: (Ngaturaken pandonga syafaat)

PISUNGSUNG

M4: Kita badhé ngaturaken pisungsung minangka wujud ing atur panuwun. Déné dhasar anggèn kita ngaturaken panuwun kapendhet saking Jabur 65: 12-14 ingkang mekaten,

“Sabèn taun Paduka ganjar panèn ingkang saé. Panggènan ingkang Paduka rawuhi ngalami kalubèran. Siti-siti ing ara-ara samun kebak peparanthan ménda, ing pèrènganipun kepireng swara surak-surak. Sakathahing panggènan kebak ménda gèmbèl lan ménda bérok, lebak-lebak sami ketutupan ing gandum. Sedaya wradin sami bingah giyak-giyak kanthi memuji.”

U: (Ngidungaken **KPJ 170: 1, 2, 3**)

KPJ 170:1, 2,3 LUBÈRING BERKAH ING GUSTI

1. Lubèring berkah ing Gusti, yéku prajanji suci; urip mulya anèng swarga, pinaringken Sang Putra
Reff: Berkahing Gusti, iku dakanti-anti,
sayogya tansah tinampi klayan tulus ing ati.
2. Lubèring berkah sing Gusti, dadya seger uripku; saka gunung miwah lembah, lir grojogan keprungu,
Reff: ...
3. Lubèring berkah sing Gusti, iku dak sesuwun;
“Aparinga lubèr agung, maring umat sadarum!”
Reff: ...

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Pandong a Pisung sung *(Umat Jumeneng)*
M4: *(Ngunjukaken Pandonga pisung sung lan panutup, sarta
Donga Rama Kawula)*

KIDUNG PENGUTUSAN

U: *(Ngidungaken **KPJ 439; 1, 2**)*
KPJ 439:1, 2 ING JAGAD KANG PETENG

1. Ing jagad kang peteng krana dosa
kathah tyang kang nggresula
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.
Reff: Sumangga, Gusti, ngagem kawula,
mrih ngènetna para kanca
sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah
2. Angundhangna sih rahmaté Gusti
kanthi setya nglampahi;
margining luwar saking sangsara,
temah samya raharja.
Reff: ...

PANGUTUSAN

PS: Tetepa setya supados gesang penjenengan kapulihaken,
enerna manah panjenengan dhumateng Gusti.
U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti**
PS: Dadosa seksining Sang Kristus
U: **Kawula sumadya dados seksining Sang Kristus.**
PS: Pinujia Allah kita.
U: **Samangké lan ing salami-laminipun.**
PS: Wangsula kanthi suka bingah, ènetana Sabdanipun Gusti,
bilih Gusti Allah karsa ngrawuhi kita. Lampahana gesang
punika kanthi atur panuwun lan tansaha setya nindakaken
timbangnipun Gusti kanggé mujudaken pakaryan ingkang
mulihaken sadaya titah, murih sadaya titah kebak

pangajeng-ajeng lan ngraosaken kabingahan. Gusti nyarengi lampah penjenengan kanthi berhipun.

BERKAH

PS: Nampénana berkahipun Gusti:

Gusti Allah mberkahi panjenengan (kita) lan ngayomi panjenengan (kita). Gusti Allah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih rahmat. Gusti Allah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi tentrem rahayu. Amin.

U: (*Ngidungaken KPJ 472 “HOSIANA! AMIN!”*)

(sil-rr)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI

Minggu Prapaskah 6

Minggu; 29 Maret 2026

Katrangan:

PS.: Pelados Sabda

PL: Pelados Liturgi

M: Majelis Geréja

U: Umat

L: Lèktor

**Jagat Raya
Nandhang
Prihatos**



Pacawisan

- *Ungeling lelagon pepujèn*
- *pamaosing pokok-pokok pawarta pasamuwan*
- *umat ngeningaken manah*
- *arak-arakan sadèrèngipun pangibadah miturut adat saben pasamuwan ing ngriki*

TIMBALAN PANGIBADAH

(lenggah)

PL: Dinten punika kita sami mèngeti tindakipun Gusti Yésus dhateng Yérusalèm. Cariyos ing Matéus 21:7-9 mekaten: Kuldiné karo beloné digawa, banjur dilarabi sandhangané. Gusti tumuli nitih. Wong-wong kang gunggungé akèh banget iku padha njèrèng panganggoné ana ing dalan, ana manèh kang padha mecoki pang-panging wit-witan, padha disebar ana ing dalan. Lan wong akèh kang padha lumaku ana ing ngarsané Gusti Yésus lan kang lumaku ana ing sawingkingé padha nguwuh-uwuh pangucapé:

U: **“Hosana / konjuk ing Putranipun Prabu Dawud, / binerkahana ingkang rawuh / awit saking Asmaning Pangéran. / Hosana wonten ing ngaluhur.”**

PL: Mangga kita mahargya rawhipun sinambi ngresepi lelampahan ingkang milujengaken kita, kados kapratéla ing Kitab Nabi Zakaria 9:9. Hé putri Sion, surak-suraka kang sora;

U: **hé putri Yérusalèm, giyak-giyaka!**

PL: Lah ratunira ngrawuhi sira; Panjenengané iku adil sarta unggul,

U: **lembah panggalihé, / nitih kuldi, / belo anaking kuldi momotan.**

- *umat jumeneng lan ngrepèkaken KPJ 33:1-4 sinambi ngayun-ayunaken ron palem*

KPJ 33. SWAWI TA KANCA KULA

Do=D 3/4

- 1) Swawi ta kanca kula sami memuji Allah ing dinten puniki; kula dipun paringi bingah linuwih, bingah linuwih
- 2) Asurak-surak, kanca, sami asuka-suka; manganggé kang saé, sampun kirang sekaré kang éndah-éndah, kang éndah-éndah
- 3) Swawi anglembana Allah Kang Mawilasa; sanadyan Ma-agung, karsa miyarsakaken pamuji kula, pamuji kula
- 4) Anggunggung kawlasané tuwin kamirahané; punika etuké sakèhing peparingé, lan bingah kula, lan bingah kula

- *Para Pelados Pangibadah lumebet ing papan pangibadah*

Votum

(jumeneng)

PS: Pitulungan kita ingkang sejati ingih punika saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi dalah saisnipun, lan ingkang tansah maringaken sih-susetyanipun ngantos ing salami-laminipun. Amin.

U: [ngidungaken] **Amin! Amin! Amin!**

Salam

PS: Salam tentrem rahayu tumraha ing para sedhèrèk sedaya. Gusti Yésus wonten ing panjenengan.

U: **Lan wonten ing panjenengan ugi!**

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Pambuka

(*lenggah*)

PL: Para sedhèrèk, dinten punika kita sami mèngeti lelampahan sugeng lan pakarnipun Gusti Yésus ing Minggu Palmarum lan Minggu Sengsara. Lelampahan cacah kalih punika saged dipun tingali sami déné wonten sesambetanipun temah saged nyatunggil. Minggu Palmarum ngundhangaken grengsenging kabingahan ing salebeting mahargya Gusti Yésus ingkang lumebet ing kitha Yérusalèm. Ing liturgi punika kita raos-raosaken srana ngginakaken ron palem ingkang kaayun-ayunaken, Minggu Sengsara, ngémutaken bilih ing minggu-minggu salajengipun kasangsaran tuwin kasangsaran wiwit dipun alami déning Gusti Yésus, ngantos pungkasanipun dumugi ing sédanipun inggih ing kajeng salib. Sedaya punika kalampahan awit kasetyanipun Gusti dhumateng ingkang Rama. Sumangga kita resep: Gusti Yésus sampun paring patuladhan ing kasetyan, kados pundi tumraping kita?

▪ *umat ngrepèkaken kidung KPJ 231:1-3*

KPJ 231. KADOSPUNDI, DHUH GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat,
methukken klayan puji mring Ratuning jagad
Mugi Gusti madhangi lantaran Roh Suci
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.
- 2) Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma,
tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan,
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.
- 3) Punapa kang njalari, dhuh Ratu kang mulya,
Paduka rawuh mriki, karsa nandhang papa,
Inggih piwlas Paduka saha palimirma,
lan katresnan Paduka dhateng tiyang dosa.

Pengakening Dosa

PL: Mboten sedaya ingkang sami mahargya punika setya. Nalika Gusti Yésus karangkèt lan dipun adili, tiyang-tiyang punika sami malik grémbyang lan nguwuh, “Barabas kaluwarna, Kasaliba Yésus.” Punapa kados mekaten ugi kasetyan kita? Dinten punika kita memuji Panjenenganipun, lan dinten sanèsipun kita lampah cidra dhateng Panjenenganipun. Sumangga kita titi gesang kita. Punapa kita sampun setya dhumateng Panjenenganipun?

- *umat niti gesangipun ingkang mboten setya dhumateng Gusti, kairing instrumèn musik (lelagon tanpa nyanyian) lirik;*
- *Pelados Sabda ndedonga*
- *umat ngrepèkaken KPJ 44:1-2*

KPJ 44. AKU WONG KANG DOSA

Do=D 3/4

- 1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti, temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci.
Reff.: Sang Kristus Gusti, Penebus yekti.
Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

- 2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka ingkang saged ngluwari kawula saking dosa.
Reff.: ...

Pawartosing Sih Rahmat (jumeneng)

PL: Mangka sanyatané lelara kita kang disanggi lan kasangsaran kita kang dirembat, éwasamono kita padha ngira Panjenengaé iku kena ing ipat-ipat, kagebag tuwin katindhès déning Gusti Allah. Mangka Panjenengané iku sinudukan marga saka anggon kita padha mbaléla, Panjenengané karemuk marga saka piala kita; ganjaran paukuman kang nekakaké karahayon tumrap kita iku kadhawahaké ing Panjenengané, sarta marga saka bilur-biluré kita banjur padha dadi waras. (Yés. 53:4-5).
Mekaten pawartosing sih Rahmat saking Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Salam Tentrem Rahayu

PL: Sumangga kita tanggapi sih rahmat pangapuntening dosa saking Gusti kanthi gesang ingkang sami déné apunten- ingapunteni. Salam tentrem rahayu. Gusti nunggil ing kita sami.

- *umat sami déné sesalaman kanthi ngucap: “Salam tentrem rahayu”*
- *pasamuwan ngrepèkaken KPJ 69:1, 2*
KPJ 69. ALLAH MAHAKWASA JUMENENG PAMARTA

Do=Bes 4/4

- 1) Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta,
sèstu gung tresnanya, angruwat dosa.
Salir tyang pracaya lamun tansah setya
luwar sing antaka, mlebet mring swarga.
Reff. : Sung sembah puja konjuk Sang Rama,
kang paring nugraha tentrem raharja.
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,
kang sampun nyawisi kamulyan swargi.

- 2) Rama Mahamirah ngrentahken gung berkah
tyang nandhang sangsara manggih waluya
Saliring pra umat tan kendhat rinimat.
srana peparingnya, nadyan prasaja.
Reff. :

PELADOSANING SABDA

(lenggah)

- a. Pandonga Peladosaning Sabda (déning PS)
- b. Pamaosing Kitab Suci

L1: (Léktor maos Waosan I: **Yésaya 50:4-9a**) “Mekaten sabdanipun Gusti”

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

L2: Léktor maosaken/ngidungaken Masmur Tanggapan:
Masmur 31:9-16

L3: (Léktor maos waosan II: **Filipi 2:5-11**) “Mekaten sabdanipun Gusti”

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

PS: (Maos waosan Injil: **Matéus 27:11-54**) Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu saben tiyang ingkang mirengaken lan nggatosaken Pangandikanipun Gusti ing gesang saben dintenipun. Hosiana!

U: (*ngidungaken*) **Hosiana, hosiana, hosiana!**

c. Khotbah: **Jagat Raya Nandhang Prihatos**

d. Wekdal Ening

Pengakening Pitados Rasuli (*jumeneng*)

M: Sumangga kita sesarengan kaliyan sedaya umatipun Gusti ing mangsa kapengker, sapunika lan ing mangsa ingkang badhé dhateng, kanthi ngèngeti sih katresnanipun Allah Rama, Putra lan Roh Suci, kita télakaken iman kita miturut Pengakening Iman Rasuli...

Pandongga Syafaat (*lenggah*)

PS: (Kaladosaken déning Pelados Sabda, lan saged kapungkasan sesarengan ngrepèkaken kidung ”Rama Kawula”

PISUNGSUNG

M: Sumangga kita wujudaken pratélaning sokur kita lumantar atur pisungsung. Pangandika ingkang nalesi pisungsung punika, kapethik saking Masmur 116:12-14 “Kang dagawé piwales apa marang Sang Yéhuwah, tumrap ing sakèhé sih-kadarmané marang aku? Aku arep njunjung tuwunging pangentasan lan arep nyebut asmaning Pangéran Yéhuwah, arep ngluwaré kaulku marang Sang Yéhuwah ana ing ngarepé umat kabèh.”

▪ *Umat ngidung KPJ 156:1-2*

KPJ 156. ALON SANG SURYA GUMIWANG

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Do=C 3/4

- 1) Alon sang surya gumiwang, candhik-ayu memayu.
Kita antuk pangasoan kanthi tentrem rahayu.
Reff.: Tilingna swara manis ing gentha
pandonge sokur padha aturna.
Hé, gentha, ngumandhanga
dadya sanguning néndra.

 - 2) Sang ratri nglimputi bumi abyor cahyèng kartika
nelahi nyunarken asma Pamarta Gusti kita.
Reff.:
- *Umat jumeneng*
 - *Majelis Geréja ngunjukaken donga pisungsong*

PANGUTUSAN

PS.: Minggu Palmarum lan Minggu Sangsara nyathet
cancutipun para titah sedaya ing pakaryan
kawilujenganipun Sang Kristus. Sumangga kita
pratélakaken sokur kita awit kawilujengan punika lan ugi
kanggé sarana njagi Kawilujenganing jagat raya.

U: (*ngrepekaken* **KPJ 113: 1-3**)

KPJ 113. GUSTI YÉsus SANG PAMARTA

Do=G 3/4

- 1) Gusti Yésus Sang Pamarta, kula ndhèrèk Paduka,
manggul salib ing salaminya klayan bingahing driya.
Kula Paduka kiyatken, sageda tahan sisah
sampun ngantos kemuriten, sampun cuwa ing manah.

- 2) Nadyan tinar ing mitra, sinengitan nèng donya,
kula manteb ing pracaya, ndhèrèk Gusti slaminya.
Lamun Gusti ingkang nganthi, kabegjan kang pinanggya.
Lamun Gusti kang ngasihi, mokal yèn ta cilaka.

- 3) Karibedan lan sangsara krana ndhèrèk Paduka,
ngiyatken tékating manah, nggayuh Kratoning Allah.

Datan geter datan wedi neksèni Injil suci,
mrih gesang langgeng katampi, wit tinunggil ing Gusti.

- PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti,
U: **kawula ngeneraken manah supados sageda dados abdi ingkang setya.**
- PS: Dadosa seksining Sang Kristus.,
U: **kawula sami sumadya ngundhangaken injil, bilih prasetyanipun mesthi tansah jinangkepan.**
- PS: Pinujia Gusti,
U: **lumantar gesang kita sedaya, ing ngriki, samangké dumugi ing salaminya.**
- P: Tampènana berkahipun Gusti: “Gusti Allah mberkahi panjenengan (kita) lan ngayomi panjenengan (kita). Gusti Allah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih rahmat. Gusti Allah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi tentrem rahayu. Amin.”
- U: **Hosiana (5x) Amin (3x)**

(menawi saged, ron palem kasimpen kadadosaken awu kanggé Dinten Rabu Abu tahun ngajeng)



(asp-ip)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI

Kemis Pethak

Kemis, 2 April 2026

Cathetan :

PS: Palados Sabda
P: Pradataning Pasamuwan
U: Umat
L: Lèktor

**Ngrawat
Katresnan:
Sami-sami
Perduli**



PACAWISAN
**(saget katata kados padatan ing gréjanipun
piyambak-piyambak)**

- Supados langkung saé, prayogi menawi lampu dipun urubaken remeng-remeng, satemah pasamuwan saget ngunderaken pandelengipun dhateng Cahyaning Salib.
- Organis/pianis ngugelaken lelagon supados pasamuwan saget ngraosaken pangibadah ingkang badhé lumampah.
- Pasamuwan sami lumebet ing wekdal tidhem kanggé cumawis dhiri.

(Pasamuwan lenggah)

P1: Kemis Pethak wengi kang teles
Tètèsaning luh kang tumètès
Panjenengané pirsá wektuné kanggo sumèlèh
Ning ora sathithik-thithika Panjenengané gorèh

Saben papan dipirsani
Katresnané kang setya ngédab-édabi
Sakabèhing manah kang lungkrah
Karawat déning Panjenengané tanpa sayah

U: *(Ngrepèkaken KPJ 250 : 1,3,4)*

KPJ 250 ANÈNG SALIB PADUKA

- 1) Anèng salib Paduka, pangayom kawula,
toyaning gesang mulya ing ardi Golgota.
Reff: Salibnya, salibnya, kamulyan kawula
ngantos mbénjing nampèni palereman baka.
- 2) Anèng salib Paduka, katresnan kababar;
inggih namung Paduka pindha lintang fajar.
Reff: ..
- 4) Anèng salib Paduka, pitados kawula;
dumugi wancinira bingah aneng swarga.
Reff: ...

P1: Ngrawat katresnan pancén sisah
Mboten namung ngluluhaken manah
Mboten namung nampi perkawis ingkang salaminipun
mboten éndah
Mbetahaken andhap asor kanggé silih asah lan silih asih

U: (*Ngrepèkaken KPJ 272 :1-2*)

KPJ 272 : 1,2 SIHÉ ALLAH MARING JAGAD

- 1) Sihé Allah maring jagad, ngantos nyrahken kang Putra.
mring campah lan kawirangan drapon jagad slameta.
Duk taksih samya duraka, kula sinungan welas.
Séda Putraning Allah anebus kula sing nraka
Allah asih; manungsa lan mlaékat mujia!
- 2) Yéku kang ngéramaken, tanpa tandhing tur mirah.
Tyang dosa karukunaken manjing putraning Allah.
Nadyanagetun dé apes lan risaking tyas kula,
sihé Rama kang setya nulungi lan mirma ageng.
Allah asih; manungsa lan mlaékat, mujia!

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

- P2: Kemis dalu kala semanten, Gusti Yésus ngraosaken manéka warni raos ingkang lebet sanget. Panjenenganipun pirsá menawi wekdalipun sampun dumugi. Panjenenganipun tetep rawuh sawetahipun, nedahaken katresnanipun, ngrawat katresnan kanthi andhap asoring manah lan kaperdulèn.
Katresnanipun ingkang tulus mawujud ing tumindak ingkang nentremaken sukma. Nadyan manah taksih ngangah-angah, namung Panjenenganipun rawuh sawetahipun, kanthi kebaking katresnan, Panjenenganipun ngladosi para sekabat. Ing dalu punika, menawi Panjenenganipun mundhut pirsá “Apa kowé padha ngreti tegesé panggawéKu marang kowé?”
Punapa panjenengan ngraosaken katresnanipun ingkang rumasuk ing sukma? Punapa panjenengan sami mireng timbalanipun ingkang tansah mbereg supados sami purun andum pakaryan katresnanipun kanggé sesami?

----- **Swasana Tidhem** -----

- P2: Padha mrénéa lan rumaketa, wenganana atimu kanggo ngrasakaké katresnan lan tulusing Ati-Ku

----- **Pasamuwan Ndedonga Satata Pribadi** -----

- U: (Ngrepèkaken **KPJ 37**, dipun ambali kaping tiga)
KPJ 37 KAMULYAKNA, HÉ, JIWAKU

Kamulyakna, hé jiwaku.
Mulyakna Gusti Allah Juruslametku.
Kamulyakna, kamulyakna;
mulyakna Gusti, hé jiwaku

**(Utawi saget saking Nyanyian Rohani “Jiwaku
haus akan kasih-Mu”)**

<https://www.youtube.com/watch?v=Sv8ke8gecDg>

Jiwaku haus haus akan kasih-Mu
Jiwaku rindu rindu akan cinta-Mu
Siramilah taman hatiku yang kering ini
Agar cinta-Mu bersemi di hatiku

Jiwaku haus haus akan kasih-Mu
Jiwaku rindu rindu akan cinta-Mu
Siramilah taman hatiku yang kering ini
Agar cinta-Mu bersemi di hatiku

Oh Yesus kekasihku hanyalah Kau
Nama-Mu kan kuukir di hatiku
Seumur hidupku hanya bagi-Mu Yesus
Ku mau setia setia selamanya

Oh Yesus kekasihku hanyalah Kau
Nama-Mu kan kuukir di hatiku
Seumur hidupku hanya bagi-Mu Yesus
Ku mau setia setia selamanya

PS: Para sedhèrèk ingkang kinasih, saben kita ingkang nggadhahi raos kangen kanggé ngrawat katresnan, sumangga kita tampi pangandikanipun Gusti ing Jabur 103:8-13 “Pangéran Yéhuwah iku ambek welasan lan ambek asih, gedhé sabaré lan lubér sih-susetyané; ora tansah ndedukani, anggoné duka ora ing salawasé, kang katandukaké marang kita ora timbang karo dosa kita, anggoné paring piwales marang kita ora ing sabototé kaluputan kita, nanging sapira dhuwuré langit ngungkuli bumi, iya samono gedhené sih-kadarmané tumrap para kang ngabekti marang Panjenengané; sapira dohé wétan saka ing kulon, iya samono anggoné nebihaké panerak kita saka ing kita. Kayadéné bapa anggoné duwé piwelas marang anak-anaké, iya kaya mangkono Yéhuwah anggoné paring piwelas marang para wong kang ngabekti marang Panjenengané.”

U: **Pinujia Gusti!**

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

U: (*Ngrepèkaken **KPJ 254 : 1,2***)
KPJ 254 GUSTI NÈNG TAMAN GÈTSEMANÉ

- 1) Gusti nèng taman Gètsémané nampi siksa miwah bebendu,
nglawan pagiris ing pati, krana gunging dosaku.
Reff: Yogya nggonku nanggapi sihrahmaté Gusti,
yekti amung sawiji, pracaya lan bekti.
- 2) Gusti Yésus siniya-siya, ginebagan sarta sinapu,
saèstu nandhang sangsara, krana gunging dosaku.
Reff: ...

PELADOSAN PANGANDIKA

PS: (*Donga Èpiklése*)

Waosan Sepisan

L1: Waosan sepisan kapendhet saking **Pangentasan 12:1-14**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Jabur Tanggepan

L2: Sumangga kita sami nanggapi Sabda kanthi maos Jabur
116:1-2, 12-19 kanthi sesautan (utawi dipunwaos
kadosdéné maos geguritan)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **I Korinta 11:23-26**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti!**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Yokanan 13:1-17, 31b-35**
Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika ingkang sami mirengaken pangandikanipun
Gusti lan ngraosaken saha nindakaken kanthi setya ing
gesang saben dintenipun. HOSIANA.

U: (*Ngrepèkaken **HOSIANA***)

$\overline{5} \ \overline{5} \ | \ 1 \ 1 \ . \ \overline{1} \ \overline{7} \ | \ \overline{6} \ \overline{6} \ . \ \overline{6} \ 1 \ | \ \overline{7} \ \overline{7} \ . \ \overline{6} \ \overline{7} \ | \ \overline{6} \ \overline{5} \ .$
Hosi - a-na, hosi - a-na, hosi - a-na, hosi - a-na,
 $\overline{5} \ \overline{5} \ | \ 1 \ 1 \ . \ \overline{1} \ \overline{7} \ | \ \overline{6} \ \overline{6} \ . \ \overline{6} \ 1 \ | \ \overline{7} \ \overline{7} \ . \ \overline{6} \ \overline{7} \ | \ 1 \ 1 \ . \ ||$
hosi - a-na, hosi - a-na, hosi - a-na, hosi - a-na.

Khotbah “Ngrawat Katresnan: Sami-sami Perduli”

Wekdal ening

PROSÈSI MIJIKI SUKU

PS: “Gusti Yésus banjur jumeneng sarta lukar pangageman lan mundhut lawon banjur diubetaké ing sarirané, tumuli ngesok banyu ing pawisuhan, sarta wiwit ngwijiki sikilé para sakabaté lan kausapan kalawan lawon kang kaubetaké ing sarirané mau.” (Yokanan 13:4-5)

“Sawusé Gusti Yésus ngwijiki sikilé para sakabat mau, banjur ngrasuk pangagemané manèh lan wangsul lenggah sarta ngandika: “Apa kowé padha ngreti tegesé panggawéKu marang kowé iku mau? Kowé padha nyebut Aku Guru lan Gusti, lan panyebutmu iku wus bener, awit Aku iki pancèn Guru lan Gusti. Dadi manawa Aku iki kang dadi Gusti lan Gurumu wus ngwisuhi sikilmu, dadi kowé iya padha kuwajiban wisuh-winisuhan sikil..” (Yokanan 13:12-14)

Gusti Yésus paring patuladhan kanggé kita sedaya supados kita ngrawat katresnan kanthi gesang sami-sami perduli. Sumangga, kita sumadya nyawisaken dhiri kita kanggé mijiki sesama kita, dados tandha sumadya kita kanggé nresnani lan perduli dhumateng tiyang-tiyang ingkang sampun kapapanaken déning Gusti wonten ing sakiwa tengen kita.

*(Prosési mijiki suku kairingan instrumen utawi lelalagon saking **KPJ 36**)*

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

- *Pelados Sabda mijiki sukunipun pradataning pasamuwan, kalajengaken pradataning pasamuwan mijiki sukunipun pasamuwan, lan pasamuwan ugi sami mijiki sukunipun pasamuwan sanèsipun ngantos rampung.*

(Saksampunipun prosési mijiki suku rampung, pasamuwan sami ngrepèkaken **KPJ 36** dipun ambali kaping tiga)

KPJ 36 GUSTI KANG MAWELAS

Gusti Kang Mawelas,
mugi angèneti kula;
Gusti Kang Maasih,
mugi amelasi kula.

Pangaken Pitados

(Jumeneng)

P3: Sumangga kita sami nélakaken pangaken lan neguhaken malih punapa ingkang kita pitadosi, kanthi sesarengan kita ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli kanthi ngrepèkaken Kidung Pasamuwan Jawi 122 : 1-4 “Kula Pitados”.

U: (Sesarengan ngrepèkaken **KPJ 122 : 1-4**)

KPJ 122 KULA PITADOS

- 1) Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa;
ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus
Kang Putra ontang - anting lan kesasih,
Gusti Pamarta kula.
- 2) Kang sampun kabobotaken sing kwané Roh Suci;
miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit
kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupatya:
sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka
- 3) Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah
dhateng suwarga, apinarak nèng tengenipun Allah

Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh.
angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.

- 4) Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun
pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum.
Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa,
tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

Pandongga Syafaat

(lenggah)

PS: (*Ngunjukaken pandonga syafaat*)

PISUNGSUNG

P4: Sumangga kita sami nélakaken raos sokur kita dhumateng
Gusti kanthi ngèneti pangandikanipun Gusti ingkang
kaserat wonten ing **ITésalonika 5:18**, “Padha ngunjukna
panuwun ing sabarang kang tinemu, awit iku kang
dikarsakaké déning Gusti Allah ana ing Sang Kristus Yésus
tumrap kowé”

U: (*Ngrepèkaken **KPJ 181 : 1-3***)

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sihrahmat Paduka;
datan kendhat angasihi. cihnaning kawlasanta.
Sokur paring ing pakaryan, nadyan badamba ringkih;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni
sokur méga ngantariksa, miwah surya ndadari.
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samnya sinihan;
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Donga Pisungsung (jumeneng)

P4: (mimpin donga pisungsung, pungkasaning pangibadah,
lan Donga Rama Kawula)

Kidung Pangutusan (jumeneng)

U: (Ngrepèkaken **KPJ 339 : 1,3,4**)

KPJ 339 IBA DÈNNYA MBINGAHAKEN

- 1) Iba dènnya mbingahaken, yèn ing sajadag wrata,
kaadilan dèn agungken, binabar anèng donya.
Reff: Srana sih katresnan tulus, lah jagad dados Pirdus.
Sagung tumitah rinimat, rinoban ing sih rahmat.

- 3) Iba dahat éndahira, pra titah tetunggilan,
tunggil sedyà sékapraya, rumaket trus ing driya.
Reff: ...

- 4) Mila kula datang wigih, gya gumregut makarya,
tumandang sepi ing pamrih, mung ayuning bawana,
Reff: ...

PANGUTUSAN LAN BERKAH (jumeneng)

PS: Enerna manah panjanengan dhumateng jagad!

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng jagad.**

PS: Dadosa sekabat kanggé sesami!

U: **Kawula sumadya dados seksinipun Sang Kristus.**

PS: Pinujia Allah – Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci!

U: **Inkang mboten naté misahaken kawula saking katresnanipun, samangké lan salaminipun.**

PS: Gesanga ing salebeting katresnanipun, lan tampènana berkahipun : Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah dhumateng panjenengan (kita), lan ngayomana dhumateng panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané dhumateng panjenengan (kita), lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah muga

karsaa nungkulaké wadanané dhumateng panjenengan
(kita), lan maringana tentrem rahayu. Amin.

U: (Ngrepèkaken “**HOSIANA! AMIN!**“)

do = d 4 ketuk

1 . 2̣ 3 5 | 6 . 7̣ i 7' | i . 7̣ 6 5 |
Ho si a na, Ho si a na, Ho si a na

5 . 1̣ 2̣3 4 | 3 . 5̣ i 5' | 6 . 5 . | 4 . 3 . | 2 . 1̣ . ||
Ho si a na, Ho si a na! A - min, a - min, a - min!

(es-yfkl)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI

Jumuwah Adi

Jumat, 3 April 2026

Cathetan:

PS.: Pelados Sabda

P: Pradhata

U: Umat

L: Lèktor

**“Salib:
Dalaning
Pepesthèn
Katresnané
Allah”**



PACAWISAN

**(saget katata kados padatan ing gréjanipun
piyambak-piyambak)**

- Organis/pianis ngugelaken lelagon supados pasamuwan saget ngraosaken pangibadah ingkang badhé lumampah.
- Pasamuwan sami lumebet ing wekdal tidhem kanggé cumawis dhiri.
- Pawartos pasamuwan kawaosaken.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

P1: Para sedhèrèk ingkang kinasih ing Sang Kristus, dinten punika kita sami tetunggilan ing saletebing swasana ening Jumuwah Adi, kanggé ngraos-raosaken lan nggegilut maknaning ingkang lebet saking kasangsaran lan sédanipun Gusti kita Yésus Kristus. Panjenenganipun, ingkang mboten kagungan dosa, sampun karsa ngrembat dosaning sedaya jagad, lan lumantar salibipun, sihipun Allah kapratélakaken kanthi sampurna – kanggé manungsa, kanggé sesami, lan kanggé sedaya titah. Sumangga, kita lumebet ing pangibadah punika kanthi manah ingkang sumèlèh, awit ing papan punika sihipun Allah nggepok tatuning jagad ingkang lebet piyambak.

U: *(Ngrepèkaken KPJ 278:1-2)*

KPJ 278:1-2 WONTEN DHARAH SUCI MANCUR

- 1) Wonten dharah suci mancur nèng ardi Golgota,
nggih rahipun Gusti Yésus kang ngicalken dosa.
Kang ngicalken dosa, kang ngicalken dosa.
Nggih rahipun Gusti Yésus kang ngicalken dosa.
- 2) Tyang durjana kang sinalib angsal pangapura,
wit tinebus rahé Gusti, ndhèrèk mlebet swarga.
Ndhèrèk mlebet swarga, ndhèrèk mlebet swarga.
Wit tinebus rahé Gusti, ndherek mlebet swarga.

VOTUM

PS: Kita lumebet ing pangibadah punika kanthi pangaken:
Pitulungan kita ingkang sejatos inggih Gusti ingkang
nitahaken langit, bumi, lan sedaya isinipun, lan ingkang
setya tuhu jangkepi prasetya kawilujengan ingkang
sampun kapratélakaken déning Panjenenganipun.

U: (*Ngrepèkaken Amin, Amin, Amin*)

4/4 do = C

5 7 1 . | 5 7 1 . | 5 4 3 . ||

A - min A - min A - min

SALAM

PS: Sih lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking
Gusti Yésus Kristus nunggil ing panjenengan (kita) sedaya.

U: **Nunggil ing panjenengan ugi.**

PAMBUKA

(*lenggah*)

P2: Para sedhèrèk, Jumuwah Adi dados wekdal kanggé kita
mèndel sakwetawis saking gumebyaring jagad, kita sami
mandeng salib lan ngraosaken:

Bilih katresnanipun Allah mboten rawuh ing salebeting
panguwaos, nanging ing tatu lan rah. Bilih pangajeng-
pajeng mboten dumugi saking kakiyatan, nanging saking
karingkahan.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Dinten punika, sumangga kita raosaken:
Punapa maknaning salib kanggé jagad ingkang tatu –
kanggé sesami, kanggé jagad ingkang tatu, lan kanggé
manah kita piyambak?

U: (*Ngrepèkaken KPJ 270 : 1-3*)

KPJ 270 SANG KRISTUS SINANGSARA

- 1) Sang Kristus sinangsara sinandhangan wirang
Rikinarya makutha, pinoyok tyang kathah.
Rinangkèt lir durjana, ci nampah siniya.
Dhuh Allah, punapaa tan ngéman kang Putra?
- 2) Wit aku uga Gusti ginitik winirang.
Ngagem makutha eri lan singep poyokan.
Wit aku gawé dosa, tinaton sliranya.
Sinungkawan ing driya lir tingalan nistha
- 3) Dhuh Yésus kang ingajep pra luhur wit kina.
Mugi kula sadaya émuta slaminya.
Sangsara lan kwirangan ageman Paduka,
nyawisi kedrajanan kula tiyang nistha.

PANGAKUAN DOSA

PS: Sumangga kita sowan ing ngarsanipun Gusti kanthi manah
ingkang rempu, lan manah ingkang jujur. Kita ngaken:
bilih kita sampun tumindak dosa, kita sampun damel
tatuning sesami, kita ngregeti jagad, lan mboten
midhangetaken swantenipun Allah. Kita nyakiti
manahipun tiyang ingkang kita tresnani, lan kita ugi
mboten saged njagi jagad raya ingkang dipunpitadosaken
dhateng kita. Kawula nglenggana nyuwun panganpunten
dhuh Gusti. Mugi Paduka ngluwari kawula saking
momotaning dosa, supados kawula saget lumampah ing
katresnan lan kaadilan Paduka.

U: (*Ngrepèkaken KPJ 265 : 1-3*)

KPJ 265 NÈNG PUCAK ARDI

- 1) Nèng pucak ardi dunungé, Golgota arané;
ing kono, ilining kali sung rentrem ing ati.
Reff: Samana Gusti pinaku, wit nebus dosaku.
Mula payo sowan nulya, sujud ing ngarsanya.
- 2) Iba prihatining Gusti ing Golgota ardi;
pinoyokan, sinangsara, tinaton sliranya.
Reff:
- 3) Manungsa datan kuwagang nebus dosanira.
Mlaékat uga tan wenang, mung Gusti pribadya.
Reff:

PAWARTOS SIH RAHMAT

(jumeneng)

PS: Sami tampia sih rahmatipun Gusti saking I Yokanan 1:9:
*“Manawa kita padha ngakoni dosa kita, Panjenengané
iku setya tuhu lan adil, temah bakal ngapura sakéhing
dosa kita, sarta ngresiki sakéhing piala kita”.*

Mekaten sih rahmat saking Gusti

U: **Puji sokur konjuk Allah.**

U: (Ngrepèkaken **KPJ 256 : 1,4,5**)

KPJ 256 GUSTI SINALIB ING GOLGOTA

- 1) Gusti sinalib ing Golgota ngrembat dosaning para jalma,
srana rah kang suci sampurna. Puji asmanya!
Reff: Swawi muji asmanya! swawi muji asmanya!
Srana rahé, kita tinebus. Puji asmanya!
- 3) Rahé dadya tukung uripku, kang wus ngrembat sagung
dosaku.
Kita rineksa kanthi setya. Puji asmanya!
Reff:
- 4) Gya samya marek mring salibé, dimèn kinumbah srana
rahé.
Pasrahna jiwa-raga kita! Puji asmanya!
Reff:

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

PALADOSAN PANGANDIKA

(lenggah)

PS: *(Ngunjukaken Donga Èpiklésé)*

Dhuh Allah ingkang gesang,
Rikalanipun Pangandika Paduka kawaosaken lan
kawartosaken, Paduka karsa mbikak manah kawula
supados saget nampi mboten namung swantenipun
manungsa, nanging swantenipun Roh Paduka piyambak
ingkang paring pangandika ing salebeting manah kawula.
Mugi namung Pangandika Paduka ingkang dados
pepadhang ing selebeting pepeteng, lan dados kekiyatan
ing satengahing karingkahan. Ing Sang Kristus, Pangandika
ingkang sampun dados daging, kawula ndedonga. Amin

U: *(Ngrepèkaken **KPJ 194 : 1**)*

KPJ 194 KITAB SUCI KANG ADI

- 1) Kitab suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
éndah saklangkung éndah nugraha saking Allah,
nugraha saking Allah.

WAOSAN SEPISAN

L1: Waosan sepisan saking **Yésaya 52:13–53:12**

Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Sokur konjuk ing Allah**

JABUR TANGGAPAN

L2: Sumangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti, kanthi kita
maos Jabur 22 kanthi sesautan....

WAOSAN KAPING KALIH

L3: Waosan kaping kalih saking **Ibrani 10:16–25**

Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Sokur konjuk ing Allah**

WAOSAN INJIL

PS: Waosan Injil saking **Yokanan 19:16–37**

Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika ingkang sami mirengaken Pangandikanipun

Gusti lan ugi dipunraosaken, lan dipuncakaken kanthi setya ing gesang saben dintenipun. HOSIANA!

U: (Ngrepèkaken "HOSIANA")

3/4 do=G

7		1̇	7	5	7		1̇	.	.	7		1̇	7	5	7		1̇	.	.			
Ho		si		a		na		A		min		Ho		si		a		na		A		min
7		1̇	3̇	4̇	5̇		4̇	.	.	3̇		5̇	4̇	3̇	4̇		3̇	.	.			
Ho		si		a		na		A		min		Ho		si		a		na		A		min

KHOTBAH “Salib: Dalaning Pepesthèn Katresnané Allah”

WEKDAL ENING (*lenggah, ing salebeting swasana tidhem*)

PANGAKEN PITADOS (*jumeneng*)

P3: Sesarengan sedaya umatipun Allah ing sauruting mangsa, sumangga kita sami nélakaken lan kita mantepaken malih punapa ingkang sampun kita pitadosi kanthi sesarengan kita ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (Ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli** sesarengan)

DONGA SYAFAAT (*lenggah*)

PS: (Ngonjukaken pandonga safaat, kalabet kasangsaraning jagad, katentreman, kaadilan sosial, lan pitobat *ékologis*)

PISUNGSUNG

P4: Para sedhèrèk, wujuding raos sokur lan pasrah dhiri gesang kita, sumangga kita nélakaken katresnan lan ugi pangabekti kita lumantar pisungsung.

U: (Ngrepèkaken **KPJ 186 : 1-4**)
KPJ 186 URIP KANG SAMESTHINÉ

- 1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sukur, Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.
Reff: Ironing susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sukur, yéku karsa-Nya!

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

2) Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempyuh,
aku trus muji sukur, konjuk mring Gustiku.

Reff:

3) Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sukur?
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus.

Reff:

4) Dhuh Gusti mugi rena nampi atur kawula,
Roh Suci anunggila, nuntun ing samarga.

Reff:

DONGA PISUNGSUNG

(jumeneng)

P4: Gusti ingkang kebak welas asih,
Pisungsung punika wujud sokur kawula awit sih Paduka
ing salib. Mugi Paduka karsaa nampi gesang kawula
sawetahipun. Mugi Paduka ugi karsa nglanting kawula
supados kawula gesang tansah njagi titah Paduka lan
gesang andum katresnan, kadosdéné Sang Kristus sampun
nresnani kawula.

Wonten ing Gusti Yésus, kawula ndedonga sesarengan:

(*Pasamuwan nglajengaken kanthi Donga Rama Kawula*)

KIDUNG PANGUTUSAN

(jumeneng)

U: (*Ngrepèkaken KPJ 259 : 1-3*)

KPJ 259 ING ARDI GOLGOTA

1) Ing ardi Golgota ana salibira
lambang ing pamoyok panyiya.
Ing kono Gustiku pinethang sangsara
nebus dosaning para jalma.

Reff: Salib iku tansah dak pundhi,
nadyan nganti tumekèng janji.
Dak rangkul kanthi trusing kalbu
makutha kang dadya duwèkku.

2) Salib kang minangka lambanging panguya,
tumrap aku gedhé ajiné,
cempé kurban suci tumedhak ing donya,
ngluwari jagad krana sihé.

Reff:

3) Salib kang minangka tandhaning kanisthan,
kecipratan ing getih suci.
dadi marga aku antuk kaslametan,
dosa lebur wit rahé Gusti.

Reff:

PANGUTUSAN LAN BERKAH *(jumeneng)*

PS: Para sedhèrèk, kita sami mengker kanthi tentrem, kanthi tansah mikul salib katresnan, nresnani sesami lan mulihaken jagad. Kita télakaken bilih sihipun Allah ing salib mboten namung kèndel ing raos sokur, nanging ugi dipungesangi.

U: **Kawula sami mengker ing salebeting pepadhang Sang Kristus.**

PS: Sami tampia berkahipun Gusti:
Sih kanugrahanipun Gusti kita Yésus Kristus, sihipun Allah Sang Rama, lan patunggilanipun Sang Roh Suci, nunggil ing panjenengan (kita), wiwit dinten punika ngantos ing salaminipun.

U: *(Ngrepèkaken “HOSIANA! AMIN!”)*

do = d 4 ketuk

1 . 2 3 5 | 6 . 7 i 7' | i . 7 6 5 |
Ho si a na, Ho si a na, Ho si a na

5 . 1 2 3 4 | 3 . 5 i 5' | 6 . 5 . | 4 . 3 . | 2 . 1 . ||
Ho si a na, Ho si a na! A - min, a - min, a - min!

(ph-yfkl)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI

Sabtu Sunyi

Sabtu, 4 April 2026

Keterangan:

PF.: Pelayan Firman

M: Majelis

U: Umat

L: Lektor

**“Tresna
Pangah Rikala
Sadaya Kesah”**



***(Altar saged katata manut pakulinan ingkang
sampun kalampahan ing greja ngriki)***

- Mapanaken Salib Taizé utawi Salib padatan lan rerenggan (*dékorasi*) sanès (pasaréyanipun Gusti Yésus) ing satengahing altar.
- Kapepantes uruping diyan (lilin-lilin), kain lan *ornamen pendukung* ing sakiwa-tengen salib kanggé ngedalaken swasana tidhem/*kontemplatif*.
- Nyawisaken wadhah, kaisi sekar wur kanggé saben pasamuwan sawuraken sangajenging salib. Anggèn nyawuraken punika minangka tandha katresnan, kécalan, lan pangajeng-ajeng ngener gesang anyar.

PANGGILAN BERIBADAH

(Jumeneng)

Prd: Para sedhèrèk ingkang kinasih,
Dinten punika sanès dinten kamardikan.
Sanès dinten ingkang kebak mukjijat.
Sanès dinten ingkang kinebekan suka rena.
Langit mèndèl, bumi dhingkluk, lan pangajeng-ajeng
kados-kados jugrug.
Gusti Yésus sampun séda. Salib sampun mungkasi
lampahing margi kasangsaran.
Saliranipun sumaré asrep, kados boten kagungan daya
malih, ing rengkuhaning bumi.

- Lan ing ngriki pandadaring kapitadosan mènèl.
PS: Dinten punika, kita boten kasuwun murih mangertos.
Kita kasuwun mènèl ing papan peteng, tanpa wangsulan.
Kanggé mènèl, nyuraos, ngrerantos, lan ingkang paling angèl: Tetep nresnani Panjenenganipun, ingkang kados-kados ngetogaken kita ngrerantos.
- U: (*Ngidung*) “**Tinggallah bersama aku**” (kaambalan kaping 9)

Nunggila ing Gesang Kula
Jroning pandonga, jroning pandonga.
(*kapertal déning Pdt. Mardita GK*)

VOTUM & SALAM

- PS: Pangibadah Setu Sepi punika kalampahan ing Asmanipun Allah Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci. Sihrahmating Gusti Yésus Kristus, katresnaning Allah lan patungilanipun Sang Roh Suci nunggila ing panjenengan.
- U: (*Ngidung*) **Amin, Amin, Amin.**

PANGADHUHING UMAT

(*Lenggah*)

- PS: Dhuh, Gusti...
Wekdhal punika kawula ngèngèti Yusuf saking Arimatéa lan Nikodhémus...
Kalih sakabat ingkang kathi sesidheman nresnani Paduka, ananging dhedhelikan ing sawingkinging wewayanganipun raos ajrih.
- Prd: Kekalihipun dumugi....rikala sedaya sampun purna.
Kekalihipun ngangkat salira Paduka, kanthi gumeter, mripat katingal kepu, lan manah linimputan was.
- PS: Ajrih dhateng para panguwaosing bebrayan ageng.
Ajrih kaliyan pandenganipun liyan.
Ajrih kécalan kalenggahan....
Lan ajrih kécalan gesangipun.
- Prd: Ewasemanten ing antawisipun sumelanging batos, piyambakipun nglajangaken lampah.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

- Ing madyaning dalu ingkang sepi,
piyambakipun langkung milih nyêpêng salira Paduka
saha metak salira Paduka kanthi raos urmat.
- PS: Gusti...
Kawula ugi asring sami kaliyan Yusuf lan Nikodémus.
Kawula nresnani Paduka....kanthi sesidheman.
Kawula pitados... ananging ndhelikaken kapitadosan ing
sawingkinging topèngipun raos aman.
Kawula kepengin setya... ananging ringa-ringa amargi
nyumelangkan kathah prakawis pituna ingkang nengga.
- Prd: Kawula ajrih kécalan padamelan.
Kawula ajrih kécalan mitra-darma.
Kawula ajrih ngadhepi pepoyok.
Kawula ajrih bab mangsa ngajeng ingkang dèrèng mesthi
gumathok.
- PS: Kawula sinau saking Yusuf lan Nikodhémus...
bilih katresnan sejati kalamangsanipun kedah tuwuh ing
satengahing raos ajrih,
lan kakendelaning kapitadosan asring maujud kucem,
ananging tansah setya lumampah.
- Prd: Pramila ing Setu Sepi punika...
salebeting tidhem ingkang metek dhadha,
kawula pasrahaken sedaya raos ajrih lan kasumelangan
kula.
- U: (Ngidung) **KPJ 35 AJA KUWATIR LAN WEDI**
(kaambalan kaping enem)
KPJ 35 AJA KUWATIR LAN WEDI

Aja kuwatir lan aja wedi, awit neng Gusti
tan kekurangan. Aja kuwatir lan aja wedi,
tamtu tinanggelan.

PALADOSAN SABDA

(Lenggah)

Pandongan pacawisan

Pamaosing Kitab Suci

- PS: Pangandikanipun Gusti wekdal punika kadhasaraken
manut **Injil Yokanan 19: 38-42**, (*Kawaos*).

Makaten pangandikanipun Gusti, binerkahana saben kita ingkang mireng lan nyuraos pangandikanipun. Hosiana.

U: (Ngidung) **Hosiana...hosiana...hosiana**

Khotbah

Wekdal Tidhem

PISUNGSUNG

Prd: Sumangga kita sesarengan nyawuraken sekar sangajenging salib minangka tandha pisungsung kita katur Gusti kinanthénan krenteg kados ingkang kacetha ing serat Galati 2: 20, mekaten: “nanging kula gesang, namung kémawon sanès kula piyambak malih ingkang gesang, namung Sang Kristus ingkang gesang wonten ing kula. Wondéné gesang kula ingkang kula sandhang ing daging sapunika, punika gesang margi saking pitados dhumateng Putraning Allah ingkang sampun ngasihi kula saha sampun masrahaken sariranipun kanggé kula.”

U: (Ngidung) **“Ke Dalam Tangan Bapa” (In Manus Tuas, Pater)** dumugi sarampungipun pasamuwan nyawuraken sekar ing ngajeng kajeng salib.

Ing regeman Paduka
Pejah gesang kawula
Ing regeman Paduka
Pejah gesang kawula

(kapertal déning Pdt. Mardita GK)

Pandongga Syafaat

(Lenggah)

PS: (Nuntun Pandonga Syafaat lan Rama Kawula)

Kidung Pangutusan

(Jumeneng)

U: (Ngidung) **“Tuhanlah Cinta” (Bóg Jest Miloscia)**
(Kaambalan kaping enem)

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Sang Mahatresna, gya nggegesanga tindak tresna-Nya,
Sang Mahatresna, kula tan wigih.
(Kapertal déning: Pdt. Mardita GK)

PANGUTUSAN

PS: Sami wangsul lan nglajengna pangibadah sadinten-dinten,
sarta sami ngenerna manah panjenengan dhumateng jagad
lan sesami. Mugi swasana sepi punika ngekahaken lampah
panjenengan, murih panjenengan wangsul kanthi manah
ing kang tetep setya, gesang bekta katresnan ing
satengahing tatu, nggesangaken pangajeng-ajeng ing
satengahing pepeteng, lan dados pratandha bedhamèn
tumrap jagad lan sesami.

BERKAH

PS: Sami nampenana berkahipun Gusti:
Mugi Gusti Allah ing kang makuwon ing swasana sepi,
Gusti Allah ing kang njagi pangajeng-ajeng ing pepeteng,
ngekahaken manah panjenengan kadosdéné Yusuf
Arimatéa lan Nikodhémus, ing kang wantun nélakaken
katresnan sinaosa jagad nutup paningalipun.
Mugi katresnaning Sang Kristus ngrengkuh lampah
panjenengan, tentrem rahayunipun mili ing kalungsèn
panjenengan, lan panglipuraning Sang Roh Suci nyunari
sadanguning dalu panjenengan, dumugèng plèthèking
wangunipun béngkas sepi. Amin.

U: (Ngidung) *It Is Well with My Soul*
Horatio G. Spafford/Philip P. Bliss (1=C ; 4/4)

KPJ 428 BINGAHA, SISAHA, GUSTI KULA PUJI

1

Bingaha, Sisaha, Gusti kula puji,
kang mranata gesang kula
Kula rinimatan klayan katresnan,
mila kula pasrah pangrèhnya
Reff.: Pasraha! Pasraha
ing sapangrèhé Kang Makwasa.

2

Sapinten awrating momotan kawula
godha-rencana myang sisah,
yèn kawula énggal mulat Sang Putra,
manah kula ènthèng lan bingah. Ref.: ...

3

Sanadyan kawula kasinungan drajat,
kaluhuran, miwah pangkat,
tebih kula saking raos gumunggung.
ning tumungkul mring Kang Maagung. Ref.: ...

(apj – mgk)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI

Minggu Paskah

Minggu, 5 April 2026

Katrangan:

PS: Palados Sabda

Prdt: Pradata

Umt: Umat

Lkt: Lèktor

**Wangunipun
Sang Kristus
Nganyaraken
Tumitah**



PACAWISAN

(kajumbuhaken padatan ing pasamuwan ngriki)

- *Organis/pianis/ pemusik* ngungelaken kidung-kidung ingkang nuntun pasamuwan ngraos-raosaken pangibadah ingkang badhé kaleksanan
- Pasamuwan lumebet ing wekdal ening nyawisaken dhiri ngibadah
- Warta Gréja kawaosaken

TIMBALAN NGIBADAH

(jumeneng)

Prdt: Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, énjang punika kita ngriyadinaken Paskah. Kita sami suka bingah awit pakaryaning Panjenenganipun, Gusti kita.

Umt: **Sang Kristus sampun wungu, | haléluya!**

Prdt: Kita punika tiyang-tiyang ingkang binerkahan awit déné katresnanipun Gusti ngawonaken samukawis.

Umt: **Kuwaosing teleng palimengan | saèstu sampun teluk, | haléluya!**

(ngrepèkaken kidung pamuji)

KPJ. 258 “GUSTI YÉSUM SAMPUN WUNGU”

1. Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya!

Samnya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!

2. Katresnané sampurna! Haléluya!
Kamenangané nyata! Haléluya!
Sunaring surya padhang! Haléluya!
Tinampi kanthi girang! Haléluya!
3. Gesang malih Sang Raja! Haléluya!
Kita tentrem - raharja! Haléluya!
Pati, endi antupmu? Haléluya!
Kubur, endi kwasamu? Haléluya!

VOTUM

PS: Pangibadah Paskah punika kelampahan awit saking Sang Kristus wungu saking séda, Gusti Allah Ingkang Nitahaken Sagung Dumadi, Sumbering Pagengasan ingkang mboten naté nilaraken kita pakaryaning Astanipun.

Umt: (*aklamasi* **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

PS: “Sih-rahmat lan tentrem rahayu, saking Allah Sang Rama, lan saking Gusti Yésus Kristus wonten ing patunggilanipun Sang Roh Suci wontena ing para sadhèrèk sadaya.”

Umt: **Ugi wontena ing panjenengan.**

PRATÉLAN PAMBUKA *(lenggah)*

Prdt: Wungunipun Sang Kristus mujudaken wiwitaning titah anyar ingkang mbabaraken kaadilan, pulihing sesambetan, lan pamulihan samukawis; boten namung tumrap manungsa nanging ugi tumrap sadaya titah. Gusti Allah boten naté nebihaken manungsa saking titah sanèsipun. Sih-susetyanipun dados tetales sadaya pagesangan. Wungunipun Sang Kristus dados punjer pakaryan pamulihanipun Gusti Allah. Panjenenganipun

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

nyatunggilaken ingkang rangka, njejegaken ingkang jugrug, saha ngéwahi ingkang kaanggep remèh dados aji. Sumangga sesarengan sadaya titah, kita ngrepèkaken kidung anyar memuji Panjenenganipun, Gusti Allah kita, inggih Sang Kristus ingkang wungu.

Umt: (ngrepèkaken kidung pamuji)

KPJ. "LAH WONTEN SWARA GUMIYAK"

1. Lah wonten swara gumiyak
ngumandhang nèng Yérusalèm.
Duk gumebyar padhang surya.
Lah wus wungu Gusti kula!
2. Sira plimenganing pati,
tan kecongah nglawan Gusti.
Gusti unggul, nilar kubur,;
nyata Suteng Kang Maluhur.
3. Mangké pati tan ngajrihi,
Gusti sampun anguwisi,
Sinten pitados mring Gusti
tan ajrih sara myang pati
4. Krana Gusti sampun wungu,
kula antuk gesang èstu,
gesang énggal, krana Rahnya
kang mancur anèng Golgota.

PANGAKENING DOSA

PS: Sesarengan kita nungkulaken dhiri ing ngarsanipun Gusti. Kanthi jujur, kita kedah ngakeni bilih kita asring sanget kita nengenaken dhiri kita piyambak. Kita nglirwakaken sesami. Kita nutup mripat maring panandhangipun bumi punika.
Sumangga kita ngraos-raosaken ing salebeting manah lan ngonjukaken pandonga kita piyambak-piyambak ing ngarsanipun Gusti.

(ening sawatawis, umat ngonjukaken pandonga pribadi, salajengipun PS nuntun panutuping donga pangakening dosa umat).

Umt: (ngrepèkaken kidung panalangsa)

KPJ. 44 “AKU WONG KANG DOSA”

1. Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan den sucèkna, srana rahé kang suci.
Refrein: Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.
Nadyan dosaku agung,
nging Gusti wus nglebur.
2. Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka,
inggang saged ngluwari kawula saking dosa.
Refrein: ...

PRATÉLAN SIH-RAHMATIPUN GUSTI (*jumeneng*)

PS: Tumrap sadaya tiyang inggang kanthi tulus éklasing manah ngakeni dosanipun, badhé piningan sih-pangapuntenipun Gusti, awit makaten sih-rahmatipun Gusti, “Ingsun wus ngicali sakèhe dosaning pambalélanira kayadéné pedhut kang kabur ing angin, lan sakèhé dosanira kaya mendhung kang kanginan. Sira balia marang Ingsun, amarga sira wus Suntebus!” (Yésaya 44:22). Makaten sih-rahmatipun Gusti.

Umt: **Puji sokur konjuk Gusti.**

(ngrepèkaken kidung tanggapan)

KPJ. 250 “ANÈNG SALIB PADUKA”

1. Anèng salib Paduka, pangayom kawula,
toyoning gesang mulya ing ardi Golgota.
Refrein: Salibnya, salibnya, kamulyan kawula,
ngantos mbénjing nampèni palereman
baka.
2. Anèng salib Paduka, katresnan kababar;
inggih namung Paduka pindha lintang fajar. Reff.: ...

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

3. Anèng salib Paduka; pikekah kawula;
tansah kula èngeti, ing gesang slaminya.
Refrein: ...
4. Anèng salib Paduka, pitados kawula;
dumugi wancinira bingah anèng swarga.
Refrein: ...

PALADOSAN SABDA

(lenggah)

PS: (donga badhé nampèni Sabda)

Umt: (ngrepèkaken kidung pacawisan nampi Sabda, Lèktor
nyamektakaken dhiri)

KPJ. 205 “SABDÈNG ALLAH MAKARTI”

1. Sabdèng Allah makarti wradin salumah bumi.
Kita kang tinimbangan tampi kawilujengan.
2. Sabdèng Allah Hyang Widi ngrimat sagung dumadi
nuntun srana nimbali tumrap kang nyimpang margi.

Waosan Kapisan

Lkt 1: Waosan kapisan kapethik saking **Lelakoné Para Rasul 10:34-43**. (sasampunipun maos) Makaten Sabdanipun Gusti.

Umt: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Tanggapan

Lkt 2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti Lelakoné Para Rasul 10:34-43 kanthi maos sesautan **Jabur Masmur 118:1-2,14-24** (*utawi kalagokaken*).

Waosan Kalih

Lkt 3: Waosan kalih kapethik saking serat **Kolosé 3:1-14**. (sasampunipun mas) Makaten Sabdanipun Gusti.

Umt: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Pamaosing Injil

PS: Nampènana Injiling Yésus Kristus, manut paseksining **Matéus 28:1-10**. (sasampunipun maos) Makaten Injiling Yesus Kristus. “Inkang rahayu inggih punika inkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken.” Haléluya!

Umt: (*aklamasi Haléluya lagu KPJ. 468 “HALÉLUYA”*)

Kotbah “Wungunipun Sang Kristus Nganyaraken Tumitah”

Wekdal Ening (utawi Pujèn Panyumarak)

PANGAKEN PITADOS (*jumeneng*)

Prdt: Sesarengan umatipun Gusti Allah ing sauruting jaman, sumangga kita pratélakaken lan kita teguhaken malih isining kapitadosan kita, kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

Umt: (ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)

DONGA SYAFAAT (*lenggah*)

PS: (mimpin donga *syafaat*)

PISUNGSUNG

Prdt: Sumangga kita aturaken pisungsung konjuk Gusti tinalesan raos sokur awit saking kasaénanipun Gusti inkang kababar, “Asmaning Sang Yéhuwah kasuwurna, ing saiki lan ing salawasé. Asmaning Sang Yéhuwah pinuji-pujia saka papan plethèking srengéngé nganti tekan ing papan surupé” (Jabur Masmur 113:2-3).

Umt: (ngrepèkaken kidung pisungsung)

KPJ. 156 “ALON SANG SURYA GUMIWANG”

1. Alon sang surya gumiwang, candhik ayu memayu.
Kita antuk pangasoan kanthi tentrem rahayu.
Refrein: Tilingna swara manis ing gentha.
Pandonga sokur padha aturna.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Hé, gentha, ngumandhanga
dadya sanguning nendra.

2. Sang ratri nglimputi bumi abyor cahyèng kartika
nelahi nyunarken asma Pamarta Gusti kita.
Refrein: ...
3. Kasugengan duk ing ratri nggambaraken rum-wangi
rereh sing bot kasangi ayom ing sihing Gusti.
Refrein: ...

DONGA PISUNGSUNG *(jumeneng)*
Prdt : (mimpin donga pisungsung, pungkasaning pangibadah,
lan Donga Rama Kawula)

KIDUNG PANGUTUSAN *(jumeneng)*
Umt : (ngrepèkaken kidung pangutusan)
KPJ. 268 “PANGLIPURING TYANG PRIHATOS”

1. Panglipuring tyang prihatos, klangenan ing tyas kula.
Sakathah sumlanging batos, kasirnakken sadaya.
Sing swarga Gusti kang mulya, karsa tumedhak mriki,
nyaur pundhat utang kula, Gusti gung kula puji.
2. Iba-iba Gusti mlasu bangsa apes lan nistha.
Sing laknat Gusti ngluwari, margi sangsara séda.
Riwé, rah, waspa Paduka nèng Gètsemané mili.
Ngluwar kula sing ukuman, mbikak margining swargi.

PANGUTUSAN *(jumeneng)*
PS: Wartakna kabar kabingahan tumrap sadaya titah lan
enerna manah panjenengan dhumateng Gusti.
Umt: **Kawula ngeneraken manah | dhumateng Gusti.**
PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.
Umt: **Kawula sumadhiya | dados seksining Sang
Kristus.**
PS: Pinujia Gusti Allah kita.

Umt: **Samangké éngga salaminipun.**

PS: Mengkera kanthi suka bingahing manah, èngeta Sabdanipun Gusti bilih Panjenenganipun nresnani jagad saisinipun. Wungunipun Sang Kristus mujudaken warta karahayon tumrap sadaya tumitah. Dadosa juru bedhamèn lan katresnan tumrap sadaya tumitah ing sabumi.

BERKAH

PS: Sih-nugraha lan sihipun Allah Sang Rama ingkang tanpa gingsir mberkahi panjenengan kanthi karahayon tumrap sadaya tumitah. Sawab daya wungunipun Sang Kristus ingkang boten teluk maring pepejah nuntun panjenengan nglajengaken pakaryan-pakaryan karahayon tumrap sadaya titah ing bumi, wonten ing patunggilanipun Sang Roh Suci, samangké éngga salami-laminipun.

Umt: (aklamasi **Haléluya Amin lagu KPJ. 466 “AMIN HALÉUYA”**)

(lm-ucsl)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI

Minggu Paskah Sonten

Minggu 5 April 2026

Katrangan:

PS: Palados Sabda

Prdt: Pradata

Umt: Umat

Lkt: Lèktor

**Nyuwantenaken
Kalajenganing
Pagesangan**



PACAWISAN

(kajumbuhaken padatan ing pasamuwan ngriki)

- *Organis/pianis/ pemusik* ngungelaken kidung-kidung ingkang nuntun pasamuwan ngraos-raosaken pangibadah ingkang badhé kaleksanan
- Pasamuwan lumebet ing wekdal ening nyawisaken dhiri ngibadah
- Warta Gréja kawaosaken

TIMBALAN NGIBADAH

(jumeneng)

Prdt: Panjenenganipun sampun wungu! Wangunipun Gusti Yésus dados bukti bilih panguwaosipun Gusti Allah boten saged katelukaken. Wangunipun Gusti nedahaken bilih pagesangan tumrap umat tansah lestantun kalajengaken. Wangunipun Gusti ngatag kita murih tansah mbudidaya njagi pagesangan punika. Pangandanipun ing Jabur **Masmur 24:1-2** mratélakaken, “Bumi dalah saisiné kabèh kagungané Sang Yéhuwah, mangkono uga jagad lan kang padha ngenggoni. Awit Panjenengané kang nitahaké kalawan ditalési segara ditetepaké tumumpang ing kali-kali.”

Kanthe suka bingahing manah sumangga kita wartosaken wungunipun Gusti ingkang ndhatengaken pangajeng-ajeng, kakendelan, lan kaanyaran pagesangan.

Umt: (ngrepèkaken kidung bebukaning pangibadah)

KPJ. 14 “KULA SAMYA TETUNGGILAN”

1. Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran, wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan.
Refrein: Kula tansah nggunggung Gusti
lan ajrih asih yekti,
wit ing ayoming sihira
sèstu tentrem raharja.
2. Kula rinoban ing begja rintén-dalu tan kendhat,
ing lelampahan prasaja dalah srana mukjijat
Refrein:

VOTUM

PS: Pangibadah Paskah Sonten punika, kita talesi kanthe pangaken: “Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi, lan saisinipun, ingkang tansah setya netepi prasetya karahayon ingkang sampun kababaraken Panjenenganipun.”

Umt: (*aklamasi* **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

PS: “Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita lan saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing para sadhèrèk sadaya.”

Umt: **Ugi nunggila ing panjenengan.**

PRATÉLAN PAMBUKA

(*lenggah*)

Prdt: Gusti Yésus nyarengi lampahipun para siswanipun nuju Émaus. Gusti Yésus setya mirengaken raosing manahipun para siswa ingkang geter giris winengku

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

sungkawa, lan kanthi sabar Panjenenganipun maringi kathah pangretosan maknaning wungunipun Panjenenganipun. Gusti boten naté sayah nuntun tambaning manahipun para siswa kanggé mangretosi bab wungunipun Panjenenganipun. Lumantar wungunipun Gusti, Panjenenganipun mratélakaken bab lestantun sempuluring pagesangan ingkang kita tampèni.

Kados déné kasabaran lan kasetyanipun Gusti nuntun para siswa, makaten ugi kita kaatag ndarbèni kasabaran ugi kataberèn anggèn kita nyuwantenaken lestantun sempuluring pagesangan peparangipun Gusti kanthi njagi ngrimati bumi ingkang kaparingaken tumrap kita. Sinaosa boten gampil nanging wungunipun Gusti dados tetales tuwuhing krenteg anggèn kita mbudidaya nglestantunaken lan nyuwantenaken.

“SAJAGAD MEMUJI”

Cakepan: Pdt. Uri Christian Sakti Labèti

atetales kidung “*SEMESTA BERNYANYI*”

(https://www.youtube.com/watch?v=pBKLwxbBYoI&list=RDpBK_LwxbBYoI&start_radio=1)

Wit Sabdanyå kang kalésan,
ginelar tumitah,
rinå lan ratri, langit lan bumi,
nugrahaning Gusti.

Peksi ngocèh mawurahan,
éndahnyå tuwuhan,
kembang sami mekar,
jagad sukå bingar,
memuji mring Allah.

Refrein: Sajagad memuji wit berkahing Gusti,
tan éwah gingsir ing salaminnyå,
puji mulyakken Asmanyå.

Coda: Nggih namung Gusti kang tansah pinuji-puji.
Nggih namung Gusti kang tansah pinuji-puji.

PANGAKEN DOSA

PS : **Yésaya 24:4-5** kapratélakaken, “Bumi katon susah alum, malah jagad banjur nglayung layu, langit lan bumi nglayung bebarengan. Bumi dadi najis marga saka kang ngenggoni, amarga padha nglanggar angger-angger, ngowahi katetepan lan nyelaki prajanjian kang langgeng.” Panjenenganipun ingkang kuwaos nitahaken lan ingkang nguwaosi jagad raya saisinipun, Panjenenganipun maringi bumi punika murih kacekapan sadaya kabetahaning pagesangan kita; nanging ing samangké manungsa sampun kécalan sesambetan ingkang raket kaliyan Gusti Allah Sang Murba Dumadi. Gusti Allah boten dipun dadosaken etuking pagesangan punapa déné punjering pagesangan. Manungsa tumindak kados-kados ingkang dados punjering pagesangan, satemah boten ndarbèni malih sikep handarbèni, boten gadhah raos welas-asih, lan tebih saking niating manah ngrimati bumi punika. Sadaya prakawis ingkang kalampahan ing alam punika boten namung kawawas dados prakawis ingkang damel mareming pikajeng lan pepénginanipun piyambak, ndadosaken alam punika jember. Manungsa ngrisak alam lan njarah-rayah pagesangan.

Umt: **Gusti mug i melasi kawula...**

KPJ. 50 “GUSTI MUGI MELASI!”
(karepèkaken rambang kaping 3)

Gusti mug i melasi!
Gusti mug i melasi!
Mugi mlas i kula!

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(jumeneng)

PS: Nampènana sih-rahmat lan pratélan pangapuntinging dosa saking Gusti ingkang kapratélakaken ing **Wulang Bebasan 3:19-22**, “Klawan kawicaksanan Sang Yéhuwah anggoné nalesi bumi, sarta anggoné netepaké langit kalawan pangretèn, marga saka kawasisané Gusti

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Allah, banyuning sagara dipencaraké, lan mendhung nètèsaké ebun. Hé anakku, panglimbang lan kawicaksanan aja nganti sumingkir saka ing ngarepmu, iku simpenen, iku bakal dadi uripé nyawamu, lan minangka rerenggané gulumu.” Makaten sih-rahmatipun Gusti.

Umt: **Puji sokur konjuk Gusti.**

PS: Tentrem rahayuning Sang Kristus nunggil ing panjenengan!

Umt: **Lan nunggil ing panjenengan!**

(Umat sami tangkep asta lan ngucapaken “tentrem rahayu”)

PALADOSAN PANGANDIKA

(lenggah)

PS: (mimpin donga badhé nampi Sabda)

Waosan Kapisan

Lkt: Waosan kapisan kapethik saking **Yésaya 25:6-9**.
(sasampunipun maos) Makaten pangandikanipun Gusti.

Umt: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Tanggapan

Lkt: Sumangga kitaanggapi Sabdanipun Gusti kanthi nggatosaken **Jabur Masmur 114** (*kawaos sesautan utawi saged kalagokaken/ didaraskan*)

Waosan Kalih

Lkt: Waosan kalih kapethik saking **1 Kotinta 5:6b-8**.
(sasampunipun maos) Makaten pangandikanipun Gusti.

Umt: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Pamaosing Injil

PS: Waosan Injil, kapethik saking Injil **Lukas 24:13-49**.
(sasampunipun maos) Makaten Injiling Yesus Kristus.
“Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken.” Haléluya!

Umt: (aklamasi **HALÉLUYA**)

Kotbah: “Nyuwantenaken Kalajenganing Pagesangan”

Wekdal Ening/ Pujèn Panyumarak

Pangaken Kapitadosan (jumeneng)

Prdt: Sesarengan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita pratélakaken lan kita teguhaken malih isining kapitadosan kita kanthi ngucapaken sesarengan Pangaken Pitados Rasuli.

Umt: (sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)

Donga Syafaat (lenggah)

PS: (mimpin donga *syafaat*)

PISUNGSUNG

Prdt : Cihnaning raos sokur, kita pratélakaken ing pangibadah punika kanthi ngaturaken pisungsung, ingkang tinalesan pangandikanipun Gusti kados ingkang kawedhar déning Rasul Paulus ing serat **1 Korinta 6:19-20**, “Apa kowé padha ora sumurup, yèn badanmu iku dadi padalemané Sang Roh Suci kang ana ing kowé, Sang Roh Suci kang kaparingaké marang kowé déning Gusti Allah, sarta yèn awakmu iku dudu awakmu dhéwé. Sabab kowé wus padha tinuku lan wus kabayar lunas: Mulané padha ngluhurna Gusti Allah srana badanmu!”

Umt: (ngrepèkaken kidung pisungsung)

KPJ. 373 “APA KOWÉ BISA NGÉTUNG”

1. Apa kowé bisa ngétung lintang kang nèng angkasa? Mangkono uga mring mendhung dalah sakèhing méga? Kabèh iku nut pangrèhé Pangéran kang nitahaké, ora ana siji baé kang uwal king astané.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

2. Apa kowé wruh cacahé lemud-lemud ing njaba?
Apa kowé wruh wernané iwak jroning sagara?
Kabèh iku saben dina dèningoni Hyang Makwasa;
ora ana siji baé kang kliwatan takeré.
3. Apa kowé weruh bocah kang atresna mring Gusti?
Saben dina mesthi tansah tumenga saos bekti.
Marang bocah kang ngibadah saben dina muji Allah,
Gusti mesthi datan kendhat amaringi sih-rahmat!

Donga Pisungsung

Prdt: *(mimpin donga pisungsung, donga pungkasaning pangibadah, lan Donga Rama Kawula ingkang kaucapaken sesarengan utawi kalagokaken utawi kajumbuhaken kaliyan padatan ing pasamuwan ngriki).*

Kidung Pangutusan

(jumeneng)

KPJ. 95 “TANSAH DAK RANGKUL SALIBÉ”

1. Tansah dak rangkul salibé, Gusti kang agung tresnané sarta dhangang dakungsèni, dakrangkul salibé.
Refrein: Dakrangkul salibé, dakrangkul salibé,
yéku margining sih rahmat,
dakrangkul salibé.
2. Yèn aku kabidhung susah, ing ati rasané lesah.
mesthi malih dadi bungah, yèn ngrangkul salibé.
Refrein:

BERKAH

PS: “Gusti Allah mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan. Gusti Allah nyunaraken cahyaning wadanipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Gusti Allah nungkulaken wadanipun dhateng panjenengan lan maringi panjenengan tentrem rahayu.”
Amin.

Umt: (ngrepèkaken **KPJ. 471** “**HALÉLUYA** “)

(ws-ucsl)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI
Minggu Paskah II
Minggu, 12 April 2026

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

P: Pradata

U: Umat

L: Lèktor

Ndhèrèk Kristus
Ingang Wungu,
Ndhèrèk ing Karya
Pamulihanipun
Allah
✠

PACAWISAN

*(jumbuh kaliyan padatanipun pasamuwan piyambak-
piyambak)*

- Organis/Pianis ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah.
- Umat sami tidhem, ngeningaken manah minangka pacawisan pribadhi ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH:

P1: Pasamuwan ingkang kinasihan déning Gusti. Ing wegdal punika kita mlebet ing Minggu Paskah kaping kalih. Minggu punika, kita ngraos-raosaken wangunipun Kristus ingkang saèstu èlok. Panjenenganipun rawuh-ngatingal, sesambetan langsung, lan maringaken Roh Suci. Satemah nggesangaken malih manahipun para murid ingkang sami kécalan pangajeng-ajeng, Roh Suci ingkang kaparingaken saèstu mbekta pamulihan, kekiyatan batos saha tentrem rahayu. Pramila sumangga kita sesarengan ngarahaken manah lan pikiran kita dhumateng Gusti lan lumebet ing pangabekti kanthi suka-bingahing manah.

U: (*ngidungaken*) **KPJ. 258:1,2 “Gusti Yesus Wus Wungu”** (*jumeneng*)

KPJ. 258 GUSTI YÉSUS WUNGU

1. Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya!
Samya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!
2. Katresnané sampurna! Haléluya!
Kamenangané nyata! Haléluya!
Sunaring surya padhang! Haléluya!
Tinampi kanthi girang! Haléluya!.

VOTUM

PS: Kita mlebet ing pangibadah Minggu Paskah kaping kalih menika kanthi pangaken: “Pitulungan kita menika pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi dalah saisinipun, ingkang setya netepi prasetyaning kawilujengan ingkang sampun kapratélak-aken.”

U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin**

$\overset{D}{1} \cdot \overset{G}{2} \overset{D}{3} | \overset{G}{4} \cdot \overset{D}{3} \cdot \overset{A}{\cdot} | \overset{A}{2} \cdot \overset{Bm}{1} \cdot | \overset{Em}{4} \cdot \overset{A}{2} \cdot | \overset{D}{1} \cdot \cdot \cdot ||$
min, a - min, a - min.

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, saha saking Gusti kita Yésus Kristus nunggila ing panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

PAMBUKA

(*lenggah*)

P2: Minggu Paskah kaping kalih kaparingan jejer, “Ndhèrèk Kristus ingkang Wungu, Ndhèrèk ing Karya Pamulihanipun Allah,” dados wewengan kita ngraos-raosaken bab kanyataning donya. Gusti sampun nitahaken jagad raya punika kanthi prayogi. Nanging kita ugi ningali

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

kathah kekiranganipun. Kanyatan mboten wetahing donya punika ngatingalaken kakirangan ingkang lebet, saé ing titah punika piyambak punapadéné gesanging manungsa. Para muridipun Yésus ugi naté ngalami kécalan sesampunipun Yésus séda. Para murid rumaos kécalan ener. Wangunipun Kristus dados bukti bilih Gusti mboten négakaken manungsa gesang salebeting kécalan. Kristus mbekta pangajeng-ajeng anyar, mulihaken iman lan ngantebaken manah. Sumangga kita ndhèrèk Kristus, ndhèrèk makarya ing karya pamulihanipun Gusti tumrap umatipun lan ndhèrèk mujudaken gesang ingkang wetah satengahing jagad ingkang ringkih. Srana punika, iman kita mboten winatés ing pahargyan, nanging mawujud salabeting tumindak nyata ingkang nggesangaken sesami.

U: (Ngidungaken) **KPJ 267:1,4 “Pamarta Kula Agesang”**
KPJ 267 PAMARTA KULA AGESANG

1. Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang kang sinalib gesang. Dènnya séda krana kula wunguné dados panjernya, kula ndhèrèk gesang.
Ref.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
4. Gusti Pamarta kang gesang, nimbali marek salir tyang, kinèn tobat samya. Datan wonten gesang malih, namung déning kang sinalib kang agesang mulya.
Ref.

PANGAKEN DOSA

PS: Sumangga sesarengan kita ngraos-raosaken sabdanipun Gusti Yésus ing serat **1 Yokanan 4: 7 - 11**; “*Para kekasih, payo kita padha tresna-tinresnan, amarga katresnan iku pinangkané saka ing Gusti Allah, lan sok wonga kang nindakaké katresnan, iku lairé saka ing Gusti Allah lan wanuh karo Gusti Allah. Sapa kang ora nindakaké katresnan, iku ora wanuh karo Gusti Allah, ujer Gusti*

Allah iku katresnan. Sihé Gusti Allah iku kababaraké ana ing antara kita, iya iku déné Gusti Allah wus ngutus Kang Putra ontang-anting ngrawuhi jagad supaya kita padha urip marga déning Panjenengané. Katresnan iku mangkéné: Dudu kita kang wus padha tresna marang Gusti Allah, nanging Gusti Allah kang wus nresnani kita lan wus ngutus Kang Putra minangka pangruwating dosa kita. Hé, para kekasih, sarèhné nganti samono anggoné Gusti Allah ngasihi marang kita, dadiné kita iki iya padha kawajiban tresna-tinresnan.”

Kita nglengganani bilih kita dereng saged nindakaken angger-angger katresnan punika kanthi sampurna. Pramila, sumangga kanthi andhap-asoring manah kita ngakeni dosa lan kalepatan kita ing ngarsanipun Gusti.

(umat kaparingan wewengan kanggé ndedonga sacara pribadi, majelis lajeng mungkasi srana pandonga).

U: *(Ngidungaken)* **KPJ 49:1,3 “Gusti Kang Mahawilasa”**
KPJ 49 GUSTI KANG MAHAWILASA

1. Gusti Kang Mahawilasa, mugi paring aksama.
Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran;
nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya.
Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang langgeng.
3. Gusti Ingkang Mahakwasa, mugi nuntun kawula;
ngambah ing margi utami, nurut pangrèh Paduka.
Awit kwasaning Roh Suci, nyingkur karsèng pribadya,
nglawan kapéncuting donya, mrih raharja slaminya.

PAWARTOS SIH RAHMAT *(jumeneng)*

PS: Awit welas ashipun ingkang tanpa winates, Gusti karsa nampèni pangakening dosa umatipun. Pamratobat ingkang katindakaken kanthi tulus badhé mulihaken. Mila ingkang Maha tresna nindakaken pangapuntenan lan

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

panebusan dosa srana karyanipun ingkang agung lan mulya. Sapunika tampènana Sabda saking **1 Pétrus 1: 18-19** “*Sabab kowé padha sumurup, yèn anggonmu katebus saka kalakuanmu kang tanpa guna, kang kokwarisi saka para leluhurmu, iku ora srana barang kang bisa rusak, uga ora kalawan salaka utawa emas, nanging srana getih kang akèh ajiné, yaiku rahé Gusti Yésus Kristus kang padha kaya getihing cempé kang tanpa cacad lan tanpa blentong.*”

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti!

U: Puji sokur konjuk Gusti Allah!
(*Ngidungaken*) **KPJ. 119:1-3 “Krana Gusti Kula”**
KPJ 119 KRANA GUSTI KULA

1. Krana Gusti kula, Injil ngrembaka;
yéku tuing iman, sumber kraharjan;
gesang cinekapan wah linubèran,
nugraha punika maremken nyawa
2. Gusti paring sabda kebak sih-tresna;
Roh Paduka mbuka pamireng kula;
ndadar mrih kuwawa nyingkiri dosa,
marengna kawula dumugèng swarga.
3. Gusti, kula girang tampi pepadhang;
kamardikan wetah, nuwuhken bingah.
kula kaparengna tansah sih-setya,
murih datan kendhat nggunggung Paduka.

PALADOSAN SABDA

(*lenggah*)

PS: (*Pandong a Èpiklésé*)

U: (*Ngidungaken*) **KPJ. 194:1,2 “Kitab Suci Kang Adi”**
KPJ 194 KITAB SUCI KANG ADI

1. Kitab suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
Éndah saklangkung éndah, nugraha saking Allah
Nugraha saking Allah

2. Lembar sabda Paduka, nuntun gesang kawula
Dadya pedhang menjila, tamèng saking bebaya
Tamèng saking bebaya

Waosan Kapisan

L1: Waosan Kapisan saking **Lelakoné Para Rasul 2:14a, 22-32**

Mekaten pangandikanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Waosan Kapisan kalawau
srana **Jabur -Masmur 16**
(*saged kawaos sacara sesautan utawi kadasaraken*)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosang Kaping Kalih saking **1 Pétrus 1:3-9**
Mekaten pangandikanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil saking **Yokanan 20:19-31**
Mekaten Injiling Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih
menika ingkang mirengaken saha nggatosaken
pangandikanipun Gusti. Amin Haléluya!

U: (*ngidungaken*) **Amin Haléluya** (KPJ 466)

ꦗ | 1 ꦗ 5 ꦗ | 1 . . ꦗ | 1 ꦗ 5 ꦗ | 1 . .

A-min, ha-lé-lu - ya! A-min, ha-lé-lu - ya!

ꦗ | 1 3 4 5 | 4 . . 3 | 5 4 3 4 | 3 . . ||

Pi - nu-ji Pa-du - ka! A-min, ha-lé-lu - ya!

Khotbah “Ndhèrèk Kristus ingkang Wungu, Ndhèrèk ing
Karya Pamulihanipun Allah”

Wekdal Ening

PANGAKEN PITADOS

(*jumemeng*)

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

P3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken saha kita santosakaken malih punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli:

U: (*Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli***)

PANDONGA SYAFAAT

(*lenggah*)

PS: (*nuntun pandonga syafaat*)

PISUNGSUNG

P4: Sadaya gesang kita punika wujuding sokur konjuk dhumateng Gusti, lan kanthi suka-bingahing manah kita beкта pisungsung ingkang prayogi dhumateng Gusti kanthi ngèngiti pangandikanipun ing **Jabur-Mazmur 52:11**; *Kawula badhé ngunjukaken pamuji sokur wonten ing ngarsa Paduka ing salami-laminipun, margi saking pangrèh Paduka; awit asma Paduka punika saé, mila badhé kawula suwuraken wonten ing ngajengipun para kekasih Paduka!*"

U: (*Ngidungaken*) **KPJ 163. "Kawula Bombong"**

KPJ 163 KAWULA BOMBONG

Kawula bombong, Gusti darbé Allah kadi Paduka.
Sèstu kawula bombong, krana lelabetan Paduka.
Kawula tan kedugi uwal saking Paduka;
sih Paduka milujengken, mengku pengajeng-ajeng.
Mangkya kula aturken ingkang kawula gadhahi
nadyan tan timbang klayan berkah ingkang Paduka
paringken.
Nanging kula sumedya ngaturken kalayan legawa,
jer punika sadaya damel rena Paduka.

Pandonga Pisungsung

(*Jumeneng*)

P4: (*Nuntun Pandonga Pisungsung lan Donga Rama Kawula*)

Kidung Pangutusan

(*Jumeneng*)

U: *(Ngidungaken)* **KPJ 262:1,3 “Kwaosing Asma Paduka”**

KPJ 262 KWAOSING ASMA PADUKA

1. Kwaos ing asma Paduka ingkang kita sebar;
pramila kita dhuh Gusti, tan giris ing pati.
Kadya gesangipun wiji ingkang katanem ing siti,
amrih tuwuha ngrembaka, temahan medal wohira,
mumpangati salumahing bumi.
3. Paduka kang wungu malih saking palimengan.
Kawula sami antuk sih, rahmating Pangéran.
Karebat saking antaka, nampi kamulyaning swarga.
Gusti ngutusa pra abdi kang tlatos anyebar wiji
kanthi setya, katur mring Paduka.

PANGUTUSAN

(jumeneng)

PS: Gesangna timbalan iman panjenengan kanggé ndhèrèk
Kristus lan tetepa setya, supados gesang panjenengan
kapulihaken, saha enerna manah panjenengan dhumateng
Gusti Allah.

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.

U: **Kawula cumawis dados seksi kagem Sang Kristus!**

PS: Pinujia Gusti Allah kita.

U: **Samangké ngantos salami-laminipun!**

PS: Mengkera kanthi kabingahan, émuta Sabdanipun Gusti,
bilih Panjenenganipun tansah makarya wonten ing gesang
panjenengan. Lampahana gesang panjenengan kanthi
kebak raos sokur, lan setya nindakaken timbalanipun
Gusti. Gusti ngiring lampahing gesang panjenengan srana
berkahipun.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BERKAH

PS: Mugi Sih Rahmat lan Tentrem Rahayu saking Allah Rama,
tuwin Kawilujengan wonten ing Gusti Yésus Kristus, tuwin
Patunggilan kaliyan kwaosing Sang Roh Suci wontena ing
Panjenengan (kita) sedaya, samangké éngga salaminipun.
Amin.

U: (*Ngidungaken*) **KPJ 472**“**Haléluya! Amin!**”

(sws-hw)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI
Minggu Paskah III
Minggu; 19 April 2026

Katrangan

PS : Pelados Sabda

P : Pradata

U : Umat

L : Lèktor

Ningali
Pasemonipun
Kristus
Wonten Ing
Karya Titah
☪

PACAWISAN

*(jumbuh kaliyan padatanipun pasamuwan piyambak-
piyambak)*

- Organis/Pianis ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah.
- Umat sami tidhem, ngeningaken manah minangka pacawisan pribadhi ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

P1: Pasamuwan kinasih ing Gusti, saèstu sampun sapantesipun kita sami tansah ngunjukaken panuwun sokur krana katresnan saha pitulunganipun Gusti saèstu nyata wonten ing gesang kita. Pramila sumangga ing wekdal punika kita sami ngluhuraken sih katresnanipun Gusti ingkang kababar ing gesang kita punika. Sesarengan sumangga kita jumeneng, lan kita miwiti pangabekti punika kanthi ngidungaken KPJ 71:1-3

U: *(Ngidungaken)* **KPJ 71:1-3 “Duk Nyipati Gung Pakaryaning Gusti”**

KPJ 71 DUK NYIPATI GUNG PAKARYANING GUSTI

1. Duk nyipati gung pakaryaning Gusti
lintang abyor ing dalu kang sepi,
wah gumleger ing gludhug ing akasa,
kula ngungungunging kamulyanta.

Reff.:

Nyawa kula gya sumyak sung puja, yekti Allah
mahakwasa.

Nyawa kula gya sumyak sung puja, yekti Allah
mahakwasa.

2. Lamun nlasak tengahing wana-wasa
sato peksi kekidungan ramya.
Wonten ngaré dalah ing ardi ugi,
gung gurnelar sesawangan adi.

Reff.: ...

3. Yèn siniram siliring samirana
sesekaran dalasan woh-wohan.
gandanira arum angambar-ambar
ngunguning tyas anumusi bingar.

Reff.: ...

VOTUM

PS: Sumangga kita purwakani Pangibadah Minggu Paskah III
punika kanthi pangaken bilih: Pitulungan kita punika
wonten ing asmanipun Gusti Allah ingkang nitahaken
langit lan bumi, ingkang tansah setya tumrap prasetyan
kawilujengan ingkang sampun kababar.

U: (*ngidungaken Amin, Amin, Amin*)

5 6' | 5 6' | 5 4 | 3 . ||
A - min A - min A - min.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, saha saking Gusti kita Yésus Kristus nunggila ing panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi**

ATUR PAMBUKA

(Lenggah)

P2: Para Sadhèrèk ingkang kinasih ing Gusti, kabar kabingahan Paskah sejatosipun mboten namung kawartakaken kanggé kita umat manungsa, nanging ugi kanggé sadaya titah sanèsipun. Punika kawiwitan saking kasadharan bilih kita umat manungsa sejatosipun inggih “tiyang mondhok” utawi “tiyang neneka” ing bumi punika (1 Pétrus 1:17). Tiyang neneka mboten gesang sasekècanipun piyambak, nanging ngormati griya ingkang kita pondhoki lan ngormati Panjenenganipun ingkang gadhah griya. Bumi punika kagunganipun Allah, lan kita punika namung mondhok sawetawis wekdal.

Srana sunaring jejer ing pangabekti ing wanci punika, **“Ningali Pasemonipun Kristus Wonten ing Karya Titah,”** Sesarengan kita kabereg kanggé kuwagang ningali katresnanipun Allah ing hawa ingkang kita sesep, wonten ing siti ingkang nuwuhaken gesang, wonten ing toya ingkang nyegeraken, wonten ing kaéndahaning alam ingkang nyunaraken kamulyanipun Gusti. Nalika kita ngrimati titah, sejatosipun kita nembé ngormati Kristus ingkang rawuh lan sampun nebus sarta mulihaken sadaya titah wonten ing karyaning kawilujenganipun.

U: *(Ngidungaken)* **KPJ 175:1-3 “Nèng Gunung Wah Nèng Ngaré”**

KPJ 175 NGUNUNG WAH NÈNG NGARÉ

1. Nèng gunung wah nèng ngaré, Gusti Allah ana.
Nyanga ngendi paranku, mesthi ana uga.
Endi kang dadi cipta lan osiking ati,
kabèh mesthi kapirsaning Allah Hyang Widi.

2. Sang Rama anèng swarga mengku samubarang.
Sing sapa kang kumandel mesthi tinulungan.
Manuk ing awang-awang, Allah kang ngingoni.
Suket lan thethukulan, wrata dènpaèsi.
3. Bumi dalasan swarga wengkoné Pangéran.
Jasad* gedhé - cilika, Allah tan klimengan**.
Saliring kang tumitah sajadad warata
tansah anélakaké piwlas lan kwasanya.

PANGAKEN DOSA

- PS: Sumangga sesarengan kita ngraos-raosaken Sabdanipun Gusti Yésus ing **Matéus 7:21** mekaten: *“Kang bakal lumebu ing Kratoning Swarga iku dudu angger wong kang ngucap marang Aku: Gusti, Gusti, nanging mung wong kang nglakoni karsané Ramaku kang ana ing swarga.”* Karana mboten wonten satunggal tiyang kémawon ing antara kita ingkang kuwagang mujudaken pangandika punika sacara wetah miturut karsanipun Gusti. Kita sadhar bilih kita asring ngutamèkaken dhiri kita piyambak, mila sumangga kanthi tulusing manah kita télakaken raos keduwung saha pamratobat kita ing ngarsanipun Gusti lan sesami srana ngidungaken:
- U: (Ngidungaken) **KPJ 57:1-2 “Nikmating Donya nggodha Ati”**

KPJ 57 NIKMATING DONYA NGGODHA ATI

1. Nikmating donya nggodha ati,
mikata kita dimèn nebih Gusti,
lan kabèh iku tan nguripi,
nging nggèndèng kita mring telenging pati.
Reff.:
Aja randhat umareka, sowana ing dina iki uga.
Gusti wus ngantya mring sira
Pangayomanmu kang tuhu setya

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

2. Mara mbuwanga sengsemira,
wit iku panyidra lan pamblasar,
ninggala dosa lan duraka,
ngungsi mring Gusti sira mesthi luwar.
Reff.: ...

PAWARTOS SIH-RAHMAT (Jumemeng)

PS: Awit sih-katresnanipun Gusti ingkang tanpa winates, Gusti Allah karenan mirengaken panelangsaning umatipun. Pamratobat ingkang kawujudaken kanthi tulus badhé mulihaken. Mila ingkang Maha tresna nindakaken pangapuntenan saha panebusan dosa srana karya ingkang agung lan mulya. Tampènana Sabdanipun Gusti ing **1 Pétrus 1:18-19** “*Sabab kowé mangerti, menawa wis padha katebus saka kalakuanmu kang tanpa guna, kang kokwarisi saka para leluhurmu iku, ora sarana barang kang bisa sirna, uga ora kalawan salaka utawa emas, nanging sarana getih kang aji banget, yaiku rahé Kristus kang padha kaya getihing cempé kang tanpa cacad lan tanpa blentong.*” Pramila ampun kalirwakaken lan mangu-mangu dhateng pangorbananipun Gusti kanggé kita. Tetepa setya dumugi kita wangsul ing ngarsanipun Gusti. Mekaten pawaros sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

U: *(Ngidungaken)* **KPJ 339 : 2,3,4 “Iba Dènnya Mbingahaken”**

KPJ 339 IBA DÈNNYA MBINGAHAKEN

2. Iba dènnya nengsemaken, yèn manungsa sabumi marsudi tentrem - rahajeng, mbabarken sihing Gusti
Reff.:
Srana sih katresnan tulus, lah jagad dados Pirdus.
Sagung tumitah rinimat, rinoban ing sih rahmat.
3. ba dahat éndahira, pra titah tetunggilan,
tunggil sedya sékapraya, rumaket trus ing driya.
Reff.: ...

4. Mila kula datang wigih, gya gumregut makarya,
tumandang sepi ing pamrih, mung ayuning bawana.
Reff.: ...
Srana sih katresnan tulus, lah jagad dados Pirdus.
Sagung tumitah rinimat, rinoban ing sih rahmat.

PALADOSAN SABDA

(*Lengggah*)

PS: (*Pandongga Èpiklésé*)

U: (*ngidungaken*) **KPJ 74:1-2 “Gusti Mugi Nunggila”**
KPJ 74 GUSTI MUGI NUNGGILA

1. Gusti mugi nunggila mring kula.
Yèn ta kesaput peteng ing ratri,
namung Paduka kang mitulungi.
Sumangga, Gusti nunggil mring kula.
2. Éwah-gingsir sabarang nèng donya.
datan langgeng ing kaananira;
ninging iman kula panggah santosa,
wit Paduka tansah nunggil kula.

Waosan Kapisan

L1: Waosan Kapisan saking **Lelakoné Para Rasul**
2:14a, 36-41

Mekaten pangandikanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Waosan Kapisan kalawau
srana **Jabur-Masmur 116:1-4,12-19**
(*saged kawaos sacara sesautan utawi kadasaraken*)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosang Kaping Kalih saking **1 Pétrus 1:17-23**
Mekaten pangandikanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Pamaosing Injil

- PS: Pamaosing Injil saking **Lukas 24:13-35**
Makaten Injiling Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih
menika ingkang mirengaken saha nggatosaken
pangandikanipun Gusti. Amin Haléluya!
- U: (ngidungaken) **Amin Haléluya** (KPJ 466)

7 | 1 7 5 7 | 1 . . 7 | 1 7 5 7 | 1 . .
A-min, ha-lé-lu - ya! A-min, ha-lé-lu - ya!
7 | 1 3 4 5 | 4 . . 3 | 5 4 3 4 | 3 . . ||
Pi - nu-ji Pa-du - ka! A-min, ha-lé-lu - ya!

**Khotbah “Ningali Pasemonipun Kristus Wonten Ing
Karya Titah ”**

Wekdal Ening

PANGAKEN PITADOS (Jumeneng)

- P3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal,
sumangga kita ikraraken saha kita santosakaken malih
punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken
Pangaken Pitados Rasuli.
- U: (Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

PANDONGA SYAFAAT (Lenggah)

- PS: (nuntun Pandonga Syafaat)

PISUNGSUNG

- P4: Para Sadhèrèk kinasih, sumangga kita unjukaken
pisungsung panuwun sokur dhumateng Gusti kanthi
tetales pangandikanipun ing **Jabur-Mazmur 107:21-22**,
“Wong iku mau karebèn padha ngaturaké panuwun
marang Pangéran Yéhuwah, awit saka sih-kadarmané,
lan marga saka kaèlokané marang para anaking
manungsa, sarta karebèn padha nyaosaké kurban pamuji

sokur tuwin nyaritakaké pakaryané Gusti Allah kalawan surak-surak.”

U: (ngidungaken) **KPJ 172:1- “Manungsa Nanem Wiji”**

KPJ 172 MANUNGSA NANEM WIJI

1. Manungsa nanem wiji taberi ngrimati,
ninging tuwuh miwah suburnya Allah kang mberkahi.
Pangéran paring jawah lan sunaring surya,
temah mbiyèt* wohira kanthah tan kinira.

Reff.:

Sagung kang prayogi nugrahaning Gusti.
Mila sumangga memuji kanthi trusing ati.

2. Saliring kang cinipta agal wah alusa,
ardi gung miwah samodra sarta manawasa,
datan kalirwakaken wus tamtu rinimat.
Tedha kula lumintu, mboten naté kendhat.

Reff.: ...

3. Atur panuwun kula konjuk mring Sang Rama
dé sampun paring nugraha sandhang miwah tedha
datan saged winical** krana kanthahira.
Pujia Sang Rama Mamirah wah loma.

Reff.: ...

Pandongan Pisungsung

(Jumeneng)

P4: *(nuntun Pandonga Pisungsung lan Donga Rama Kawula)*

Kidung Pangutusan

(Jumeneng)

U: (ngidungaken) **KPJ 390:1-2 “Gunakna Wektumu Paringé Gusti”**

KPJ 390 GUNAKNA WEKTUMU

1. Gunakna wektumu paringé Gusti,
wit uripmu cekak pindha kembang.
Endi barang langgeng ing donya iki,
amung katresnan ywa nganti ilang.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Reff.:

Barang kang ana, isining donya;
saguning kang éndah bakal musna.
Mung katresnan mu demi Sang Pamarta,
gedhé ajiné tan bakal sirna.

2. Aja tan migunakaké wektumu,
lipur lan tulungen kang kesasar.
Mulyakna Gusti ana ing uripmu,
dimèn lampumu tansah sumunar

Reff.: ...

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti saha
pirsanana donya punika.

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti saha
ningali donya!**

PS: Pirsanana Pasemonipun Kristus wonten ing karya titah lan
dadosa seksinipun.

U: **Kawula cumawis ningali Pasemonipun Kristus
wonten ing karya titahipun lan dados seksinipun!**

PS: Pinujia Gusti Allah kita.

U: **Samangké ngantos salami-laminipun!**

PS: Mengkera kanthi bingah, émuta Sabdanipun Gusti, bilih
Panjenenganipun tansah makarya wonten ing gesang
panjenengan. Lampahana gesang wonten ing raos sokur
lan setya nindakaken timbalanipun. Gusti nyarengi gesang
panjenengan srana berkahipun.

BERKAH

PS: Pangéran Yéhuwah mugé maringana berkah dhateng
panjenengan (*kita*), lan ngayomi panjenengan (*kita*) srana
katresnan ingkang nyrambahi bumi.

Pangéran Yéhuwah mugé nyunaraken cahyaning
wadanipun dhateng panjenengan (*kita*); lan maringana
sihrahmat: srana kaéndahan langit, ilining toya, lan
sumiliring angin, supados panjenengan (*kita*) mangertosi

sunaring katresnanipun Kristus wonten ing karya titahipun.

Pangéran Yéhuwah mugi karsaa nungkulaken wadanipun dhateng panjenengan (*kita*), lan maringi tentrem rahayu. Supados panjenengan (*kita*) gesang minangka pangreksa gesang, nresnani bumi, lan ngrimati sesami kadosdéné katresnanipun Kristus dhateng panjenengan (*kita*). Amin.

U: (*Ngidungaken*) **KPJ 472**“**Haléluya! Amin!**”

(ls-hw)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI

Minggu Paskah 4

Minggu; 26 April 2026

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

Prd: Pradata

Psw: Pasamuwan

L: Lèktor

**Dipun Éwahi
Déning Sih-
Rahmat**



PECAWISAN

**(cundhuk kaliyan padatan ing grejanipun piyambak-
piyambak)**

- Juru musik ngungelaken lelagon ingkang saged ngiring pasamuwan nyawisaken dhiri ngibadah.
- Pasamuwan lumebet ing wekdal ening minangka pecawisan pribadi.
- Pawartosing Pasamuwan dipun waosaken.

TIMBALAN PANGABEKTI

(Jumeneng)

Prd1: Iba agenging katresnanipun Gusti Allah dhateng kita. Atur panuwun namung konjuk dhateng Panjenenganipun ingkang maringaken gesang kanggé kita. Sumangga kita memuji lan manembah dhateng Panjenenganipun, Sang Pangèn Inggang Agung, ingkang nresnani kita, ménda-méndanipun.

Psw: (Ngidungaken **KPJ 9:1,2**)

KPJ 9:1,2 “HÉ, SARUPANING PRA-UMAT”

- 1) Hé, sarupaning pra-umat, padha mujia mring Allah. Hé, sakèhing para bangsa, asmané padha luhurna.
- 2) Wit sih-kadarmané Allah, luwih gedhé tumrap kita, langgeng kasetyané Allah, mila pinuji-pujia.

VOTUM

PS: Pitulungan kita menika pinangkanipun namung saking Gusti Sang Pangèn Inkgang Agung, ingkang ngasihi, paring gesang, lan nélakaken kawilujengan kanggé kita.

Psw: (ngidungaken **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nyarengi sedhèrèk sedaya.

Psw: **Nyarengi panjenengan ugi.**

TEMBUNG PAMBUKA

(Lenggah)

Prd2: Wonten tetembungan ingkang éndah kanggé miwiti pangibadah kita sakmenika. Mekaten ungelipun: “Gusti mboten badhé ngéwahi donya menika kanggé kita, nanging Gusti ngéwahi kita supados saged ngéwahi donya”. Saé ageng utawi alit, éwah-éwahan ing dhiri kita menika temtu badhé dados berkah kanggé dhiri pribadi lan tiyang sanès, menawi dipun lampahi ing saklebeting Gusti.

Satunggal perkawis ingkang damel tiyang ingkang nampèni kawilujengan dados kebak ing panuwun inggih menika gesang ingkang dipun tuntun lan dipun rimati déning Gusti kanthi ngédab-édabi. Kawilujengan mboten namung dipun raosaken mbénjang ing kalanggengan saksampunipun pejah. Ing saklebeting gesang ing donya menika, katresnan lan pangrimatipun Gusti Allah saged kita raosaken ing sakuruting lampah gesang kita.

Mila, tékad ngéwahi gesang supados laras kaliyan karsanipun Sang Pangèn Inkgang Agung menika satunggaling tanggel jawab lan ugi sih-rahmat kanggé kita ingkang pitados dhateng Panjenenganipun.

Inkgang kedah kita ugem, éwah-éwahan ingkang dipun kersakaken déning Gusti Allah sanès perkawis ingkang

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

damel kita dados tiyang sanès, nanging malah dados
pribadi putranipun Gusti ingkang sejati.

Psw: (ngidungaken **KPJ 191:1-4**)

KPJ 191:1-4 “GUSTI YÉSUS PANGÈN SETYA”

- 1) Gusti Yésus Pangèn setya pindha parang santosa.
Sadaya ingkang pracaya dimèn sami ngayoma.
Refr: Gustiku makwasa, yèku Pangèn kang setya.
Gustiku kang kwasa pindha parang santosa
- 2) Piandelé kang ngabekti namung asmané Gusti.
Jroning sangsara ginodha, panggah tatag ing driya.
Refr:
- 3) Asmané Sang Kristus Gusti mbereg dhemen leladi,
mrih gesang tentrem ing donya tansah rinoban sihnya.
Refr:
- 4) Undhangna asmané Gusti ing salumahing bumi,
amrih ingkang winartosan nampi sih-katentreman.
Refr:

PANELANGSANING DOSA

PS: Ngéwahi gesang sanès perkawis ingkang gampil amargi
tansah wonten kémawon ingkang njalari kita wangsul
malih dhateng gesang lami. Karingkihan lan kekirangan
kita saged dados jalaran.

Sumangga kita ngakeni bilih kita asring mboten nampèni
sih-rahmatipun Gusti minangka perkawis ingkang aji ing
gesang kita. Temahan, kita mboten gadhah tékad ingkang
saèstu kanggé ngéwahi gesang kita.

Kaaturan pasamuwan ndedonga, nyuwun pangapunten
saking Gusti, sacara pribadi.

*(Menawi wekdal ndedonga kawawas cekap, juru musik lajeng
mimpin pasamuwan ngidung)*

Psw: (ngidungaken **KPJ 58:1-3**)

KPJ 58: 1-3 “PANGLUWAR KANG SEJATI”

- 1) Pangluwar kang sejati, myarsakna pasambat kula.
Gusti mugè ngesiki manah kula sadaya.
Refrèin:
Gusti mugè rah Paduka nucèkken manah kawula,
temah suci saèstu wah sirna najising kalbu.
Suci sèstu, suci sèstu, temah suci saèstu wah sirna
najising kalbu.
- 2) Pangluwar kang sejati, paringa kiyat mring kula;
setya ing lampah suci, ngetut wingking Paduka.
Refr: ...
- 3) Pangluwar kang sejati, mugè nuntun gesang kula;
mbangun turut mring Gusti, tansah ngèstokken Sabda.
Refr: ...

PAWARTOSING SIH-RAHMAT

(Jumeneng)

PS: Pawartosing Sih-Rahmat saking Gusti kita waos saking
Serat Rum 3:23-24 ingkang mekaten suraosipun:

“Marga kabèh wong wis padha gawé dosa sarta
koncatan ing kamulyaning Allah, lan padha
kabeneraké kanthi lelahanan awit saka sih-rahmaté
lumantar panebusé Sang Kristus Yésus”.

Sampun sakmesthinipun kita ngaturaken panuwun
dhateng Gusti Allah awit sihipun ingkang ageng sanget
dhateng kita.

Mekaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti.

Psw: **Puji Sokur konjuk Gusti**

*(Pasamuwan sami atur salaming katentreman kanthi jawat
asta lan matur, “Sihipun Gusti wonten ing
panjenengan.”)*

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Psw: (Ngidungaken **KPJ 69:1-4**)

KPJ 69:1-4 “ALLAH MAHAKWASA JUMENENG
PAMARTA”

- 1) Allah mahakwasa jumeneng Pamarta,
sèstu gung tresnanya, angruwat dosa.
Salir tyang pracaya lamun tansah setya
luwar sing antaka, mlebet mring swarga.
Refrèin:
Sung sembah puja konjuk Sang Rama,
kang paring nugraha tentrem raharja.
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,
Kang sampun nyawisi kamulyan swargi.
- 2) Rama mahamirah ngrentahken gung berkah,
Tyang nandhang sangsara manggih waluya.
Saliring pra umat tan kendhat rinimat,
Srana peparingnya, nadyan prasaja. Refr.:
- 3) Gusti Mahaagung kang paring pitulung,
Nglipur manah sisah mrih datan semplah.
Njangkung kagungannya, temah tansah begja,
Gesang mursid yekti dumugèng janji. Refr.:
- 4) Pangeran Murbèngrat nglubèrken sih-rahmat,
Mbélani tyang leres saking panindhes.
Nunggil tyang pracaya temahan santosa,
Kuwawa ngasorken salir panggodha. Refr.

PELADOSAN PANGANDIKA

(Lenggah)

PS: (Pandonga pecawisan mirengaken pangandikanipun
Gusti)

Waosan Sepisan

L1: Waosan sepisan saking **Lelakoné Para Rasul 2:42-47**
Mekaten Pangandikanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Tanggapan

L2: maos **Jabur Masmur 23**

(*Saged dipun waos sesautan utawi dipun kidungaken/didaraskan.*)

Waosan Kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **1 Pétrus 2:19-25**

Mekaten Pangandikanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil saking **Yohanes 10:1-10**

Mekaten Injiling Gusti Yésus Kristus. Inggang rahayu inggih menika tiyang inggang mirengaken pangandikanipun Gusti sarta dipun gatosaken, ugi dipun tindakaken kanthi setya ing gesang padintenipun. Haléluya.

Psw: (*Ngidungaken KPJ 473: HALÉLUYA, HALÉLUYA*)

Khotbah: “Dipun éwahi kanthi sih-rahmat”

Wekdal ening

Pengakening pitados

(*Jumeneng*)

Prd3: Sareng kaliyan pasamuwanipun Gusti Allah ing wekdal kepengker, wekdal sakmenika, lan wekdal mengajeng, kita télakaken lan tetepaken malih inggang kita pitadosi kanthi sesarengan nélakaken Pengakening Pitados Rasuli.

Psw: (Sesarengan Nelakaken **Pengakening Pitados Rasuli**)

Pandongga Safaat

(*Lenggah*)

PS: (Ngonjukaken pandonga safaat lan dipun pungkasi kanthi Donga Rama Kawula)

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

PISUNGSUNG

Prd4: Sumangga atur panuwun awit katresnanipun Gusti ingkang saèstu ageng tumrap kita kanthi caos pisungsung ing ngarasanipun. Sumangga kita talesi pisungsung kita saking **2 Korintus 9:7** ingkang mekaten suraosipun:

“Sabèn wong pawèwèhé dikaya kang dadi rilaning atiné, aja kanthi sedhik utawa marga kapeksa, awit Gusti Allah iku ngasihi wong kang pawèwèhé kanthi suka-rila.”

Psw: (ngidungaken **KPJ 171:1-4**)

KPJ 171:1-4 “MANGGA SAOS PISUNGSUNG”

- 1) Mangga saos pisungsung mring Allah Maagung krana gunging sih-rahmat kang lubèr tan kendhat.
- 2) Misungsung kanthi loma cihnaning panuwun, dé gesang tansah begja wit Allah kang nuntun.
- 3) Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti, bludaging kabingahan wit berkah tan sepi.
- 4) Saos pisungsung kathah cacahnya tan timbang, lan gung berkahing Allah tan kénging winilang.

Pandong Pangutus

(Jumeneng)

Prd4: (Ngaturaken pandonga pisungsung)

Psw: **Amin!**

Kidung Pangutus

(Jumeneng)

Psw: (Ngidungaken **KPJ 437:1-3**)

KPJ 437:1-3 “GUSTI YÉSUS PANGÈN KULA”

1. Gusti Yésus Pangèn kula, sèstu gung sih Paduka,
Ing sapurug kula mlampah, Paduka kanthi tansah.
Refrèn:
Kinanthi ing Gusti, kinanthi ing Gusti.
Ing satitah kula nrimah, angger kinanthi Gusti.

2. Saliring bandha kadonyan, mung sarananing gesang.
Déné piandel kawula mung panganthi Paduka. Refr.:
3. Ajrih-asih maring Gusti wah nresnani sesami,
lah punika gesang kula, wit panganthi Paduka. Refr.:

PANGUTUSAN

(*Jumeneng*)

PS: Sumangga ngaturaken panuwun awit sih-rahmatipun
Gusti lan mangga ngeneraken manah dhateng Gusti!

Psw: **Kawula ngeneraken manah dhateng Gusti!**

PS: Sami dadosa seksi kagem Sang Kristus, sami nélakna
éwah-éwahan ingkang saèstu, sami martosna bilih gesang
ing saklebeting Sang Kristus menika kanugrahan.

Psw: **Kawula cumawis dados seksi kagem Sang Kristus!**

PS: Pinujia Gusti Allah!

Psw: **Sakmenika, dumugi ing saklami-laminipun.**

PS: Sami mengkera kanthi sukarena, tansah samia ènget
dhateng pangandikanipun Gusti, samia nglampahi gesang
ingkang tansah ngener dhateng Gusti. Samia tansah kebak
panuwuh awit sih-rahmatipun Gusti.

Sakmenika sami nampènana berkah saking Gusti!

BERKAH

PS: Mugi Gusti Allah, Sang Rama, tansah ngrimati,
nyengkuyung, lan paring kekiyatan kanggé panjenengan.
Sih-rahmatipun Sang Kristus ndayani panjenengan atur
panuwun lan netepi tékad kanggé ngéwahi gesang. Sang
Roh Suci tansah nyantosakaken, mbereg, lan nglipur
panjenengan ing saklebeting netepi tékad ngéwahi gesang.
Gusti Allah Tritunggal tansah mberkahi panjenengan wiwit
sakmenika ngantos rawuhipun malih.

Psw: (ngidungaken **KPJ 474“ HALÉLUYA, HALÉLUYA,
AMIN“**)

(kd-kristi)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN LITURGI

Minggu Paskah 5

Minggu, 3 Mèi 2026

Katrangan:

PS.: Peladosing Sabda

Prd: Pradata

Psw: Pasamuwan

L: Lèktor

**Lampahing
Kawilujengan
Menika Griya**



PECAWISAN

**(cundhuk kaliyan padatan ing gréjanipun piyambak-
piyambak)**

- Juru musik ngungelaken lelagon ingkang saged ngiring pasamuwan nyawisaken dhiri ngibadah.
- Pasamuwan lumebet ing wekdal ening minangka pecawisan pribadi.
- Pawartosing Pasamuwan dipun waosaken.

TIMBALAN PANGABEKTI

(Jumeneng)

Prd1: Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti, iba éndahing pakaryanipun Gusti. Bumi nuwuhaken tetedhan kanggé kita sedaya. Éndahing bumi menika nggambaraken sih lan pangrimatipun Gusti.

Psw: **Saèstu, sedaya titah ing bumi menika dipun jagi lan dipun rimat déning Gusti.**

Prd1: Kita ugi dados sarana anggènipun Gusti njagi lan ngrimati titahipun. Kita dados abdi-abdinipun Gusti kanggé mbabaraken sih kawilujengan ing saklumahing bumi minangka pedalemanipun Gusti.

Psw: **Saèstu, sedaya titah ing bumi menika padalemanipun Gusti.**

Prd1: Sumangga marek kanthi manah tinarbuka, methukaken sih-rahmat kawilujengan saking Gusti, kanthi atur panuwun sareng sedaya titah ingkang memuji asmanipun Gusti.

U: (*Ngidungaken **KPJ 385**, dipun kidungaken kaping kalih*)
KPJ 385 “SRENGÉNGÉ NYUNAR”

Srengéngé nyunar kanthi mulya;
manuké ngocèh klawan rena;
anginé midit ana ing wit-witan;
kéwané bebungah ing pasuketan.
Kabèh padha muji Allah kang loma;
kabèh padha muji Allah kang loma.

VOTUM

PS: Pitulungan kita menika wonten ing asmanipun Gusti, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, ingkang tansah ngasihi lan milujengaken titahipun.

Psw: (*Ngidungaken **Amin, Amin, Amin***)

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah, Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nyarengi Panjenengan sedaya.

Psw: **Nyarengi Panjenengan ugi**

TEMBUNG PAMBUKA

(*Lenggah*)

Prd2: Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti, ing sakdanguning Wekdal Paskah menika, kita dipun timbali ngraos-raosaken wungunipun Sang Kristus ingkang nganyaraken titahipun Gusti. Irah-irahaning pangibadah dinten menika ngènetaken kita bilih Kristus, Sang Margi, mboten namung milujengaken manungsa, nanging ugi sedaya titah. Lampahing kawilujengan mboten namung lampahing karohanèn tumuju dhateng swarga, nanging ugi lampah sakdanguning gesang ing donya. Lampah menika

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

minangka timbalan kanggé mangun pedalemanipun Gusti
ing saktengahing donya.

U: (*Ngidungaken KPJ 16:1-4 “Langit Tansah
Nyariyosaken”*)

KPJ 16:1-4 “LANGIT TANSAH NYARIYOSAKEN”

- 1) Langit tansah nyariyosken kamulyané Hyang Maagung,
wah akasa mratélakken yasaning astanipun.
Rinten dalu tan kendhat, wartanya ngebèki rat.
- 2) Sanadyan datan wicanten tan wonten tetembungan,
ning samangsa dèn tilingken tansah nggunggung
Pangéran.
Paseksinya nyrambahi ing salumahing bumi.
- 3) Pangéran murbèng jagad-rat kang ngrimati pra titah.
Surya kang mlampah tan kendhat, nggih krana rèhing
Allah.
Saliring kang dumadi nélakken sihing Gusti.
- 4) Mugi Gusti nggih karenan isining manah kula.
Gung panggunggung mring Pangéran, pangayoman
sanyata.
Pinujia tan kendhat Panebusing pra umat.

PANELANGSANING DOSA

PS: Sumangga kita raos-raosaken sedaya ingkang sampun kita
lampahi ing gesang. Sumangga kita ndedonga, nelangsani
tumindak kita.

*(Pasamuwan piningan wekdal kanggé ndedonga
piyambak.)*

PS: Gusti, nyuwun pangapunten awit sedaya regedan ingkang
kawula bucal kanthi sembrono temahan mejahi bumi lan
nyebar pepejah ing ilining toya.

Psw: **Nyuwun pangapunten, dhuh, Gusti.**

PS: Nyuwun pangapunten awit kawula sami nggragas lan kasar temahan ngrisak siti. Nyuwun pitulungan supados kawula saged nyebar, nanem, lan manèn saking bumi kanthi wicaksana. Nyuwun kawula dipun wucal nresnani siti.

Psw: **Gusti kersaa rawuh lan damel mantun siti kawula.**

PS: Nyuwun pangapunten awit kawula damel regeding hawa ingkang kanggé ambegan. Nyuwun tulung kawula dipun sembadani sageda gesang kanthi leres, prasaja, lan wicaksana. Nyuwun dipun wucal supados kawula perduli dhateng hawa ingkang resik.

Psw: **Gusti, kersaa rawuh lan damel resiking hawa ing donya.**

PS: Nyuwun pangapunten amargi kawula asring nyepèlèkaken lan mbucal-mbucal tetedhan saking Paduka. Nyuwun tulung kawula dipun dayani lelados, mbéla, lan ndandosi titah Paduka. Nyuwun tulung kawula dipun wucal perduli dhateng sesami, ugi ngrimat bumi minangka griya kawula. Ing saklebeting Sang Kristus, kawula ndedonga. Amin.

Psw: (*Ngidungaken* **KPJ 127:1-3**)

KPJ 127:1-3 “**NGGÈN KAWULA MAKARYA**”

- 1) Nggèn kawula makarya, inggih kasar alusa, mung Paduka Gusti, kang mugè amaringi pitedah wah panganthi, mrih kang pinanggih prayogi.
- 2) Kawula tan nglenggana, tansah mung damel cuwa, sèstu tanpa gina.
Lamun tan binerkahan déning Allah Pangeran lah wekasanipun nglaha.
- 3) Gusti Kang Mahaadil, mugè Paduka nunggil ing kula slaminya;
Mrih ing salir pakaryan, tumindak, kalakuwan, manut pangrèhing Pangéran.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

PAWARTOSING SIH-RAHMAT *(Jumeneng)*

PS: Sedhèrèk-sedhèrèk ingkang dipun kasihi déning Gusti, bumi saweg sambat, siti dados garing, alas sami gosong, hawa, toya, lan siti sami reged. Donya sambat amargi sakit, katentreman ugi sangsaya ical. Amargi tumindak kita, ÈKNAéndahing bumi saged ical. Amargi kita kumalungkung, alas sami telas. Amargi namung nengenaken pikajeng kita, tetuwuhan sami pejah. Nanging, sih-rahmat pangapunten dipun paringaken dhateng kita kados ingkang kita waos wonten Kolosé 1:19-20:

”Marga kawontenané Allah ing sawetahé kepareng dedalem ana ing Panjenengané, kang ngrukunaké samubarang kabèh karo sarirané, kang ana ing bumi lan kang ana ing swarga; yaiku sawusé ngawontenaké pirukun sarana rohé Gusti Kristus kang sinalib.”

Mekaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti.

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti**

Psw: *(Ngidungaken KPJ 21:1,2)*

KPJ 21:1,2 “PARA TITAH SADAYA SAMYA
NGREPÈKNA”

- 1) Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung sih-susetya.
Haléluya! Haléluya!
- 2) Pujinen Hyang Murbèngrat, Gusti kang gung sih-rahmat,
Ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluya! Haléluya!

PELADOSAN PANGANDIKA *(Lenggah)*

PS: (Pandonga Pecawisan mirengaken pangandikanipun Gusti)

Waosan Sepisan

L1: Waosan sepisan saking **Lelakoné Para Rasul 7:55-60**
Mekaten Pangandikanipun Gusti

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti**

Tanggapan

L2: (*Didaraskan utawi dipun waos sesautan*)

Jabur Masmur 31:1-5,15-16

Waosan Kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **1 Pétrus 2:2-10**

Mekaten Pangandikanipun Gusti

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil

PS: Injiling Gusti Yésus Kristus miturut **Yokanan 14:1-14**

Mekaten Injiling Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih menika tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken, sarta dipun tindakaken kanthi setya ing gesang padintenan. HALÉLUYA.

Psw: (*Ngidungaken **KPJ 473 Haléluya, Haléluya***)

Khotbah “Lampahing kawilujengan menika griya”

Wekdal ening

Pengakening pitados (*Jumeneng*)

Prd3: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti ing wekdal kepengker, wekdal sakmenika, lan wekdal mengajeng, sumangga kita ngèneti pengakening pitados wonten ing baptisan kita kados pratélaning Pengakening Pitados Rasuli. Sumangga kita télakaken sesarengan

Psw: (*Sesarengan Nélakaken **Pengakening Pitados Rasuli***)

Pandongan Safaat (*Lenggah*)

PS: (*Ngonjukaken pandonga safaat*)

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

PISUNGSUNG

Prd4: Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti, kita sampun nampèni sih lan kawilujengan saking Sang Kristus, Margining gesang. Minangka tandha panuwun, sumangga kita misungsungaken pakaryaning kawilujengan kanggé donya lan sesami. Ayat ingkang dados tetales kanggé pisungsung kita saking Jabur Masmur 24:1,

“Bumi dalah saisiné kabèh kagungané Sang Yéhuwah, mangkono uga jagad lan kang padha ngenggoni”.

Pinuji Gusti ingkang nitahaken lan kagungan donya menika.

Psw: (*Ngidungaken KPJ 181:1-3*)

KPJ 181:1-3 “Puji Sokur Konjuk Gusti”

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka; datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta. Sokur paringing pakaryan, nadyan badanmba ringkih, sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni; sokur méga ngantariksa, miwah surya ndadari. Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa; awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan; sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman. Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah; sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

Pandongang Pisungsung

(*Jumeneng*)

Prd4: (*Mimpin pandonga pisungsung*)

Kidung Pangutusan

(*Jumeneng*)

Prd: (*Ngidungaken KPJ 201:1-3*)

KJ 201:1-3 “MUNG SANG KRISTUS GUSTI”

- 1) Mung Sang Kristus Gusti, Jurubasuki.
Wit sih-tresnanya mring manungsa,
ngantos korban sarira.
Mila tyang pracaya
sinungan waluya wah tentrem raharja.
- 2) Mung Sang Kristus Gusti, Jurubasuki.
Sabdanira kebak pangwasa
mring sajagad warata.
Tyang bekti wah setya
ing gesangira, kabegjan kang pinanggya
- 3) Mung Sang Kristus Gusti, Jurubasuki.
Pangrèh wah panuntuning asta
damel tentreming driya.
Tyang ingkang prayaca
gesangnya sumarah, tan rumaos semplah.

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Pangabekti kita dinten menika ing papan menika sampun paripurna, nanging ayahan lan pangibadah ingkang saèstu badhé dipun wiwiti saksampunipun kita medal saking papan menika. Sakmenika mangga sami ngeneraken manah dhateng Gusti Yésus, Margining gesang.

Psw: **Kawula ngeneraken manah dhateng Gusti**

PS: Sami dadosa seksining Sang Kristus ingkang ndhatengaken margining kawilujengan kanggé donya.

Psw: **Kawula cumawis dados seksi kagem Sang Kristus.**

PS: Pinujia Gusti,

Psw: **Sakmenika dumugi saklami-laminipun**

BERKAH

PS: Allah Sang Rama, ingkang nitahaken langit lan bumi kanthi kebaking katresnan, maringi panjenengan manah ingkang remen ngrimati titahipun. Sih-rahmatipun Gusti Yésus Kristus, ingkang paring gesang lan pangajeng-ajeng

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

énggal, ndayani panjenengan gesang njagi bumi.
Patunggilaning Sang Roh Suci nyantosaaken, nuntun, lan
nyarengi panjenengan mantunaken donya menika. Amin.
Psw: (*Ngidungaken **KPJ 474 “HALÉLUYA, HALÉLUYA,
AMIN”***)

(nsr-kristi)



Mangsa Paskah 2026

“BAHAN PASKAH ADIYUSWA”

Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan kawontenan saha kabetahaning geréja utawi pasamuwan ing ngriki.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

ANDHARAN
PASKAH ADIYUSWA
Mangsa Paskah 2026

Waosan:
Matéus 28:1-10

Wangunipun
Sang Kristus
Mbekta Makna
Gesang ingkang
Anyar
☪☪☪

Ancas:

Para adiyuswa gadhah grengseng anyar ing salebeting gesangipun najan yuswa saya sepuh.

Yuswa sepuh, asring dipun sebat lan dipun tegesi kanthi cara ingkang béda. Wonten ingkang nyebat, “*Usia Emas/Usia Indah*”. Sebatan punika karaos minangka eufemisme (tembung ingkang pun réka supados karaos langkung alus). Namung mekaten, ancaspun saé, kanggé langkung ngaosi utawi atur pakurmatan dhateng para sepuh. Malah para sepuh ingkang yuswanipun langkung saking 70 tahun tarkadhang sinebat tiyang ingkang nampèni kabegjan krana kaparingan kanugrahan yuswa panjang saking Gusti, nglangkungi umur ingkang kaaturaken Nabi Musa ing pandonganipun. Mboten sedaya tiyang nampèni kanugrahan mirunggan kados punika.

Ananging punapa sedaya tiyang ingkang yuswa adi sami-sami ngraosaken kabegjan punika? Punapa sedaya saged ngraosaken kaéndahaning gesang, mirunggan ing pungkasan-pungkasaning gesangipun? Punika pangangen-angen kita sedaya. Ing kanyataning gesang, sayektos kathah ugi para adiyuswa ing pungkasan-pungkasaning gesangipun mboten ngraosaken kabingahan lan tentrem rahayu. Para adiyuswa punika gesang kanthi awrat ing babagan ékonomi, kawontenaning brayat, pasrawungan ing masarakat utawi sacara pribadi. Winatesing kawontenan ing babagan-babagan punika ndadosaken para adiyuswa ngraosaken awrat lan rekaosing gesang. Tumraping para adiyuswa, yuswa adi punika tinampi minangka kawontenan ingkang sarwi winates lan kathah

kemunduran ingkang rinaosaken. Ingkang sepisan *kemunduran* sacara jasmani lan méntal (kajiwan), nanging ugi sami ngalami *kemunduran* ing babagan spiritual/karohanèn, dados tiyang ingkang *fatalis*, nengga nasib, kados katembungaken: dados “*simatupang*” ingkang tegesipun, *siang malam menunggu panggilan*.

Ing Jepang, samangké, wonten kawontenan ingkang mrihatosaken tumraping para adiyuswa. *Lansia*/adiyuswa ing Jepang kapétang paling kathah piyambak ing saindenging jagad punika. Mesthinipun punika tinampi minangka berkahipun Gusti. Nanging, sawetawis saking para adiyuswa punika ngalami “*kudokushi*”. Para lansia ngraosaken gesangipun sepi mamring lan piyambakan. Sangsaya mrihatosaken malih, bilih para adiyuswa punika sami séda ing salebeting kasepenan/kasepèn (*kudokushi*) awit rumaos mboten wonten brayat lan kanca. Lelampahan punika sampun wiwit karaosaken ing tahun 1980 nan, nanging samangké kawontenanipun malah sangsaya mrihatosaken. Kawontenan *kudokushi*, samangké dipun sarengi kaliyan “*hikikomori*”, inggih punika kawontenan para adiyuswa ingkang sami nilar pasrawungan ing bebrayan agung. Kathah ingkang sami mencilaken dhiri saking pasrawungan ing masyarakat. Bab ingkang pungkasan punika jebul ugi dipun alami déning para kanèman ing Jepang.

Ing Ngayogyakarta naté wonten setunggaling warga pasamuwan adiyuswa ingkang sregep ngibadah dumadakan ical, mboten wonten kabaripun. Piyambakipun mboten ketinggal malih ing pangibadah sonten. Kénging punapa saged mekaten? Nalika kanca-kancanipun setunggal baka setunggal sami déné nemahi séda, dangu-dangu piyambakipun kécalan grengseng kanggé ndhèrèk ngibadah wanci sonten. Padatanipun, piyambakipun mboten naté absèn ndhèrèk ngibadah ing Minggu sonten lan malah padatanipun sabibaripun ndhèrèk ngibadah mboten lajeng kondur, ning mampir rumiyin dhateng griyanipun kanca adiyuswa, namung kanggé reraosan. Nalika kanca-kanca lansianipun urut-urutan sami séda, piyambakipun kécalan grengseng ngibadah ing gréja. Ing griyanipun, adiyuswa punika ugi ngraosaken sepi mamring, piyambakan. Anak-anakipun

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

sampun mentas sedaya lan nyambut damel nglembara ing papan-papan sanès, sami répot krana padamelan kanggé nyekapi kabetahaning brayatipun piyambak-piyambak. Pramila anak-putunipun awis-awis saged sowan tetuwi tiyang sepuhipun. Krana kawontenan sepi mamring-piyambakan ingkang karaosaken terus-terusan, wusananipun lansia punika kécalan grengsenging gesang. Tumunten mencilaken dhiri, mboten naté medal saking griya, saben-saben namung saréyan kemawon ing dhipanipun. Inggih mekaten lelampahan gesangipun ing saben dintenipun. Inkang garwa taksih sugeng, nanging mboten saged ngicali raos piyambakan punika, lan mboten saged mangsulaken grengsenging gesangipun. Bab punika sampun lumampah mataun-taun, ngantos raganipun sangsaya kera tanpa daya. Ngantos ing satunggaling wekdal, jantungipun kèndel, adiyuswa punika sampun sumaré ing salaminipun wonten ing “*ranjang kematian*” (“dhipaning pepejah”) ingkang sampun dangu dados kanca gesangipun. Adiyuswa punika séda ing raos sepi mamring piyambakan, kados *kudokushi*.

Mboten kathah tiyang mangertos bilih ing kiwa-tengenipun sejatosipun ugi wonten tiyang ingkang miyambak, mencilaken dhiri, ngraosaken piyambakan lan kécalan grengsenging gesang. Saèstunipun saged dipun sebat bilih tiyang punika sampun nemahi pejah ing gesangipun. Kados-kados namung nengga wekdal tinimbanganipun. Mugi-mugi ing antawising kita mboten wonten ingkang gesang nanging namung ngener dhateng pepesthèn pejahipun, kados cariyos-cariyos ing nginggil.

Ing Kitab Suci ingkang kaserat déning Matéus punika, para wanita, inggih para muridipun Gusti Yésus sowan ing pasaréyanipun Gusti kinanthénan pamikiran bilih Gusti sampun séda. Para wanita punika sami mboten kèmutan bilih Gusti Yésus badhé wungu saking antawisipun tiyang pejah ing tigang dintenipun. Sanajan bab punika sampun wongsal-wangsul kapangandikakaken déning Gusti Yésus piyambak. Manah lan pikiranipun para wanita punika namung dipun kebaki déning gambaran kawontenanipun Gusti Yésus ingkang sampun kaken krana séda. Pramila para wanita punika saèstu sami kaget nalika

ing énjing sasampunipun Dinten Sabat punika Gusti Yésus saèstu-èstu wungu saking antawisipun tiyang pejah. Raos sedhik lan wewayangan bab Gusti Yésus ingkang sampun séda, mbuyaraken pamandengipun dhateng Gusti Yésus ingkang wungu lan kabar kabingahan ingkang kabekta déning para Malaikat. Déné sasampunipun pandelengipun para wanita sami tinarbuka lan saged mandeng kanthi sanyatanipun bilih Gusti Yésus yektos wungu, kasedhihanipun ical kagentosan kaliyan kabingahan ageng lan grengseng gesang ingkang anyar. Para wanita punika lajeng mlajar kanthi grengseng martosaken kabar bab wungunipun Sang Kristus dhateng para murid sanèsipun. Wungunipun Sang Kristus mbekta semangat ingkang anyar ing gesangipun para wanita, lan salajengipun ugi dhateng para murid sanèsipun.

Para adiyuswa ingkang winantu sagunging kabingahan, wekdal punika kita sami mèngeti lan mahargya malih wungunipun Gusti Yésus saking antawisipun tiyang pejah. Sumangga kita ugi sami énggal wungu lan nglajengaken gesang punika kanthi kabingahan lan grengseng ingkang anyar. *Semangat....* Gusti Yésus ingkang wungu mberkahi kita sami. Amin.

(wd-ip)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

**BAHAN LITURGI
PASKAH ADIYUSWA**

Mangsa Paskah 2026

Waosan:

Matéus 28:1-10

**Wangunipun
Mbekta Makna
Gesang Inkgang
Anyar**



Liturgi punika asipat *alternatif*. Saged ugi kaginakaken liturgi pakempalan pandonga ingkang prasaja, kados ta pandonga, kidung pambuka, peladosan pangandika, lan pandonga panutup. Kelampahaning Pakempalan pandonga punika kasumanggakaken miturut adat saben ing pakempalanipun para adiyuswa ing ngriki.

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PEPUJÈN

PL: Dinten punika kita sami mahargya wangunipun Sang Kristus. Sang Kristus ingkang wungu punika inggih Sang Kristus ingkang gesang. Panjenenganipun mboten namung gesang ing swarga, nanging Panjenenganipun ugi gesang ing dhiri kita, ing manah kita. Kados Rama Ayub kala semanten gadhah ujar, samangké sumangga kita ugi mratélakaken iman pitados kita bilih Panebusku gesang, lan wus nyawisaké urip langgeng kanggo kita kabèh.

Kita repèkaken pepujèn saking KPJ 267:1-3

KPJ 267. PAMARTA KULA AGESANG

Do=Bes 4/4

- 1) Pamarta kula agesang
tyas kula mila agirang
kang sinalib gesang.
Dènnya séda krana kula

wunguné dados panjernya,
kula ndhèrèk gesang.
Reff.: Gesang, gesang,
Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang,
Pamarta kula agesang.

2) Gesang, Gusti kang wus séda,
dènnya gesang krana kula,
mila kula puji
Saiba dènnya ngasihi
kula ngantos dèn paringi
gesang langgeng ugi
Reff.:.....

3) Tyas kula yogya agirang
dé gadhah Pamarta gesang,
sung gesang mring kula.
Gusti gesang anèng swarga
nyawisi papan mring kula,
kula ndhèrèk gesang.
Reff.:.....

3. PANDONGA SOKUR

PL: Dhuh Gusti, kawula sami ngucap sokur krana Paduka jumeneng Allah ingkang gesang. Paduka ugi sampun wungu saking jurang palimenganing pati ingkang nggegirisi. Paduka mimpang temah pati sampun kawon. Dinten punika kawula sami mahargya wungu Paduka. Kebakana manah kawula kanthi kabingahan agung, supados kawula ugi sami saged asurak-surak awit Gusti sampun wungu. Dhuh Gusti, sumangga Paduka berkahi patunggilan kawula punika, supadosa kawula saged ngraos-ngraosaken maknaning wungu Paduka.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

4. **KIDUNG PEPUJÈN**

KPJ 258. GUSTI YÉSUS WUS WUNGU

Do=Bes 4/4

- 1) Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya
Samnya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!
- 2) Katresnané sampurna! Haléluya!
Kamenangané nyata! Haléluya!
Sunaring surya padhang! Haléluya!
Tinampi kanthi girang! Haléluya!
- 3) Gesang malih Sang Raja! Haléluya!
Kita tentrem - raharja! Haléluya!
Pati, endi antupmu? Haléluya!
Kubur, endi kwasamu? Haléluya!

5. **PALADOSAN SABDA**

- a. Pandonga
- b. Pamaosing Kitab Suci: **Matéus 28: 1-10**
- c. Renungan
- d. Wekdal Ening
- e. Pandonga

6. **KIDUNG PEPUJÈN**

KPJ 268. PANGLIPURING TYANG PRIHATOS

- 1) Panglipuring tyang prihatos, klengenaning tyas kula
Sakathah sumlanging batos, kasirnaken sadaya
Sing swarga Gusti kang mulya, karsa tumedhak mriki
Nyaur pundhat utang kula, Gusti gung kula puji
- 2) Iba-iba Gusti mlasi bangsa apes lan nistha
Sing laknat Gusti ngluwari, margi sangsara séda
Riwé, rah, waspa Paduka nèng Gètsémané mili
Ngluwar kula sing ukuman, mbikak mrgining swargi

- 3) Gusti tinuwèk ing galih, déning poyok kang sèngak
Bènduné Allah kang adil sinanggi Gusti piyambak
Nggirisi Gusti siniya wonten ardi Golgota
Pasrah sinalib sarira, krana jagad duraka

7. PANDONGA PANUTUP LAN PANDONGA BERKAH

[wd-ip]



Mangsa Paskah 2026

**“BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI”**

Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan kawontenan saha kabetahaning geréja utawi pasamuwan ing ngriki.

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 1
Minggu Prapaskah 1

Waosan:
Purwaning Dumadi 2:15-17, 3:1-

Tumut
Memayu
Jagad Raya
☪☪☪

CECALA

Bêna bandhang lan pasitèn jugrug ing Sumatra Barat, Sumatra Utara lan Aceh ing pungkasaning wulan November 2025 nilaraken tapak-tapak ing karisakan ingkang damel sungkawa. Deresipun jawah madinten-dinten dadosaken lèpèn-lèpèn bludag lan èrèng-èrènging parêdèn jugrug. Atusan dhusun kèlêm, piranti-piranti penting rusak, margi pedhot, lan malah ugi bekta éwon tiyang pejah lan dèrèng kapanggihaken. Samadyaning raos papa lan sungkawa awit bebaya, tetinggalan ingkang dadosaken kita sedhah malah ugi nepsu katingal ngégla ing mripat. Sasampunipun jawah mendha lan toya bena mili anjog ing seganten, katingal wonten ing jugrugan siti, séla lan glondhongan-glondhongan kajeng ingkang sedaya punika saking wana ingkang karisak lan karisak déning kasrakahaning manungsa. Jawah deres madinten-dinten amargi wontenipun *Siklon Tropis Senyar* ingkang gèmbulêng ing Selat Malaka gantos wujud dados bebaya/alangan kamanungsan ingkang damel sedhah. Wana minangka bèbètènging alam ingkang samesthinipun kwawi jagi deresing milinipun toya jawah, sampun dipun babati lan gundhul déning kasrakahan. Ing papan-papan ing Sumatra mekaten ugi Aceh, sampun dangu bilih wana dipun gundhuli lan boten dipun tanduri tetenduran wana malih, malah kathah ingkang lajeng kaginakaken dados pategalan sawit.

Hatma Suryatmojo, salah satunggaling Peneliti Hidrologi Hutan dan Konservasi Daerah Aliran Sungai dari UGM (Universitas Gajah Mada) njlèntrèhakèn data bilih dumugi tahun 2020, provinsi Aceh sampun kécalan 700.000 hektare wana.

Kawontenan ingkang langkung mrihatosaken kalampahan ing Sumatra Utara. Idhum-idhuming wana namung kantun udakara 29% saking wiyaring dharatan (namung kinten-kinten 2,1 yuta hektare). Kajawi saking punika, mlajaring deforestasi (*penebangan hutan*) ing Sumatra Barat kagolong ingkang paling inggil. Namung sadanguning 2001-2024 provinsi punika kécalan 320.000 hektare hutan primer lan gunggung 740.000 hektare idhum-idhuman. Kanthi kanyatan punika, Suryatmojo damel simpulan bilih bena bandhang ingkang nglimputi ing Sumatra rikala November 2025 sejatosipun minangka gunggunging “dosa ékologis.”⁷ *Cuaca ekstrem* namung minangka pérangan alitipun. Daya karisakan ingkang kadadosan boten saged singlar saking parahipun risaking lingkungan awit kasrakahaning manungsa. Ing kasunyatanipun, wana, ilèn-ilèn lèpèn, lan sedaya lingkungan alam ingkang risak punika boten namung lokal (sapanggénan). *Deforestasi* sampun dados karisakan nasional. Adhedhasar data saking *Global Forest Watch*, Indonesia mapan ing *rangking* (urut-urutan) angka kalih paling awon minangka negari ingkang *ngethoki* lan kécalan *hutan tropis primer* paling wiyar ing donya.

Ngilo saking wontenipun bebaya (*bencana*) ingkang saèstu mrihatosaken lan damel sungkawa punika, sampun samesthinipun bangsa punika nggegilut lan nindakaken pamratobat ing babagan ékologi. Bab punika sangsaya katandhesaken inggih amargi kita mapan ing Indonesia ingkang sejatosipun inggih negari minangka *paru-paru dunia*. Lelabet kita minangka bangsa saèstu mligi murih saged njagi lestantunipun lan lampah gesanging jagad. Kanggé murwakani, anggènipun njarwani ingkang leres lan séhat bab sesambetaning manungsa lan jagad raya kedah kakumandhangaken lan dipun gesangi. Panyuraos Kitab Suci ing dinten punika bêrêg pasamuwan kanggé mangertosi lan njarwani kadospundi prayoginipun manungsa wonten lan memayu jagad yeyasanipun

⁷ dosa ékologis: dosa utawi kalepatan ing babagan sesambetan ingkang asipat imbal balik antawisipun manungsa, kéwan, wit-witan lsp. ingkang asipat gesang kaliyan alam sakiwa tengenipun.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Gusti. Minangka sasami reriptaning Allah, pasamuwanipun Gusti kabereg wangsul malih tumuju timbalanipun sakawit, inggih punika memayu hayuning jagad raya. Murih lumantar panyuraosing sabda, pasamuwan kasagedaken mangertosi bab dosa ékologis ingkang dumados ing alam, lajeng nggadahi tékad ngrawuhaken pamratobat ékologis, lan salajengipun pasamuwan kasagedaken biwarakaken ugi nglimrahaken katekunan dhumateng sabdanipun Gusti lumantar pambangunturut ing babagan ékologis.

PANYURAOS RINGKES PURWANING DUMADI 2: 15-17, 3: 1-7

Sasampunipun yasa jagad raya lan manungsa kanthi prayoga linuwih, Gusti Allah lajeng manggènaken manungsa ing Taman Èdèn. Gusti Allah paring pangandikan mekaten ugi paring jebibahan tumrap manungsa. Pangandikanipun Gusti Allah cetha sanget. Minangka titah, manungsa kedah ajrih asih lan éring namung dhumateng Gusti Allah ingkang nitahaken. Lampahing gesang ingkang éring punika kawujudaken lumantar lelabet ing babagan ékologis lan kasopanan kanggé ngrimati lan ngupakara lestarining saisèning taman. Ing ayat 15, tembung ngolah (עָבַד / 'ābad) saged ugi dipun tegesi: ngladosi, ngolah, nggarap. Lan tembung ngreksa (שָׁמַר / šhāmar) ugi saged dipun tegesi: njagi, ngayomi, nggatosaken, tanggel jawab, ngèkêp, nglestarèkaken, ngawasi, ngatos-atos, jingglêngi, lan milujèngaken. Kalih tembung punika karaosaken prayogi lan *konstruktif* (mbangun). Boten wonten teges ingkang asipat nguwasani punapamalih munthês rikala Gusti Allah mapanaken lan paring jebibahan tumrap manungsa ing Taman Èdèn. Bab punika ngiras nandhesaken bilih manungsa sanès ingkang darbèni wetah, ananging namung ingkang nggarap lan jagi yeyasan. Manungsa tinimbalan minangka mitraning Allah, sanès ingkang nguwasani yeyasan.

Lumantar tanggel jawab ingkang kaparingaken déning Gusti Allah tumrap manungsa sepisanan punika saged dipun tegesi bilih èstunipun boten wonten kamardikan ingkang boten

sinartan watêsan. Tumrap sedaya titah sanèsipun (kéwan lan tetanduran) ingkang kapanggènaken ing Taman Èdèn minangka gegambaran saking jagad yeyasaning Allah, manungsa sepisanan kaparingan wewengan kanggé ngginakaken kanthi atetales ngrimat lan tanggel jawab. Boten namung kaginakaken déning manungsa, ananging kedah karimat lan kapêsthèkakên lestarinipun. Kita saged nggambaraken bilih Adam lan Khawa ngginakaken sacekapipun ing pangangkah nêdha kéwan lan tetuwuhan ingkang mapan ing Taman Èdèn kanggé kabetahan gesanging kekalihipun. Punika nêr tegesing tembung ngreksa, ingkang saged dipun tegesi: ngawasi, ngatos-atos, jingglêngi, lan milujengaken. Limrahipun Juru Taman (*Gardener*), kamardikan ngupakara taman, kaparingan papan ingkang cekap déning Gusti Allah. Ananging pangupadi anggènipun nggarap taman punika ugi wonten watesipun murih boten srakah punapa malih ngrisak. Anggènipun nandhesaken bab watesan punika cetha sanget kapangandikakaken lumantar pamênging nedha woh ing wit pangawruhing becik lan ala. Manungsa nyekapaken dhiri kanggé boten srakah kanthi nêndha.

Ewasemanten bab nyênyêkap dhiri punika, manungsa boten kwawi nyanggi pandadaran lan dhawah ing pangungruming/pambujuking dosa *Si Sawêr* (gegambaraning Iblis). Purwaning Dumadi 3: 1 – 17 nélakaken iba manungsa ginodha supados saged sami kaliyan Gusti Allah kanthi mundhut woh ingkang boten kaparengaken. Kanthi tumindak mekatèn, manungsa nglangkungi watesing sesambetan kaliyan Gusti Allah. Manungsa singlar saking tetapan kaliyan Gusti Allah. Manungsa boten saiyêg dan setya malih dhateng Gusti Allah. Raos srakah sampun ngemudhèni manungsa minangka yeyasan, pambêgipun dursila kanthi kréntêg nyamèni ingkang ngripta. Manungsa nggadahi pepénginan bilih sedaya samukawis namung kanggé piyambakipun. Srakah lan karem ing panguwasa njalari manungsa dhawah ing pangawulaning dosa sepisanan. Manungsa dhawah boten namung ing bab pambanguntutur karo hanèn, ananging ugi magepokan kaliyan bab ékologis. Kanthi mundhut woh ing wit kalawau, manungsa ugi saweg mundhut ingkang boten darbèkipun. Bab punika ingkang miwiti

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

pambêg srakah, ngêmungakên wates lan tundhanipun ngrisak hayuning ékologi. Dosa sepisanan cinetha minangka pambeg *antroposentrisme destruktif* – pêpénginaning manungsa kanggé nguwasani sedaya ingkang dadosaken risaking tatanan ékologis, ingkang sampun rinantam prayogi déning Gusti Allah.

Sesambetaning Adam lan Khawa kaliyan bumi lan reriptan sanès boten wetah malih, nanging kedah kanthi rekaos, rudhatin, lan cecengkahan. Bab punika dados gambaran nyata magepokan tata caranipun manungsa ningali alam lan reriptan sanès namung minangka piranti pamarem pepénginanipun. Kita nyumerepi kanyatan krisis ékologi samangké. *Perubahan iklim, kepunahan spesies, lan kerusakan habitat*, sarta sangsaya ciyutipun wana. Sedaya punika minangka cak-cakan ingkang tansah kaambalan saking dedosan, inggih punika nglangkungi watesing jejer yeyasan. Lelakon – suci – punika samangké bereg kita ngunggelaken malih *spiritualitas* ékologis. Manungsa dados mitra tumrap bumi, dédé panguwasa ingkang dakwenang. Sesambetan ékologis ingkang trep inggih punika pambangunturut kita ing pangrimatipun Gusti Allah tumrap sedaya titah. Kasadharan ékologis bilih Gusti Allah nimbali kita kanggé ngreksa jagad lan boten malah ngrisak, kedah tansah kalampahaken.

PANYURAOS:

1. Sasampunipun nggegilut panyuraosing kitab suci ing inggil, pasinaon punapa kémawon ingkang saged kita pethik minangka wohing panyuraos kanggé ngrembakakaken kapitadosan kita?
2. Nyuwuna pirsa dhumateng pasamuwan: Manut panjenengan, punapa pitobat ing bab ékologis wonten sesambetanipun kaliyan Iman Kristen? Nyuwun katranganipun!
3. Sasampunipun mirengaken pérangan cecela magepokan kaliyan bebaya/alangan lan risaking alam Indonesia, punapa tekad panjenengan murih saged nyuda wontening risaking alam?
4. Kadospundi cara kita nuwuhaken “*kesadaran ékologis*” tumrap kita pribadi sumrambah tiyang-tiyang sanès, ing

samadyaning pambeg boten perduli ing sakiwa-tengen kita ingkang sangsaya kathah?

5. Ing wekdal Prapaskah punika, punapa gréja ing pundi panjenengan masamuwan mujudaken secara nyata “*kesadaran ekologis*” ing program geréja? Punapa mawon ingkang saged kita usulaken secara saiyeg minangka pasamuwan kanggé mujudaken memayu hayuning jagad?
6. Awak-awakaning PA saged bereg sedaya ingkang rawuh kanggé nindakaken *GERAKAN SEDERHANA MEMELIHARA SEMESTA*. Setunggal baka setunggal pasamuwan saged nyariosaken tekad nyatanipun kanggé memayu hayuning jagad lan kacathêt. Ing pepanggihan candhkipun saged kacariosaken.
7. Ing pungkasaning pepanggihan, sedaya ingkang rawuh kaajak ngedumaken *PESAN EKOLOGIS*, ingkang nélakaken wohing panggegiluting piyambak lumantar mèdhiya sosial kagunganipun piyambak-piyambak. (Paling gampil lumantar giyaran *whatsapp*)

(asy – mgk)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 2
Minggu Prapaskah 2

Waosan:
Purwaning Dumadi 12: 1-4a

Jumangkah
Sesarengan
Gusti Yésus



Cecala

Waosan sabda dinten punika bêrêg kita ningali lelampahan gesanging Abram, ingkang sakawit bingahaken, ananging lajeng “kandhêg” kaliyan timbalanipun Gusti Allah murih nebih saking kahanan ingkang bingahaken sewau. Punapa para sadhèrèk naté ngraosaken ugi? Kawontenan ingkang sarwa bingahaken saged kadadosan ing papan panyambut damel, brayat, ing pasamuwan, jagading pangupa boga, kepara ing gesang-gesanging bebrayatan ing pundi kita rumaos tinampi minangka brayat sajawining brayat kita piyambak. Kados-kados Gusti Allah ngersakaken Abram nilar raos tentrem ing papan dunungipun, brayatipun, kasugihanipun lan sedaya samukawis ingkang wonten.

Kinten kula, mbokmenawi ing jaman samangké, Abram sampun nggadhahi griya ing papan ingkang tentrem, saged lelangèn , olahraga saben énjang, lan sanès-sanèsipun, ananging wonten setunggal pérangan ingkang dèrèng dipun gadhahi, papan ing pundi piyambakipun saged ngabekti dhumateng Gusti Allah kanthi mardika. Pramila pangandikanipun Gusti ing waosan kita Purwaning Dumadi 12: 1 lan 3, kapurwakan kanthi timbalanipun Gusti dhumateng Abram supados késah nilar brayat agengipun lan griya kagunganing ramanipun, murih dadosa berkah. Lumantar panyuraos Kitab Suci dinten punika, pawamuwan kabereg nyuraos bab mlampah sesarengan Gusti Yésus lan nggadhahi tekad tumêmên sesarengan kaliyan Panjenenganipun.

Panyuraos Ringkes Purwaning Dumadi 12: 1-4a

Punapa sadanguning gesang Abram dèrèng dados berkah? Èstunipun Gusti Allah nimbali Abram saking brayat, ing pundi ramanipun, Téràh, lan brayatipun ngabekti dhumateng allah-allah sanès utawi brahala ing Mésopotamia. Ing ngriku, saged ugi Abram ugi tumut ngabekti dhumateng déwa ingkang langkung inggil, inggih punika Èl, ingkang ing tembé dipun tepangi minangka Gusti ingkang Mahaluhur. Pramila menawi Gusti Allah nedya dadosaken bangsa ingkang ageng, ingkang ajrih-asih dhumateng Allah YHWH, cetha reribeting Abram badhé langkung ageng awit piyambakipun kedah ngadhepi sedaya péranganing brayat ageng ingkang dèrèng wanuh kaliyan Allah YHWH. Duka bab punika ingkang kakersakaken déning Gusti ingkang bakên, éwasemanten ingkang langkung penting inggih punika ancasing Gusti Allah nimbali Abram nilar kahanan ingkang sarwa bingahaken, inggih punika dados berkah.

Mbokbilih kita nitik tata caranipun Gusti Allah nimbali Abram lan nenimbang kaliyan gesang kita wekdal punika, punapa para sadhèrèk pitados bilih ancasing Gusti marengaken utawi paring dhawuh kita késah tumuju papan sanès saking sadèrèngipun, ugi supados kita saged mèsu dhiri lan dados berkah. Awit saking punika, pasamuwan kagunganing Allah kedah nyinau saking Abram (lan Sara) ingkang wantun nilar sawernining bab ingkang nentremaken ing gesangipun kanggé mapag timbalanipun Gusti Allah ing yuswa sepuhipun (75 tahun).

Abram lan Sarah dipun timbali déning Gusti Allah kinèn késah saking Haran tumuju ing tanah ingkang sampun Gusti Allah tedahaken. Cetha timbalan punika ngemu *konsekuensi*. Piyambakipun kedah nilar punapa ingkang sampun ngoyot ing gesangipun, inggih punika papan (papan, brayat, lan griya kagunganing ramanipun). Saged kapenggali, saupami kita manggèn kadosdéné Abram. Cetha boten gampil. Kanggé nilar kathah bab ingkang aji, murih saged dhèrèk Gusti dédé bab ingkang gampil kadosdéné *malik tlapakan asta*. Sinaosa boten gampil, Abram langkung milih nilar sedaya kalawau supados ngraosaken gesang anyar, inggih punika ngênêr karsanipun

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Gusti Allah lan jumangkah kanthi kapitadosan sesarengan Panjenenganipun.

Saged dipun kinten-kinten salebeting lampah ingkang dèrèng cetha tumuju ing papan pundi tujuanipun. Lelampahan punika kebak ing pananting. Abram kedah lumampah tebih, ménggak-ménggok, lan kebak reribet. Piyambakipun badhé sinau supados tansah gumantung ing Allah ingkang rawuh salebeting sumanakipun tetiyang ingkang pinanggih sauruting margi lan salebeting panganthinipun ingkang nglangkungi pamanggihipun manungsa. Malah, timbalan punika dadosaken Abram kedah nglilakaken kécalan barang-barang lan tiyang-tiyang ingkang Abram tresnani ing wekdal kawuri (P.D. 18-25).

Inggih aiwt Abram ngênêr karsanipun Gusti Allah, ancasing gesangipun kaanyaraken déning Gusti Allah. Piyambakipun dados tiyang ingkang ngrawuhaken berkahing Allah tumrap brayatipun lan tumrap sedaya brayat ing jagad (P.D. 12: 2-3). Awit saking punika, ing tèmbé piyambakipun sinebut Abraham (Bapakné bangsa akèh). Kadosdéné ingkang cinetha ugi ing serat Rum 4: 16b-17 “Sabab Rama Abraham iku leluhur kita kabèh, -- iya kaya kang katulisan, wiraosé: “Sira iku wus Sunpsthèkaké dadi bapakné bangsa akèh,” -- ana ing ngarsané Gusti Allah kang wus diandelaké, kang nguripaké wong mati sarta kang nyabdakaké apa kang ora ana dadi ana.” Janjinipun Gusti Allah dhumateng Abraham boten namung kanggé tedhak-turunipun Abraham adhedhasar *garis keturunan* lan ingkang gesang manut angger-angger torèt, ananging kanggé sedaya tiyang ingkang gesang saking kapitadosaning Abram (kacundhukna Rum 4: 16).

Lelakonipun Abram sesarengan Gusti Allah tumuju tanah ingkang kakersakaken Panjenengipun inggih punika lampahing spiritual kanggé manggihaken jatidhiri ingkang anyar minangka tiyang pitados. Abram ngraosaken éwah-éwahaning gesang lan spiritual. Abram (mekaten ugi kita) ugi ngrumaosi bilih gesang punika boten namung bab piyambakipun, punapa ingkang piyambakipun lampahi, lan ugi kasagedanipun, ananging bab Gusti Allah ingkang gesang lan makarya.

Panggegilut:

Ing prapaskah punika kita nggegilut lelampahan kita sesarengan Gusti Yésus, Gusti kita. Nyinau saking kapitadosanipun Abram, tiyang pitados tinimbangan nulad kadosdéné Abram ingkang mlampah sesarengan Gusti Yésus lumantar pambangunturut dhumateng Panjenenganipun – nilar dosa, pakulinan-pakulinaning kajasmanèn, lan kahanan sarwa bingahaken. Ancasipun inggih punika murih pasamuwan dadosa srananing berkah. Kadosdéné Abram ngraosaken éwah-éwahan sesarengan Gusti Allah, lampah sesarengan Gusti Yésus ngasilaken éwah-éwahan tumrap pribadi lan jagad. Pepadhanging Injil ingkang kabekta ngéwahi gesang supados saèstu ngênêr karsanipun Gusti Allah.

Pitakènan Reflektif

1. Pakempalan Panyuraos Kitab Suci saged kawiwitan mawi lelagon “Jalan Serta Yésus”. Sasampunipun, pasamuwan kaajak ngrembag bab pengalamaning gesang “lumampah sareng Gusti Yésus”.
2. Salebeting lampah sesarengan Gusti Yésus, pepalang-pepalang punapa ingkang dipun alami? Kadospundi anggènipun ngawékani?
3. Salebeting lampah sesarengan Gusti Yésus, punapa wonten sawernining berkah ingkang dipun raosaken? Nyuwun tulung kacariosaken!
4. Punapa tekad panjenengan murih tansah tumêmên mlampah sesarengan Gusti Yésus?
5. Kapungkasan kaliyan kedadungan manut KJ 408:3 "Di Jalan Ku Diiring"

(rjs – mgk)



BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 3

Waosan:
Pangentasan 17: 1-7

Toyaning Gesang
ing Ara-ara Samun:
Gusti Allah
ingkang Ngrimati
Titahipun



Andharan

Mangsa Prapaskah punika satunggaling wekdal nalika pasamuwan sami kaatag ngraos-ngraosaken kasangsaran, ngudi kawruh lan pangajeng-ajeng gesang ingkang anyar ing Sang Kristus. Taun punika, kita sami ngriyayakaken Prapaskah sacara mirunggan kanthi nengenaken bab ékologi. Lumantar prekawis punika kita sami kabereg kadospundi sagednyambetaken wangunipun Sang Kristus mboten namung dhatengaken anyaring gesang ing gesanging manungsa, ananging ugi tumrap sedaya titahipun.

Ing negari kita Indonesia, bab ékologi punika dados prekawis ingkang perlu dados kawigatosan langkung malih. Kénging punapa mekaten? Awit kita asring ngadhèpi *bencana* (bebaya/alangan) alam wiwit saking wontenipun bena, mangsa paceklik, pranata mangsa ingkang sampun éwah, ngantos kathah wana ingkang sami kobong njalari risaking lingkunganipun, hawa lan toya sampun reged (*polusi*), deforèstasi (*proses hilangnya tutupan hutan secara permanen akibat aktivitas manusia atau alam, mengubah lahan berhutan menjadi non-hutan untuk tujuan lain seperti perkebunan [kelapa sawit], pertanian, pertambangan, atau pemukiman*), punika nélakaken bilih jagad sampun sambat. Émanipun, manungsa asring kadosdéné bangsa Israèl nalika mlampah ing ara-ara samun: asring nggresula, madoni, lan sakpikajengipun piyambak anggènipun njagi berkahipun gesang ingkang kaparingaken déning Gusti.

Lumantar panyuraosing Kitab Suci punika, kita sesarengan kasuwun nyinau lelampahaning gesang bangsa Israèl nalika mlampah ing Masa lan Mèriba, ugi nalikanipun Gusti maringi toyaning gesang ing ara-ara samun. Kanthi lelampahan punika, kita sami kaatag ngakeni bilih Gusti Allah punika sumbering gesang. Semanten ugi lumantar pangrimatipun Gusti, mucal dhateng kula lan panjenengan supados mboten ngrisak titah sanèsipun, ananging purun ngrimati minangka wujuding iman lan pambangun turut.

Déné ancasing Panyuraosing Kitab Suci punika mitulungi kita supados saged ngraos-raosaken malih sesambetan minangka umatipun ingkang nampi sih nugrahanipun Gusti supados langkung tanggel jawab njagi lestantuning titahipun. Kanthi mekaten, kita saged nglampahi mangsa Pra Paskah boten namung nindakaken siyam utawi nyingkiri ingkang dipunremeni, ananging ugi purun mratobat saking sikap sakpikajengipun piyambak tumrap jagad, supados wungunipun Sang Kristus èstu njalari anyaring gesang ing salumahing bumi.

Pangertosan ringkes saking Pangentasan 17: 1-7

Waosan punika paring gambaran bab lelampahaning bangsa Israèl ing ara-ara samun saksampunipun medal saking tanah Mesir. Bangsa punika wiwit ngadhepi kanyatan katelasan toya ing Rafidim. Nalikanipun ngelak, bangsa Israèl lajeng sami ngundhamana dhateng Nabi Musa malah kepara sami tuwuh pandangon bab rawuhipun Gusti: “Pangéran Yéhuwah iku ana ing satengah kita apa ora?” (ay.7)

Sawetawis bab ingkang prelu dados kawigatosan:

- **Keluwèn lan ngraosaken Ngelak (ay. 1–3).**

Nalika mlampah ing ara-ara samun, bangsa Israèl ngadhepi kekirangan toya. Kekirangan toya punika saged njalari tuwuhing raos prihatos ing iman, mila lajeng sami tuwuh panggresula. Ing ngriku lajeng sami nyupèkaken pakaryanipun Gusti Allah ingkang sampun paring pangluwaran saking tanah pangawulan Mesir. Ing saksisih ugi lajeng kesupèn bilih namung Gusti Allah ingkang kuwaos

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

ngrimati gesangipun bangsa nalika wonten ing ara-ara samun.

Menawi perkawising bangsa Israèl kasambetaken kaliyan kawontenanipun jagad wekdal punika, kita ugi saged manggihaken kaprihatosan awit kiranging toya resik, lèpèn ingkang reged lan paceklik ing pundi-pundi papan. Lumantar kawontenan ingkang mekaten mbokbilih saged kémawon nuwuhaken pitakènan, “Wonten ing pundi Gusti Allah?” Kamangka prekawisipun mboten awit mboten wontenipun Gusti Allah, ananging wonten ing sikap lan tumindakipun manungsa ingkang sampun ngrisak sumbering alam punika.

- **Panggrundel lan Pacobèn (ay. 2–4).**

Bangsa Israèl sami madoni Musa lan nyobi kepara wantun dhateng Gusti Allah. Ing tembung Ibranipun, “*Masa*” nggadhahi teges pacobèn lan “*Mériba*” tegesipun padudon. *Krisis ékologis* asring njalari crah, kadosdéné rebatan toya, papan, utawi ugi sumbering daya. Manungsa gampang nglepataken pemimpin lan sesaminipun, ananging nyupèkaken wontenipun tanggel jawab ingkang kedah kawujudaken sesarengan.

- **Gusti Allah maringi Toya (ay. 5–6).**

Gusti Allah dhawuh dhumatèn Nabi Musa supados nyabet redi parang ing Horèb lan saking ngriku badhé medal toyanipun. Punika dados tandha bilih sih rahmatipun Gusti Allah kedah tetep lumampah senadyan umatipun sami mboten setya dhateng Panjenenganipun. Redi parang sageddados sumbering toya, punika dados lambang kuwaosipun Gusti Allah anggènipun maringi gesang saking kawontenan ingkang mokal kawujudaken. Cundhuk kaliyan jejeripun inggih punika Toyaning Gesang ing Ara-ara Samun, toya ingkang medal saking redi parang punika minangka lambangipun Sang Kristus ingkang dados sumber toya gesanging jagad (bdk. Yokanan 4:14, Yokanan 7:38). Wangunipun Sang Kristus, njalari sedaya sami kaanyaraken

mboten namung kagem manungsa, ananging ugi sesambetanipun manungsa kaliyan sedaya titah.

- **Maknaning Karohanèn (ay. 7).**

Papan ingkang sinebat Masa lan Meriba dados pepènget ing sauruting gesang ingkang Israèl bilih pambaléla lan srakah punika sikap ingkang badhé nuwuhaken kaprihatosan. Ananging lumantar prekawis punika ugi, kita sami katedahaken bilih Gusti Allah mboten naté nilar titahipun. Cundhuk ugi kaliyan pangertosan bab ékologis, waosan punika ngèngetaken kita bilih jagad mboten namung darbèkipun manungsa ingkang lajeng dipunkuwaosi saksekécanipun piyambak, ananging kedah karimat kanthi tanggel jawab supados lestantun ngantos anak putu ing tembénipun.

Kitab Pangentasan 17:1–7 nandhesaken bilih Gusti Allah punika sumbering gesang ingkang mboten badhé nilar umatipun, senadyan ugi nembé ngadhepi kaprihatosan. Waosan punika ugi ngèngetaken bilih tuwuhing kaprihatosan awit manungsa sami mboten pitados lan gesang saksekécanipun piyambak. Ing pangertosan Paskah Ékologis, kita sedaya sami kaatag ngrumaosi bilih wungunipun Gusti Yésus ndhatengaken toyaning gesang ingkang nganyaraken mboten namung sambet kaliyan iman, ananging ugi sesambetanipun manungsa kaliyan titah sanèsipun. Awit saking punika, ngrimati donya punika ugi dados tandha wujuding iman dhumateng Sang Kristus ingkang gesang.

Pitakénan:

1. Ing gesang bangsa Indonesia, *krisis ékologis* punapa ingkang kita raosaken (kabetahan toya resik, larahan, bena, hawa, wana)?
2. Punapa kita asring nindakaken lampah kadosdéné bangsa Israél, ingkang remen nggresula lan nglepataken sanèsipun katimbang njagi lestantuning titahipun Gusti?

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

3. Tumindak prasaja ingkang kadospundhi ingkang saged kita lampahi minangka pribadi, brayat, utawi ugi pasamuwan minangka seksining Paskah ingkang nganyaraken titahipun Gusti (umpaminipun: ngirit ngginakaken toya, ngirangi ngginakaken plastik, nanem wit-witan, ngolah larahan)?

(onl-ias)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 4

Waosan:
Yokanan 9:1-41

Kapulihaken
kanggé
Nggatosaken
Sakiwa tengenipun
☪☪☪

Andharan

Minggu Prapaskah kaping IV kasebat ugi minggu *Laétaré* ingkang tegesipun tansah bingaha. Kabingahan punika kados ingkang katedahaken ing kitab Jabur 23. Juru Masmur nélakaken panampi lan raosipun ingkang bingah awit katresnanipun Gusti Allah minangka Sang Pangèn Agung, ingkang sampun nyekapi gesang lan paring kawilujengan. Semanten ugi kados lelampahanipun tiyang wuta ingkang kapulihaken déning Gusti Yésus. Sewau gesang ing pepeteng ananging salajengipun ngraosaken pepadhang. Lumantar cariyos punika, pasamuwan sami kauleman supados saged manggihaken kabingahan, mujudaken kawigatosan lan mujudaken katresnan dhateng sesami saha tumrap gesanging titah sanésipun.

Pangertosan ringkès saking Yokanan 9 : 1-41

Waosan ing Minggu Prapaskah IV punika sejatosipun satunggaling cariyos ingkang wongsul-wangsul kawartosaken ing minggu Pra Paskah IV, ugi kawulangaken, dipunsinau lan sampun dipunmangertosi. Saking piwulang punika pasamuwanipun Gusti sami kabereg nedahaken kabingahaning manahipun.

Wondéné ing salebeting nglampahi gesang padintenan, kita prelu tansah ngaturaken sokur awit Gusti sampun mulihaken kawontenaning gesang.

Déné wujuding kabingahan ingkang kita raosaken mesthinipun kadosdéné ingkang karaosaken déning tiyang wuta wiwit lair mila lajeng saged ningali malih lan ngraosaken pepadhang. Salajengipun kita saged nyinau andharan ringkes saking 41 ayat ingkang mitulungi kita sami ngraosaken lan manggihaken piwulang ingkang kaserat déning panyerat Injil Yokanan.

Injil Yokanan 9:1-41 kapérang dados 5 inggih punika:

Ayat 1-5 : Panampi dhateng tiyang ingkang wuta wiwit lair.

Para muridipun Gusti Yésus punika dados gambaran masyarakat Yahudi umumipun ingkang nampi kanyatan bilih wonten titah ingkang mboten sampurna (*disabilitas*) ing satengahing masyarakat. Kepara bab *disabilitas* asring kasambetaken kaliyan tumindak dosa. Punapa dosanipun tiyang kasebat utawi punapa dosanipun tiyang sepuhipun? Wutanipun tiyang punika asring nuwuhaken pitakènan lan dados pirembaran ing satengahing masyarakat. Asring paring pandakwa lan ndhawahaken paukuman dhateng tiyang ingkang wuta wiwit lairipun. Rawuhipun Gusti Yésus mbengkas patraping sikap lan tradhisi bilih wuta punika minangka “paukumanipun Gusti”, kanthi mbabaraken warta pamulihan. Kanyatan ingkang mekaten kepara kedah dados sarana tumrap babaring pakaryanipun Gusti Allah ing satengahing gesang.

Ayat 6-7 : Pakaryan Pemulihan kawujudaken.

Kita saged ningali bilih tiyang ingkang wuta mboten nyuwun supados kasarasakan. Ananging kesarasan punika kaparingaken déning Gusti Yésus piyambak. Cetha bilih, pakaryan kawilujengan ingkang kelampahan punika awit Gusti Allah nélakaken pakaryanipun kanthi mulihaken kawontenaning tiyang punika temah saged ningali malih.

Mukjijatipun Gusti Yésus kanggé mbabaraken pulihing paningalipun tiyang wuta punika saged dipunraos-raosaken minangka caranipun Gusti Allah mbabaraken pangajeng-ajeng lan wujuding gesang ing tembénipun.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

Ayat 8-12 : Paseksi saksampunipun Kapulihaken.

Saksampunipun tiyang wuta punika kapulihaken, piyambakipun lajeng wantun aben ajeng kaliyan sesami. Mboten kanggé pamèr ananging kepingin andum pengalamaning gesang lan imanipun. Saksampunipun pulih, piyambakipun kanthi yakin srawung kaliyan masyarakat. Piyambakipun ugi wantun paring paseksi bab pulihing kesarasnipun ingkang kaparingaken saking Gusti Yésus. Temtu kémawon, lumantar paseksinipun tiyang punika, lajeng tuwuh mawerni-werni pitakènan, kadosdéné punapa sejatosipun ingkang sampun kelampahan tumrap tiyang punika.

Ayat 13-34 : Bukti wutanipun tiyang-tiyang Farisi.

Ing ayat punika, Gusti Yésus ngandika wonten tiyang wuta saged ningali, wondéné tiyang-tiyang Farisi ingkang saged ningali malah kasebat wuta. Pangandikanipun Gusti punika kanyatan, lumantar sikapipun tiyang-tiyang Farisi ingkang manggihaken bukti saking aturipun tiyang kathah bilih tiyang wuta punika kasarasken déning Gusti ing dinten Sabat. Pakaryan kawilujèngan ingkang katindakèn ing dinten sabat dados prekawis ingkang mboten saged dipuntampi déning tiyang Farisi. Mila lajeng tuwuh raos kumalungkung, para tiyang punika rumaos langkung pantes katimbang tiyang wuta “kowé iku kalairaké sajroné dosa babar pisan, kok arep mulang aku?” Ananging tumrap tiyang wuta ingkang sampun wuta wiwit lair mila, sihipun Gusti Yésus dados sarana piyambakipun kapulihaken. Mboten namung kapulihaken ing paningal ananging ugi kapulihaken saking sesrawungan kaliyan sesami. Nyatanipun saksampunipun kapulihaken, tiyang punika lajeng wantun atur paseksi bab babaring pakaryanipun Gusti dhateng tiyang kathah mirunggan dhateng tiyang Farisi. Émanipun awit raos celak kaliyan Gusti lan mangertosi paugeraning Torét, Tiyang Farisi lajeng nganggep asor lan dosa dhateng Gusti Yésus semanten ugi dhateng tiyang wuta ingkang sampun kasarasken. Mila Gusti Yésus mastani wutanipun tiyang Farisi punika jalaran namung saged nyawang diri pribadi, ananging mboten preduli dhateng tiyang sanèsipun.

Ayat 35-41: Kapulihaken kanthi sampurna supados saged ningali.

Saksampunipun tiyang wuta punika katundhung saking masyarakatipun, Gusti Yésus rawuh malih manggihi tiyang punika lan nyampurnakaken pulihing gesangipun. Tiyang wuta punika kapulihaken supados saged nyawang kiwa tengen ugi saged mujudaken kabingahan ingkang sejati dhateng sesami. Kosokwangsulipun, tiyang-tiyang Farisi tetep milih gesang ingkang “wuta” awit sampun nampik Gusti Yésus. Tiyang-tiyang punika taksih ngenut tata cara lami tanpa mangertosi bilih sejatosipun ingkang dipunlampahi gesang ing salebeting dosa.

Njinggleng Pangandikanipun Gusti

Ancasing waosan Yokanan 9:1-41 mboten namung nyariosaken bab mujizat tiyang wuta ingkang saged ningali malih. Waosan punika ugi sesarengan kaliyan 3 waosan léksionari sanèsipun (Samuèl 16:1-13, Masmur 23, Éfesus 5:8-14) ngèngetaken supados mboten nggadhahi sikap gesang kadosdéné tiyang-tiyang Farisi. Gesangipun tiyang Farisi namung nengenaken lan pados tentreming gesang pribadi, mboten purun nggatosaken tiyang sanès. Sikap punika mratélakaken bilih ingkang kasebat wuta punika mboten namung wuta sacara tata lair. Ananging ugi nggadhahi raos langkung katimbang sanèsipun lan rumaos langkung leres katimbang sanèsipun.

Minangka umatipun Gusti ingkang sampun kapulihaken lan saged ningali kanthi terwaca, kedahipun ugi saged nggatosaken sesami ing kiwa tengenipun. Tiyang ingkang saged ningali punika ateges tiyang mboten kablenggu malih ing pepeteng, ananging gesangipun sampun karegem ing sih katresnanipun Gusti. Lumantar punika kedahipun kagigah langkung malih anggènipun nggatosaken titah sanèsipun. Kanthi pamikiran ingkang mekaten, saben tiyang pitados kedah purun nggatosaken sanèsipun saha nggatosaken jagad minangka titahipun Gusti Allah.

Prekawis ingkang sambet kaliyan lingkungan gesang punika mboten namung dados tanggapanipun Dinas Lingkungan

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Hidup ananging ugi tanggel jawab sedaya tiyang kalebet kula lan panjenengan. Contonipun: prekawis larahan, punika ingkang njalari sintèn? Pitakènan kasebat mboten saged lajeng dipunwangsuli kanthi nglepataken setunggal lan setunggalipun, awit wontenipun prekawis punika tuwuhipun inggih saking saben golongan. Ananging menawi mboten wonten wangsulan ingkang gumathok, punapa lajeng pitakènan punika namung kakèndelaken madosi sinten ingkang lepat lan sinten ingkang tanggel jawab?

Wontenipun kasunyatan ingkang mekaten mbereg dhateng saben tiyang supados nggatosaken malih piwucalipun Injil. Gusti Yésus paring pangandika dhateng para muridipun, bilih pakaryanipun Gusti kedah kebar. Punapa maknaning pangandika punika sambet kaliyan lingkungan gesang kita, mirunggan sambet kaliyan prekawis larahan? Pakaryanipun Gusti Allah punika nyrambahi sedaya ingkang njalari babaring tumindak ingkang ngluhuraken Panjenenganipun, kalebet nedahaken katresnan, kuwaosing kesarasan, lan pulihing titah. Paugeran punika dados tanggel jawab kita sedaya babagan ngrimati lan ngolah lingkungan minangka wujud ibadah, awit manungsa katitahaken nggadhahi tanggel jawab inggih punika ngreksa jagad (Purwaning Dumadi 2:15), satemah kanthi ngreksa larahan ugi saged mujudaken pakaryanipun Gusti Allah ingkang katindakaken kanthi cara nggatosaken titah sanèsipun (Imanuel Tabun, 2025).

Satunggaling conto tanggel jawab ngolah larahan inggih punika kados ingkang sampun katindakaken ing Kampung Takakura wilayah RW 9 Kelurahan Sukamiskin, Kecamatan Arcamanik, Bandung. Awit anggènipun sami sayuk ngolah larahan, kathah *penghargaan* saking nglebet punapadéné sakjawining negari. Kampung punika dados kampung ingkang saged dipunconto ing salebeting ngolah larahan *skala Nasional*. Sakpunika, RW 09 Sukamiskin malah saweg kausulaken ing Program Kampung Iklim (Proklim) minangka Proklim Lestari. Senadyan kawiwitan saking tumindak ingkang prasaja, nanging dados wewujudan ingkang nyata anggènipun nggatosaken prekawis lingkungan malah kepara menggaliaken

kelajenganing lingkungan ingkang tinarbuka dhateng brayat lan tedhak turun ing tembénipun. Mila punapa ingkang sampun katindakaken kedah saged kita tuladha sesarengan (saged dipuntingali ing

<https://www.youtube.com/watch?v=n29WtOjaRZI>).

Pitakènan

1. Ing lampahing gesang kita piyambak-piyambak, krisis ékologis punapa ingkang asring kita raosaken (*sampah/larahan*, bena, *polusi udara*, kiranging toya resik)?
2. Cakriking gesang ingkang kados punapa ingkang kita lampahi sakpunika ing satengahing kanyatan wekdal punika?
3. Punapa kita saèstu yakin (pitados) bilih Gusti sampun mulihaken gesang kita temah kita gesang mboten namung kanggé dhiri pribadi? Kadospundi kanggé mujudaken keyakinan punika ing padintenipun?
4. Punapa ingkang saged kita lampahi kanggé nanggapi pakaryanipun pemulihan ingkang sampun katedahaken déning Gusti Allah ing satengahing prekawising gesang kiwa tengen kita?

(ld-ias)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 5
Minggu Prapaskah 5

Waosan:
Rum 8:18-25 (19)

Sesarengan
kalian Jagat
Sami Gesang ing
Pangajeng-ajeng
☪☪☪

Andharan

“Semua bunga ikut bernyanyi gembira hatiku, Segala rumput pun riang-ria Tuhan sumber gembiraku” punika satunggaling pethikan saking tembang ingkang jejeripun *Tuhan Sumber Gembiraku*. Tèmbang punika sinerat ing Madah Bakti 477, lan ngginakaken pasemon bab jagad ingkang kajajaraken sami antawisipun jagad kaliyan manungsa. Pramila kagambaraken bilih jagad ugi sami ndhèrèk ngidung, bingah-bingah kadosdéné nalika manungsa nampi jagad kadosdéné nampi dhirinipun piyambak.

Jejer ing Mangsa Paskah taun punika, inggih punika Paskah Ékologis, jejer punika nggigah kita sami supados saged mapanaken jagad minangka péranganing gesang manungsa. Satemah anggènipun ningali jagad (alam) mboten namung kanggé mburu kemaremaning manungsa kémawon. Ananging manungsa ugi saged mbereg dhirinipun, langkung nggatosaken kawontenaning jagad ingkang sangsaya risak. Awit menawi kita gatosaken, mèh sedaya ingkang katindakaken déning manungsa njalari karisakaning jagad.

Pitakènanipun, kadospundi pambudidaya kita murih saged mapanakèn jagad mboten namung kanggé nyekapi kabetahan lan kemaremaning manungsa? Punapa taksih wonten wekdal kanggé mulihaken jagad?

Pangertosan ringkès Rum 8:18-25

Sèrat Rum 8:18-25 punika satunggaling bab ingkang baken ing Prajanjian Énggal ingkang nggambaran pangajeng-ajenging gesang anyar ing satengahing kasangsaraning gesang. Ayat 1-17 déning LAI kaparingan jejer “Urip kang katuntun ing Sang Roh” déné ingkang kasérat ing ayat 18-30 ngèmu bab pangajeng-ajengipun tiyang Kristen ing satengahing kasangsaran lan kaprihatosan.

Miturut tradhisinipun tiyang Yahudi, ingkang sinebat sangsara punika mboten namung kasangsaran ingkang dipunadhepi lan karaosaken déning manungsa kémawon, ananging ugi dipunadhepi déning jagat. Menawi manungsa tumindak dosa ingkang ngraosaken mboten namung manungsa piyambak ananging jagad ugi ngraosaken. Kosokwangsulipun menawi manungsa lampahipun saé, jagat ugi badhé ngraosaken kamulyanipun Gusti Allah.

Ing Rum 8:22-27, Rasul Paul ngandikaken tigang jinis panggresula: panggresulanipun titah (Rum 8:22), tiyang pitados (Rum 8:23) lan Roh Suci (Rum 8:26). Tèmbung titah miturut basa Yunani sinèbat “*ktisis*” ing *terjemahan* (pertalan) TB1 ngginakaken tembung “*Makhluk*”. Pitakènanipun, punapa sedaya ingkang katitahakèn punika kalebet mlaékat lan manungsa? Tiyang mursal? Sato kéwan, taneman lan titahing jagad sanèsipun? Mènawi kita gatosakèn saking ayat 23, sedaya titah kalebet tiyang pitados “*Lan ora ngamungaké iku baé, dalasan kita dhéwé kang wus kaparingan Sang Roh minangka ganjaran wiwitan, uga padha sesambat sajroning ati kalawan nganti-anti marang kaputran, yaitu pangluwaring badan kita.*”

Gegambaran jagad ingkang mekaten punika ingkang saged kita panggihaken ing prajanjian lami kados ing kitab Masmur 65:14; 68:16; 114:4; Yès. 24:4; Yèr. 12:4. Kanthi mekaten kita saged mangertos bilih Kitab Suci punika mboten namung ngrembag bab lelampahaning gesang manungsa, ananging ugi sambet kaliyan jagad, sato kéwan, taneman sarta jagad sanèsipun ugi kacariyosaken. Gegambaran punika saged kita panggihaken ing sawètawis pangandikanipun Gusti kadosta ing

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

jamanipun Rama Nuh, sato kéwan sami kaukum pejah sesarengan kaliyan manungsa ingkang mboten pitados, kosokwangsulipun ing kitab Yunus 4:11, Gusti nresnani manungsa kalebet sato kéwan. Nalika bangsa Israèl saged nyabrang lèpèn Yardèn kanthi wilujeng, “rèdi-rèdi sami lunjak-lunjak”. Ing pungkasaning jaman kita ugi saged manggihakèn bilih “asu ajak badhé manggèn sesarengan kaliyan ménda gèmbèl”, lsp. (Yès 11:6)

Kanthi mekaten, kita saged mangertos bilih ingkang kaantu-antu déning sedaya titah inggih punika nalika kebakaring para putranipun Gusti Allah. Prekawis punika cundhuk kaliyan ingkang ugi dados pangajeng-ajengipun para tiyang Yahudi bab pungkasaning jaman inggih punika nalika paukuman ingkang pungkasan katindakaken, tiyang-tiyang ingkang leres ing ngarsanipun Gusti badhé sesarengan gesang kaliyan Sang Mesih. Pratéla ingkang dipunkajengaken ing ayat 19 cetha bilih nalikanipun para tiyang pitados kaaturan majeng ing pangadilan pungkasan, dados sami mangertos sinten lan kadospundi tiyang-tiyang punika.

Senadyan sakpunika sedaya kalawau dèrèng kababar, nanging mesthi badhé kababar ing wekdal nalika Gusti Yésus rawuh ingkang kaping kalih dhateng jagad punika. Pramila kadosdéne nalika manungsa dhumawah ing dosa njalari sedaya titah gesang ing kanisthan, semanten ugi nalika kapulihaken sedaya badhé dhatengaken kabingahan dhateng sedaya titah.

Pitakénan:

1. Kita saged ngginakakèn tembung ingkang kadospunapa ingkang saged nggambaraken kawontenaning jagad wekdal punika? Kadospundi kawontenaning jagad punika punapa nembé bingah utawi malah nembé prihatos?
2. Kénging punapa kawontenan mekaten saged kelampahan, punapa ingkang dados jalaranipun?
3. Kadospundi pangajeng-ajeng lan pambudidaya kita supados jagad punika saged kapulihaken malih?

4. Ing salèbèting Mangsa Prapaskah punika, kadospundi kita saged mujudaken kawigatosan ingkang nyata dhateng jagad ing kiwa tengen kita?

(sil-ias)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 6
Minggu Prapaskah 6

Waosan:
Matéus 27:11-26
(Pérangan saking Matéus 27:11-54)

Yésus:
Dadi Kurban
Kang Suci
Pilatus:
Ngudi Aman
Pribadi
☪☪☪

Pambuka

Gusti Yésus makarya kanggo ngluwari manungsa saka sangsara. Panjenengané tansah méhak marang wong-wong kang ringkih, mlarat, katindhés, lan ora nduwé daya. Manungsa kang kebak dosa lan ringkih karangkul déning Gusti Yésus supaya ora tumiba ing paukuman pati langgeng.

Nanging, ora kabèh wong nampa karya katresnané Gusti Allah. Ana sing rumangsa keganggu, ora kepénak, lan malah sengit marang Gusti Yésus. Amarga sengit kuwi, Gusti Yésus banjur kacepeng lan diadili kanthi cara sing ora adil.

Ing babagan kaadilan lingkungan, upaya njaga kautuhaning alam—kaya alas, segara, lemah, lan lingkunganing urip—uga kerep kaadhep karo kapentingan panguwasa sing ora méhak marang alam. Sejarah nuduhaké yèn nggunakaké kagiyatan pembangunan minangka alesan, kasugihan bumi dikeruk lan dinikmati mung déning sawatara wong. Pitakoné, apa *perjuangan* (pambudidaya) njaga lingkungan kudu mandheg amarga akèh alangan kuwi? Kanthi sinau saka pangurbanané Gusti Yésus, pasamuwan minangka umat sing pracaya diajak lan diparingi tugas kanggo ngetutaké dalané Panjenengané, ngambah margining Sang Kristus.

Pangertosan Cekak Matius 27:11–26

Ing Minggu Prapaskah kaping enem, Injil Matius 27:11–26 nyariosaké bab paugeran pengadilan marang Gusti Yésus kang katindakaké déning Pilatus. Ing crita punika, kita bisa

ningali ana péhak loro kang mèlu ngadili Gusti Yésus. Ingkang satunggal pihak: para pangareping imam lan para pinituwa bangsa Yahudi. Wong-wong mau linambaran rasa sengit ngojok-ojoki wong akèh nganggo wewaton-wewaton agama.

Ing péhak liyané ana Pilatus. Wiwitané, Pontius Pilatus katon péngin njunjung bebener, amarga piyambaké mangerti yèn kabèh tumindaké Gusti Yésus ing tengah-tengah masarakat iku becik lan bener. Nanging sanajan wis nyoba njunjung bebener, pungkasané Pilatus kalah karo pandheseké wong akèh kang wis disiapaké déning para Pangareping Imam lan para Ahli Torèt. Amarga pandheseké wong akèh kang manunggal sing abot, Pilatus banjur nyerah-pasrah lan milih ngupaya slamet kanggo awaké dhéwé. Piyambaké nindakaké “*cuci tangan*” (ora mèlu urusan) kanggo nyingkiraké tanggung jawabé marang bebener mau.

Injil Matius uga nyritakaké pandakwa-pandakwa kang ditujokaké marang Gusti Yésus. Antarane, Gusti Yésus didakwa ngaku dadi Raja, Rajaning wong Yahudi lan uga dianggep nyimpang saka piwulang agama Yahudi. Pandakwa-pandakwa iki sejatiné mung *rékayasa* (rancangan piala), amarga para pangarsaning agama ora seneng marang Gusti Yésus. Ing wektu kuwi, wong-wong mau ora nduwé kakendelan kanggo nyingkiraké Gusti Yésus nganggo tangané dhéwé. Mulané, Gusti Yésus banjur dipasrahaké marang Pilatus supaya dipatrapi paukuman.

Nalika para pangarsaning agama weruh yèn Pilatus kaya-kaya arep péngin ngluwari Gusti Yésus, wong-wong mau banjur ngojok-ojoki wong akèh supaya ndhukung karepé kanggo nyédani Gusti Yésus. Mulané... kanthi sakabèhing cara, wong-wong mau ngupaya kanggo ngremuk lan ngasoraké kautaman, ngalahké bebener.

Pilatus sejatiné wis nyoba ngluwari Gusti Yésus; amarga wus antuk pepéling saka garwané yèn Gusti Yésus iku wong sing bener. Sawetara cara wis ditindakaké déning Pilatus. Nanging nalika ndeleng yèn sakabèhing upayané ora ana asilé lan malah njalari kahanan dadi rusuh, Pilatus banjur njupuk banyu lan ngumbah tangané ing ngarepé wong akèh. Kanthi tumindak

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

kuwi, Pilatus nélakaké yèn piyambaké ora gelem nanggung akibat saka prakara iki.

Ngumbah tangan ing ngarepé wong akèh iku tandha yèn Pilatus ora gelem disalahaké. Sawisé kuwi, Pilatus malah mbalèkaké tanggung jawab marang wong akèh kanthi tembung, “iku urusanmu dhéwé.” Sejatiné, Pilatus nduwé kuwasa lan wewenang kanggo njunjung bebener. Nanging amarga piyambaké luwih milih aman kanggo awaké dhéwé, Pilatus milih ngurbanaké Gusti Yésus, uga ngurbanaké bebener lan katresnan.

Pirembagan Pokok Inggang Karembag

Warta Injil ing dinten menika maringi piwulang tumrap kita sami, bilih minangka para pandhèrèkipun Gusti Yésus. Kita dipun undang supados kersa ngurbanaké dhiri dhemi njaga bebener, kaadilan, lan katresnan, boten namung ngupaya slamet kanggo awak kita pribadi. Anggoné rila kanggo ngurbanaké punika kedah katindakaké ing gesang saben dinten, lumantar urip ingkang leres, tanggung jawab, lan tansah ndhisikaké nilai-nilai iman kados ingkang dipun wulangaken déning Gusti Yésus.

Ngurbanaké dhiri temtu boten gampang, amargi kathah tantangan sing kedah dipun adhepi. Nanging menawi kita tetep nyandhak lan ngugemi katresnanipun Gusti Yésus, kita mesthi pinaringan kakuwatan kanggo ngadhepi sedaya tantangan punika.

Ing *konteks* (babagan) menika, Matius 27:11–26 nantang saben wong pitados supaya ora niru sikapé Pilatus ingkang “wisuh tangan” (“*cuci tangan*”) lan nyingkir saka ing tanggung jawab. Nanging kosok baliné, kita dipun ajak kanggo setya lan aktif mèlu makarya ing pamulihan lingkungan gesang, senadyan kudu ngadhepi akibat/konsekwensi lan manèka warna pambengan. Kabéh iku kudu ditindakaké kanthi tetales dhemi nglantaraké kaadilan lan kamulyaning Gusti Allah ing saindenging titahipun.

Kanthi cara menika, kita nindakaken “iman sing mlaku bebarengan karo Gusti Yésus” ateges ugi dadi wong sing nglakoni pakaryan kawilujengan sing mbukak kanggo sedaya, kanthi

ngreksa lan ngrumat sakabèhing tumitah kanthi katresnan lan tanggung jawab. Istilah populèr: *Menjadi Pelaku Firman!*

Pitakèn Panyuraos

1. Miturut pengalaman panjenengan (mirunggan ing taun 2025), **kena apa ngupaya slamet asring dianggep luwih nguntungaké tinimbang ngurbanaké dhiri alandhesan bebener lan kautaman?**
2. Punapa akibatipun **menawi satunggaling Pemimpin tansah ngudi kauntungan pribadi, langkung malih ngupaya slamet tinimbang kersa ngurbanaké diri?**
3. Saking katrangan Injiling waosan dinten menika, **Mangga kasebutna tuladha-tuladha tumindak gesang ingkang leres, kanthi setya ngetutaké piwulangipun Gusti Yésus.**
4. Ing *konteks* (wewengkonipun) kautuhaning lingkungan gesang, **punapa tuladha tumindakipun Gusti Yésus ingkang kedah dipun tindakaken déning pasamuwan (inggih kita sedaya menika)?**

(asp/les)



BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 7
Paskah Sonten

Waosan:
1 Korintus 5:6b-8

**“Nggayuh Bumi
Kang Luwih Becik
lan Lestari”**
☪☪☪

Pambuka

Sedaya kita mesthi sampun sami ngrasakaké manéka prakara lingkungan gesang ing jaman sapunika, kados to:

▪ **Éwah-éwahan Mangsa**

Nalika jaman rumiyin, tiyang sepuh kita taksih saged nginten-inten mangsa kanthi cetha. Bénjing menapa mangsa jawah lan bénjing menapa mangsa ketigen, saged dipunramal/dipunpethèk. Bab punika ndadosaken gesang langkung tumata kanthi pranata mangsa ingkang gumathok, utaminipun kanggé para among tani lan sedaya tiyang ingkang gumantung gesangipun saking alam.

Nanging sapunika, *cuaca* (hawa) dados boten mesthi. Jawah sok dangu, sok sekedhap, lan asring boten miturut pranata mangsa. Rumiya jawah namung dumugi wulan Mèi, nanging sapunika saged dumugi Juni, Juli, malah naté méh setaun kebak jawah. Kahanan punika nyebabaken para among tani gagal panèn, bena, lan tuwuhipun manéka warni sesakit, kados sesakiting kulit lankeganggunguning ambegan lsp.

▪ **Polusi Tanah (Regedipun Pasitèn)**

Larahan ingkang saya numpuk ndadosaké pasitèn dados reged lan sumber-sumber toya alon-alon asat/garing. Kathah tiyang ingkang kekirangan toya resik lan kécalan sumbering panggesangan. Akibatipun, tetanèn boten saged mlampah kanthi saé lan gesanging masarakat ugi dados kaganggu.

▪ **Polusi Udara (Regedipun Hawa)**

Hawa reged saking kebuling *kendaraan* (titihan), pabrik, saha *tambang* (pamelikan) nyebabaken wontenipun gangguan kasarasan, utaminipun ambegan. Kathah tiyang, para laré saha tiyang sepuh, dados gampil sakit saha gesangipun kaancam pepejah.

Karisakaning Alam Sanèsipun

Sanèsipun prakawis-prakawis ingkang sampun kaandharaken inggih menika, mesthi taksih kathah karisakaning alam sanès ingkang saged kita raosaké sesarengan. Karisakan-karisakan punika dados ancaman lan momok tumrap kita sedaya. Saben dinten alam boten saya dados saé lan waras, nanging kosok wangsulipun saya rusak lan sakit. Nalika kita ndeleng kahanan alam ingkang boten saé kados makaten, kita dipun émutaken bilih taksih kathah prekawis ingkang kedah kita leresaken sesarengan.

Mila, kita sedaya perlu kadunungan angen-angen lan gegayuhan ingkang sami, inggih punika angen-angen kanggé tansah mbudidaya supados bumi kita dados bumi ingkang saé, migunani tuwin lestari. Mesthi kémawon kita boten saged mbekta wangsul bumi plek kados rumiyin, nanging kita saged mangsulaken kasadharan bab wigatosipun ngreksa bumi kanthi saé minangka griya kita sesarengan.

Kasadharan kanggé ngreksa alam minangka “griyaning sesarengan” punika ugi dados pangraosing iman nalika kita ngraosaken Paskah/wungunipun Sang Kristus saking séda. Paskah/Wungunipun Sang Kristus dados pratandha bilih Panjenenganipun tansah rawuh lan makarya kanthi terusterusan ing gesang kita. Panjenenganipun nglairaken Sariranipun minangka tetedhan saha ombèn-ombèn wonten ing lambang/simbul ingkang saged kita raosaken sesarengan ing saben Bujana Suci. Mila, nalika kita ngrembag bab ékologi, sejatosipun kita ugi ngrembag bab gesang, inggih menika gesang peparingipun Gusti Allah ingkang kedah kita raosaken kanthi lestari sesarengan kaliyan anak-putu kita.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

Amargi punika, ngreksa alam boten namung dados kewajiban, nanging ugi dados kabetahan kita sadaya. Bumi ingkang saé, waras, punika saged kelampahan menawi kita wantun lan sumadya mbayangaken kahanan ingkang langkung saé, ngantos kita kaparingan kekiyatan kanggo miwiti lumangkah alit-alit wedal sapunika.

Satunggaling ahli Prajanjian Lami, **Walter Brueggemann**, naté ngandika, “**menawi kita mangertos bilih tata gesang kita sapunika boten saé, mila sumangga kita mbudi daya ngudi gesang ingkang langkung saé.**”

Kita kedah nggambaraken lan mbudidaya satemah bumi punika dados papan panggènan ingkang aman utawi tentrem saha nyaman (sekéca sanget) tumrap anak-putu kita. Nanging pepalangipun, gesang ingkang mekaten punika asring kandheg dumugi pengangen-angen tanpa kanyatan. Kathah tiyang ingkang rumaos kuwatos nalika ngrembag mangsa ngajeng ingkang langkung saé, langkung prayogi, utaminipun nalika kahanan sapunika karaosaken awrat saha mboten saé, kados ingkang sampun kaandharaké kala wau.

Panggegilut 1 Korintus 5:6b-8

Ing ayat **1 Korintus 5:6b-8** punika, Rasul Paulus ngandharaken bab gesang ingkang langkung saé tumrap wargaming pasamuwan ing Korintus. Rasul Paulus miwiti piwulangipun kanthi ngajak wargaming pasamuwan supados (1) **matesi dhiri**, sampun ngantos karegedan déning pakulinan-pakulinan ingkang awon. Rasul Paulus mangertos bilih ngéwahi pakulinan awon dados pakulinan saé menika mboten gampil, mboten saged sakedhèping nétra kémawon. Mila, Rasul Paulus ngajak warganing pasamuwan Korintus supados (2) **nebih saking lingkungan ingkang reged.**

Ayat punika dipunwiwiti kanthi tembung “ora becik” lan ukara, “ragi sethithik iku bisa rumasuk ing jladrèn kabèh”. Ragi ingkang dipun kersakaken ing mriki sanès ragi énggal ingkang limrah kanggé ndamel roti, nanging ragi lami, tirahan jlandrèn

lami ingkang dipun campuraken wonten ing jladrèn anyar. Asring jladrèn tirahan punika sampun kecampur kaliyan tetedhan tartamtu, satemah raosipun dados radi kecut. Menawi ragi kados mekaten dipun campuraken dhateng jladrèn ingkang mboten cocog, malah saged ngrisak raos saé jladrèn wau, dados mboten éca.

Mila ing ayat 7, Paulus ngendika, “Buwangen ragi kang lawas iku, supaya kowé padha dadi jladrèn kang anyar.” Kanthi piwulang punika, Rasul Paulus kepéngin ngandharaken supados ragi, inggih menika tumindak awon, ampun ngantos ngewori lan nulari jladrèn sanèsipun, amargi saged ndadosaken risak saha mboten éca.

Rasul Paulus mangertos bilih nggantos pakulinan ala dados pakulinan saé boten saged kanthi cepet, cékat cèket. Nanging, éwah-éwahan ingkang saé kedah dipunlampahi alon-alon, kanthi setya lan terus-terusan, *konsisten!*. Salah satunggaling cara supados gesang kita saged ngalami éwah-éwahan langkung saé inggih menika (1) **matesi dhiri**, lan (2) **nebih saking lingkungan ingkang reged saha mboten saé, nggantos lingkungan ingkang mboten saé dados lingkungan ingkang saé**, supaya kita tansah kaparingan kekiyatan kanggé gesang manut karsanipun Gusti Allah.

Cak-cakanipun

Lingkungan ingkang kados pundi ingkang kedah kita tindakaken lan pambudidaya murih bumi dados langkung saé, lan saé punika saged kelampahan? Kita saged miwiti kanthi **tumut nyawiji kaliyan komunitas ingkang perduli dhateng lingkungan**, kados *komunitas pecinta alam* lan *para pegiat lingkungan*. Saking *komunitas* punika, kita saged sinau lan madosi *informasi* bab tumindak nyata menapa kémawon ingkang saged kita tindakaken sesarengan.

Ugi kita saged miwiti saking pasamuwan, kanthi **mbangun komunitas ingkang pasamuwan ingkang ramah lingkungan**, kados matesi panganggèning bahan plastik saha

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

styrofoam, miwiti malah larahan, lan tumindak-tumindak alit sanès ingkang migunani tumrap *pelestarian alam*.

Kantheni komunitas ingkang asung panyengkuyung, kita badhé dipun kiyataken saged mbudidaya anggayuh pepinginan bab bumi ingkang saé, prayogi lan lestari punika ing gesang saben dinten. mBoten namung ing wekdal-wekdhal tartamtu, mboten namung ing mangsa-mangsa tinamtu, nanging dados pakulinan lan laku ing saben jangkahing gesang kita.

Wonten satunggaling ukara ingkang ngendika mekaten:
“Kita boten nampi warisan bumi punika saking para leluhur, nanging kita namung nyambut saking anak-putu kita.”

Pirembagan

1. Pakulinan ala punapa kémawon ingkang taksih kita tindakaken sapunika, ingkang njalari wontenipun karisakan lingkungan ing sakiwa tengen kita sami?
2. Pepinginan saha pambudidaya punapa satemah kita damel pulihing karisakan lingkungan, saha bumi ingkang saé lan lestari? Punapa kémawon ingkang perlu kita tindakaken?
3. Miturut panjenengan, tumindak nyata punapa kémawon ingkang badhé kita tindakaken, kita lampahi kanggé ngupadi lestantuning bumi, tuwin pulihing karisakan *lingkungan hidup*?

(ws-les)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 8
Paskah - Wangunipun Gusti**

Waosan:
Yunus 2 : 1- 10.

**“Tangi saking
Peppeteng:
Yunus, Kristus,
lan Alam
Kapulihaken”**



Cecala

Krisis ékologis sampun dados kanyatan srana wontenipun *dampak* sosial ingkang wiyar. Fénoména (bab-bab ingkang saged karaosaken pancadriya saha dipunterangaken) kados *pemanasan global*, *pencemaran/polusi udara*, dhégradhasi (mandhap mutu utawi ckualitasipun) wana, sirnanipun *spesies*, lan iklim (mangsa) ingkang éwah nélakaken risakipun ékosistem ingkang prelu énggal dipun garap. Bumi minangka griya sesarengan (*rumah bersama*) sapunika wonten ing kawontenan dharurat ékologis ingkang mbetahaken kasadharan énggal sedaya umat manungsa.

Pamratobat ékologis dados margining réflèktif lan praksis kanggé ndadosi sesambetan ing antawisipun manungsa kaliyan jagad raya (*alam semesta*). Kasadharan punika nandhesaken tetangsuling manungsa kaliyan bumi lan sawetahing ékosistem. Pamratotobat ékologis ngedahaken manungsa nilar pola gesang antroposèntris, konsumtif, lan èksploitatif. Prosès punika mboten namung éwah-éwahan sacara pribadi, nanging timbalan sesarengan (*kolektif*) kanggé mbangun *gaya hidup* énggal ingkang alandhesan kasadharan ékologis.

Pamratobat sejati kawiwitan saking pangakening kalepatanipun manungsa gegayutan kaliyan tumindakipun tumrap bumi. Pramila bumi minangka warisan kanggé anak-putu kedah kajagi lan dipun lestarèkaken kanggé génerasi salajengipun. Kasrakahan lan kasembrananipun manungsa sampun damel lingkungan sangsaya risak, éwah-éwahaning iklim, sarta èksploitasi *sumber daya alam*. Paradhigma

antroposentrisme modhèren ingkang klèntu anggènipun mawas sains, tèknologi, lan spiritualitas ndadosaken sesambetan ing antawisipun manungsa kaliyan alam ingkang mboten selaras, dados sangsaya awon, sangsaya mboten selaras. Pramila, spiritualitas ékologis kedah dados landhesaning gesang ingkang wicak, tanggel jawab, lan selaras kaliyan jagad raya.

Cariyosipun Nabi Yunus ing petenging wetengipun ulam nggambaraken manungsa ingkang kijènan awit anggènipun mboten mbangun-turut dhumateng Gusti. Nabi Yunus sacara ragawi kajiret ing pasangan (*perangkap*), lan sacara spiritual rumaos kapisah saking ingkang nitahaken (*Sang Pencipta*). Kawontenan punika nggambaraken kawontenanipun manungsa sapunika, ingkang kawengku ing "petenging" dosa ékologis awit anggènipun nindakaken èksploitasi alam. Kasrakahan ndadosaken manungsa kijènan (*terasing*) saking alam lan wekasanipun ngalami kapisah saking Gusti.

Pemulihan sejati kedadosan nalika manungsa wangsul mbangun-turut dhumateng Gusti lan tanggel jawab dhateng titahipun Gusti. Kasadharan bilih "kawilujengan pinangkanipun saking Gusti" nandhesaken bilih rékonsiliasi manungsa kaliyan jagad raya mujudaken péranganing pemulihan rohani. Kados-déné pambangun-turutipun Yunus ingkang ndhatengaken pemulihan kanggé dhirinipun lan titahipun Gusti, mekaten ugi pambangun-turuting ékologis manungsa ndadosaken bumi kapulihaken ing salebeting keselarasan ilahi.

Pemahaman Ringkes Kitab Yunus 2:1–10

Pasal 2 Kitab Yunus nélakaken pandonga pamratobat minangka lid ing cariyosipun sang nabi. Sasampunipun éndha saking dhawuhipun Gusti lan kauncalaken ing seganten, Nabi Yunus malah kawilujengaken kanthi cara ingkang mboten limrah. Gusti nyawisaken ulam ageng ingkang nguntal Yunus, temah piyambakipun kakurung ing wetengipun ulam dangunipun tigang dinten tigang dalu. Ing kawontenan ingkang peteng lan semplah, Yunus ndedonga saking wetengipun ulam,

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

lajeng mratobat ngakeni kalepatanipun, lan manggihaken malih kasetyanipun Gusti ingkang mboten naté nilar piyambakipun.

Pandanganipun Yunus ing pasal 2 punika mboten namung panyuwun medal saking wetengipun ulam, nanging réflèksi ingkang lebet ing bab panandhang, kalepatan, lan pangakening kapitadosan. Yunus matur saking seganten ingkang lebet, nanging swantenipun tetep kepireng déning Gusti. Yunus ngaken bilih kawilujengan asalipun namung saking Gusti, mboten saking dhirinipun ingkang rosa, lan inggih kasadharan punika ingkang mratandhani awal pamratobatipun. Pamratobat sejati kabuka lantaran pandonga ingkang jujur, temah pandonga dados margi tumuju dhateng pemulihan.

Ayat 7 dumugi 9 nandhesaken pucak pamratobatipun Yunus. Kitab **Yunus 2:7-9**; *“Nalika nyawa kawula nglumpruk nglemprek wonten ing batos kawula, kawula ènget dhateng Pangéran Yéhuwah, sarta pandonga kawula sumengka dhateng ing ngarsa Paduka wonten ing padaleman Paduka ingkang suci. Tiyang ingkang sami gondhèlan dhateng brahala ingkang tanpa gina punika sami nilar dhateng ingkang ngasihi kanthi setya. Nanging kawula badhé nyaosi kurban dhateng Paduka kanthi ngucap sokur, punapa ingkang dados punagi, badhé kawula leksanani, kawilujengan punika namung saking Sang Yéhuwah”*. Ing salebeting kasèkèngan ingkang paling lebet, Yunus kèngetan dhumateng Gusti lan nilar “brahala-brahala kothong” awujud pepénginan nebihi Gusti, kapisah saking Panjenenganipun. Pangaken paling dhasar Yunus inggih punika “Kawilujengan asalipun saking Gusti.” Yunus paham bilih kawilujengan mboten lair saking kasaénan, kapinteran anggènipun ndedonga, utawi pangudining manungsa, nanging sih-rahmat lelahanan saking Gusti. Pengalaman punika nélakaken bilih iman ingkang sejati sumberipun wonten ing pangakening pamratobat ing bab sih-kawelasan Ilahi.

Cariyosipun Yunus ing wetenging ulam dados simbol profétis bab pejah, anggènipun nglumpruk nglemprek, lan pemulihan. Secara téologis, pengalaman punika ngener dhumateng wungunipun Sang Kristus, ingkang njedhul saking pasaréan ngawonaken pati. Menawi Yunus medal saking

pepetenging seganten tumuju gesang énggal, Sang Kristus wungu saking séda kagem ngénggalaken sedaya titah. Paskah sanès namung kabar kamenanganipun Sang Kristus, nanging ugi janji bab jagad ingkang kaénggalaken ingkang sesambat awit karisakan ékologis.

Gusti Yésus nyambetaken cariyosipun Yunus kaliyan wungunipun. Ing Injil **Matéus 12:40**; *“Awit padha karo Yunus anggoné ana ing wetengé iwak telung dina telung bengi, mengkono uga Putraning Manungsa bakal ana ing jeroné telengé bumi telung dina telung bengi”*. Wetengipun ulam dipun pahami minangka gegambaran kubur, déné wungunipun Sang Kristus dados wujud nyata kamenangan ingatasipun pejah. Tiyang-tiyang Niniwé ingkang mratobat lantaran pawartosipun Yunus dados seksi bilih Gusti Allah tansah maringi kalodhangan kaping kalih. Sang Kristus, ingkang langkung ageng katimbang Yunus, njangkepi pameca kasebut srana mbébasaken manungsa saking dosa lan ndhatengaken gesang énggal, dhateng umat ingkang mratobat.

Pandonganipun Yunus nandhesaken tigang bab penting: pangakening dosa, pangaken bilih kawilujengan namung saking Gusti, lan komitmen kanggé njangkepi nazar dados seksinipun Gusti Allah. Pamratobat ingkang temen-temen mbikak margi tumrap sih-rahmatipun Gusti Allah. Saking wetengipun ulam, Yunus ngalami sih-rahmating pangapunten, ingkang ugi nandhesaken bilih Gusti tansah nyawisaken pemulihan tumrap tiyang ingkang wangsul dhumateng Panjenenganipun. Sih-rahmatipun Gusti mboten naté katutup kanggé manungsa ingkang sambat kanthi manah ingkang rempu.

Wungunipun Sang Kristus mujudaken kapenuhaning simbol profétis cariyosipun Yunus. Kados-déné Yunus dipun wutahaken dhateng dharatan, Sang Kristus wungu saking pasaréan, nandhesaken bilih kuwaosipun Gusti Allah nglangkungi pejah lan gesang ingkang nglumpruk nglemprek. Wungunipun Sang Kristus ngénggalaken kosmos, mulihaken manungsa lan mulihaken jagad raya saking karisakan tumuju gesang ingkang wetah. Pramila, iman dhateng wungunipun Sang Kristus kedah kawujudaken ing pamratobat ékologis lan

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

polaning gesang ingkang sumanak dhateng lingkungan (*ramah lingkungan*) minangka wujuding gesang kita anggèn kita tumut ing pakaryanipun Gusti Allah ingkang ndadosaken sedayanipun énggal.

Cariyosipun Yunus mujudaken narasi profétis bab manungsa ingkang dhumawah ing pepeteng, nanging kaangkat malih awit sih-rahmatipun Gusti Allah. Yunus medal saking wetengipun ulam, Sang Kristus wungu saking séda, lan kita katimbangan tangi saking dosa. Awit iman, kita kautus wangsul dhateng jagad kanggé dados seksining sihipun Gusti Allah ingkang mulihaken gesang, ngénggalaken titah lan jagad raya, sarta nyukani pangajeng-ajeng lan pepadhang ingkang gesang kanggé sedaya umat manungsa.

Cariyosipun Yunus ing wetengipun ulam mulang bab kepasrahan ing satengahing raos nglokro, *putus asa*. Menawi kita renungaken, "weteng ulam" saged dhateng ing mawarniwarni wujud ing gesang kita. Saged ugi maujud arupi kawontenan ingkang angèl, masalah tanpa wonten akiripun, utawi raos kakurung ingkang ndadosaken kita rumaos nglokro, *putus asa* lan tanpa daya. Ing kawontenan ingkang peteng kados mekaten punika, pitakènan réfleksi tumrap kita, punapa kita saged nuladha Yunus? Punapa kita sambat dhumateng Gusti saking "wetenging ulam" kita piyambak, punapa kita pitados bilih Gusti tansah wonten kagem midhangetaken pandonga kita?

Paskah ngajak kita mratobat, mboten namung sacara rohani nanging ugi sacara ékologis. Pamratobat ékologis ateges kita ngéwahi *gaya hidup* lan mpraktèkaken ing tumindak nyata. Mboten srakah malih, mboten mbucal uwuh sembarangan malih, mboten nindakaken èksplorasi alam tanpa preduli dhateng génerasi salajengipun. Kosok-wangsulipun, kita gesang prasaja, ngucap sokur, lan tanggel jawab. Inggih punika cara kita ngriyayaken wangunipun Sang Kristus.

Nggegilut *matéri* (ingkang karembag):

1. Punapa kita ningali alam minangka sumber daya kanggé dipun èksplorasi tanpa winates, punapa minangka warisan ingkang kedah kajagi lan dipun lestarèkaken kanggé génerasi salajengipun?
2. "Weteng ulam" ing cariyosipun nabi Yunus punika métafora kanggé momèn awit nglokro lan kawontenan ingkang ndadosaken kita kakurung tanpa daya. Punapa kita saged, kados Yunus, manggihaken kakiyatan sesambat dhumateng Gusti saking salebeting krisis personal ingkang kita adhepi?
3. Yunus sadhar bilih anggènipun mboten mbangun-turut dhumateng Gusti, awit piyambakipun sampun mbujeng "brahala-brahala kothong." Tetéla sedaya punika ngapusi, ndadosaken Yunus kesupèn dhumateng Gusti. Punapa kèmayon "brahala" modhèren ing gesang kita? Lan punapa kita wani nilar lan wangsul dhumateng Gusti, ngakeni bilih kawilujengan namung saking Gusti?
4. Yunus ngalami peteng ing wetengipun ulam, Sang Kristus ing salebeting makam, lan bumi ing satengahing krisis ékologis. Menawi kita pitados dhateng wungunipun Sang Kristus, gesang kita mboten samesthinipun wonten ing pepeteng. Kados pundi kita saged mraktèkaken gesang ingkang kebak ing pangajeng-ajeng lan pepadhangipun Sang Kristus saben dinten?

(sw-wms)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 9
Minggu Paskah 3

Waosan:

1 Pétrus 1:17–23

**“Katebus kanggé
Ngrimat
Sagung Titah”**



Cecala

Dinten punika kita gesang ing satengahing krisis ékologi ingkang sangsaya mrihatosaken. Éwah-éwahan iklim damel cuaca mboten saged katemtokaken: jawah deres ingkang dadakan nuwuhaken bena, utawi mangsa ketiga panjang ingkang nuwuhaken kawontenan ingkang garing. Wana dipun babat telas kanggé kapentinganing indhustri, lèpèn lan seganten kebak uwuh plastik, hawa ing kitha-khita ageng kebak polusi.

Krisis punika mboten namung ngrisak alam, nanging ugi damel sangsaraning manungsa. Ingkang paling ngraosaken sangsara punika para tiyang miskin lan ingkang gampil kataman kawontenan punika (*rentan*): among tani gagal panèn awit cuaca, among mina mboten pikantuk ulam awit seganten *tercemar*, masarakat adat kécalan tanah awit éksplorasi. Kejawi punika, *bencana* (bebaya/alangan) alam ingkang nuwuhaken kawontenan ingkang mitunani masarakat lan lingkungan. Kita asring kesupèn bilih krisis ékologi ateges ugi krisis kamanungsan.

Ing satengahing kawontenan punika, kita para tiyang pitados dipun tantang pitakènan: kados pundi iman kita nanggapi krisis punika? Punapa kawilujengan ingkang kita tampi saking Sang Kristus namung kanggé nyawaning manungsa, punapa ugi gegayutan kaliyan sedaya titahipun Gusti Allah? Serat 1 Pétrus 1:17–23 maringi wangsulan penting: kita katebus mboten srana barang ingkang saged risak, nanging srana rahipun Sang Kristus ingkang kathah aosipun, lan punika

ngeneraken kita dhateng gesang ingkang suci, kebak ing katresnan, kalebet sesambetan (*relasi*) kita kaliyan alam.

Katrangan Tèks

Serat 1 Pétrus katujokaken dhateng para tiyang pitados ingkang gesang dados tiyang neneka (*perantau*) lan rumaos dados tiyang manca (*asing*) ing jagad. Ing ayat 17, panyerat ngèngetaken tiyang-tiyang wau bilih minangka tiyang ingkang “mondhok ing jagad punika,” kedah sami gesang kanthi raos ajrih ingkang suci dhumateng Gusti Allah. Tembung “mondhok” ing basa aslinipun *παροικία* (*paroikia*), ingkang ateges wekdal manggèn namung sawetawis mangsa (*tinggal sementara*), kawontenan dados tiyang manca/neneka. Sacara harfiah, *paroikia* ateges “manggèn ing samping griya,” tegesipun mboten manggèn ing griya utami/ageng.

Maknanipun, gesangipun tiyang pitados ing jagad punika mboten gesang ingkang permanèn. Kita punika sanès ingkang nggadahi griya punika (bumi), nanging tamu utawi tiyang manca/neneka. Kita punika tamu, patrap ingkang leres inggih punika ngormati sawetahipun dhateng ingkang kagungan griya, inggih punika Gusti Allah, lan njagi griya ingkang kita tumpangi. Ing kontèks ékologi, bab punika ateges kita katimbangan gesang kanthi urmat sawetahipun lan tanggel jawab tumrap bumi punika — mboten ngrisak bumi punika, nanging ngrimati.

Salajengipun, ayat 18–19 nandhesaken bilih kita katebus sanès srana salaka utawi emas—inggih punika asil bumi ingkang saged rusak — nanging srana rahipun Sang Kristus ingkang awis. Punika ateges ukuraning gesangipun tiyang pitados mboten gumantung malih wonten ing kasugihan matéri ingkang asring dados pawadan/alesan èksplorasi alam, nanging wonten ing pakaryan penebusanipun Sang Kristus. Oriéntasi/punjering gesang kita éwah: mboten wonten ing tumindak nguras bumi kanggé kauntungan, nanging wonten ing gesang suci nyondhongi kersanipun Gusti Allah.

Ayat 20–21 nandhesaken bilih Sang Kristus sampun kapilih sadèrèngipun jagad tinalesan, nanging nembé mbabaraken sariranipun ing jaman wekasan. Tegesipun,

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

pakaryaning panebusan mboten namung kanggè manungsa minangka pribadi, nanging péranganing rancanganipun Gusti Allah, kalebet sedaya titah wiwit wiwitan mila. Sang Kristus punika punjering rancanganipun kosmik Allah, ingkang ngasta karukunan tumrap titah sawetahipun (bdk. Kolosé 1:20).

Pungkasan, ayat 22–23 nandhesaken katresnan ingkang lair saking kelairan énggal lantaran sabdanipun Gusti Allah ingkang gesang. Katresnan punika mboten kénging namung kèndel dhateng sesaming manungsa, nanging ugi kedah maujud ing kapredulèn dhateng sedaya titah. Jagad punika mboten namung barang pejah, nanging tlatah ing pundi Gusti Allah rawuh lan makarya. Pramila, ngrimati bumi ateges ngurmati Gusti Allah, wondéné ngrisak alam ateges nampik rawuhipun Gusti wonten ing sedaya titahipun.

Cak-cakan

Pangandika ing 1 Pétrus 1:17–23 ngajak kita ningali malih cara kita nglampahi gesang minangka tiyang ingkang sampun katebus. Kita punika tiyang manca/neneka ing jagad punika, kita kedahipun tansah ènget bilih punapa ingkang kita nikmati sapunika namung titipanipun Gusti Allah. Penebusanipun Sang Kristus mbébasaken kita saking cara gesang ingkang nglaha—kalebet pola gesang ingkang srakah, boros, lan mboten preduli dhateng alam.

Kita kaajak nggantos pola gesang lami kanthi cara gesang énggal ingkang kebak ing katresnan. Katresnan punika mboten namung kapratélakaken dhateng sesaming manungsa, nanging ugi dhateng sedaya titah ingkang nyukani kita ambegan, toya, pangan, lan papan kanggé gesang. Ngasihi sesami ateges ugi migatosaken lingkungan ing pundi sedaya sami gesang; ngrisak bumi sami kaliyan damel sangsaranipun sesami. Srana mekaten, ngrimat sedaya titah punika pérangan nyata katresnan Kristen.

Tiyang Jawi gadhah falsafah luhur *Memayu Hayuning Bawana*, ingkang tegesipun *njagi, ngrimati, lan damel éndahing kasaénanipun jagad*. Falsafah punika ngèngetaken

kita bilih manungsa mboten gesang namung kanggé dhirinipun piyambak, nanging ugi katimbangan kanggé ngrimati jagad supados tetep éndah lan selaras. Semangat punika cocog kaliyan timbalaning kapitadosan: tiyang ingkang sampun katebus katimbangan kanggé ngrimati sedaya titah, mboten malah ngrisak titah punika.

Ing gesang padintenan, katresnan lan semangat *Memayu Hayuning Bawana* saged kawujudaken kanthi prasaja: ngirangi uwuh plastik, migunakaken énergèngi secara wicak, njagi resiking toya, nanem wit, ngantos milih *gaya hidup* ingkang mboten ngrugèkaken bumi. Gréja ugi katimbangan suka tuladha, upaminipun srana ngirangi pemborosan, mulangaken kapredulèn èkologis dhateng para laré, lan nyengkuyung pranatam ingkang njagi wetahing sedaya titah. Sedaya punika sanès namung aktivisme lingkungan, nanging èksprèsi iman bilih kita sampun katebus déning rahipun Sang Kristus lan katimbangan kanggé ngrimat jagad ingkang katitipkan déning Gusti Allah dhateng kita.

Pitakènan kagem Dhiskusi

1. Krisis èkologi punapa kémawon ingkang paling panjenengan raosaken ing sakiwa tengen panjenengan wekdal sapunika? Punapa tegesipun tumrap kita dados “tiyang ingkang mondhok ing jagad” miturut 1 Pétrus 1:17?
2. Kados pundi penebusanipun Sang Kristus (ay. 18–19) mitulungi kita ngéwahi wawasan kita tumrap alam?
3. Ing praktèk padintenan, punapa ingkang saged kita tindakaken minangka pasamuwan kanggé nélakaken katresnan tumrap titahipun Gusti Allah?

(ls-wms)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 10
Minggu Paskah 4

Waosan:
1 Pétrus 5:1-5

Sami-déné
Ngrimatana



Cecala

Ing gesang modhèren wekdal punika, kathah tiyang langkung pitados bilih mboten prelu celak kaliyan tiyang sanès, déné pawadan utawi alesanipun wonten kalih. Inggang **kapisan** awit wonten wawasan bilih celak kaliyan tiyang sanès malah ndadosaken kita kécalan *privasi* kita. Celak kaliyan tiyang sanès ndadosaken bab-bab pribadi kita dipun mangertosi sanget, malah “dipun ganggu” déning tiyang sanès. Inggang **kaping kalih** kathah tiyang rumaos bilih celak kaliyan tiyang sanès malah badhé nambah masalah, awit saged ugi ndadosaken kita lumebet ing kawontenan inggang ngedahaken kita mitulungi tiyang sanès awit kita rumaos gadhah momotan inggih punika raos mboten sekéca.

Patrap punika, purun mboten purun kedah kita akeni ugi sampun nyrambahi patunggilanipun tiyang pitados. Upaminipun, kawusananing pandhemi inggang kepengker taksih karaosaken ing sawetawis pasamuwan. Tiyang tasih langkung nyaman ngibadah secara *livestreaming* lan nyingkiri ngibadah ing gréja. Awit ngibadah kanthi cara mekaten kaanggep langkung gampil lan mboten prelu “drama” kanthi bab-bab inggang kaanggap damel sisah. Upaminipun mboten prelu tangi énjing kanggé pacawisan pribadi, ngirit mboten ngedalaken ongkos tetumpakan dhateng gréja, mboten prelu nyingkiri ajakan peladosan inggang saged ugi sampun wongsal-wangsul katampik, ugi mboten prelu urusan kaliyan sesami inggang kita anggep “ngeseli (njèngkèlaken)” lan “ngribedi”.

Saking fénoména punika, ketingal bilih wonten sawetawis sedhèrèk ingkang condhong nganggep bilih gesanging iman Kristen cekap secara pribadi kémawon, mboten prelu malih ngupadi tetunggilan awit alesan répot lan sanès-sanèsipun. Gesang ngrasuk agami ingkang kados mekaten punika kedah dipun sadhari sampun nyrambahi kathah nèm-nèman Kristen, para anèm punika sami wegah késah dhateng gréja lan sangsaya tebih saking komunitasipun.

Lajeng punapa bab mekaten punika ingkang dipun kersakaken déning Gusti? Punapa panci gesanging iman kita namung prelu kalampahan secara pribadi tanpa wontenipun cawé-cawé péhak sanès ingkang bokmenawi malah saged mbiyantu gesanging iman kita supados langkung saé malih? Kita badhé sesarengan ningali punapa ingkang dipun ngendikakaken déning Rasul Pétrus ing seratipun dhateng pasamuwan ing Asia Alit ingkang ing wekdal semanten nembé ing kawontenan ingkang angèl, pasamuwan ngalami panganiaya lan panandhang awit imanipun.

Pemahaman Ringkes 1 Pétrus 5:1-5

Kados ingkang sampun kita sinaoni ing bahan Minggu Paskah IV, serat punika katujokaken dhateng pasamuwan ing tlatah Asia-Alit ingkang ing wekdal semanten nembé ngalami tantangan ingkang awrat, wonten pandugi bilih pasamuwan punika ngalami masalah sosial arupi panampik (saged ugi awujud panganiaya, kasingkiraken lan dipun sébrataken) saking komunitas lokal. Déning Panyerat serat Pétrus tiyang-tiyang punika kasebut tiyang neneka - *παρεπίδημος* (parepidemos, saged dipun tegesi tiyang manca utawi imigran)

Wonten pandugi ingkang kiyat sanget bilih kelompok neneka punika dipun tampik déning komunitas ingkang sampun langkung rumiyin wonten ing Asia-Alit inggih punika tiyang-tiyang ingkang mboten wanuh kaliyan Gusti Yésus, temah tiyang-tiyang punika dipun tebihi lan ngalami karubedan nglampahi gesangipun padintenan. Karubedan punika kadosipun mboten namung arupi migunakaken fasilitas umum,

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

nanging ugi arupi panampik lan dhiskriminasi dhateng komunitas Kristen ingkang wonten.

Srana kawontenan ingkang kados mekaten punika, komunitas Kristen ing ngrika temtu prelu nampi panyengkuyung moril lan piweling pastoral ingkang ngiyataken imanipun. Secara tradhisi, komunitas punika pasamuwan-pasamuwan ingkang asring ngawontenaken pepanggihan ing griya-griyanipun tiyang pitados. Lan sajakipun sampun wonten organisasi ingkang wiwit kadhapuk, senadyan saged ugi taksih prasaja. Bab punika kabukti ing waosan kita wekdal punika. Pérus maringi wejangan dhateng para pinisepuh (pemimpining pasamuwan) lan dhateng para anèm.

Inggih amargi sampun kadhapuk komunitas punika, mila limrah menawi piweling ingkang kaparingaken inggih punika supados sami-déné anggènipun ngrimati lan njagi. Pétrus mratélakaken dhirinipun minangka rowanging pinisepuh lan seksi langsung ing bab panandhangipun Sang Kristus (ayat 1) maringi wejangan bilih minangka tiyang Kristen kita wajib sami lados-linadosan lan tresna-tinresnan.

Ing serat punika, Pétrus migunakaken gegambaran Pangèn nedya ngèngetaken bilih Sang Kristus piyambak ingkang juneneng Sang Pangèn sampun nandhang sangsara lan kanthi setya nélakaken kawilujengan. Sang Pangèn Agung sampun nélakaken anggènipun ngengèn para tiyang pitados lantaran pakaryaning kawilujengan ingkang sampun kapratélakaken. Inggih adhedhasar punika Pétrus ngersakaken saben pimisepuh ngengèn ménda (umat) kanthi temen-temen lan kebak ing katresnan kados ingkang sampun kapratélakaken déning Sang Kristus.

Wonten sawetawis bab ingkang déning Pétrus dipun tandhesaken ing périkop punika. Para pinisepuh kedah ngladosi kanthi suka-lila mboten karena kepeksa, mratélakaken anggènipun ngabdèkaken dhiri mboten pados kauntungan, lan dados tuladha nyata tumrap komunitas ingkang dipun pimpin. Inggih sawetawis bab punika ingkang prelu kita gatosaken. Menawi karingkes, Pétrus badhé nandhesaken bab komitmen lan nyawisaken dhiri nalika nindakaken peladosan minangka

pinisepuh inggih punika kedah adhedhasr wanuh saèstu dhumateng Sang Kristus, mboten migunakaken dhasar utawi ukuran ingkang wonten ing jagad. Awit nalika pakaryaning pinisepuh katindakaken kanthi dhasar lan ukuran jagad, katresnan lan kawilujengan ingkang kapratélakaken déning Gusti mboten badhé dipun raosaken, sedaya punika badhé dados pakaryan kadonyan ingkang namung sami-déné mendhet kauntungan pribadi.

Kamangka, mboten mekaten ingkang dipun kersakaken Gusti. Gusti ngersakaken bilih saben pribadi ingkang wonten ing patunggilan kedah sami-déné nyengkuyung/ngiyataken, ngladosi lan nélakaken punapa ingkang leres lan saé minangka tuladha. Sedaya punika katindakaken mboten supados pikantuk kauntungan punapa-déné pakurmatan, ananging minangka wujud sokur lan komitmen ing gesanging kapitadosan/iman. Pétrus ngèngetaken bilih Gusti sampun paring prajanni berkah ingkang langkung aos katimbang punapa ingkang saged kaparingaken déning jagad, inggih punika makuthaning gesang ingkang mboten naté alum inggih punika kawilujengan lan gesang langgeng.

Piweling ingkang kaparingaken déning Pétrus ugi mboten namung kanggé para pinisepuh, nanging ugi kanggé para anèm ingkang wonten ing komunitas Kristen, Pétrus nandhesaken bab pentingipun ngurmati tiyang ingkang langkung sepuh ing salebeting komunitas. Wonten kalih bab penting kénging punapa bab punika prelu katindakaken, ingkang **kapisan** tiyang anèm kedah dados tuladha wonten ing tindak-tanduk, dadosa ing komunitas punapa-déné ing papan ing pundi sami nindakaken aktivitasipun, srana nélakaken patrap urmat dhateng tiyang sepuh, piyambakipun badhé dados tuladha iman lan saged dados cara nélakaken Injil kanthi langkung saé. **Kaping kalih**, nalikanipun para anèm sami ngurmati tiyang sepuh, bab punika mujudaken latihan Rohani tumrap para anèm anggènipun sami mbangun-turut dhumateng Sang Kristus inggih Sang Pangèn Agung.

Lan ingkang pungkasan, Pétrus ugi maringi piweling dhateng sedaya tiyang purun sami-déné andhaap asor lan urmat-

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

ingurmatan. Sedaya piweling punika, nggadahi satunggal ancas ingkang ageng inggih punika supados asmanipun Gusti dipun tepangi lan dipun luhuraken lantaran saben pribadi ingkang pitados dhumateng Panjenenganipun.

Supados sedaya punika saged kaleksanan, sesambetan patunggilan (*relasi persekutuan*) kedah saèstu maujud, interaksi kedah saèstu dados kabetahan sesarengan lan katindakaken sesarengan. Tanpa rélasi ingkang séhat, bab punika namung badhé dados konsèp utawi namung dados pangretosan nanging tanpa makna ingkang trep. Saben pribadi kedah nélakaken pangrimat (utaminipun para pinisepuh), panyengkuyung, katresnan lan tentrem rahayu. Lan sedaya punika kedah kalandhesaken ing satunggal bab ingkang sami inggih punika kita wanuh kaliyan Sang Kristus, kita nampi kawilujengan lan janji gesang langgeng.

Nyinaoni Materi (Inkang Karembag):

1. Umat kaajak ngrembag kondhisi patunggilan wekdal punika, ing pundi tetangsuling tetunggilan lan rélasi dados renggang awit mawarni-warni masalah kedadosan pasca pandhemi, patrap individual, kamajengan teknologi (gadget), pameteging èkonomi utawi bab-bab sanès ingkang kapanggihaken dados sebab tiyang sangsaya kepéngin gesang miyambak, misah saking komunitasipun.
2. Katrangna pengalaman gesanging pasamuwan wiwitan ing Asia-Alit ingkang nampi serat ingkang nyantosakaken (*peneguhan*) saking Pétrus.
3. Katandhesna bilih gesang Kristen punika gesang tetunggilan, sanès gesang indhividual.
4. Katrangna bab tanggel jawab saben tiyang ing gesang patunggilan. Katandhesna mliginipun ingkang gegayutan kaliyan téma kita wekdal punika, inggih punika sami-déné ngrimatana.

5. Sawetawis pitakènan panuntuning dhiskusi, ingkang saged kaginakaken ing antawisipun:
(Kaaturan ngolah malih pitakènan ingkang kacawisaken utawi saged migunakaken pitakènan sanès ingkang langkung trep kagem komunitas panjenengan)
- a. Kénging punapa wekdal punika tiyang langkung reman miyambak lan gesang tertutup saking lingkungan utawi komunitasipun?
 - b. Punapa wujud nyata ingkang saged katindakaken kanggé nélakaken “sami-déné ngrimati” wonten ing kontèks gesang modhèren wekdal punika?
 - c. Punapa tanggél jawab gréja lan saben tiyang ingkang dados warganipun kanggé ngatasi prakawis punika?

(kd-wms)



Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI 11
Minggu Paskah 5

Waosan:
Masmur 31:1-5, 15-16

Métafora Allah
minangka
Redi Séla
☪

Cecala

Mangsa Paskah punika mangsa kanggé ngènget-ènget lan ngriyayakaken wangunipun Sang Kristus. Taun punika, kita kaajak ngraos-raosaken wangunipun Sang Kristus ingkang ngénggalaken sedaya titah (paskah ékologis). Salah satunggaling waosan léksionari ing minggu punika inggih punika Masmur 31:1-5, 15-16 ingkang nélakaken gegambaran (métafora) Gusti Allah minangka redi séla, satunggaling métafora ingkang ngrujuk dhateng salah satunggaling péranganing (*elemen*) titah ingkang penting sanget tumrap idhèntitas Israèl.

Sesambetan kaliyan karisakan ékologis, salah satunggaling perang batos (*pergumulan*) ing Indonesia inggih punika gegayutan kaliyan sawenèhing titik ingkang nggadhahi potènsi longsor. *Bencana* (bebaya/alangan) longsor saged muncul menawi gunung séla karst wonten dhadhakanipun inggih punika geter utawi kedher. Salah satanggal laladan ing Yogyakarta inggih punika tlatah Gunung Kidul kedadosan wonten *penambangan* séla karst secara ageng-agengan (*masif*). *Penambangan* kasebut katujokaken kanggé mbangun satunggaling villa méwah, kamangka laladan karst sejatinipun laladan kanggé ngayomi *sumber daya air* (Mongabay, 2024). Laladan karst kaanggep minangka tlatah garing lan mboten subur lan mboten saged ngasilaken punapa-punapa (*tidak produktif*), kamangka nggadhahi manfaat penting gegayutan kaliyan *sistem sungai bawah tanah*.

Lantaran panyuraos Kitab Suci punika, kita kaajak ndhudhah tèks Masmur sacara hermenéutika ékologis, ing pundi saben élemèn titah nggadhahi pangaos ingkang raket ingkang

sami-déné sesambetan (*nilai yang inheren*), raos handarbèni (wonten sambetipun/*terhubung*) kaliyan jagad raya, sami-déné gumantung ing antawisipun bumi lan sedaya ingkang manggèn ing jagad lan Gusti Allah ingkang nitahaken jagad paring katemtuan bilih gesang lumampah wonten ing ékologis ingkang satimbang. Lantaran tèks Masmur, kita kaèngetaken bab prinsip *lexorandi, lexcredendi* (aturan pandonga punika aturan iman) minangka pangènget bilih pangalembana, panyuwun, lan pangadhuh ingkang kakidungaken déning sang juru masmur saged damel wawasan jagading manungsa. Bab punika temtu gegayutan kaliyan tèks Masmur ingkang ngemu budaya transformasi ékologis kanggé mbereg gesang sesarengan ing jagad raya (bumi).

Pemahaman Ringkes Masmur 31:1-5, 15-16

Seratan punika ngetrapaken hèrmenéutika ékologis ing setunggal métafora bumi kagem ingkang ilahi inggih punika Gusti Allah minangka Redi Séla. Métafora punika asring muncul ing kitab Masmur (Msm. 18:2, 31, 46, 19:14, 28:1, 31:2-3, 42:9, 62:2, 6, 7, 71:3, 78:35, 89:26, 92:22, 95:1, 144:1, 2). Temtu gegambaran kasebut damel kagèt tumrap tiyang ingkang migunakaken Masmur ing salebeting pangibadah lan pandonga Yahudi-Kristen, ingkang kulina srana sebutan “Rama” (corakipun kakung/*becorak laki-laki*). Ing kitab Masmur, gegambaran kasebut kaginakaken minangka momèn pangadhuh lan ucap sokur pribadi lan komunal. Sacara umum, juru masmur nélakaken konteks manungsa ingkang gesang ing *sheol* (luweng ingkang lebet) ingkang kasebut “*ruang kematian*” lan Gusti milujengaken kanthi mapanaken ing tanah ingkang kukuh utawi séla karang. “Luweng ingkang lebet” nandhani kados-kados luwenging pambuwangan, papanipun tiyang mandhap dhateng pejah. Sacara métaforis, Gusti Allah kagambaraken minangka redi séla, kasamèkaken kaliyan “séla pangayoman”.

Kitab Suci Ibrani nggambaraken agami-agami Kanaan srana kuil-kuil lan papan ingkang inggil (ingkang kawentar ugi tumrap tiyang Israèl). Mekaten ugi ing spiritualitas Israèl

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi - Paskah Ékologis

ingkang migunakaken séla. Upaminipun, nalika Yakub nampi tetinggalan wahyu ing Bètèl, piyambakipun mendhet séla (*eben*) ingkang kaginakaken minangka bantal lan kaedegaken dados tugu lan ngesokaken lisah ing nginggilipun (P. Dumadi 28:18). Musa ing Sinai ugi kaparingan mangretos, “Lah ing sacedhaking-Sun kéné ana papan kang kena sira enciki, kaprenah ana ing dhuwur parang (*syur*), nuli samangsa kamulyaning-Sun tindak langkung sira bakal Sunlebokaké ing lowahané parang (*syur*) iku (Pangentasan. 33:21-22). Sawenèhing tèks punika dados bukti bilih sesambetan ing antawisipun séla lan keilahian sampun wonten wiwit wiwitan lan sumebar wiyar.

Kados-déné sampun kasebutaken, Gusti Allah minangka Redi Séla punika métafora ingkang paling asring kaginakaken ing masmur pangadhuh lan sokur. Pangadhuh kawiwitan saking upacara pemulihan ing tlatah Brayat lan lajeng dipun adhopsi ing agami nasional Israèl (Gerstenberger, 1980). Menawi mekatèn, Gusti Allah minangka Redi Séla dados péranganing spiritualitas brayat Israèl. Masmur 31 punika nélakaken gagasan bilih métafora bumi tumrap ingkang ilahi saged dados jalaran kanggé ngruntuhaken dikotomi ing antawisipun ingkang spiritualitas lan matérialitas (dumugi sapriki dados legitimasi èksploitasi bumi). Gegambaran redi séla ing ara-ara samun nélakaken Gusti Allah wonten ing bumi lan panebusanipun wonten alantaran bumi, mboten saking swarga. Gusti mboten kapisah saking lan ing sanggingiling bumi.

Séla nyipta bumi lan wonten ing bumi, kados wonten ing *kajian sains*, bumi kadhapuk nalika lebu lintang manunggal dados kempalan séla ingkang sangsaya ageng (prongkalan). Séla ndhapuk bumi lan redi-redi, lava saking redi latu (*gunung berapi*) nyipta dharatan, tanah saking séla ingkang kagerus lan ndadosaken tuwuhing tetaneman. Kéwan kadhapuk saking mineral bumi lan sami-déné gumantung. Cekakipun, Masmur 31 ndamel Gusti Allah sami (*mengidentifikasi*) kaliyan bumi lan nuwuhaken pemahaman ékologis ing bab ingkang nitahaken (*pencipta*), ing pundi Gusti Allah ugi wonten ing jagad raya. Pratélaning pepujian dhumateng Gusti Allah minangka redi séla nélakaken idhèntifikasi manungsa kaliyan sedaya makhluk bumi

lan nandhesaken *nilai intrinsik* sedaya warganing komunitas bumi.

Nyinaoni Matéri (Inkang Karembag):

Panyebuting Allah minangka redi séla ing Masmur 31:1-5, 15-16 hakikatipun ngrujuk dhumateng rawuhipun Gusti Allah wonten ing titah. Wontenipun séla-séla ing bumi nélakaken aspèk kasuburan, menawi mboten, konsekwènsipun tanah longsor, kaluwèn, sesakit, banjir, lss. Ing wekdal inkang dangu, budaya antroposèntrisme sampun nyipta pisahing manungsa lan bumi, lan manungsa langkung unggul katimbang bumi. Bab punika nuwuhaken konsekwènsi inkang damel pejahipun kathah *spesiès* sanèsipun lan nyipta èksploitasi sumber daya alam. Gusti Allah minangka Redi Séla punika salah satunggaling sumber saking Kitab Suci Ibrani inkang nélakaken éwah-éwahan paradigma ékologis, ing pundi kita bayangaken réalitas inkang langkung pantes inggih punika bilih bumi dipun enggèni déning manungsa minangka péranganing komunitas bumi inkang sakral, sami-déné anggènipun gumantung lan gesang punika mboten namung setunggal werni nanging mawarni-warni, dadosa manungsa punapa-déné non-manungsa.

Pitakènan Réflèktif

1. Gegayutan kaliyan gesang kita ing Indonesia, *bencana ékologis* ugi nyangkut soal èksploitasi *penambangan séla karst*. Kados pundi menawi tlatah karst kalebur kanthi *dalil pembangunan ekonomi dan peningkatan pariwisata*?
2. Kados pundi kita mangertosi gegambaran Allah minangka Redi Séla ing gesanging iman inkang tangi/njenggèlèk (*bangkit*) (paskah ékologis)? Punapa gegambaran Allah inkang gegayutan kaliyan komunitas bumi dados gegambaran inkang ngrégoni (*mengusik*) budaya antroposèntrisme (manungsa langkung unggul katimbang sedaya titah)? Kaaturan ngrembag!

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

3. Tumindak prasaja punapa ingkang saged kita tindakaken minangka pribadi, brayat, utawi pasamuwan kanggé ngawékani tanah longsor ing tlatah karst?

(nsr-wms)

Mangsa Paskah 2026

**“BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA”**

Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan kawontenan saha kabetahaning geréja utawi pasamuwan ing ngriki.

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 1**

Waosan:
Jabur 19:1-15

**Punapa
Langit Taksih
Nyariyosaken
Kamulyaning
Allah?**



1. WEKDAL SIDHEM

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 394:1-2 “Sakèhing Mangsa Lan Wayah”

- 1) Sakèhing mangsa lan wayah manut pranataning Allah, padha gilir gumanti. Dé wataké lan uruté, tetep lan wus pinasthi, tetep lan wus pinasthi.
- 2) Dé giliré mangsa iku, nyata becik, malah perlu marang sarwa urip paédahé lan sawabé. tetéla lan mratani, tetéla lan mratani

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG EPIKLÉSÉ

KPJ 432:1 – 2 “Gusti Dedalema”

- 1) Gusti dedalema, énjing sapunika ing batos kawula lumantar Roh Paduka Nyunarna pepadhang ingkang nuntun lambah kula, amrih kula kuwagang nanggulangi panggodha
- 2) Gusti dedalema énjing sapunika ing batos kawula lumantar Roh Paduka. kula tinuntuna anapak tilas Paduka amrih datan anguja karsèng manah pribadya.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Jabur 19:1-15

6. WEDHARING PANGANDIKA

Punapa Langit Taksih Nyariyosaken Kamulyaning Allah?

Nalikanipun nyawang langit, punapa ingkang tuwuh ing galih? Miturut tata kapitadosan, nyawang langit ingkang wiyar, nuwuhaken raos gumun lan éring. Saking cendhélaning langit, nedakaken jawah ing bumi. Mendhung kang kumelun, mratandhani tuwuhing pangajeng-ajenging gesang. Langit ingkang sumilak padhang mratélani iba éndahipun alam jembar yeyasanipun Gusti. Émanipun, saiba duhkitanya, nalikanipun langit dipun kebaki kalawan *polutan* (jat utawi bahan ingkang dadosaken reged). Emisi pabrik, kebul knalpot, badhéa sepeda motor, mobil punapa déné montor mabur. Keluk kang mubal-mubal awit uwuh ingkang kaobong punapa déné wontenipun wana ingkang kobong. Sedayanipun ndadosaken méga dados cemeng lan peteng, kados déné mendhung. Mendhung ingkang boten ngemot jawah ananging mawerni-werni rereged (*polutan*).

Sinten ta ingkang damel rereged punika? Boten sanès inggih manungsa piyambak. Kathah péranganing pandameling manungsa ingkang njalari wontenipun rereged wonten ing awang-awang. Badan Metereologi lan Geofisika (BMKG) mratélakaken bilih *kualitas udara* wonten ing Indonesia punika sampun rusak lan boten séhat. Mbok menawi wonten ingkang sami ngunandika: “Ah Kepriyé bisané mastani yèn *kualitas udara* uwis rusak lan ora séhat, nyatané aku isih ambegan lan urip tumeka saiki?” Pancèn, samangké, kawula taksih saged sami ambegan klawan lelahanan. Jer rereged ing akasa punika boten katon ing paningal. Éwasemanten, adhedasar panitipriksanipun BMKG, mratélakaken bilih *kualitas udara* ing Indonesia punika kawontenanipun pancèn boten saé/risak.

Nenimbang kawontenan ingkang kados makaten kaliyan waosan Jabur 19:1-15, tuwuh pitakènan: “Punapa langit taksih nyariosaken kamulyaning Allah?” Nalikanipun Juru Masmur ngidungaken kekidungan: “*Langit nyaritakaké kamulyaning Allah, sarta akasa mratelakaké yeyasaning astané*”. (ay. 1) Nggambaraken kawontenan ingkang kebar nalika semanten. Nalikanipun Juru Masmur ningali langit, mrangguli kala mangsa langit mendung lan ndhawahaken jawah, kala mangsanipun langit sumilak padhang. Sedayanipun njalari juru masmur ngayati bilih saèstu langit mratélakaken kamulyanipun Allah. Sanajan boten wonten pawarta, lan boten wonten tembung, malah suwantenipun langit boten kapireng babar pisan, kumandhanging langit anggènipun ngluhuraken Allah, ngebèki bumi (ay. 5). Juru masmur paring pémut murih boten sami kesupèn dhumateng Gusti Allah, Sang Khalik. Sami kaliyan werdinipun angger-anggeripun Sang Yehuwah. (Mzm. 19:8). Sedaya ingkang dados pangandikanipun Gusti Allah punika sarwa becik lan sampurna. Gesang ing salebeting pangandika lan angger-anggeripun Gusti njalari nyawa dados seger, lan paring kawicaksanan tumrapping tiyang ingkang boten pengalaman.

Jabur 19:14, mratélakaken panyuwunan, murih tinebihna saking wewatekan gumunggung/angkuh ingkang ngrisak pagesangan. Jer watek gumunggung/angkuh punika matrapi bilih awakipun piyambak dados underaning gesang. Sanèsipun namung imbuh. Kesupèn menawi saèstunipun manungsa namung sapérangan yeyasanipun Gusti. Kesupèn menawi Gusti Allah ugi yasa yeyasan sanèsipun. Mila lajeng dak wenang lan dak sia, dhateng yeyasan sanèsipun.

Patrap gumunggung lan dak wenang tumrap yeyasan sanèsipun kedah dipun endheg. Laras kaliyan pratèlaning Jabur 19:15 ingkang nélakaken: “*Mugi-mugi Paduka karenan dhateng kedaling cangkem kawula tuwin pangangen-angen kawula lan panggagasing manah kawula, dhuh Yéhuwah, peparang kawula, saha panebus kawula.*” Saking gegambaran punika, juru masmur kepareng mbereg kawula

sedaya murih tansaha éring lan ngaosi tumrap sedaya yeyasanipun Gusti.

Ing mangsa Prapaskah punika dados wekdal mirunggan tumrap kawula sedaya mbabaraken pamratobat ingkang sejatos. Boten ngemungaken pamratobat égo sèntris; gegayutan kaliyan awakipun piyambak, ananging ugi pamratobat ékologis. Pamratobat ingkang ngémutaken kawula sedaya minangka yeyasanipun. Klawan patrap ingkang prasaja bilih kawula punika namunga titah sawantah, patrap éring lan ngaosi menggahing yeyasanipun Gusti ingkang sanès, sageda kebar. Satemah sesarengan kaliyan langit lan akasa, sageda sami ngupadi kamulyaning asmanipun Gusti, klawan pamuji sokur lan pangajeng-ajeng.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 16:1-2 “Langit Tansah Nyariosaken”

- 1) Langit tansah nyariyosken kamulyané Hyang Agung, wah akasa mratélakken yasaning astanipun.
Rinten dalu tan kendhat, wartanya ngebaki rat.
- 2) Sanadyan datan wicanten tan wonten tetembungan, nging samangsa dèn tilingken tansah nggunggung Pangéran.
Paseksinya nyrambahi ing salumahing bumi.

8. PANDONGA SYAFAAT

- Nyadhong kawicaksananing Allah murih sageda ngaosi sedaya yeyasaning Gusti Allah.
- Nyadhong kekiyatan murih kasagedaken gesang ing salebeting pangandikaning Gusti klawan tumemen.

9. PUJÈN PANUTUP

KPJ 18:1-2 “Nyawaku Pujinen Allah”

- 1) Nyawaku, pujinen Allah! Gusti mulyakna tansah!
Slawasé sinungan umur, luhurna srana masmur!
krana namung Pangéran, yekti tuing kraharjan.
- 2) Andel-andel kang sejati sajuga, yèku Gusti.
Salir jalma tanpa daya, kwasané énggal sirna.
Tyang kang ngayomi mring Allah tansah rinoban berkah.

(wsn-aj)



**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 2**

Waosan:
Yesaya 52:13-53:12

**Pangajeng-ajeng
Tumrap
ing kang
Kesayahen**
☪☪☪

1. WEKDAL SIDHEM

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 71:1-2 “Duk Nyipati Gung Pakaryaning Gusti”

- 1) Duk nyipati gung pakaryaning Gusti
lintang abyor ing dalu kang sepi,
wah gumlegering gludhug ing akasa,
kula ngungun gunging kamulyanta.
Reff. *Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.
Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.*

- 2) Lamun nlasak tengahing wana-wasa
sato peksi kekidungan ramya.
Wonten ngaré dalah ing ardi ugi,
gung gumelar sesawangan adi.
Reff.

3. PANDONGA PAMBUKA

Pangarsaning pakempalan asung pandonga:

- Ngaturaken panuwun awit kalodhangan anggènipun sami nelakaken pakempalan pandonga.
- Ngaturaken pandonga murih Gusti Allah tansah nglipur, paring kakiyatan lan mbuka enering manah anggènipun nampi pangandikanipun Gusti.

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 446:1-2 “Nalika Ngambah Margi Kang Sepi”

- 1) Nalika ngambah margi kang sepi,
giris uwah manah kula.
Sampun nilar kawula dhuh Gusti,
mugi tansah angamping-ampingi.
Reff. *Mlampah pyambak datan kedugi*
Gusti mugi anganthi
Mrih gesang maédahi sesami
wah mulyakaken asmané Gusti

- 2) Kawula kesandhung ngantos dhawah,
karana karaos sayah
Gya kula rangkul salibé Gusti,
wit sihnya kula manggih basuki

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yesaya 52:13-53:12

6. ANDHARANING PANGANDIKA

Ing Tatunipun, Wonten Pangajeng-ajeng

Nalikanipun lumampah ing lurunging griya sakit, mrangguli pasien ingkang sami antri wonten IGD (Intalasi Gawat Darurat), utawi ningali para-para ingkang dados bebantening *bencana* ing TV, kawula sami ngadhepi satunggaling kanyatan ingkang nempuh jagad, inggih punika: kasangsaran. Sok sintena kémawon, badhéa sugih utawi mlarat, winasis utawi gemblung, boten wonten ingkang saged kalis saking tatu, sesakit, dukkita lan semplah.

Lumantar Jemuwah Adi, kawula sami ngayati werdining kasangsaran. Sanès kasangsaraning manungsa wantah ananging kasangsaraning manungsa ingkang winastanan “Abdining Yéhuwah”. Laras kaliyan ijemaning Kitab Yésaya 52:13 – 53:12 ingkang kaparingan irah-irah

“Abdining Yéhuwah Inggang Nandhang Sangsara”. Boten namung nggambaraken kasangsaraning Abdining Yéhuwah inggang saklangkung ananging ngewrat kekeraning Gusti inggang adi, menggah katresnanipun dhateng jagad. Wonten ing tatunipun Abdining Yéhuwah, wonten kasarasan lan pangajeng-ajeng tumrap inggang sami ketaton.

I. Abdi inggang kebak kaasoran (52:13–53:3)

Ijemanipun pangandika kawiitan kaliyan prasetya kawilujenganipun Gusti. “*Lah AbdiningSun bakal olèh gawé, bakal kaluhuraké, kaalembana lan kamulyakaké.*” (52:13). Sinaosa makaten, pratélaning pangandika candhakistanipun, nélakaken pérangan inggang bènten malah kepara kosok wangsulipun. “*amarga saka bangeting rusaké pasemoné, nganti ora kaya manungsa manèh, lan katon ora kaya anaking manungsa manèh*” (52:14). “*Ora bagus ing warna lan ora kagungan kaéndahan*” “*nganti wong padha nutupi rainé ana ing ngarsané.*” (53:2, 3)

Menawi niti priksa bilih Yésaya 52:13 – 53:12 kaserat nalikanipun bangsa Israèl saweg wonten tlatah pambucalan Babèl – ing pundi bangsa Israèl sami kécalan tlatah wutah rahipun, drajat lan pangajeng-ajengipun – mèmper, nalikanipun adegipun Abninipun Allah punika dados pralambanging bangsa Israèl magepokan kaliyan kasangsaran. Sinaosa makaten, wonten ing pepadhanging Prajanjian Anyar, jangkeping pameca punika kebarar wonten ing gesangipun Gusti Yésus Kristus. Tur malih, ing gesang padintenan, kawula sami nyumurupi bilih kaluhuraning ilahi punika boten mesthi kababar wonten ing kaluhuraning kadonyan? Bilih pasuryanipun Gusti Allah saged kémawon ngejawantah ing péranganing pasuryan inggang kebak ing kasangsaran, para-para inggang sami boten dipun anggep ing satengahing masyarakat?

II. **Abdi Inggang Mikul Kasangsaraning Asanès (53:4–6)**

Underaning Kidung Abnining Gusti Allah inggang nandhang sangsara inggih punika: Kasangsaran inggang sinanggi déning Abdining Allah punika boten awit dosa lan panerakipun piyambak, ananging dosa lan panerakipun asanès. “*Mangka sanyatané lelara kita kang disanggi lan kasangsaran kita kang dirembat,*” (53:4). Langkung saking punika dipun télakaken: “*Mangka Panjenengané iku sinudukan marga saka anggon kita padha mbaléla, Panjenengané karemuk marga saka piala kita;...*” (53:5). Punapa malih tembung sesulih inggang kaanggit déning Yésaya, sanyata cetha. Nyasmitani bilih Abdi punika kadadosaken korban murih manungsa inggang manggih bilai nampi kawilujengan. “*ganjaran paukuman kang nekakaké karahayon tumrap kita iku kadhawahaké ing Panjenengané, sarta marga saka bilur-biluré kita banjur padha dadi waras.*” Saèstu punika kekeraning Jemuwah Adi: Kasangsaran punika sanès pérangan inggang kedah dipun sélaki lan dipun tampik, ananging wonten ing Sang Kristus, kasangsaran dados pirantining panebusan. Gusti Yésus boten ngemungaken sangsara sesarengan kaliyan manungsa, ananging nyarirani kasangsaraning manungsa.

III. **Abdi inggang kèndel lan bangun turut (53:7–9)**

Kitab Yésaya 53:7 nelakaken: bilih Abnipun Allah kadyo cempé inggang katuntun menyang ing pasembelèhan, tanpa nyuwanten babar pisan. Panjenenganipun katahan lan kaukum, ngantos nemahi séda. Kamangka boten nindakaken kekerasan punapa-punapa lan tutukipun boten kadunungan cidra. (Yés. 53:9) Sanadyan Panjenenganipun mboten nindakaken kekerasan tuwin tutukipun mboten kadunungan cidra. Pramila, anggènipun miji lakuning kasangsaran, boten awit Panjenenganipun ringkih utawi sayah ananging

awit pambangun turut ingkang wetah dhumateng Allah Sang Rama.

Wonten ing pagesangan, patrap kèndelipun Gusti Yésus memulang bilih pérangan boten adil ingkang tinampi boten kedah dipun wales kaliyan hardaning kanepson kang mulad-mulad. Awit boten males kasangsaran kaliyan kasangsaran ugi dados kebabaring katresnan. Satemah minangka daya kekiyatan ingkang nglangkungi panganiaya/kekerasan. Bebasan numplek mawa wonten ing sirah.

IV. Abdi ingkang mbabaraken pamulihan lan gesang (53:10–12)

Wondéné ingkang dados wosing pirembagan menggahing waosan punika inggih punika, *“Pangéran Yéhuwah karsa ngremuk tuwin damel gerahé... ananging Panjenengané bakal mirsani tedhak turuné, yuswané bakal panjang, sarta karsaning Yéhuwah bakal tumindak sarana astané.* (53:10). Saking kasangsaraning Abdinipun Gusti mbabar gesang ingkang anyar. Awit Panjenenganipun nanggal dosanipun tiyang kathah (53:12), lan awit saking punika dados tetalesing pangajeng-ajengipun sedaya manungsa.

Pitobat lan Tanggel Jawabing Manungsa sacara Ékologis.

Sedhèrèk patunggilan, ing satengahing tatuning jagad, kawula sami neksèni kasangsaraning bumi. Inggih punika toya ingkang sangsaya reged, hawa ingkang mbebayani, mangsa ingkang boten gumathok lan mawerni-werni *bencana* ingkang nempuh. Punapa kawula saèstu ndadha lan nglenggana, bilih pandameling manungsa ingkang duraka; kalebet kamurkan lan ngeruk pamedaling alam tanpa watesan (èksplorasi); jagad ngraosaken kasangsaran?

Saben-saben ngriyadinaken Jemuwah Adi, kawula sedaya kabereg nélakaken pamratobat. Boten ngemungaken sacara pribadi ananging ugi pamratobat magepokan kaliyan

alam ingkang sangsaya risak awit pandamelipun manungsa. Utawi pamratobat sacara ekologis. Jer wonten ing kasangsaraning Sang Kristus, sedaya yeyasaning Gusti, karengkuh lan kaanyaraken. (bdk. Roma 8:22–23). Satemah pandhèrèkipun Gusti Kristus tinimbangan babaraken gesang ingkang langkung prasaja lan sembada tumrap lestantuning alam jembar, minangka talanging atur menggah bumi ingkang boten saged wicanten lan kumandel bilih pangrembating dosa nyawabi pulihing sesambetan ing antawising manungsa lan yeyasaning Gusti sanèsipun.

Pangajeng-ajeng ing salebeting kasangsaran.

Kitab Yésaya mratélakaken bilih wonten ing tatu ingkang sinanggi Abdining Yéhuwah, kawula sami dados waras. Wonten ing sédanipun, kawula kagesangaken. Wonten ing kaasoranipun, kawula manggihaken pangajeng-ajeng. Pramila, wonten ing riyadinan Jemuwah Adi, kawula tumungkul ing salib, kalawan manteb lan kebaking pangajeng-ajeng. Awit kawula uninga: ing salebeting kasangsaran, Gusti Allah boten négakaken. Tedhak manjalma, nyanggi lan ngrembat dosaning jagad. Lan samangké, Gusti Allah; Panjenenganipun nimbali kawula supados gesang minangka umat ingkang kawarasaken – boten kèndel kémawon, ananging dadosa pepadhang menggah katresnanipun wonten jagad ingkang sayah lan tatu punika. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 145 “Yèn Praharaning Urip Anerjang”

**Cakapan Agung Jatmiko miturut PKJ 285 “Bila Badai Hidup Menerpamu”*

0 5.5|5. 3| 3 2 1 2. 1|1 1. |0 5.5|5. 3 3. 2 3 . 1| 2 2|
Yèn praha-ra-ning u-rip a-nerjang lan pa-co-ba-né nyerang ngru-suh-i

0 5.5|5. 3| 3 2 1 2. 1|1 1. |0 5 1 2|3. 2 3|3 1 2 . 1|1. |
Nging kasetya-né Gusti ngayomi prasyane Gusti i-ku te-guh

0 5.5|5. 3| 3 2 1 2. 1|1 1. |0 5.5|5. 3 3. 2 3 . 1| 2 2|
Nadyan gunung gunung padhajugruk tengger tengger kabèh pa-dha ho-reg

0 5.5|5. 3| 3 2 1 2. 1|1 1. |0 5 1 2|3. 2 3|3 1 2 . 1|1. |
Ngingkase-tyané Gusti ngayomi ru-meksa ji-wa mu te-tep te-guh

0 5|6 . 5|6. 5 6 1|5 5. |0 3 4 5|6 . 5|6. 5|6. 5 6 1| 5 5.
Ngendel-na prasya-né Gusti a-ja nganti u-wal ri-na ka-la-wan ra tri

0 5|6 . 5|6. 5 6 1|5 5. |0 3 5|5 . 3|3. 2 3. 1|2. |2 2. 2 5. |*
Singkir-na we-di lan kuwatir Gusti kang darbèni u-rip mu u-rip mu
**kembali ke Nadyan gunung... baris terakhir Rumeksa jiwamu.... diulangi dua kali.*

8. PANDONGA SYAFAAT

Nélakaken péranganing pandonga ingkang makaten:

- Ndedonga tumrap para-para ingkang ngraosaken kesayahan lan momotan, badhéa miturut tata kajasmanèn punapadéné karohanèn.
- Ndedonga kagem pasamuwanipun murih pratitis migatosaken panjerit ingkang boten kapireng lan sumadya njangkung para-para ingkang ringkih. (urubipun melik-melik)
- Menggahing pitobat ékologis: murih umatipun Gusti sageda miwiti gesang ingkang wicaksana gegayutan kaliyan alam jembar, mekak memangan, nglestantunaken alam jembar lan dadosa seksining Sang Kristus ing babagan ekoteologi.
- Saguning bangsa lan jagad ingkang ngupadi ngawékani salah mangsa, rereged lan peranganing patrap ingkang boten adil ing satengahing masyarakat.

9. KIDUNG PANUTUP

“Payo Kita Ngadegaké Omah” **Let Us Build A House/All Are Welcome*” Marty Haugen, terj. déning Agung Jatmiko

- 5 6 | 1 . 2 3 2 3 | 1 6 5 5 | 1 1 2 3 4 3 2 . .
- (1) Pa-yo ki - ta nga-deg - a - ké o - mah pa - nga-yom-a - ning sa-gungtyang
 (2) Pa-yo ki - ta nga-deg - a - ké o - mah si - ne - bar ka - tres-nan tan-sah
 (3) Pa-yo ki - ta nga-deg - a - ké o - mah pa-pan ti - ne - mu - né tres-na
 (4) Pa-yo ki - ta nga-deg - a - ké o - mah sa - we - ga an - jang-kung ja-gad
 (5) Pa-yo ki - ta nga-deg - a - ké o - mah kang nga-jèn-i sa - pa ba - é

- 3 4 | 5 . 6 5 3 | 4 3 2 1 2 2 3 | 4 3 2 3 2 | 1 . .
- (1) pa-pan pa - si - na - on lan pang-gla-di na-ri - ma lan ma-nger-tèn - i
 (2) kla-wan ken-del pa - nga-rep-é sa-ben wong ri-nangkul tres-na-né Al - lah
 (3) ing pam-bu-ja - nan-É kang su - ci kang a - sor den-Nya tim-ba - li
 (4) ngra-wat lan mblebed ta - tu - ning jalma, i - jèn lan ka - lir - wa - a - ké
 (5) pa-nga-rep - an - é dèn ga - tek - a - ké le - la - kon - é dèn ru - ngok - ké

- 3 4 | 5 . 5 5 4 | 3 2 . 1 2 | 3 . 2 1 7 | 6 . .
- (1) te - ta - les - é mung pa-ngan-del wit sih - rah - mat - é Al - lah
 (2) tan-da tres-na sek - si nya - ta yé - ku sa - lib - é Al - lah
 (3) wit ing ka - na gya tem-puk - é ra - ha - yu lan k'a - dil - an
 (4) wit pa - sur - ya - né nggam-bar-ké pa - se - mon - é Yé - hu - wah
 (5) ngadeg te - ta - les pan - do - nga ing bu-ngah lan ing su - sah

- 5 6 | 1 . 1 1 6 | 1 2 3 2 1 | 4 . 4 3 2 1 | 5 . 5 4 3
- (1) Tres-na - né nju-gar-ké be - bèn-ce-ngan: “gya se - ba - a be - ba - re
 (2) ing Sang Kristus pa-yo dha ngu-wuh - a: “gya se - ba - a be - ba - re
 (3) ma-ra gya nam-but tim-ba - lan-é Gus-ti: “gya se - ba - a be - ba - re
 (4) A - jrih lan su - me - lang ka-sing-kir-a-ké “gya se - ba - a be - ba - re
 (5) tunggal pam-beg-an gya ngundhang-a - ké: “gya se - ba - a be - ba - re

- 2 | 3 . 4 3 2 1 | 2 . 2 . | 1 . . | 1 . . | 1 . . | 1 . . ||
- (1) ngan ko - ri - né tan - sah me - nga.
 (2) ngan ko - ri - né tan - sah me - nga.
 (3) ngan ko - ri - né tan - sah me - nga.
 (4) ngan ko - ri - né tan - sah me - nga.
 (5) ngan ko - ri - né tan - sah me - nga.

(ph-aj)

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 3**

**Waosan :
2 Korinta 5:16-21**

**Paskah Punika
Dinten
ing kang kaping
Wolu
✠**

1. WEKDAL SIDHEM

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 258:1-3 “Gusti Yésus Wus Wungu”

- 1) Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya!
Samnya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!
- 2) Katresnané sampurna! Haléluya!
Kamenangané nyata! Haléluya!
Sunaring surya padhang! Haléluya!
Tinampi kanthi girang! Haléluya!
- 3) Gesang malih Sang Raja! Haléluya!
Kita tentrem - raharja! Haléluya!
Pati, endi antupmu? Haléluya!
Kubur, endi kwasamu? Haléluya!

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG EPIKLÉSÉ

KPJ 202:1-2 “Rahayu Kang Utama Lakuné”

- 1) Rahayu kang utama lakuné
Ngambah dalaning préntahé Pangéran.
Rahayu kang netepi dhawuhé.
Wong kang manut ing sapangrèhé Gusti,

sarta tansah telatèn netepi
sakarsané klawan éklas ing ati.

- 2) Gusti mugè ngirid lampah amba
manut mituruta préntahing Gusti.
datan pegat salami-laminya.
Kula kaparingana manah padhang,
Dhawuh Paduka kula éstokna
klayan éklas lan gumolonging manah.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: 2 Korinta 5:16-21

6. ANDHARANING PANGANDIKA

Paskah Punika Dinten Inggang Kaping Wolu

"Tak kenal maka tak sayang." Unèn-unèn inggang prasaja punika saèstu élok maknanipun. Tuwuhing raos tresna, kawigatosan lan *komitmen* tumrap punapa kémawon, sangsaya ngrebda lan ngrembaka nalikanipun kawula sami déné wanuh lan pana. Kadosdéné sesrawungan kawula tumrap satunggaling tiyang – sangsaya lebet pangertosan kawula tumrap sejarahing gesangipun, pambudidayanipun punapa déné pangraosing manahipun – sangsaya kandel raosing urmat lan katresnan kita tumrap tiyang punika. Mekaten ugi ing babagan kapitadosan, sangsaya wanuh lan pana punapa inggang dados kapitadosan kita, sangsaya ageng lan blaka katresnan kawula dhumateng Gusti Allah.

Dinten punika, kawula sami kabereg anepangi sawernining tetembungan inggang awis-awis kapireng. Inggih punika Dinten Inggang Kaping Wolu. Satléraman, kados-kados namung panyebuting dinten sasampunipun dinten kapitu. Sinaosa makaten, wonten ing tradhisi Gereja Ortodoks, Dinten Inggang Kaping Wolu punika ngemot maknaning karohanèn inggang lebet. Para sesepuhing pasamuwan ing abad-abad kapisan, neges-neges Dinten

Kaping Wolu punika klawan nitipriksa dhapukaning tembung punika ing tradhisi Israèl. Miturut angger-angger Torèt, bayi ingkang miyos jaler dipun tetaki nalikanipun ngancik dinten ingkang kaping wolu. Minangka pratandhaning pasrah-tinampi, katumemenan lan netepi prasetyaning Gusti Allah kaliyan Rama Abraham. Tetak dados tandha lan titikan bilih laré punika sampun dados umat prasetyaning Gusti Allah. Sinaosa makaten, wonten ing pepadhanging wungunipun Sang Kristus, pangertosan bab Dinten Ingkang Kaping Wolu punika sangsaya wiyar. Dinten Ingkang Kaping Wolu mratandhani kebabaring gesang anyar wonten ing Sang Kristus – batos lan manah ingkang tansah kaanyaraken lan sumanggem gesang ing salebeting katresnaning Gusti Allah. Nalikanipun Gusti Allah rampung anggènipun nitahaken jagad ing dinten kapitu/sabbat, lan ing dinten kapisan minggu punika Gusti Yésus wungu; ingkang ugi kasebat Dinten Ingkang Kaping Wolu, mratandhani kawitanipun yeyasaning Gusti ingkang anyar. Sanajan wradinipun, dinten minggu punika dados dinten ingkang kapisan wonten ing almenak/pananggalan/kalender, miturut tata kapitadosan, punika dados Dinten Ingkang Kaping Wolu.

Wungunipun Gusti Yésus boten ngemungaken lelampahaning sejarah, ananging dados kori ingkang menga tumuju pangajeng-ajeng kebabaring kratoning Allah. Inggih punika nalika sedayanipun kapulihaken lan kaanyaraken. [1] Pambereging Dinten Ingkang Kaping Wolu punika laras kaliyan pangandikanipun Rasul Paul dhateng pasamuwan ing Korintus: *“Dadi sapa kang ana ing Sang Kristus, iku dadi titah anyar: kang lawas wus sirna, lan kang anyar pranyata wus teka.”* (2 Kor. 5:17) Mratélakaken bilih wonten ing Sang Kristus, Gusti Allah nglajengaken pakaryan anggènipun nitahaken. Medal saking wungunipun Gusti Yésus, Gusti Allah dhatan kèndel anggènipun nganyaraken pagesanganing manungsa. Klawan tembung sanès, *Gusti ora saré*.

Wangunipun Gusti Yésus minangka bukti bilih Gusti Allah tansah mangun gesanging manungsa minangka titah ingkang anyar: suwaunipun égois; mentingaken awakipun piyambak dados pribadi ingkang merduli; suwaunipun gumunggung dados lembah manah; suwaunipun wangkot samangké alus ing bebudèn. Éwah-éwahan ingkang boten mligi kanggé dhiri pribadi ananging sageda nyrambahi asanès. Pramila, Gusti Allah nimbali kawula, murih sami mbudidaya mbabaraken pakaryan kawilujenganipun ingkang nganyaraken, satemah gesang anyar ing Sang Kristus sageda karaosaken sinten kémawon ing sakiwa-tengen kita.

Dinten Kaping Wolu mratandhani, pambudidayaning pasamuwan mbabaraken gesang anyar ing satengahing jagad ingkang kebak pagiris, pérangan ingkang boten adil, pepes lan semplah. Punika boten ngemungaken mbereg kawula ngriyadinaken wangunipun Gusti setunggal taun sepisan, ananging nggegesang wangunipun Gusti punika ing saben dintenipun – lumantar katresnan, kedaling lésan ingkang ngresepaken lan gesang ingkang ngener ing sumoroting tresna lan asih. Wosipun, Dinten Ingkang Kaping Wolu punika tekading gesang ing Sang Kristus. Gusti Allah wonten ing Sang Kristus, kepareng misungsungkaken gesangipun, kagem mulihaken lan ngayaraken sedaya titahipun. Pramila kawula ugi sami dipun timbali ngeneraken dhiri minangka pisungsung ingkang gesang – dadosa pepadhang ing satengahing pepeteng, pangajeng-ajeng ing satengahing raos semplah lan katresnan ing satengahing raos sengit. Sedayanipun mratandhani kawula minangka titah ingkang anyar.

Awit saking punika, nalikanipun sami kepareng mirengaken pangandikanipun Gusti dinten punika, sumangga sami mbeblesaken ing gesang. Boten namung mangertos ananging ugi mbudidaya mujudaken pakaryanipun Gusti Allah ingkang nganyaraken. Wilujeng

Paskah! Wilujeng ngriyadinaken dinten ingkang kaping wolu!
Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

“Aku Bakal Unggul” *cakepan Agung Jatmiko miturut PKJ
130, “Kita ‘Kan Menang”

5 5 6 6 | 5 . 4 3 . | 5 5 6 6 | 5 . 4 3 . |
(1) A - ku ba - kal u - nggul a - ku ba - kal u - nggul
(2) Mar - ga ka - yèk - tèn mar - ga ka - yèk - tèn
(3) Gus - ti mi - tu - lung - i Gus - ti mi - tu - lung - i
(4) u - rip kla - wan ru - kun u - rip kla - wan ru - kun

5 5 6 7 | 1 . 2 . | 7 . 6 7 6 | 5 . 6 7 |
(1) ba - kal ung - gul meng - ko - né a - nèng
(2) nam - pa - ni pa - nglu - war - an a - nèng
(3) ing ta - rung - ing ba - tin - ku a - nèng
(4) mba - bar a - yem lan ten - trem a - nèng

1 . 7 6 | 5 ... | 6 . 5 4 | 3 ... | 5 5 1 4 | 3 . 2 . | 1 ... ||
(1) Kris - tus Gus - ti pa - ngandel - ku ba - kal unggul mengko - né
(2) Kris - tus Gus - ti pa - ngandel - ku ba - kal unggul mengko - né
(3) Kris - tus Gus - ti pa - ngandel - ku ba - kal unggul mengko - né
(4) Kris - tus Gus - ti pa - ngandel - ku ba - kal unggul mengko - né

8. PANDONGA SYAFAAT

Pandonganipun Santo Fransiskus saking Asisi:

Dhuh Gusti, kadadosna kawula margining bedhamèn.

Ing pundi wonten raos sengit, kasagedna kawula dhatengaken katresnan.

Ing pundi wonten pangina, kasagedna kawula ngaturi pangapunten.

Ing pundi wonten pasulayan, kasagedna kawula mbabar pirukun.

Ing pundi wonten kesasaring gesang, kasagedna kawula medharaken kayektosan

Ing pundi wonten penggalih mangu-mangu, kasagedna kawula nuwuhaken pepesthèn.

Ing pundi wonten raos semplah, kasagedna kawula
nggigah pangajeng-ajeng.

Ing pundi wonten pepeteng, kasagedna kawula
nyunarken pepadhang.

Ing pundi wonten kaduhkitan, kasagedna kawula
nélakaken panglipur

Dhuh Gusti Allah kawula,
kawulanga kawula langkung remen nglipur tinimbang
kalipur,
mangertosi tinimbang dipun mangertosi.
nresnani tinimbang dipun tresnani.
awit kanthi ngaturi, kawula saèstu anampèni;
kanthi ngapunteni, kawula sampun dipunapunteni;
lan kanthi pejah suci, kawula kalairaken malih lan
nampèni gesang langgeng.
Amin.

*(Saged kémawon kalajengaken kaliyan pandonga
sanèsipun miturut kabetahaning pasamuwan)*

9. KIDUNG PANUTUP

KPJ 425:1-3 “Akèh Sruning Pasambat”

- 1) Akèh sruning pasambat, tilingna!
mbutuhake' sih rahmat, tilingna!
Reff. *Gusti nimbali sira, dadya duta sembada
mbabarken sih rahmat, tilingna!*
- 2) Akèh wong padha nguwuh, tilingna!
mbutuhaké pangrengkuh, tilingna! Reff.
- 3) Akèh wong padha ngresah, tilingna!
Butuh lubèring berkah, tilingna! Reff.

(apj-aj)

[1] Joas Adiprasetya, Labirin Kehidupan 2, (Jakarta: BPK Gunung Mulia, 2020), hal. 98-99

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 4**

Waosan:
Jabur 23

**Nggegilut
Jabur 23
Ing Satengahing
Bumi
kang Garing**



1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 175:1-3 NÈNG GUNUNG WAH NÈNG NGARÉ

1. Nèng gunung wah nèng ngaré, Gusti Allah ana.
Nyanga ngendi paranku, mesthi ana uga.
Endi kang dadi cipta lan osiking ati,
kabèh mesthi kapirsan ing Allah Hyang Widi.
2. Sang Rama anèng swarga mengku samubarang.
Sing sapa kang kumandel mesthi tinulungan.
Manuk ing awang-awang, Allah kang ngingoni.
Suket lan thethukulan, wrata dènpaèsi.
3. Bumi dalasan swarga wengkoné Pangéran.
Jasad gedhé - cilika, Allah tan klimengan.
Saliring kang tumitah sajadag warata
tansah anélakaké piwlas lan kwasanya.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 103 ALLAH YÈKU PANGÈN SATUHU

1. Allah yèku pangèn satuhe, pangrèhnya nentremken kalbu.
Kula tansah rinimatan srana sagunging kamirahan.

Refr.:

Ing jurang ing pati tan wedi bilai,
wit Gusti pribadi kang nganthi.
Nadyan mengsah kathah,
manah datan semplah,
wit berkahnya rumentah.
Mung kabegjan saha kadarman
ngiring salaming gesang,
sarta kula badhé manggen tansah
ing dalemé Sang Yèhuwah.

2. Ayem manah lan nyawa kula ing ayoming sihé Gusti,
sarta tinuntun astanya ing kayektosan kang sejati.

Refr.:

Ing jurang ing pati tan wedi bilai,
wit Gusti pribadi kang nganthi.
Nadyan mengsah kathah,
manah datan semplah,
wit berkahnya rumentah.
Mung kabegjan saha kadarman
ngiring salaming gesang,
sarta kula badhé manggen tansah
ing daleme Sang Yèhuwah.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Jabur 23

6. RENUNGAN

Jabur 23 ing Satengahing Bumi kang Garing

Ing wekdal kita maos Jabur 23, asring kita kasengsem kaliyan gegambaran ingkang éndah: pangènan ingkang kathah suketipun, toya ing pangènan ingkang tentrem, margining kaleresan. Sadaya punika karaosaken kadosdéné gambaring katentremen. Ananging sumangga sesarengan kita kèndel sekedhap, naliti lan miterang: Punapa kita taksih mirsani pangènan ingkang kathah suketipun ing dinten

punika? Punapa lèpèn-lèpèn kita taksih anteng lan bening toyanipun?

Kodospundia kémawon kita kedah ngakeni bilih kasunyatan ing sakiwa tengen kita punika béda sanget. Lèpèn dados ilèn-ilèning *limbah* (toya bucalan saking pabrik), wana dados pasitèn garing, hawa dados sesek awit polusi utawi reged. Kadospundi sagedipun kita ngucap, “Sang Yèhuwah iku pangènkmu, aku ora kekurangan apa-apa”, déné titah ingkang katitipaken dhateng kita nembé risak lan sangsara?

Jabur 23 ngémutaken bilih pangreksanipun Gusti Allah kebabar lumantar Titahipun. Suket ijem punika sanès simbol rohani, ananging pakan tumrap ingah-ingahan, tukung gesangipun para among tani, lan paru-paru tumrap bumi. Toya ingkang anteng punika mboten namung métafora antenging batos, nanging ugi ateges lèpèn ingkang séhat, toya resik ingkang kita ombé saben dintenipun. Menawi kita négakaken alam risak, sejatosipun kita nembé nutup ilèn-ilèning katresnanipun Gusti Allah tumrap generasi ingkang badhé dhateng.

Jabur punika ugi mratélakaken: “Malah sanadyan lumaku ana ing jurang palimenganing pati, aku ora wedi marang bilai.” Ing wekdal samangké, jurang palimenganing pati punika rak inggih sami ta kaliyan krisis ékologi?

Éwah-éwahaning mangsa, bena ageng, tanah longsor, polusi (rereget) plastik, malah ugi *krisis* tetedhan? Nanging kabar kabingahanipun: Gusti nuntun kita ing margining kaleresan. Margi kaleresan ing dinten punika ateges tata cara gesang ingkang prasaja, *hémat énergi*, ngirangi larahan, nanem wit-witan, njagi toya. Punika sedaya mboten namung saderma tumindak ing sosial, ananging kasetyaning kapitadosan.

Lan pungkasanipun, Sang Prabu Dawud matur: “Saha kawula badhé manggèn wonten ing padalemaning Sang Yèhuwah ing salaminipun.” Dalemipun Gusti punika mboten namung gréja. Bumi punika ugi griya ingkang dipun enggèni sesarengan tumrap sedaya titah. Njagi griya utawi bumi punika teges ngaosi Gusti Allah ingkang kagungan griya.

Menawi kita ngakeni Gusti minangka Pangèn, sumangga kita sinau dados pangèn alit tumrap bumi, ngrimati suket tetep ijem, toya tetep bening lan griya tetep murwat dipun pangèni. Kanthi mekaten, mboten namung kita, nanging sedaya titah saged ugi ngucap: “Aku ora kekurangan apa-apa, awit Sang Yèhuwah iku pangèniku.”

7. KIDUNG

KPJ 21:1,2 Para Titah Sadaya Samya Ngrepèkna

1. Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya.
Haléluya! Haléluya!
2. Pujinen Hyang Murbèngrat, Gusti kang gung sih-rahmat,
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluya! Haléluya!

8. PANDONGA

- Panuwun awit hawa, toya lan saben titahipun Gusti ingkang dumugi ing wekdal sapunika sampun nanggèl gesang kita.
- Ndedonga tumrap karisakan lingkungan ingkang nemen ing bumi punika satemah nuwuhaken *bencana* alam, *perubahan iklim* (éwah-éwahaning mangsa), *cuaca èkstrém*, krisis toya lan tetedhan sarta manéka prekawis awon sanèsipun.
- Nyuwun kawicaksanan murih saged nandukaken dhateng saben titahipun Gusti kanthi raos urmat lan kebak katresnan jumbuh kaliyan kersanipun Gusti.

9. KIDUNG

KPJ 437:1,2 Gusti Yésus Pangèn Kula

1. Gusti Yésus Pangèn kula, sèstu gung sih Paduka,
Ing sapurug kula mlampah, Paduka kanthi tansah Refr.

Kinanthi ing Gusti,kinanthi ing Gusti
Ing satitah kula nrimah,angger kinanthi Gusti.

2. Saliring bandha kadonyan,mung sarananing gesang.
Déné piandel kawula,mung panganthi Paduka,
Refr.: ...

(lm-ww)



**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 5**

Waosan:
Yésaya 55:12–13

**Ngripta
Sukarena
sesarengan
Umat**
☪☪☪

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 71:1-2 “Duk Nyipati Gung Pakaryaning Gusti”

1. Duk nyipati gung pakaryaning Gusti
lintang abyor ing dalu kang sepi,
wah gumleger ing gludhug ing akasa,
kula ngungun gunging kamulyanta.

Refr.:

Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.
Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.

2. Lamun nlasak tengahing wana-wasa
sato peksi kekidungan ramya.
Wonten ngaré dalah ing ardi ugi,
gung gurnelar sesawangan adi.
Refr.: ...

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 71:3,4 “Duk Nyipati Gung Pakaryaning Gusti”

3. Yèn siniram siliring samirana
sesekaran dalasan woh-wohan.
gandanira arum angambar-ambar
ngunguning tyas anumusi bingar.
Refr.: ...
4. Klangkung ageng sih-katresnan Paduka,
ingurbanken Sang Kristus, Kang Putra.
sinangsara, séda tedhak naraka.
mrih manungsa basuki slaminya. Refr.: ...

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yésaya 55:12–13

6. RENUNGAN

Ngripta Sukarena Sesarengan Umat

Para sedhèrèk ingkang kinasih ing Gusti,

Ing wekdal énjing wungunipun Gusti, Maryam Magdaléna tindak dhateng saréyanipun Gusti Yésus kanthi sungkawaning manah. Piyambakipun nginten menawi sarira layunipun Gusti Yésus sampun dipun pendhet tiyang sanès. Nanging, ing wekdal Gusti Yésus nimbali naminipun, raos sungkawunipun éwah dados satunggaling kabingahan. Ingkang narik kawigatosan, prekawis punika kelampahan ing satunggaling patamanan (Yokanan 20:15). Pakuburan suwung—mralambangaken kasédan jati—éwah dados pratandha gesang énggal. Kados-kados sekar-sekar ing patamanan samidéné mekar methukaken wungunipun Sang Kristus. Alam donya mbabar paseksi bilih pakaryan kawilujenganipun Gusti Allah nuwuhaken sukarena, mboten namung tumrap manungsa, nanging ugi tumrap sedaya titah.

Nabi Yésaya nggambaraken prekawis punika kanthi éndah: “Lah sira bakal padha mangkat kalawan bungah lan bakal kaeteraké kalawan tentrem; gunung-gunung lan tengger-tengger bakal padha gambira lan surak-surak ana ing ngarepira, lan sakehing wit-witan ing ara-ara bakal keplok-

kepok.” (Yés. 55:12). Kawilujenganipun Gusti Allah nuwuhaken *shalom*, tentrem rahayu ingkang wetah. Redi, tengger, wit-witan lan lèpèn kagambaraken sami déné ndhèrèk mahargya pakaryanipun Gusti Allah. Malah ugi, grumbul eri kagantos kaliyan wit beros, grumbul kagantos kaliyan wit jambu keling—pratandha éwah-éwahan lan gesang énggal.

Prekawis punika ngémutaken kita bilih kawilujenganipun Gusti Allah asipat *kosmik* (nyakup jagad raya). Mboten namung manungsa ingkang kawilujengaken, nanging ugi sedaya titah kaénggalaken. Ing sisih sanès, menawi manungsa gesang ing salebeting dosa lan srakah, titah sanèsipun ugi badhé nandhang sangsara. Rasul Paulus nyerat, “Sabab kita padha sumurup, yèn nganti sapréné sakèhing tumitah iku iya padha sesambat lan iya padha ngrasakaké larané wong nglarani arep nglairaké jabang bayi.” (Rum 8:22).

Awit saking punika, timbalan kita minangka umatipun Sang Kristus mboten namung ngucap sokur awit wungunipun, nanging ugi ngreksa lan ngrimati sedaya titah murih ndhèrèk ngluhuraken Gusti Allah. Dados seksinipun Sang Kristus ateges ngrawuhaken tentrem rahayu, badhéa tumrap sesami punapa déné tumrap alam donya.

Dados seksinipun Sang Kristus ing satengahing brayat, saged kawiwitan kanthi prekawis-prekawis ingkang prasaja: ngirangi larahan, nggemèni toya lan listrik, sarta mucalaken dhateng para laré murih nresnani alam donya punika.

Wonten ing gréja, kita saged ndedonga syafaat kanggé bumi, malah ugi ngawontenaken tumindak nyata kadosdéne nanem wit-witan ing wewengkonipun Gréja.

Ing satengahing masarakat, kita ugi katimbalan mbabar diri minangka tiyang ingkang nuwuhaken tentrem rahayu, sanès péhak ingkang ngrisak alam ing sakiwa tengen kita.

Wungunipun Sang Kristus punika pawarta sukarena mboten namung tumrap kita kémawon, nanging ugi tumrap redi, tengger, wit-witan, lèpèn lan sedaya titah. Sumangga kita

gesang ing salebeting shalomipun Sang Kristus, satemah sedaya titah, ugi ndhèrèk sukarena sasarengan kaliyan kita.

Mugi-mugi kita kasagedna tansah ngucap sokur ing saben pengalamaning gesang ingkang kebak pepeteng ingkang kita lampahi sesarengan Sang Kristus, lan nyenyuwun kekiyatan kanggé nglajengaken gesang kanthi semangat énggal. Gusti Yésus, Sang Pepadhanging Gesang, nunggil kaliyan kita. Amin.

7. KIDUNG

KPJ 182:1-2 “Puji Sokur Lan Panggunggung”

1. Puji sokur lan panggunggung konjuk mring Hyang Maagung, kang nitahken jagad raya wah ngreksa kanthi setya. Makluk wrata rinimatan krana sihing Pangéran. Jagad tentrem lan raharja, lamun manut pangrèh-Nya.
2. Surya, candra, lan pra lintang samnya nyunarken padhang. Peksi ngocèh mawurahan wah sato-kéwan girang. Tetuwuhan ngumbar sekar sarta asung woh-wohan. Sadaya sami memuji mring Allah Kang Makwasa.

8. PANDONGA SYAFAAT

Wonten ing pandonga punika, warganing pasamuwan saged kapérang dados 4 kelompok alit kanggé ndongakaken saben 1 (satunggal) pokok pandonga kados ing ngandhap punika:

- 1) Ngucap sokur awit pakaryan kawilujenganipun Sang Kristus ingkang ngénggalaken titah.
- 2) Nyenyuwun murih warganing pasamuwan piningan manah ingkang énggal kanggé tansah saged merduli dhateng alam.
- 3) Ndedonga tumrap donya ingkang nembé nandhang sangsara awit karisakan lingkungan, *bencana*, lan *krisis iklim*.
- 4) Nyenyuwun murih gréja saged dados seksinipun Sang Kristus kanthi gesang ékologis.

9. KIDUNG

KPJ 438:1-2 “Gusti, Paduka Ngirid Lampah Kula”

1. Gusti, Paduka ngirid lampah kula
Kula ndhèrèk Padhuka salaminya.
Kawula datan saged milih margi
Mugi sapurug kula, Gusti nganthi.
2. Paduka dedalema ing tyas kula
supados arerema lampah kula
Kula tansah sumendhe ing karsanta,
wit Paduka kang nebus gesang kula.
3. Ngambaha margi rumpil nguwatosi,
tinempuh ing prahara nggegirisi,
ning Gusti tansah ngirid lampah kula,
mesthi Paduka kanthi dhateng swarga.

(sem/ww)



**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 6**

Waosan:

Jabur 100:1-5

**Gusti Saé,
Aku
Sinau Becik**
☪☪☪

WEKDAL ENING

1. KIDUNG PAMUJI

KPJ 17:1-3 “Mugi Rawuha, Dhuh Gusti!”

1. Mugi rawuha, dhuh Gusti! Mugi rawuha, dhuh Gusti!
Mugi rawuha, dhuh Gusti! Mugi rawuha, dhuh Gusti!
2. Kula nyawiji, dhuh Gusti! Kula nyawiji, dhuh Gusti!
Kula nyawiji, dhuh Gusti! Kula sami nyawiji.
3. Kula memuja, dhuh Gusti! Kula memuja, dhuh Gusti!
Kula memuja, dhuh Gusti! Kula sami memuja.

2. PANDONGA

3. KIDUNG PAMUJI

KPJ 197 “Kula Sampun Siyaga”

Kula sampun siyaga, Gusti;
sumadya nampeni sabdamulya.
Kula sujud manembah Gusti,
marak ngabyantara sapunika.
Mugi Gusti maringi berkah
dhumateng kawula ing samangkya.
Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.
Sabda Paduka datan éwah gingsir saking mula buka;
ugi sapunika wah salaminya.
Sabda Paduka wonten gesang kula.

Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya.

4. PAMAOSING KITAB SUCI: Jabur 100:1-5

5. RENUNGAN

Gusti Saé, Aku Sinau Becik

Punapa panjenengan pitados menawi Gusti punika saé? Punapa buktinipun? Mesthi tuwuh manéka warni wangsulan. Wonten ingkang mratélakaken bilih pangurbananipun Gusti Yésus ing kajeng salib punika tandha bilih Gusti punika saé. Wangsulanipun leres. Nanging menawi gesang kita nembé sisah. Ékonomi cupet. Sesakit nemahi kita. Punapa kita punika tetap pitados Gusti punika saé?

Kadosdéné pitakènan wiwitan kalawau. Pitakènan kita punika ugi nuwuhaken manéka warni wangsulan. Wonten ingkang mratélakaken bilih Gusti punika temtu saé, nanging prekawisipun punika namung wonten ing kapitadosan kita. Menawi kapitadosan kita kiyat pramila gesang kita badhé kebak berkah. Menawi kapitadosan kita teguh pramila kasuksésan, kasarasan, kasugihan badhé dados péranganing gesang kita. Awit saking punika kathah tiyang ingkang madosi gréja ingkang saged mbekta umatipun gesang kanthi suksès. Satemah tiyang tindak dhateng gréja kanthi pengajeng-ajeng, inggih punika nampèni berkahipun Gusti. Punapa ta berkahipun Gusti punika? Lha inggih kados kala wau. Kasuksésan, kasarasan, kasugihan lan sapiturutipun.

Sumangga kita raos-raosaken, menawi kita saèstu pitados bilih Gusti punika saé, kénging punapa kita taksih kebak pengajeng-ajeng kados mekaten punika? Menawi kita saèstu pitados bilih Gusti punika saé, kita ugi pitados bilih Gusti temtu maringaken ingkang paling saé tumrap gesang kita. Panjenengan sarujuk?

Wonten ing pamawas ingkang mekaten punika, sumangga kita migatosaken Jabur 100. Jabur 100 punika jabur pangibadah. Utawi jabur kanggé kurban atur panuwun.

Wonten ing ayat 2 Sang Juru Masmur nimbali kita kanggé ngibadah kalayan sukarena lan surak-surak. Tumrap juru masmur pangibadah punika kedahipun pangibadah ingkang nuntun dhateng sukarena, kabingahan. Sumangga dipun bayangaken, tiyang ingkang remenanipun mancing badhé késah mancing. Pramila dinten punika badhé karaos bingahaken. Wiwit saking énjing pasuryan sukarena mbabar kabingahan, singsut tembang kabingahan kapirengaken. Punika prekawis kapisan, pramila kita kedahipun mbabar ngibadah kanthi sukarena.

Nanging sekedhap rumiyin. Asring pamawasipun tiyang samangké, sukarena ing pangibadah punika kedah dipun ketingalaken. Salah satunggalipun lumantar mégolaken badan lan kepok. Punika dados masalahipun. Racakipun ing gréja kita punika bab kepok lan njogèd punika mboten patos limrah. Wonten ugi ingkang nganggep limrah nanging mboten kathah. Malah menawi kepok kémawon swantenipun inggih *fales*, kethukanipun kémawon mboten kompak. Punapa punika ateges kita mboten saged ngibadah kanthi sukarena?

Kita simpen rumiyin pitakènan punika. Cobi kita gatosaken menawi tembung “sukarena” lan “surak-surak” kawiwitan kanthi tembung “Padha ngabektia marang Pangéran Yéhuwah ...” lan “padha sowan ing ngarsané ...” kalih tembung punika (ngabektia lan sowana) wonten ing basa aslinipun nélakaken pamawas bilih ingkang sowan punika inggih tiyang ingkang *statusipun* langkung asor. Kados satunggaling rakyat ingkang sowan marek dhateng ratunipun. Utawi satunggaling abdi dhateng bendaranipun. Punapa prayogi menawi kita sowan marek dhateng Présidèn Prabowo kanthi tatacara kadosdéné *koboy*. Sanadyanta kita punika mitranipun Présidèn, kita kedah njagi kawibawanipun Présidèn. Inggih limrah kita tindakaken, nyimpen lelampahan pepanggihan punika, nyariyosaken dhateng tiyang sanès menawi kita sampun pepepanggihan kaliyan Présidèn, lan satunggal malih ... wonten fotonipun ing gadget kita!

Mekaten punika aosing pangibadah. Pepanggihan ing ngriki ngripta sukarena lan surak-surak ing manah kita, lan punika kapratélakaken mboten ing ngiki, nanging ing jawi ngrika. Awit saking punika Sang juru masmur mratélakaken: “He bumi kabèh, padha surak-suraka ana ing ngarsaning Yèhuwah!” Kita gatosaken wontenipun tembung “bumi kabèh, *segenap bumi*” ing ngriki. Punika ateges, surak-surak kita raosaken ing wekdal pepanggihan kaliyan Gusti, kapirsanan lan karaosaken déning tiyang-tiyang ing sakiwa tengen kita. Satemah sedaya tiyang ugi badhé ndhèrèk surak-surak sukarena memuji Gusti ingkang sampun nitahaken lan ngengèn manungsa. Langkung saking punika, sukarena kita ugi karaosaken déning bumi punika.

Sumangga kita gilut, lha rak inggih leres ta menawi bumi kita nembé sakit lan kécalan surak-surakipun? Sinten ingkang kedah tanggel jawab? Temtu wangsulanipun inggih kita, manungsa. Awit kita punika katitahaken Gusti kanggé ngreksa bumi punika.

Wonten ing prekawis punika kita manggihaken donya ingkang kuwalik. Ing gréja kita ngabekti kanthi surak-surak kanthi saèstu, nanging ing sakjawinipun gréja kita sami kémawon kaliyan tiyang sanès. Ing gréja kita ketingal mursid, ing griya kita damel luhipun warganing brayat kita tumetes! Ing gréja kita ndongakaken alam donya, ing njawi gréja kita ngrisak alam punika.

Punapa Gusti punika saé? Wangsulanipun mboten malih ngginakaken tetembungan, nanging ketingal lumantar tumindak kita. Sumangga kita ketingalaken bilih Gusti punika saé. Gusti punika saé tumrap kula, panjenengan lan tumrap alam donya lan saisinipun sedaya. Amin.

6. KIDUNG PAMUJI

KPJ 181:1-3 “Puji Sokur Konjuk Gusti”

1. Puji sokur konjuk Gusti, wit sihrahmat Paduka;
datan kendhat angasihi. Cihnaning kawlasanta.
Sokur paring ingpakaryan, nadyan badamba ringkih;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.

2. Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni sokur mega ngantariksa, miwah surya ndadari. Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa; awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.
3. Sokur, wit brayat kawula rukun samnya sinihan; sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman. Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah; sokur di gesang kawula neng pamengkuning Allah.

7. PANDONGA SYAFAAT LAN PANUTUP

8. KIDUNG PANUTUP

KPJ 439:1,3 Ing Jagad Kang Peteng

1. Ing jagad kang peteng krana dosa
kathah tyang kang nggresula
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.
Refr.
Sumangga, Gusti, ngagem kawula,
mrih ngengetna para kanca
sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah
2. Ngundhangna Injil Kratoning Swarga,
kinanthia pangdonga,
mrih luwar saking kwasaning dosa,
wah gesangnya sembada.
Refr.

(wsn-ww)



Mangsa Paskah 2026

“LAMPIRAN CATHETANING PISUNGSUNG”

Kula ngaturaken panuwun dhumateng para mitra awit saking manékawarni panyengkuyung saha anggènipun tumut nggegesang kanggé bebadan (LPP Sinode) menika.

Ing ngandhap menika kalampiraken cathetan panampining pisungsung saking Geréja-geréja/Pasamuwan-pasamuwan, Bebadan, menapadéné Presun.

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Paskah th. 2025

Diterima Tgl.: 29 Januari-25 November 2025

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Gereformeerd	300.000
2	GKI Karawaci	1.000.000
3	GKI Bintaro Utama	250.000
4	GKI Tegal	375.000

B. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Kaliwungu, Kendal	224.000
2	GKI Cilacap	250.000
3	GKI Gabus, Sulursari	450.000
4	GKI Baran	250.000
5	GKI Bantul	1.152.000
6	GKI Wisma Kasih Mangunharjo	300.000
7	GKI Karangnongko	936.000
8	GKI Wisma Panunggal Mrican	500.000
9	GKI Sarimulyo	400.000
10	GKI Wates Selatan	1.200.000
11	GKI Ceper	500.000
12	GKI Randublatung	200.000
13	GKI Susukan, Gunungkidul	871.000
14	GKI Kutoarjo	2.340.000
15	GKI Sampangan	900.000
16	GKI Banyumanik	1.068.000
17	GKI Semarang Barat	500.000
18	GKI Ngentarejo	300.000
19	GKI Bekasi Timur	500.000
20	GKI Grogol, Sukoharjo	250.000
21	GKI Joglo	1.000.000
22	GKI Gondangwinangun	250.000
23	GKI Manisrenggo	300.000
24	GKI Gumulan	500.000
25	GKI Wiladeg	400.000

26	GKJ Ketandan	250.000
27	GKJ Demakijo	450.000
28	GKJ Sumber, Surakarta	250.000
29	GKJ Gambiran, Sragen	300.000
30	GKJ Maguwoharjo	250.000
31	GKJ Tuban	500.000
32	GKJ Kertanegara	250.000
33	GKJ Condongcatur	500.000
34	GKJ Pakem	600.000
35	GKJ Tanjung Priok	750.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Dwi Lestari, Giro BRI tgl. 21/04/2025	1.240.000
2	NN, Giro BRI tgl. 25/04/2025	474.000
3	Tambak Surya, tgl. 25/04/2025	1.009.000
4	Ika Indarwati, Giro BRI tgl. 28/04/2025	500.000
5	NN, Giro BCA tgl. 30/04/2025	250.000
6	NN, Giro BRI tgl. 27/05/2025	2.859.000
7	NN, Giro BRI tgl. 02/06/2025	500.000
8	Gracia Budiasih, Giro BCA tgl. 26/06/2025	500.000
9	NN, Giro BRI tgl. 26/07/2025	200.000
10	Rusminiati, Giro BRI tgl. 01/09/2025	150.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 4 GKI SW Jateng: Rp1.925.000,00
2. Dari 35 GKJ: Rp19.641.009,00
3. Dari 10 NN: Rp7.682.000,00
4. Jumlah: Rp29.248.009,00

Jumlah penerimaan persembahan Masa Paskah 2025 sampai dengan tgl. 25 November 2025 adalah sebagai berikut: Rp29.248.009,00 (dua puluh sembilan juta dua ratus empat puluh delapan ribu sembilan ratus rupiah).

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Masa Pentakosta th. 2025

Diterima Tgl.: 21 Mei - 28 Oktober 2025

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Tegal	375.000
2	GKI Bintaro Utama	250.000

B. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Wima Kasih Manguharjo	300.000
2	GKI Semarang Barat	500.000
3	GKI Kaliwungu, Kendal	314.000
4	GKI Sarimulyo	400.000
5	GKI Cilacap	250.000
6	GKI Gondangwinangun	250.000
7	GKI Manisrenggo	300.000
8	GKI Gumulan	500.000
9	GKI Wisma Panunggal Mrican	500.000
10	GKI Wiladeg	400.000
11	GKI Prambanan	562.000
12	GKI Ketandan	250.000
13	GKI Demakijo	400.000
14	GKI Wates Selatan	1.100.000
15	GKI Sumber, Surakarta	250.000
16	GKI Banyumanik	1.100.000
17	GKI Gambiran, Sragen	300.000
18	GKI Grogol, Sukoharjo	250.000
19	GKI Baran	250.000
20	GKI Maguwoharjo	250.000
21	GKI Tuban	500.000
22	GKI Nanggulan	200.000
23	GKI Kutoarjo	1.894.000
24	GKI Kertanegara	250.000
25	GKI Condongcatur	500.000
26	GKI Pakem	600.000
27	GKI Purbo	200.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Diah Tri Utami, Giro BCA tgl. 10/06/2025	300.000
2	NN, Giro BRI tgl. 10/06/2025	500.000
3	NN, Giro BRI tgl. 15/06/2025	475.614
4	NN, Giro BRI tgl. 16/06/2025	250.000
5	NN, Giro BRI tgl. 20/06/2025	200.000
6	NN, Giro BRI tgl. 21/06/2025	200.000
7	Gracia Budiasih, Giro BCA tgl. 26/06/2025	500.000
8	NN, Giro BRI tgl. 26/06/2025	500.000
9	Tambak Surya, Giro BRI tgl. 04/07/2025	731.000
10	NN, Giro BRI tgl. 11/07/2025	500.000
11	Debora Sekar, Giro BRI tgl. 13/07/2025	1.500.000
12	NN, Giro BRI tgl. 26/07/2025	200.000
13	Amelia Damanik, Giro BCA tgl. 02/09/2025	600.000
14	Rusminiati, Giro BRI tgl. 01/09/2025	150.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 2 GKI SW Jateng: Rp625.000,00
2. Dari 27 GKJ: Rp12.570.000,00
3. Dari 14 NN: Rp 6.606.614,00
4. Jumlah: Rp19.801.614,00

Jumlah penerimaan persembahan Masa Pentakosta 2025 sampai dengan tgl. 28 Oktober 2025 adalah sebagai berikut: Rp19.801.614,00 (sembilan belas juta delapan ratus satu ribu enam ratus empat belas rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Edt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

DAFTAR PERSEMBAHAN
Bulan Keluarga th. 2025

Diterima Tgl.: 18 Agustus - 04 Desember 2025

A. Dari GKLSW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Tegal	500.000
2	GKI Salatiga	500.000
3	GKI Karawaci	500.000
4	GKI Bintaro Utama	250.000
5	GKI Lasem	500.000

B. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Maguwoharjo	250.000
2	GKI Joglo	1.000.000
3	GKI Penaruban	459.000
4	GKI Kertanegara	250.000
5	GKI Condongcatur	500.000
6	GKI Pakem	600.000
7	GKI Kaliwungu	170.000
8	GKI Purbo	200.000
9	GKI Wisma Panunggal Mrican	500.000
10	GKI Wonosari	3.264.000
11	GKI Cilacap	250.000
12	GKI Kanaan	500.000
13	GKI Wisma Panembah, Surakarta	250.000
14	GKI Sampangan	1.000.003
15	GKI Baran	250.000
16	GKI Wates Selatan	950.000
17	GKI Sarimulyo	400.000
18	GKI Grogol, Sukoharjo	250.000
19	GKI Ceper	500.000
20	GKI Sumber, Surakarta	250.000
21	GKI Gabus, Sulursari	500.000
22	GKI Epifani	200.000
23	GKI Bantul	500.000
24	GKI Gantiwarno	700.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	NN, Giro BRI tgl. 15/08/2025	475.614
2	Dwijantari, Giro BRI tgl. 04/10/2025	300.000
3	NN, Giro BRI tgl. 15/10/2025	460.272
4	Dwijantari, Giro BRI tgl. 03/11/2025	300.000
5	Bedesta, Giro BRI tgl. 06/11/2025	250.000
6	NN, Giro BRI tgl. 07/11/2025	430.000
7	NN, Giro BRI tgl. 15/11/2025	410.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 2 GKI SW Jateng: Rp2.250.000,00
2. Dari 24 GKJ: Rp13.693.003,00
3. Dari 7 NN: Rp2.625.886,00
4. Jumlah: Rp18.568.889,00

Jumlah penerimaan persembahan Bulan Keluarga 2025 sampai dengan tgl. 4 Desember 2025 adalah sebagai berikut: Rp18.568.889,00 (delapan belas juta lima ratus enam puluh delapan ribu delapan ratus delapan puluh sembilan rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Rdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

Wungunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Adven dan Natal th. 2025

Diterima Tgl.: 19 Agustus 2025 - 25 November 2025

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Karawaci	500.000
2	GKI Gereformeerd	300.000

B. Dari GKJ

No	Pengirim	Jumlah
1	GKJ Maguwoharjo	250.000
2	GKJ Kertanegara	250.000
3	GKJ Condongcatur	500.000
4	GKJ Sarimulyo	400.000
5	GKJ Tanjung Priok	750.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	NN, Giro BRI tgl. 15/09/2025	475.614
2	Dwijantari, Giro BRI tgl. 04/10/2025	1.500.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 2 GKI SW Jateng: Rp800.000,00
2. Dari 5 GKJ: Rp2.150.000,00
3. Dari 7 NN: Rp1.975.614,00
4. Jumlah: Rp4.925.614,00

LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng – Mangsa Paskah 2026

Jumlah penerimaan persembahan Masa Adven dan Natal 2025 sampai dengan tgl. 25 November 2025 adalah sebagai berikut: Rp4.925.614,00 (empat juta sembilan ratus dua puluh lima ribu enam ratus empat belas rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Etd. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

Wangunipun Sang Kristus Ngénggalaken Sagung Dumadi -
Paskah Ékologis

DAFTAR PERSEMBAHAN
HUT LPP Sinode ke-57

Diterima Tgl.: 14 Oktober - 04 Desember 2025

A. Dari GKLSW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Gejayan	5.000.000
2	GKI Sorogenen	1.000.000
3	GKI Martadireja	500.000
4	GKI Pemalang	500.000
5	GKI Kebayoran Baru	15.000.000
6	GKI Karanglewas	770.000
7	GKI Wonosobo	750.000
8	GKI Gombang	1.124.000

B. Dari GKJ

No	Pengirim	Jumlah
1	GKJ Condongcatur	300.000
2	GKJ Banyumanik	250.000
3	GKJ Sarimulyo	500.000
4	GKJ Sumber, Surakarta	340.000
5	GKJ Depok	2.444.000
6	GKJ Bumi Indah	1.113.000
7	GKJ Ambarukmo	984.000
8	GKJ Tanjung Tirta	900.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	NN (Giro BCA, Tgl. 14/10/2025)	1.000.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 8 GKI SW Jateng:	Rp24.644.000,00
2. Dari 8 GKI:	Rp6.831.000,00
3. Dari 1 NN:	<u>Rp1.000.000,00</u>
4. Jumlah:	Rp32.475.000,00

Jumlah penerimaan persembahan HUT LPP Sinode ke-57 th 2025 sampai dengan tgl. 4 Desember 2025 adalah sebagai berikut: Rp32.475.000,00 (tiga puluh dua juta empat ratus tujuh puluh lima ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur